# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**литературно-художественнэ общественно-политическэ журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**июль 4 август**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм,
Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2015

# Псалъащхьэхэр


## ЖьантIэ

*ТхакIуэ Мэзыхьэ Борис илъэс 75-рэ ирокъу*

**ХьэIупщы МуIэед.** Литературэр лъэхъэнэхэм я гъуджэщ *Интервью* ... 3
Мэзыхьэ Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр ... 17
**Мэзыхьэ Борис.** СщIа псор жысIэжмэ... *Хъыбархэр* ... 25

## Прозэ

**Мэкъуауэ Амир.** НэгъуэщI уафэ. *Повесть* ... 49
**Къантемыр Тыркубий.** Апхуэдэр пщыгъупщэркъым ... 93
**Амирокъуэ Ибрэхьим.** Гъэгугъа. *Рассказ* ... 95

## Усыгъэ

**Уэрэзей Афлик.** *Усэхэр* ... 99
**Вындыжь Марие.** *Усэхэр* ... 108

## ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 ирокъу

**Мыз Ахьмэд.** Иужьрей гъатхэ. *Очерк* ... 111

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Адыгэ жьэгум и мафIэр Истамбыли къыщоблэ ... 117
**Щэмей Аслъэн.** Гъуазэу щытыпхъэт ... 131

## Культурэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Лъэпкъ щэнхабзэм и налкъутналмэс ... 137
ЖьакIэмыхъу КIунэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр ... 145

## ЩIэблэ

**Тембот Санитэ.** Уэрэдымрэ къафэмкIэ щIалэгъуалэ театр ... 153

---

Нэщэнэхэр ... 159
Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр ... 159

*ТхакIуэ Мэзыхьэ Борис ильэс 75-рэ ирокъу*





# ЛИТЕРАТУРЭР ЛЪЭХЪЭНЭХЭМ Я ГЪУДЖЭЩ

*ТхакIуэ, журналист цIэрыIуэ Мэзыхьэ Борис ильэс 75-рэ ирикъуащ. А и махуэ лъапIэм зэрыIущIам, и мурадхэм, зэгупсысхэм, зыгъэпIейтейхэм тригъэпсэлъыхьыну абы зыхуигъэзащ ди журналым и лэжьакIуэ, тхакIуэ ХьэIупщы МуIэед. Абыхэм ирагъэкIуэкIа псалъэмакъыр фи пащхьэ идолъхьэ.*

***– Борис, уи гъащIэ, творческэ гъуэгуанэм, ди адыгэ литературэм и гъуджэм лъэпкъым и гурыгъу-гурыщIэхэр къызэрищым, нобэ цIыхухэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм тхакIуэм, общественно-политическэ гъащIэм жыджэру хэт цIыхум и нэкIэ узэреплъым ди журналым еджэхэр щыгъуазэ хуэтщIын папщIэ сэ упщIэ зыкъом уэстынущ. Абыхэм яхэтынущ уигу иримыхьынкIэ хъунухэри, уи дзэ шыуэ жэуап къызумытыжыну зиужь уитынухэри, утыку къитлъхъэххэн хуэмеяуэ къэплъытэнухэри, гуащIэмащIэу, купщIэншэу къыпщыхъунухэри. Апхуэдэу щытми, сэ ахэр уи пащхьэм ислъхьэнущ. Уэ уигу иримыхьхэм жэуап къыумытыжыну ухуитщ.***

**– Уэ илъэс бжыгъэ дахэ гуэрым и гъунапкъэм унэсащ. Илъэс 75-р цIыху гъащIэм дежкIэ мащIэ хьэмэрэ куэд? Е КъуэкIыпIэм щыпсэухэм, цIыхум и гъащIэр, сыт хуэдиз абы имыкIыхьагъми, напIэдэхьеигъуэщ, жыхуаIэм хуэдэу къыпфIэщIрэ?**

– КъуэкIыпIэ жыжьэм нэс дымыIэбэми, адыгэм къытхэкIа цIыху Iущхэм абы теухуа псалъэ купщIафIэ куэд къытхуагъэнащ. «ГъащIэр зы напIэщ», – жиIащ Жэбагъы, цIыху гъащIэр зэрыкIэщI дыдэм и гугъу ищIурэ. Ауэ икIи мыпхуэдэу щIигъужащ: «Напэншэу лIэжыр псэхэлIэщ». Егупсысыт «лIэж» псалъэм. Псэ Iуту дунейм темытар, къалъхуу, псэ игъуэтами, пщIэншэу псэуамэ, «лIэжащ, къыздикIам кIуэжащ» жиIэу кърегъэкI мыбдеж адыгэм а псалъэм. Философие гупсысэ куу хэлъщ. Ар щIыжысIэраци, нэхъыщхьэр илъэс бжыгъэркъым, абыкIэ гъащIэм и кIыхьагъыр къабжми, атIэ а илъэсхэр зэрыгъэнщIа купщIэрагъэнщ. Нобэ сызэрыт илъэс бжыгъэм и гугъу пщIымэ, ди Щхьэщыгу итыр къысхуэупсащи, си фIыщIэм щIэи гъуни иIэкъым – илъэс хыщIрэ пщыкIутхурэ жыхуэпIэр гъащIэ хъарзынэщ, ауэ цIыхур къызэригъэщIрэ япэкIэ плъэуэ, сыт хуэдэ ныбжьым имытми мурад гуэрхэр иIэу, зыгуэрхэм щIэхъуэпсу, хуэпабгъэу къокIуэкIыр, сэри сралейкъым, си гуращэ куэдым си Iэр техуэну си нэ къокIри, ди Щхьэщыгум итым ноби сыщогугъ къысхупищэну. Илъэсхэр мымащIэми, мурадым дежкIэ ар мащIэIуэщ, усакIуэм и псалъэхэмкIэ жыпIэмэ.

**– Къызэпыпча гъащIэ гъуэгуанэм и щыгу удэкIауэ узытетым укъеплъыхмэ плъагъур сыт? Абыхэм сыт хуэдэ гупсысэхэр, мурадхэр, гугъапIэ щэхухэр Iэпэгъу къыпхуащIрэ?**

– ЦIыхум и ныбжьыр зыщIыпIэ щынэскIэ, шэч хэмылъу, зоплъэкIыж, къикIуа гъуэгум и кIыхьагъкIэ ириплъэжын и гугъэу. Ауэ ар зэ плъэгъуэкIэ пхузэфIэмыкIынщ. АтIэ сыт псом япэу къилъагъужыр? Дэнэ и гур, и псэр здэжэр? Япэу хъыджэбз щегуэкIуаркъым, хьэмэрэ япэ сабийр щигъуэтаракъым. Акъылым нэхъ жан щыIэ? Ар япэ дыдэу здэжэр, здынэсыр и сабиигъуэ зэманырщ. Зэ пкIэгъуэм псэм а жэнэтым егъэзэж, япэ дыдэу зыхуэзэжри анэм и гуапагъэмрэ анэм и IэфIымрэщ. Анэмэ къыщIехьэж. Сыт анэмэ хъужыр? Анэ кIэпхыным къыкIэрих гъэшымэри, жьэгу Iугъуэмэри, пщэфIапIэм щIэта джэдгынымэри, мафIэм къыпэригъэкIуэтыжа тебэм и щхьэр щытригъэжкIэ къыпIурыIуа чыржынымэри анэмэщ. ИтIанэщ абы и псалъэ IэфIхэр уи тхьэкIумэм къыщиIуэжыр, и Iэ пхъашэр уи щхьэ упсам къыщригъажэр. АнэIэр нэхъыбэм пхъашэщ – жьыщIэным, лъэсэным, хадэщIыкIу лэжьыгъэм ипхъэхауэ, ауэ абы и щабагъэр, и хуабэр бэуэн щыдгъэтыжыху зыхыдощIэ.

Зи ныбжь илъэс хыщIрэ пщыкIутхурэ ирикъуа цIыхур зэмыплъэкIыжыпIэ иIэкъым. Дауэрэ сыпсэуа, сыт схулъэкIа, сызылъэмыIэса куэд къэна, жиIэу. Дунейм нобэм къэс къытехъуауэ къыщIэкIынкъым зи мурад псори къызэхъулIа цIыху, зыкIэлъыIэбэжын, зэригъэзэхуэжамэ игу щIэзэгъэн гуэр зи щIыбагъ дэмылъ. Апхуэдэу щытми, си гъащIэ гъуэгум сриплъэжа нэужь сигу дахэ зыщI куэд си нэгу къыщIохьэж. ГуфIэгъуэуи гузэвэгъуэуи цIыхум къыпекIуэкI псори сэри слъэгъуащ. ГуфIэгъуэм саIэтащ, ауэ гузэвэгъуэм сигу сIэпихакъым – Iэмалыншагъэм, узыпэмылъэщынум уи псэр Iэл егъэщIын хуейкъым, гъащIэм и гъурри цIынэри къэпщтэн хуейщ.

ФIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщкъэ сигу, си псэ зыщIэхъуэпса IэщIагъэр згъуэтауэ лIэщIыгъуэ никъуэм фIыуэ фIэкIауэ сызэрырилажьэр. Щхьэщытхъугъэ хэмылъу жысIэнщи, гукъыдэж къызиту журналист, тхакIуэ Iуэхухэр зэдызохь – пщащэ телъыджитIым – журналистынымрэ тхакIуэнымрэ хьэщыкъ сащIауэ. Абы ехьэлIауэ лэжьыгъэ IэнатIэ хъарзынэ къесхьэкIауэ пIэрэ жызоIэ: корреспондент нэхъыщIэу «Ленин гъуэгу» газетым сащтэри, редактор нэхъыщхьэм сынэсу

къулыкъу сщIащ, редакцэм IэнатIэу щыIэ псори зэпысчу зысIэтурэ. Газет лэжьыгъэм къыдэкIуэу тхылъ стхащ, си рассказхэр, новеллэхэр ягу ирихьу жаIэри, ар насыпу къызэрыслъытэр сыбзыщIамэ, фэрыщI къысхужаIэныр схуэфащэт. Илъэсищ хуэдизкIэ партым и обкомым печатымкIэ, телевиденэмрэ радиомкIэ и секторым сраджэу сызэрыщылэжьами сэркIэ мыхьэнэ иIащ.

СызэплъэкIыжмэ, е уэ зэрыжыпIауэ, сызыдэкIа щыгум сеплъыхыжмэ, си гуащIэм хуэфэщэн пщIэи игъуэтащ – Урысейм, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым культурэмрэ журналист IэщIагъэмкIэ щыIэ цIэ лъапIэхэр къысхуагъэфэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тIэунейрэ сыхахащ. А псом си лъэр щIагъэкIыу сылэжьащ. ЗэрыжысIащи, уи лэжьыгъэм гукъыдэж къуиту IэнатIэ уIутыныр ар насыпщ.

Ауэ а псор уи щхьэ закъуэкIэ къыпхуэгъэкIуэщIынукъым. ЩIэгъэкъуэн гуэр уи щIыбагъ къыдэтын хуейщ. Сэ апхуэдэ благъэрэ Iыхьлырэ зэрызимыIар псоми ящIэ, ауэ сэ сощIэж зыми пэзмыщIын щIэгъэкъуэн сызэриIар. Ар си унагъуэращ. УщIэмыгузавэ унагъуэ уи щIыб къыдэтмэ, лIым сытри хузэфIокI. Си щхьэгъусэмрэ сэрэ дызэкъуэхуху апхуэдэу щытащ, ноби абы иущия си щIалэхэр къыскъуэтщ.



*Мэзыхьэ Борис и унагъуэр и гъусэу*

ЦIыху цIыхущIыжщ, жиIащ пасэрейм. Нэхъ фIыгъуэ ин дыдэу гъащIэр къызэрысхуэупсар цIыхуфIхэращ. ЦIыхуфI си натIэщ тхьэм сыкъызэригъэщIрэ. Си сабиигъуэр къащти – анэшхуэр. ТIэкIу сыкъэжэпхъа нэужь хьэблэ лIыжь-фызыжьхэр. Угъурлы защIэхэт, я бзэр IэфIрэ я Iэгум берычэтыр илъу. ЕгъэджакIуэхэри арат. Ноби IэфIу сигу илъхэщ Куэшмэн Серафими, ХъутIэ Хьэзеши, Къашыргъэ Назири, Джыназ Пщыбии, Бабаев Мухьэмэди, нэгъуэщI Iэджи.

Колхозым сызэрыщылэжьа илъэс закъуэм сыт хуэдизым сыхуагъэIуща а зэманым къуажэ унафэщIу щыта Апажэ СулътIанрэ Джэрыджэ Мыхьэмэтджэрийрэ.

ЦIыху телъыджэ куэд къытщхьэщытащ университетым дыщыщIэса зэманым. ХьэкIуащэ Андрей, Чым Юрий, Нало Ахьмэдхъан, Сокъур Мусэрбий, Урыс Хьэталий, АбытIэ Мухьэб сымэ дагъэдж щIэныгъэр къыдбгъэдалъхьэ къудейтэкъым, щIэныгъэлI ахъырзэманхэр зыхамыщIыкI щымыIэ жыхуаIэм хуэдэт, я псалъэ дэнэ къэна, я дуней тетыкIэкIэ, Iуэху бгъэдэтыкIэкIэ, адыгагъэ-лIыгъагъэкIэ фIым, дахэм, захуагъэм дыхуаущийрт.

Университет дыдэ сэркIэ хъуащ си гъащIэм щыщ Iыхьэф I щысхьа адыгэ газетым и редакцэр.

«Ленин гъуэгу» газетым и редакцэ закъуэрауэ къыщIэкIынщ а зэманым адыгэ хабзэ щызэрахьэу, щахъумэу щыIар. ЩIалэщIэу сызыхыхьа гуп дыгъэлым си хьэли си Iуэху бгъэдыхьэкIи псыхьа щыхъуащ, мыбы щылэжьахэм, дэтхэнэри зыр адрейм емыщхь щхьэкIэ, къыпачам хуэдэу псори зэщхь зыщI зы хьэл яхэлът – зыпэрыт IэнатIэр фIыуэ ялъагъурт икIи абы хуэIэижьхэт, адыгэ хабзэм, журналист зэкъуэшыгъэм хуэпэжхэт. Ноби сигу илъщ Сэхъу Къэрэшей, ТIыхъужь Зэмахъ, Шырыт Хьэтызэ, ЛIыбекъуэ Хьэбас, ТIажь Пётр, Теувэжыкъуэ Анатолэ, Мырзэкъан Суфян, Бекъан Чыланий, Мыз Нэфихь сымэ я чэнджэщ щхьэпэ куэд.

Щхьэхуэу Къэрмокъуэ Мухьэмэд и цIэ къисIуэнущ. Абы хуэдэу адэм, къуэш нэхъыжьым ещхьу щIалэгъуалэм ядэлэжьа щыIэу сэ сщIэркъым, – ерыщу, языныкъуэкIэ ткIийуэ щIэблэр IэщIагъэм хуиущий къудейм къыщымынэу, хабзэм, дуней тетыкIэм, кIэщIу жысIэнщи, зэрыпсэуным хуигъасэрт. ЩIэрэ щхьэрэ зиIэ адыгэ журналистхэм я нэхъыбэр абы и гъэсэнщ, жыпIэкIэ ущыуэну си гугъэкъым.

Литературэм, тхэн Iуэхум сытезыгъэгушхуа нэхъыжьыфI зы-тIум я цIэ къизмыIуэу дауэ хъун? Теунэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Нало Ахьмэдхъан сымэ я чэнджэщ щхьэпэ куэд къызахьэлIащ. КIыщокъуэ Алим сыщыхуэзахэр сэркIэ академие жыхуаIэм хуэдэ хъуащ. Алим и псалъэр апхуэдизкIэ куути.

Щыгум сыкъеплъыхмэ слъагъур абыхэм я закъуэкъым. Солъагъу ныбжьэгъухэр. Къэжэр Пётр, Гъубжокъуэ Лиуан, КIэщт Мухьэз, Брай Адэлбий, КхъуэIуфэ Хьэчим, Къэрмокъуэ Хьэмид сымэ дауэ сщыгъупщэн?

Сэ, дауи, си гъащIэ гъуэгуанэм сызыщрихьэлIа е къыщызихьэлIа цIыху дахэ псоми я цIэ схужыIакъым, апхуэдэ къалэни си пщэ дэслъхьэжакъым. ЖысIэну сызыхуеяр зыщ: нобэ зыгуэр къызэхъулIамэ, уэ зэрыжыпIэращи, лъагапIэ гуэр сыдэкIамэ, абыхэми я фIыщIэ а Iуэхум хызолъагъуэ: цIыху дахэ, цIыху щыпкъэ сыхуэзамэ сыдэплъейуэ, апхуэдэ сыхъуащэрэт жысIэу сыпсэуащ, иджыри сопсэу. Абыхэм я хьэл гуэрхэр къэсщтагъэнкIи мэхъу...

**– Борис, илъэс пщыкIутхукIэ редактор нэхъыщхьэу улэжьащ. Илъэс щэщIрэ плIырэ хъуауэ Журналистхэм я зэгухьэныгъэм уриунафэщIщ. А зэман мыкIэщIым цIыху Iей уримыхьэлIауэ, уи гуауэ къэзыщIа къахэмыкIауэ ара?**

– Сэ гужьгъэжь сигу илъу сыпсэуркъым. СыхъуэпсэнкIэ хъунщ, – псэ мыхъуапсэ щыIэкъым, ауэ, Алыхьым и шыкуркIэ, фыгъуэ схэлъкъым. Зи гугъу пщIы цIыхухэм яхуэди, дауи, сахуэзащ, ауэ абыхэм си гъащIэм, си гущIэм лъэужь лъэпкъ кърanакъым, нэхъ тэмэму жысIэмэ,

къахуинакъым. ЛэжьакIуэ гуп ущранэхъыжькIэ, куэд зэбгъэзэхуэну, уигу дэбгъэхуэну къыкъуокI. Зы лъэпкъыу (адыгэ защIэу) зэхэт коллективым уриунафэщIыну тыншу зи гугъэр хэтми щоуэ. Дэ зыгуэрхэмкIэ дыщызэгурымыIуаи, дыщызэныкъуэкъуаи къэхъуащ, ауэ Iуэхур тэмэм зэрыхъунур япэ идгъэщу дызэдэлэжьащ. СампIэимыхьи къытхэтащ. Ауэ сыт хуэдэ щытыкIэ симыхуами, цIыхум хуэмыфащэ щыжесIа, си макъым зыщезгъэIэта къэхъуауэ сэ сщIэжыркъым.

**– Редактору ущылэжьа илъэсхэм сыт хуэдэ лъэхъэнэр нэхъ гугъуа?**

– БлэкIа лIэщIыгъуэм и бгъущI гъэхэр – къэралым общественно-политическэ псэукIэм зыщихъуэжа илъэсхэр – икъукIэ гугъуащ. Ар гугъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIи. ГКЧП-мкIэ къыщежьэри цIыхубэр къэукъубеящ: властымрэ цIыхухэмрэ, лъэпкъхэр зэпэщIэувэу, зэныкъуэкъуу, езы адыгэ дыдэхэр зэгурымыIуэжу гупитI зэрыгъэхъуауэ зэрызехьэу... Нобэ тыншщ абы щыгъуэм мор къуэншащ, мыдрейр зэхуащ жыпIэну. Ауэ хъуаскIэ закъуэм мафIэс ин къигъэлындыну щыщыта а махуэхэр газетым щылэжьа дэтхэнэм дежкIи, псом япэу редактор нэхъыщхьэм дежкIэ ауэ къызэрымыкIуэу гугъуащ. Газетым къытехуэ дэтхэнэ тхыгъэми псалъэ къэс зэрану къихьынумрэ сэбэп зэрыхъунумрэ зэпэшэчын хуейт. Газетыр зей властым и унафэр бгъэзащIэу, лъэпкъ зэщIэхъееныгъэм и тетхэм къыппаубыдхэр тебгъэкIуэту улэжьэныр тынштэкъым. Ар уадэмрэ сыджымрэ яку удэхуам ещхьыркъэпст.

Редакцэм щылажьэхэм гуитIщхьитI хъуа зыкъом къахэкIат. Газетыр зытет гъуэгур, республикэм и зэкъуэтыныгъэр хъумэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр зэпэщIэмыгъэувэныр, зэпэщIэувар зэбгрышыжыныр зыфIэмыкъабыли къытхэкIат. Ауэ нэхъыжьи нэхъыщIи зэкъуэдгъэувэри, газетыр, абы и напэр тхъумащ.

Псыдзэ къыщыкIуэкIэ пхъэнкIий куэд къеIэт. БгъущI гъэхэм я пэщIэдзэхэм республикэм псыдзэ ин къыщIэуауэ щытащ. Ар псалъэмакъ щхьэхуэщ. Ауэ сэ мыбдеж зи гугъу щысщIыну сызыхуейр, адыгэ газетым и редакцэм а псыр къыщIэуами, журналист гупыр едмыгъэхьын, едмыгъэтхьэлэн зэрытхузэфIэкIарщ. Абыи си фIыщIэ хызолъэгъуэж, а лъэхъэнэм екIуэкIа языныкъуэ Iуэхухэм нобэ нэгъуэщIынэкIэ сеплъ хъуами. Газетым и редакцэм къыщыхъу-къыщыщIэ псомкIи сыт щыгъуи псом япэу жэуап зыхьыр редактор нэхъыщхьэрщ. Абы и дуней тетыкIэм, Iуэху еплъыкIэм елъытащ газетыр зэрыкIуэ гъуэгур зыхуэдэр.

**– ЦIыхухэр лIэужьыгъуиццу иугуэшу жаIэ – гугъу демыхьу псори тыншу зэхъулIэ, къарурэ зэфIэкIыу иIэ псори ирихьэлIэми, ищIа мурадхэм ерагъмыгъуейуэ фIэкIа ялъэмыIэс, сыт имылэжьми, дапхуэдэу имыщIми, дэнэкIэ зимыгъазэми зи Iуэхур дэмыкI, мыкIуатэ. Уэ, сыщымыуэмэ, япэм ухиубыдауэ къысфIощI.**

– СщIэркъым, пэжынкIи хъунщ. ЛъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, апхуэдэу къыпщыхъуу къыщIэкIынущ. Ауэ сыт хуэдэ къуликъу IэнатIэ сымыIыгъами, лъэIу тхылъ птхыуэ уздэувын абыхэм яхэтакъым. Гу къыплъатэн, дзыхь къуагъэзын хуейт. ЗэрыпщIэщи, сэ сызыгъэкIуэтэн благъэ-Iыхьлы Iэпщацэ сиIакъым, зи цIэ къисIуа а нэхъыжьыфIхэм щынэмыщIа, ауэ гугъу удемыхьу, псори тыншу жыхуэпIэмкIэ арэзы сыбдэхъуфынукъым. Гугъу узыдемыхь лэжьыгъэ щыIэкъым, а Iуэхур тэмэму епхьэкIыну ухуеймэ. Сэ, пэж дыдэу, нэхъ тыншурэ сыдэкIуэтеяуэ къыщIэкIынущ, тыншу Iуэхум сыхэзагъэурэ екIуэкIагъэнущ. Сыту жыпIэмэ, нэхъ лъахъшэм сибэкъукIым сыдэбэкъуейурэ щытащ: корреспондент нэхъыщIэ – корреспондент нэхъыжь – къудамэм и унафэщI

– жэуап зыхь секретарь – секторым и унафэщI – редактор нэхъыщхьэ (Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI). Абы щыгъуэми IэщIагъэм и щэхухэр нэхъ кууурэ зэзгъэщIащэрэт жысIэу, нэхъыжьхэм я лэжьэкIэм сыкIэлъыплъу. Газетым и унафэщIу къэзгъэзэжа нэужь хуабжьу къыздэIэпыкъуащ Мырзэкъан Суфян (редакторым и къуэдзэр), Бекъан Чыланий, Iэджэм сыхуаущиящ урыс, балъкъэр газетхэм я редакторхэу Черемисин Б. П., Бозиев А. Ю. сымэ. Абы нэмыщI, сызэрылажьэм хуэдэурэ КПСС-м и ЦК-м Общественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием журналистикэмкIэ и къудамэр къэзухащ. Ари Iуэху тынштэкъым.

Ауэ зыкIэ арэзы сыбдэхъунщ: гъащIэм и гупэр къысхуэгъэзауэ, и нэфI къысщыхуауэ, мурад сщIыр къызигъэхъулIэурэ сопсэу. Алыхьым «Уэ хьэрычэт щIэ, сэ берычэтыр ныхэслъхьэнщ» жиIащ, жи.

Уи гъащIэр зытебухуа Iуэхум зэчий гуэр хуууиIэн хуейщ. Уи къару, акъыл, зэфIэкI зыпэмылъэщыну, кIэщIу жыпIэмэ, укъызыхуимыгъэщIа, Iуэхум ерыщу зупщыткIэ къыпхуэгъэIурыщIэнукъым. ЦIыху къэс къыщалъхукIэ зэчиягъэ гуэр къыдалъху хуэдэу сэ къысщохъу. Армыхъуамэ дохутыр Iэзэ, усакIуэшхуэ, е дзэпщ IэкIуэлъакIуэ щыIэнтэкъым. ЦIыхур къызыхуигъэщIар мащIэу наIуэ къыщыхъуам щегъэжьауэ (щысабийм!) дэIыгъын, дэIэпыкъун хуейщ. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, тхэн Iуэхур куэдым къысхуагъэдахэу, сытрагъэгушхуэу къекIуэкIащ.

**– ЦIэрыIуэ хъуа тхакIуэхэм, усакIуэхэм я нэхъыбэм я япэ, етIуанэ тхылъхэм куэдкIэ укъэзыгъэгугъэ цIэхэр фIащу икIи ахэр зэрытраIуам хуэдэу къыщIэкIыу щытащ. Къапщтэмэ, КIыщокъуэ Алим «Шум и гъуэгу», Тхьэгъэзит Зубер «Бгым сыдокI», Къагъырмэс Борис «ФIэхъус апщий», Бицу Анатолэ «ГуфIапщIэ» – жыхуиIэхэр. Уэри уи япэ тхылъым фIэпща «Гъуэгупэ псалъэр» литературэм ехъулIэныгъэ щызыIэрыбгъэхьэну мурад быдэ пщIауэ, ар абы и щIэдзапIэу, уи япэ лъэбакъуэу къэплъытэу фIэпщауэ щытауэ жыпIэ хъуну? Апхуэдэу сыныщIоупщIыр КхъуэIуфэ Хьэчимрэ уэрэ фыщыстудентым газет щапIэхэр, тхылъ тыкуэнхэр къызэхэфкIухьурэ фыгушыIэу: «КхъуэIуфэ Хьэчим и тхылъыщIэр фиIэ?», «Мэзыхьэ Борис и тхыгъэ къыхэхахэр къыфIэрыхьа?» – жыфIэу, фи тхылъ къыдэмыкIыххауэ, къызэрыфкIухьауэ зэрыщытарщ.**

– ТхакIуэм къыхигъэщыну зыхуей гупсысэ нэхъыщхьэр тхылъым цIэ хуищIу къыщIэкIынущ, дауи. Си тхылъхэм щхьэкIи ардыдэр схужыIэнущ. «Гъуэгупэ псалъэ» цIэр зезыхьэ рассказ цIыкIумкIэ сэ жысIэну сызыхуеяр сытыт? Уи фIэщ мыхъу, шэч къызытепхьэ, таучэл зытумыщIэ Iуэху къепхьэжьэ, гъуэгупэ псалъэ хужыпIэ хъунукъым. Си зэфIэкI здынэсынур сымыщIэми, хьэкъыу си фIэщ сщIыжат ар си япэ лъэбакъуэу, япэ псалъэу зэрыщытри нэгъуэщI тхыгъэхэр къызэрыкIэлъыкIуэнури.

КхъуэIуфэ Хьэчим сэрэ ди гушыIэ хъыбарым и гугъу тщIымэ, дыстуденту ар жытIэу газетщапIэхэм дыщыIухьэм щыгъуэ, тхьэ зэхуэдмыIуами, ди мурад быдэт литературэм ди фIэщу зетпщытыну, зыгуэр тлъэкIыну ди къарум дыкъигъэгугъэрт. ТхылъыщIэхэм ятеухуауэ Хьэчим итха япэ рецензэхэм дуней ялъэгъуат, си рассказитIи зыр Шэджэм район газетым, адрейр «Ленин гъуэгум» къытехуакIэт. КIэщIу жыпIэмэ, ди фIэщу зыдгъэхьэзырт, дытхэрт.

**– ТхакIуэхэм я нэхъыбэм усэкIэ къыщIадзащ. Уэри арат япэ утыку узэрихьауэ щытар. Ауэ… зэуэ щыбгъэтыжри, прозэм зептащ.**

– Сэри школым сыщыщIэсым щегъэжьауэ усэ стхащ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэхуэсу Налшык щекIуэкIа зыбжанэм сыхэтащ, «Iуащхьэмахуэ» журналым Мысачэ Пётр щызэхуишэсу щыта хасэ-

ми зыбжанэрэ сыкъэкIуащ. Узыхуейрамэ, «Советскэ щIалэгъуалэм», адыгэбзэкIэ къыдэкIыу щытам, зэрэ-тIэурэ къытехуащ. Нэхъ гъэщIэгъуэныжращи, Мокаев Магомет зэридзэкIауэ «Коммунизмге жол» газетым тетыгъащ. Ар зи фIыщIэр, дауи, си усэм и фIагъыр аратэкъым, атIэ си курсэгъу Магомет и Iэзагъырат. Апхуэдэу усэ стхымстхыурэ... щызгъэтыжащ. Сымытхыжми, ноби фIыуэ солъагъу, адыгэ, урыс, хамэ къэрал усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щIэчэ имыIэу соджэ.

**– ХьэфIыр хьэфIым доплъейри, шыфIыр шыфIым доплъей, жи. Тхэн щIэзыдзэхэри нэхъыжь гуэрхэм ядоплъей. Рассказ жанрым ди литературэм зыщиужьыным гъунэ изылъа ЩоджэнцIыкIу Алий и «Хьэжыгъэ пут закъуэ» рассказым къищынэмыщIа адрей тхакIуэхэу Шортэн Аскэрбий («Балъкъ деж», 1947, «Пшынауэ», «ЛIыгъэм и вагъуэ», «Дыгъужьыкъуэ», 1952), Нало Ахьмэдхъан («Урыху акъужь», 1960), иужькIэ а жанрыр зэфIэувэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуа «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» тхылъым ихуа рассказхэми я нэпкъыжьэ уи япэ «Гъуэгупэ псалъэ» тхылъым итахэми, абы къыкIэлъыкIуа «Вагъуэзэшибл» фIэщыгъэцIэ зыхуэпщIам хыхьахэми ятелъкъым. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къардэн Бубэ, Мысачэ Пётр, Къашыргъэ ХьэпащIэ сымэ я рассказхэр дунейм къытехьэу щыщIидзар уи япэ тхылъым иужькIэщ. Ар къызэрызэIуих «Бжьыхьэ уафэхъуэпскI» рассказыр и къэIуэтэкIэкIи, лIыхъужьым игъэв гурыгъу-гурыщIэхэр зэрызэпкърыпхкIи нэхъ зыпэгъунэгъур ЩоджэнцIыкIу Алий и «Хьэжыгъэ пут закъуэ», «Кхъужьей щIагъым» рассказхэм хэт лIыхъужьхэрщ. Абыхэм я теплъэр псалъэкIэ къэIуэтэныр ищхьэкIэ зи цIэ къисIуахэм яйхэм нэхърэ нэхъ IупщIу, нэIурыту, IэрыщI-фэрыщI хэмылъу нэхъ къыщыгъэлъэгъуа хъуащ. Абы къикIрэ Алий и рассказхэр уи псэм нэхъ пэгъунэгъуу, ахэр гъуэгугъэлъагъуэ пхуэхъуауэ?**

– ЩоджэнцIыкIу Алий и рассказхэм, усэхэм, поэмэхэм яжь зыщIимыхуа тхакIуэ диIэу сщIэркъым. Зэчий иныр щIэзэчий иныр аращ – щIэблэ къэхъу къэс гъуазэ, гъуэгугъэлъагъуэ яхуохъу. Адыгэ прозэм (кIахэхэри шэрджэсхэри къытхэту) «Хьэжыгъэ пут закъуэм» хуэдэу Iэзэу гъэпса, цIыхум и гурыгъу-гурыщIэр кууэ къыщыгъэлъэгъуа нобэ къэсым хэту сэ сщIэркъым. Дапщэрэ къытебгъэзэжурэ укъемыджами, и бзэм и дахагъэр, лантIагъэр, кууагъыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Усыгъэхэм я бзэри аращ – дэ псори Алий дыхуеущий бзэр зэгъэзэхуауэ, и IэфIыпIэр мыгъэкIуэдауэ къызэрыдгъэсэбэпыным. Си дежкIэ ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэр еджапIэщ, абы и дерсхэр уасэншэщ.

**– Уи япэкIи уи ужькIи ятха рассказхэм яхэтлъэгъуакъым новеллэ жанрыр, Нало Заур и «Къру закъуэ» новеллэхэр щызэхуэхьэса тхылъымрэ (1981) Ацкъан Руслан и усэхэмрэ новеллэхэмрэ зэрыт «НатIэм кърITха» тхылъымрэ (1997) дунейм къытехьэху. Пэжщ, а тхылъхэр къыдэкIын ипэ абыхэм ихуахэм ящыщ зыбжанэ «Ленин гъуэгум», иужькIэ «Адыгэ псалъэ» зыфIащыжа газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым тетащ, радиокIи къатащ. ИтIанэ, ХьэхъупащIэ Амырхъан «Щынэ хужь» зыфIищар зэм рассказу, зэми новеллэу жаIэ икIи ятх. Ар, дауи, ди критикхэм зэхагъэкIынщ, ауэ сэ а псор щIыжысIар ди литературэм новеллэ жанрыр уэ япэ къыхэпхьауэ икIи абы зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэпщIауэ къалъытэри, ар къыхэпхыным щхьэусыгъуэ хуэхъуам и гугъу уэзгъэщIыну арат.**

– ЩIыпIэ нэщIым банэщ къикIэр. Къэбэрдей литературэм зэгуэр рассказ жанрым зыщиубгъуауэ щытауэ жыпIэ хъуну си гугъэщ. Абы къыщыщIедзэ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и деж. Ауэ а жанр кIэщIым

япэу зезытар Шортэн Аскэрбий, Нало Ахьмэдхъан сымэщ. Си жагъуэ мэхъу абыхэм я рассказхэр нобэрей щӀэджыкӀакӀуэм зэрамыщӀэр.

Пэжу, иужь илъэсхэм новеллэ жоуэ щӀэтхауэ куэд къытохуэ, а жанрым пэӀэщӀэу. Сэ сызэреплъымкӀэ, цӀыхур новеллэ стхынщ жиӀэу тӀысын хуейкъым, уэ птхыну узыхуейр тхы, жыпӀэну узыхуейр жыӀи, уи тхыгъэм зыщыщ жанрыр езым къигъуэтыжынщ. Си гугъу тщӀымэ, си тхэкӀэм, хъэтӀым мы жанрыр нэхъ тохуэ, жысӀэну сызыхуейр кӀэщӀу, ауэ пӀащӀэ-тхъытхъ хэмыту иришызоӀэф.

Адыгэ литературэм рассказ кӀэщӀыр – новеллэр – дяпэкӀи хэтынущ. Сэ сфӀэтелъыджэщ Заур и новеллэхэр, Ӏэзэу гъэпсащ Ацкъан Руслан и ӀэдакъэщӀэкӀхэр, нэгъуэщӀ тхакӀуэ зыбжанэм ятххэр. ЩӀэблэ къэхъуми а жанрыр къащтэ. УзыщыгуфӀыкӀын Ӏуэхущ.

**– «Вагъуэзэшибл», «Мазэхэ жэщ», «Тхыгъэхэр» тхылъхэм ихуа уи ӀэдакъэщӀэкӀхэм гупсэхуу укъеджа нэужь зыхыбощӀэ ӀуэрыӀуатэ теплъэ зиӀэ къуэкӀыпӀэ цӀыхубэ новеллэкӀэ зэджэ анекдотхэр лъабжьэ зыхуэхъуахэмрэ европэ политикэ новеллэ О’ Генри, Цвейг Стефан сымэ яйхэм хуэдэмрэ зэрызапыӀубдзыр, Ги де Мопассан лъагъуныгъэм теухуа и новеллэхэмрэ психологизмыр зэбэкӀ урыс новеллэ ухуэкӀэмрэ зэхэухуэнауэ уи тхыгъэхэм зэрыщызэхэшыпсыхьар. ЦӀыхум и псэм фӀэфӀыращ, ауэ уейхэм хэт лӀыхъужьхэм я гурыгъу-гурыщӀэхэм я мызакъуэу, ахэр зыщыпсэу къэралым щекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэ мыхъумыщӀэхэр, лӀыхъужьхэр абыхэм зэрапэувыр къэзыӀуатэ политикэ новеллэхэр Ӏэзэу, удихьэхыу птхахэм яхэтыжатэмэ, новеллэ жанрыр нэсу къыпхуэгъэӀурыщӀэнтэкъэ, итӀанэ нэхъ жанр ин романым ухуишэнтэкъэ, апхуэдэу ахэр Ӏэзэу къэзыгъэсэбэпа европей, урыс классикэ хъуа тхыгъэшхуэхэр зи Ӏэдакъэ къыщӀэкӀахэм хуэдэу?**

– ТхакӀуэм езым и хъэтӀ иӀэжын хуейщ – и бзэкӀи, образ къэгъэщӀыкӀэкӀи, нэгъуэщӀ ӀэджэхэмкӀи адрейхэм къащхьэщыкӀыу. Псори зэщхьамэ, ятххэм еджэжынӀатэкъым. Литературэми езым и хабзэ, традицэ жыхуаӀэр иӀэщ – къуэкӀыпӀэмкӀэ зыбгъазэми, европей классикэр къапщтэми. ТхакӀуэр, дэ ди литературэ ныбжьыщӀэм хуэдэм щылажьэр, дауи, абыхэм ядоплъей, ауэ защӀыпищӀыжын щыӀэкъым. Пэжым ухуеймэ, дэ нэхъ тпэгъунэгъур урыс литературэ иныращ – Пушкин деж къыщегъэжьауэ мыддэ къэсу. Сэ сыкъапщтэмэ, Чехов А. П. и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀахэр зыпэсщӀ щыӀэкъым. ЦӀыху цӀыкӀу къызэрыгуэкӀым и кӀуэцӀыкӀыщӀэм абы хуэдэу иплъэфа щыӀэкъым. Ауэ Чеховым и Ӏэзагъым дерс гуэрхэр къыхэхыным зыпэщӀыжын хуейуэ къикӀыркъым.

Политикэ новеллэ жыхуэпӀэм теухуауэ. Си новеллэхэми ар мымащӀэу хэлъу си гугъэщ. Ауэ ар – политикэр – къыхэпӀиикӀын хуейкъым.

**– Апхуэдэу мыр къыгуилъэфу щхьэ жиӀа жумыӀэ. Ар ди адыгэ тхакӀуэхэм я шарж журналым еттынухэр ӀутӀыж Борис мыгъуэмрэ сэрэ къыхэтхауэ абыхэм я лъабжьэм щӀэтынухэр итхыу здэщысым, уи деж къэсри и гум къеуэу жиӀат: «ТхакӀуэ нэхъыфӀ дыдэу диӀэр, уэлэхьи, гущӀэгъуншэу къулыкъу лъагэхэм тӀэщӀахамэ. Армыхъуамэ Борис жыжьэ нэсыну тхакӀуэу Тхьэшхуэм дэ къыдитат!»**

– Мы зи гугъу пщӀы Ӏуэхур куэдрэ зэхэсхащ, езы ӀутӀыж Бориси жиӀэу. ГушыӀэ усэ дахэ цӀыкӀуи схуитхауэ щыӀэщ. Лэжьыгъэмрэ, нэхъ тэмэму жыпӀэмэ, къулыкъумрэ творчествэмрэ зыр адрейм зэран е сэбэп зэрыхуэхъум теухуауэ Ӏэджэ жыпӀэ хъунущ. Сэ къысщохъу а тӀур зыр адрейм сэбэп хуэхъуурэ нэхъыбэм къекӀуэкӀауэ, щызэпэщӀэуэ къы-

щыхъу щыIами. КIыщокъуэ Алим и романхэм яхэлъ политикэ лъагэр яхэлъыну пIэрэт, ар езыр политик IэкIуэлъакIуэу щымытамэ? Хьэмэрэ Шортэн Аскэрбий, МафIэдз Сэрэбий сымэ тхыдэм емылэжьамэ, я романхэм апхуэдизу пэжу ди блэкIар къахуэIуэтэжынт? Сэ зыми зезгъапщэркъым, ауэ, итIани, редакцэм корреспондент нэхъыщIэ цIыкIуу сыщIэсу, махуэ къэс сатыр щитI стын хуейуэ стелъу, лэжьыгъэ нэужь щыхъукIэ, пщыхьэщхьэ къэс ефэщым сыкъыщIэджэлу сыпсэуамэ, нэхъ тхакIуэшхуэ сыхъуну пIэрэт? Зэчий зыбгъэдэлъ куэдым ар я натIэ хъуакъэ? Щапхъэ Iэджэ къыпхуэсхьыфынущ.

Къулыкъум цIыхум жэуаплыныгъэ къыхелъхьэ – жиIэм, ищIэм, и къалэным теухуауэ. Дауи, зэман нэхъыбэ сиIэнкIи хъунт, ауэ сыту пIэрэт а зэманым сэ къысхуихьынур?

**– АтIэ узыпэрыта лэжьыгъэ IэнатIэхэр, депутат лэжьыгъэ ебгъэкIуэкIари абыхэм яхэтыжу, сыткIэ къыхуэщхьэпа тхэн Iуэхум?**

– Мы укъызэрызэупщIам и жэуапыр мыращ: узыпэрыт IэнатIэм цIыху куэд уегъэцIыху, уигу къэмыкIа Iуэхугъуэ Iэджэми щыгъуазэ ухуещI. Абы уи акъылым и къэухьым зрегъэубгъу. Ар, шэч лъэпкъ хэмылъу, творчествэм сэбэп хуохъу – гъащIэм нэхъ кууэ укIуэцIрегъэплъ, темэ нэхъ инхэми зарыуегъэпщыт, Iуэху еплъыкIэхэм зарегъэужь.

Сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитIым срадепутатащ. Ар университет мыхъуу академиеу щытащ си дежкIэ – абы щыслъэгъуамрэ щызэхуэсхьэсамрэ щIэи гъуни яIэкъым тхакIуэм дежкIэ. Псом хуэмыдэу епщыкIутIанэ, иужьрей, зэхуэсым. Абы и лэжьыгъэр техуащ ди советскэ общественно-политическэ системэр щызэтещэхэжа лъэхъэнэм. Я Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ, зыщыщ лъэпкъкIэ, гупгуп зэрыгъэхъуа депутатхэр сыт хуэдизу зэныкъуэкъурэт, зэщыхьэхэрэт. Абы щыгъуэм мылъку щхьэкIэ зэпэщIэувакIэтэкъым иджыри, ауэ къэралым, республикэм, абы ис лъэпкъхэм я натIэ хъунум теухуа псалъэмакъыр, иужькIэ лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэм хуэкIуэжар, зэщIэплъат.

Совет Нэхъыщхьэм и сессиехэм я стенограммэхэр щыIэщ. Детектив романым хуэдэу гъэщIэгъуэну укъоджэж абыхэм. Куэдым урагъэгупсысыж, япэм гу зылъумыта Iэджэ уи нэгу къыщIохьэж.

БгъущI гъэхэм къэхъуар зэкIэ зыми къимыгъэбэта щIыщIэщ. Революцэт ар хьэмэрэ контрреволюцэт? А упщIэм жэуап тэмэм езыта тхакIуэ зэкIэ къэрал псом искъым. Ауэ зэгуэр зыгуэрым абы и жэуапыр, шэч хэмылъу, къигъуэтынщ.

Сэри си нэ къокI бгъущI гъэхэм я япэ илъэсхэм ди республикэм къыщыхъуа Iуэхухэу си нэгу щIэкIахэм сытетхыхьыну. Мызэ-мытIэу зеспщытащ, ауэ а ныкъуэтххэр зэкIэ езгъэтIылъэкIащ. Ар темэ гугъущ, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ.

**– Уи тхыгъэхэм критикэм хуэфащэ гулъытэ хуищIауэ къэплъытэрэ? Си щхьэкIэ апхуэдэу сыбжыркъым. Рассказхэмрэ новеллэхэмрэ хъарзынэу тепсэлъыхьри, повестхэм я гугъу ящIакъым, ахэри ди литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэхъуами.**

– Уи упщIэм жэуап естын ипэ къихуэу мыр жысIэнт: критикэм и Iуэхур ди литературэм и узыфэу зэкIэ зи хущхъуэ зымыгъуэтхэм ящыщщ. Абы ирисымаджэр къэбэрдей литературэм и закъуэкъым.

Литературэм узыншэу зиужьын папщIэ критикэ узыншэ ухуейщ: абы зэрызиужь гъуэгухэмрэ лъагъуэхэмрэ иубзыхуу, жанрхэм зэрызаузэщIыр иджу, тхылъ къыдэкIхэм фIагъыу, щыщIэныгъэу ядилъагъур тхылъеджэхэми авторми яригъэлъагъуу. Ар, икIэ къихуамэ, лъэныкъуитIкIэ сэбэп мэхъу: япэр – тхакIуэр Iэзагъэм хуеущий, етIуанэу – щIэджыкIакIуэ губзыгъэ, набдзэгубдзаплъэ егъасэ.

ЗэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, апхуэдэури къекIуэкIыу щытащ: Сокъур Мусэрбий, ХьэкIуащэ Андрей, Шэвлокъуэ Пётр, КIурашын БетIал, КхъуэIуфэ Хьэчим, Къэжэр Хьэмид сымэ я IэдакъэщIэкIхэр тхакIуэхэми тхылъеджэхэми я гъуэгугъэлъагъуэт. Газетхэм, журналхэм рубрикэ хэха яIэу рецензэхэр традзэрт. «Iуащхьэмахуэ» журналым, литературэм и шу пашэу щытыну зи къалэным, критикэмкIэ отдел щхьэхуэ иIэу, Сокъур Мусэрбий, Шэвлокъуэ Пётр, КIурашын БетIал сымэ хуэдэ литератор щэджащэхэр щылажьэу къекIуэкIащ.

Нобэ газетхэми журналхэми щытхъупс къызэжэх тхыгъэ цIыкIу зэзэмызэххэ къытехуэ мыхъумэ, литературэм и Iуэхухэр кууэ щызэпкърыха лэжьыгъэ дыщрихьэлIэркъым. Тхэн димыIэуи схужыIэнкъым. Тхьэм и шыкуркIэ, гудзакъэ яIэу мэлажьэ ХьэкIуащэ Андрей, КхъуэIуфэ Хьэчим, Къэжэр Хьэмид, иужь илъэсхэм хуабжьу тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ щIэджыкIакIуэр зыгъэгуфIэ ТIымыжь Хьэмыщэ, БакIуу Хъанджэрий сымэ.

Сэ стеухуауэ укъызэрызэупщIам и жэуапу бжесIэнуращи, сыхуейт сэри апхуэдэ рецензэ си тхыгъэхэм ягъуэтыну. Ауэ ар си дежкъым къыщынэр.

– **Уэ икIи узэдзэкIакIуэ Iэзэщ. Хэт и тхыгъэ зэдзэкIащэрэт жыпIэрэ?**

– Пэжщ, сигу ирихьа тхыгъэхэр адыгэбзэм къизгъэзэгъэн сфIэфIщ. КъысфIощI абы лъэпкъ литературэми тхакIуэми я сэбэп хэлъу – тIуми заригъэужьу. Абы и щапхъэу мыр къэсхьынт. Куэд щIакъым сэ Толстой Лев и повесть цIэрыIуэ «Хьэжы-Мурат» зэрызэздзэкIрэ. «Адыгэ псалъэ» газетым тридзащ (Тхьэр арэзы къыхухъу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Ар мыхъуамэ, повестым зезмыпщытынкIи хъунт). Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм ар щхьэхуэу къыщыдэкIащ. Нэхъыщхьэу жысIэну сызыхуейращи, повестым сыщелэжьым аргуэру зэ хьэкъыу си фIэщ хъуащ ди адыгэбзэр телъыджэу зэрыкъулейр, абыкIэ жумыIэфын, узытемыпсэлъыхьыфын зэрыщымыIэр, цIыхум яжепIэн уиIэ закъуэмэ. ЗыхэсщIэу си бзэр нэхъ къулей ищIащ, Толстой тхакIуэ щэджащэм и тхэкIэм и щэху куэд сигъэлъэгъуащ а лэжьыгъэм.



АдыгэбзэкIэ зэздзэкIащэрэт жысIэу сызэхъуапсэ тхыгъэ Iэджэ щыIэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Думбадзе Нодар, Искандер Фазиль сымэ я тхыгъэхэр – абыхэм я лIыхъужьхэм я нэхъыбэр ди къуажэ, къалэ гуэрхэм щыпсэу пфIэщIынщ, апхуэдизкIэ адыгэм дэщхьщи.

Си нэ къыхуокI Хемингуэй Эрнест и «ЛIыжьымрэ тенджызымрэ» повесть цIыкIур зэздзэкIыну. Ауэ ар хэт пхутридзэн?

НэгъуэщI куэди щыIэщ. Ауэ абы папщIэ зэмани ухуейщ.

– **КIыщокъуэ Алим и поэзием нэхърэ и прозэр нэхъыфIу, нэхъ кууэ, нэхъ лъэщу жаIэ. Языныкъуэхэм и поэзиер и прозэм елъэгэкIыу къалъытэ. Уэ сыт жыпIэн абы теухуауэ?**

– Щыпсэуам щыгъуи хуэдэу, КIыщокъуэ Алим теухуа псалъэмакъыр ноби зэпыуркъым, зэпыунуи къыщIэкIынкъым. Алим хуэдэу, и творчествэкIи и лIыгъэкIи адрейхэм ефIэкIыу псэуа дэтхэнэ цIыхушхуэми арауэ къыщIэкIынщ и натIэр – къыдэпсэуа и лъэхъэнэгъуэхэри щIэблэ къэхъухэри абыхэм гудзакъэншэ яхуэхъуркъым.

Алим Совет властым и гупсысэхэм щIапIыкIа, а гупсысэхэр дэзыIыгъ цIыхуу щытами, а властым и дахэм и закъуэкъым илъэгъуар. Къалмыкъ БетIал фэеплъ сын хуагъэувыжауэ фоупсыр къыщрагъэжэхым абы теухуа пэжыр жызыIэфар Алимщ. Къуажэдэсхэм Iэщыр Iахын щыхъуам абыхэм къащхьэщыжу зи псалъэ Iуар Алимщ. Хэку зауэшхуэм и пэ-

жыр япэ жызыIэфа адыгэри Алимщ. КъардэнгъущI Зырамыку хьэIупс езымыгъэщIари Алимщ. Апхуэдэ куэд уигу къэбгъэкIыжыфынущ. Ауэ хуамыгъэгъуфу нэгъуэщI зы хьэли хэлъащ – ар адыгэм, адыгэлIым и пщIэр ткIийуэ зыгъэлъапIэ цIыхуу щытащ. И дуней тетыкIэкIэ, хьэлщэнкIэ адыгэ уэркъыу. Зауэм къыдыIутахэри, иужькIэ Москва къыщыдэлэжьахэри джыназкIэ къеджэу. Сыт щыгъуи къулыкъушхуэ иIыгъами, къулыкъу нэхъ иныж зиIэхэм захуигъэщхъакъым – и Iуэху еплъыкIэ, бгъэдыхьэкIэ иIэжу псэуащ. Гуп хыхьэкIэ, хьэщIэ егъэблэгъэкIэрэ егъэжьэжыкIэм хуэIэзэ пэтми, дэнэкIи къыщыщIидзу, хэт и Iэни пэрыджадэу дунейм тетакъым. Зи шэрий жыжьэ нэмысым къефIэкIыр, къытекIуэр фIыуэ имылъагъуу игъащIэ лъандэрэ къокIуэкI.



*КIыщокъуэ Алимрэ Мэзыхьэ Борисрэ*

КIыщокъуэ Алим къэбэрдей литературэм и Iуащхьэ нэхъ лъагэ дыдэщ. Абы и творчествэр скъар абрагъуэщ, усыгъэри прозэри зэхэжыхьауэ зэрыIыгъыу. Ауэ зы адэ-анэм къалъхуа бынхэр псори зэщхь, зэхуэдэ хъуркъым – творчествэри аращ – тхакIуэм нэхъ къехъулIаи къемыхъулIэщауэ къыпфIэщIи урохьэлIэ. Абы къыхэкIыу тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр зэубыдылIауэ къэщтэн хуейуэ сэ къысфIощI – мы лъэныкъуэм нэхъ пэлъэщати, мыдрейр аратэкъыми жымыIауэ. ЦIыхур зэджэр зэрызыхищIэр асыхьэтым езым бгъэдэлъ гукъыдэжым, и гупсысэхэр нэхъ зытеухуауэ щытым щелъыта куэдрэ къохъу.

**– Роман стхынщ е стхащэрэт щыжыпIа къэхъуа?**

– Си фIэщ хъуркъым «нобэ зы рассказыжьыфI е роман зыкъизых стхынщ» жиIэу тхакIуэр стIолым етIысылIэу. Уи къалэмым къыпыкIынур уэ узыгъэпIейтей Iуэхум къишэчым хуэдизу къыщIэкIынщ. Рассказу къезгъажьэу повесть хъуа тхыгъэ сэри сиIэщ. Ауэ зэи роман стхащэрэт щыжысIа къэхъуакъым. Рассказ е новеллэ кIэщIкIи уэри адрейхэри зыгъэпIейтей Iуэхухэр пхузэпкърыхынущ, цIыху къызэрыгуэкI дыдэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ зэманым и

къэхъукъащIэ нэхъ ин дыдэхэри къыпхуэгъэлъэгъуэнущ.

**– Ди литературэм и къэкIуэнур дауэ плъагъурэ?**

– Литературэм и дыгъуасэм, нобэм, пщэдейм куэд тепсэлъыхь хъуащ, хэти ирипIейтейуэ, ауан, гужьгъэжь гуэрхэр зи макъ нэхъыбэу къыхэщи щыIэщ. Мы Iуэхум апхуэдэу гудзакъэ щIыхуаIэр гурыIуэгъуэщ – литературэр лъэпкъым и духовнэ гъащIэм и пщалъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыуэ, лъэхъэнэм и гъуджэу (щызахуи щыIуши къыхэхуэу) къекIуэкI хабзэщ. Ныбжьышхуэ дыдэ зимыIэ ди литературэри аращ – блэкIа лIэщIыгъуэм и щэщI гъэхэм ятха рассказ, повесть, усэхэм деж укъыщежьэу нобэм къэс къриплъэж – а лъэхъэнэм лъэпкъым къикIуа гъуэгу мытыншыр, ауэ лIыгъэкIэ, гугъуехькIэ, гузэвэгъуэкIэ гъэнщIар уи нэгу къыщIегъэхьэж, цIыхухэм я псэм щагъэва гурыгъу-гурыщIэ пщтырхэр аргуэру зэ къыппкърегъэхьэж. Пэжщ, гурыщIэ жьгъей, гупсысэ чэнжхэр лъабжьэ зыхуэхъуа тхылъхэр нобэ лэжьэжыркъым, жинт гъэщIэрэщIа ятебзауэ ди дапхъэхэм зыщагъэпIий пэтми. Ауэ Алий и усэ жьгъырухэм ди псэр ягъэхуабэ, Хьэжсет цIыкIурэ хьэжыгъэ пут закъуэм бэлыхьхэмыкIыж ищIа Хьэмидрэ я Iуэхум дрогузавэ; Алим и усэхэм зауэ хьэлъэри псэукIэщIэм и нэхумрэ хуабэмри ди нэгу къыщIагъэхьэж. И роман телъыджэхэр-щэ?! Нобэ ятхам хуэдэу ахэр дызэрыт лъэхъэнэм щолажьэ.

А тIум я закъуэкъым. Жыг закъуэ мэз зэрымыхъум ещхьу, абыхэм къабгъурыту лъэхъэнэм и тхыдэр дахэу, удихьэхыу, пэжу зытхыжа нэгъуэщI литератор Iэджэ диIэщ.

Зы хьэкъщ: тхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIам ар зыхуитха щIэджыкIакIуэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, лъэпкъыр, игъэпIейтейуэ щытын хуейщ. Сигу къокIыж Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэм» хьет-уит иращIэкIар, КIыщокъуэ Алим и зы романи дунейм къытенакъым – «Уэсэпс лъэужьым» деж къыщегъэжьауэ «Нал къутам» деж щиухыжу – псалъэмакъ ин ирамыщIэкIауэ, иримызэныкъуэкъуауэ. Абы щхьэусыгъуэу, икIэрамэ, тIу иIащ: япэрауэ, нэхъыщхьэри арагъэнщ, апхуэдэ тхыгъэхэр лъэпкъым и гум къишхыдыкIыу, Iэзэу, удихьэхыу уеджэу бзэ къабзэкIэ тхащ: етIуанэрауэ, абыи литературэм, тхакIуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ щIэджыкIакIуэ яIащ. ЩIэджыкIакIуэ зимыIэ тхакIуэр щхьэхуэпсалъэм ещхьщ – езым зыхуейр жиIэу, къедэIуэн имыгъуэту. Литературэм, псым ещхьу, езырезыру зигъэкъэбзэжу зиузэщIын щхьэкIэ щIэджыкIакIуэ хуейщ, хуейщ абы и псалъэ гуапи зымыгъэулъийи и критики. Нобэрей тхакIуэхэр а тIуми дахуэныкъуэу сэ къысфIощI.

Ди прозэр, поэзиер здынэса лъагапIэр зэдгъэбыдылIэну, щыгу нэхъ лъагэхэм дыдэкIыну дыхуеймэ, литературнэ щIэблэ дгъэсэн хуейщ, дэ ди япэ итахэр къызэрыдэлIэлIам хуэдэу гугъу задедгъэхьу, тэмакъкIыхьу дабгъэдэту. Хэт ар зи пщэ дэхуэр жыпIэрэ укъызэупщIмэ, къалэм зыIыгъ нэхъыжь псоми ди боршщ, ауэ хьэлъэр нэхъыбэу зи плIэ дэзылъхьэжын хуейр, дауи, ТхакIуэхэм я союзырщ, «Iуащхьэмахуэ» журналырщ. А тIуращ, сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, литературэм и пщэдейр зыхуэдэнумкIэ жэуап зыхьыпхъэр. Союзыр колхозкъым, мыпхуэдиз трудодень къэблэжьын хуейщ жаIэу зэрыщытам ещхьу, «уэ мыпхуэдиз рассказ е усэ» дызытехьа гъэм тхы жиIэу абы унафэ зэримыщIри гурыIуэгъуэщ. АтIэми тхакIуэхэр Iуэхум тригъэгушхуэмэ, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм правленэм е литературэмкIэ советхэм щытепсэлъыхьмэ щхьэпэ хъунщ. Чэнджэщ дахэ и зэран зэкIа щыIэкъым.

«Iуащхьэмахуэ» журналым и гугъу пщIымэ, абы зришэлIэн,

зригъэбыдылIэн хуей сфIощI тхакIуэхэр, хэплъыхьауэрэ къыхиха тхыгъэхэр тридзэурэ фIагъым и щапхъэ игъэлъагъуэу. Журналхэр литературэм и гъуэгугъэлъагъуэу ижь лъандэрэ къокIуэкI. Дигу къэдвгъэгъэкIыж Пушкиным и «Современник»-р, Твардовскэм и «Новый мир»-р. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ.

**– Нобэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэу къэплъытэр…**

– Къалэн нэхъыщхьэ дыдэр литературэмрэ щIэджыкIакIуэмрэ зэшэлIэжынырауэ собж. Нобэ ди литературэм щолажьэ зэфIэкI зиIэ, дяпэ итахэм я Iуэхур зыгъэкIуатэ литератор куэд (Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Хьэх Сэфарбий, КхъуэIуфэ Хьэчим, Елгъэр Кашиф, Къагъырмэс Борис, Къэрмокъуэ Хьэмид, Жылэтеж Сэлэдин, Бещтокъуэ Хьэбас, Бицу Анатолэ, Ацкъан Руслан, Гъэунэ Борис, Уэрэзей Афлик, Мыкъуэжь Анатолэ, ХьэIупщы МуIэед), куэдкIэ дызыщыгугъ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэ зыкъоми къытщIохъуэ. Ауэ псори дызыхуэтхэ щIэджыкIакIуэр кIуэ пэтми нэхъ пэIэщIэ тфIохъу. ИкIэщIыпIэкIэ абы зыгуэр ещIэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, сэбэп хъунт литературэр пропагандэ щIынымкIэ бюром хуэдэ гуэр къызэгъэпэщыжамэ. ТхакIуэхэмрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ я зэIущIэхэр нэхъ кууэ егупсысауэ егъэкIуэкIамэ. Ноби апхуэдэ зэIущIэхэр зэхохьэ, ауэ абы кърихьэлIэр школакIуэ цIыкIухэращ. Студентхэм, творческэ интеллигенцэм я пащхьэ тхакIуэр щихьэр зэзэмызэххэщ. ЗэIущIэм хэтыну цIыху бжыгъэракъым нэхъыщхьэр, а зэхуэсахэр щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, тхылъым, литературэм кууэ хэзыщIыкI, псалъэмакъ щхьэпэ езыгъэкIуэкIыфыну цIыхуу къыщIэкIынырщ. Сэ сощIэж ЩоджэнцIыкIу Iэдэм литературэм, езым, и ныбжьэгъухэм я тхыгъэхэм ятеухуауэ цIыху зытхухым я пащхьэ сыхьэти-сыхьэтитIи, къедаIуэхэр къыдихьэхыу, къыщыпсэлъэфу зэрыщытар. Абы и ужькIэ къедэIуахэм я гъуэгур я занщIэу библиотекэм кIуэрт...

ЩIалэгъуалэр ди литературэм хуэущиинымкIэ ямыщIэIауэ пхужыIэнкъым. ТхакIуэхэм я союзым деж илъэс куэд хъуауэ щылажьэ литературэ хасэм тхэным дихьэх щIалэгъуалэм я Iэзагъэм хэгъэхъуэнымкIэ, ныбжьыщIэ нэхъыбэ Iуэхум ешэлIэнымкIэ куэд зэфIигъэкIащ. Абы екIуалIэхэм ящыщ зыбжанэм я тхылъ къызэрыдагъэкIар щыхьэт тохъуэ ахэр я фIэщу тхэн Iуэхум иужь зэритым. Ауэ ари мащIэщ. Псалъэм папщIэ, зэхэублэжын хуейт тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я семинар ТхакIуэхэм я союзым нэхъ пасэм иригъэкIуэкIыу щытахэр. Сэ мызэ-мытIэу апхуэдэ зэхыхьэхэм сыхэтащи, ахэр еджапIэ нэсу щытауэ къызолъытэ. Республикэм къалэм къэзыIэту ис ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэр нэхъ пасэу Союзым щызэхуахьэсу, тхакIуэ нэхъыжьхэм, критикхэм абы рецензэ хуатхыу, итIанэ зыхуэсрэ секцэкIэрэ щытепсэлъыхьу щытащ. Уей-уей жезыгъэIэ тхакIуэхэми а зэхыхьэхэм хэтыну, къыщыпсэлъэну зраусыгъуэджэтэкъым. Сыт хуэдизу гъэщIэгъуэнт, купщIафIэт КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ я псалъэхэр.

Нобэ а семинархэр щIемыкIуэкIыжыр къызэзыгъэпэщын щымыIэу аракъым, атIэ, япэхэм хуэдэу, а Iуэхум къэралым ахъшэ къызэрыхуимыутIыпщыжыр аращ. Мылъку хухахын щIадзэжмэ, зэхуэсхэр зэхаублэжынт. Ауэ «мывэ щылъым и лъабжьэ псы щIэжыркъым», жаIэ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, ди литературэр хэкIуэдэжу, абы къэкIуэн имыIэу жызыIэхэм сэ сащыщкъым. Литературэм зэрызиужь хабзэ гуэрхэр езым иIэжщ. Ди Iуэхум дигу ириузмэ, щыщIэныгъэу ди Iуэхум

хэлъу сэ къысфIэщIу зи гугъу сщIахэри, сызылъэмыIэсахэри зэрызэдгъэзэхуэжынум нэхъыжьи нэхъыщIи, тхакIуэ организацэри журналри иужь итын хуейуэ си щхьэкIэ къызолъытэ.

**– Зэгуэр узэрыукIытэжын Iуэхугъуэ блэжьа?**

– Щымыуэ цIыху щыIэкъым, ауэ си напэр щIэсын гуэр сщIауэ къысхуэгубзыгъыжыркъым. ЦIыкIу-инми къулыкъу убгъэдэлъу апхуэдиз илъэскIэ ущылажьэкIэ, умыщIэу зыгуэрым уегуэуэнри хэлъщ. Ауэ цIыхум я жагъуэ зыщIын, абы и пщIэр зыгъэлъэхъшэн псалъэ яжесIауэ, къуэды есхауэ сщIэжыркъым. Редактор нэхъыщхьэу сыщылэжьам зэ фIэкIа цIыхум къуэды теслъхьакъым. Языныкъуэхэм ар щабагъэу, къарууншагъэу къащохъу, ауэ сэ апхуэдэу къэслъытэркъым – фIым къимыхьар Iейм къишэркъым. ЦIыхум пщIэ хуэпщIмэ, и щхьэ умыгъэлъахъшэмэ, уи щхьи лъахъшэ хъунукъым.

**– Сыт хуэдэ хъуэпсапIэ иджыри къэс зыми къыумыгъэщIауэ уиIэр? Абыхэм ящыщ гуэрхэм я гугъу пщIы хъуну?**

– ЦIыхур псэуху мэгугъэ, мэхъуапсэ. МащIэ илъэс хыщIрэ пщыкIутхурэ хъуа лIыжьыр зыщIэхъуэпсынур? Ауэ абы ину тепсэлъыхьын хуейкъым. Хъуапсэри, гугъэм ещхьщ, нэхъыжьхэм къытхуагъэна щIэинщ.

**– КъуэкIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм насыпыр узыншагъэрауэ жаIэ. Уэ дапхуэдэу ар къызэрыбгурыIуэр?**

– УщыщIалэм узыншагъэм и мыхьэнэм уегупсысыркъым, абы нэхъ лъапIэ цIыхум дежкIэ зэрыщымыIэр къыбгурыIуэркъым. КъуэкIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм жаIар сщIэркъым, ауэ адыгэм уи упщIэм пасэу жэуап иритащ: «ПIэхэнэрэ зехьэнейрэ тхьэм симыщI», – жиIэри. Уи жьыщхьэм узыншагъэ быдэ ухуейщ, узыхунэмыса Iуэхухэр нэбгъэсыжын, жьыщхьэ махуэу, узыншэу уи гъащIэ Iыхьэр бухын папщIэ.



**– Иджыпсту сытым уелэжьрэ?**

– Мы илъэсыр сэркIэ берычэту къыщIэкIащ: мы гъэм си тхылъиплI къыдэкIын хуейщ. «Тхыгъэ къыхэхахэр» «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдокI. Абы ихуащ илъэс зэхуэмыдэхэм стха новеллэхэр, повестхэр, публицист тхыгъэхэр. Ардыдэм дуней щилъагъунущ Вэрокъуэ Владимир и тхыгъэ зыкъом къызэщIэзыубыдэ «Си дадэм жиIащ» жыхуиIэм. Ар адыгэбзэ зыщIар сэращ. Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдокI Толстой Лев и повесть цIэрыIуэ «Хьэжы-Муратыр». ЕплIанэр згъэхьэзырами, къыдэгъэкIа зэрыхъунур зэкIэ сщIэркъым. Зи гугъу сщIыр «Энциклопедия кабардино-балкарской журналистики» жыхуиIэ лэжьыгъэшхуэрщ. Тхылъым итщ журналист щитIрэ бгъущIым я биографие кIэщIхэр. Сурэтхэр ящIыгъуу. Мыбы тхылъеджэр щыIущIэнущ Цагъуэ Нурий, Дым Iэдэм сымэ я деж къыщегъэжьауэ нобэм къэс ди газетхэм, радиом, телевиденэм щылэжьауэ цIэрэ щхьэрэ нэхъ зиIэ журналистхэу къэрал дамыгъэ лъапIэ зратахэм. Тщыгъупщакъым Хэку зауэшхуэм хэкIуэда журналистхэри. ЦIыху 26-м я цIэ къэтхутэжащ. СхужыIэнукъым зыгуэри къытщымыгъупщауэ. Ноби абыхэм я цIэ-я щхьэ къыдолъыхъуэж.

НэгъуэщIхэми солэжь – рассказ, новеллэ сотх. НэгъуэщI зыгуэрхэми яужь ситщ, ауэ абыхэм я гугъу сщIыну зэкIэ сыхуейкъым.

**– Борис, уэ иджыри гугъапIэ куэд уиIэщ, абыхэм уи Iэр техуэну уи нэ къыхуокIри, Тхьэшхуэм къуигъэхъулIэ!**

– Упсэу, МуIэед! Тхьэр арэзы къыпхухъу!

# Мэзыхьэ Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

**ПщIэ зыхуэтщI Борис Беслъэн и къуэ!**

Си гум къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъу уи гъащIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и лъэхъэнэмкIэ – укъызэралъхурэ илъэс 75-рэ узэрырикъумкIэ. КъэпкIуа уи гъащIэ гъуэгуанэр щапхъэщ Хэкумрэ узыпэрыт Iуэхумрэ уигури уи псэри етауэ икIи ухуэпэжу узэрыхуэлажьэм.

Уи махуэ лъапIэм сынохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ ущымыщIэну, ди Хэкум и зыужьыныгъэм хуэщхьэпэн лэжьыгъэ купщIафIэхэр илъэс куэдкIэ уиIэну.

*ПщIэ къыпхуэзыщI,*
*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм*
*и Iэтащхьэ* **КIУЭКIУЭ Юрий**

**ПщIэ зыхуэтщI Борис Беслъэн и къуэ!**

Ди псэм къыбгъэдэкIыу уи махуэ лъапIэмкIэ – илъэс 75-рэ узэрырикъумкIэ – дынохъуэхъу.

ЖыIэ лей хэмылъу, уэ ди IэщIагъэ мытыншым, ауэ цIыхухэр зыхуэныкъуэм, гъуэгуанэ кIыхь икIи купщIафIэ къыщыпкIуащ. Уи япэ тхыгъэхэм щIэджыкIакIуэхэм псынщIэу гу лъатащ, абыхэм я гум дыхьащ. Уи гъащIэ къызэрымыкIуэр гъэнщIащ Iуэхугъуэ щIэщыгъуэ куэдымкIэ, щIэмычэу ебгъэкIуэкIа творческэ къэлъыхъуэныгъэхэмкIэ. Уи зэчийм, уи хьэл ерыщым, лэжьыгъэр фIыуэ зэрыплъагъум и фIыгъэкIэ уэ журналистикэм и закъуэкъым ехъулIэныгъэхэр щызыIэрыбгъэхьар, атIэ, шэч хэмылъу, республикэм и литературэр зи тхыгъэхэмкIэ езыгъэфIэкIуа къэбэрдей прозаик нэхъыфIхэм ящыщ зы ухъуащ.

Уи тхылъхэм – «Слово перед дорогой», «Белая ласточка», «Проблеск», нэгъуэщIхэми – тхылъеджэм гъащIэм къыхуигъэув мыхьэнэшхуэ зиIэ упщIэхэм я жэуапхэр къыщигъуэтынущ.

Уэ ноби уи куэдщ творческэ и лъэныкъуэкIэ зыхуэбгъэувыжа мурадыщIэхэр.

Пэжыр жыпIэмэ, уэ, Борис, лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий зыбгъэдэлъ, гъэщIэгъуэн, щIэ гуэр къэщIэным сытым дежи хущIэкъу цIыху телъыджэу ущытщ. Ауэ нэхъыщхьэр псэ хьэлэл уиIэу, зэхэщIыкI пхэлъу, фIыр ui Iэпэгъуу укъызэрекIуэкIырщ. ЗэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхукъым уэ илъэс 34-рэ хъуауэ республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу узэрыщытыр, саугъэт, дамыгъэ лъапIэхэр къызэрыпхуагъэфэщар. Дэ, уэ уи ныбжьэгъухэм, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт уи лэжьэгъухэм, дощIэ сыт хуэдэ IуэхумкIи дзыхь къуагъэз зэрыхъунур.

Ди гум къыбгъэдэкIыу дынохъуэхъу узыншагъэ быдэ, дэрэжэгъуэ, ефIэкIуэныгъэ, насып ущымыщIэну, тхылъ купщIафIэхэр дунейм къытебгъэхьэну, къепхьэжьэ Iуэху псоми ехъулIэныгъэ ущиIэну!

Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Секретариа-

тым и унафэкIэ, уэ къыпхуагъэфэщащ «За заслуги перед профессиональным сообществом» щIыхь дамыгъэр.

**БОГДАНОВ Всеволод,**
*Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ*

ЕЗЫМ И ЛЪАГЪУЭ ХИШЫЖАЩ

Критикхэми, тхакIуэхэми, щIэджыкIакIуэхэми Мэзыхьэ Борис нэхъыбэу къызэрацIыхур адыгэ новеллистикэм и зэхэублакIуэу зэрыщытымкIэщ. ТхакIуэ куэдым къехъулIэркъым псалъэ мащIэкIэ гупсысэшхуэ къэIуэтэныр. Мэзыхьэр а жанр мытыншым дэгъуэу зэрыпэлъэщыр пасэу наIуэ къыщыхъуащ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа и япэ новеллэхэм. АбыхэмкIэщ зэман кIэщIым къриубыдэу ар тхакIуэ цIэрыIуэ зэрыхъуар. А тхэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ Мэзыхьэ Борис лъэщIыхьа къахэкIагъэнкъым нобэрей ди тхакIуэхэм, ар адыгэ новеллистикэм и классикщ.

Апхуэдэу зи дамыгъэ зиIэжу адыгэ литературэм къыхыхьа Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр 1940 гъэм мэлыжьыхь мазэм и 7-м Щхьэлыкъуэ къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр а къуажэм къыщиухащ. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъукIа щIалэр школ нэужьым колхозми щылэжьащ. ИтIанэщ ар щыщIэтIысхьар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. А еджапIэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ къыщIэзыха Мэзыхьэ Борис къулыкъу IэнатIэ зыбжанэ зэблихъуащ: ар щылэжьащ печатым и щэхухэр щахъумэу КъБАССР-м щыIа IуэхущIапIэм, «Адыгэ псалъэ» газетым (корреспонденту, къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу), КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмрэ радиомкIэ къудамэм и пашэуи щытащ, Мэзыхьэр тIэунейрэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Ар КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм илъэс 34-рэ хъуауэ и тхьэмадэщ.

Художественнэ творчествэми жылагъуэ лэжьыгъэхэми ехъулIэныгъэфI щызиIэ Мэзыхьэ Борис хуэфащэ гулъытэ игъуэту и къалэнхэр егъэзащIэ. Ар Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, абы къыфIащащ Адыгэ Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэри. Мэзыхьэм къыхуагъэфэщащ СССР-м, Урысей Федерацэм я Журналистхэм я союзым и саугъэтхэри, ЩIыхь, Щытхъу тхылъ зыбжани къратащ.

«Гъуэгупэ псалъэ», «Вагъуэзэшибл», «ПцIащхъуэ хужь», «Мазэхэ жэщ», «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ», «Къуажэ пшыхьхэр», нэгъуэщI тхылъхэмкIэ, дэгъуэу адыгэбзэм кърыгъэзэгъэжа романхэмкIэ дызыгъэгуфIа Мэзыхьэ Борис творческэ зэфIэкIышхуэ иIэу ноби ехъулIэныгъэкIэ тхуолажьэри, ди гуапэу дохъуэхъу дяпэкIи нэхъыбэжкIэ дигъэгуфIэу куэдрэ тхуэпсэуну.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*

* * *

Мэзыхьэ Борис адыгэ литературэм къыщцыхыхьам, япэ итахэм хаша гъуэгуракъым зрикIуар, атIэ езым и лъагъуэ хишыжащ. Абы и лIыхъужьхэр псэкIэ бейщ, и IэдакъэщIэкIхэр плъыфэ куэду зэщхьэщокI. И бзэр гъэхуащ, шэрыуэщ.

**ТЕУНЭ Хьэчим**
*1979*

* * *

Хуабжьу сигу ирихьащ рассказхэр. Си гуапэу селэжьащ. Уеплъыжыну ныпхузогъэхьыж икIи уи лэжьыгъэщIэхэм сыпоплъэ, злэжьын гъунэжу сиIэ пэтми. Сыпоплъэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уи IэдакъэщIэкIхэм сыдахьэх.

**ЦЫБИН Владимир**
*1982*

* * *

Зауэм и лъэужь мыкIуэдыжын къызытенар зы цIыху лIакъуэкъым, зы ныбжькъым, зы гъащIэкъым. Гум нэсу езым хуэдэхэм я нэгу щIэкIар къигъэлъэгъуэфащ Мэзыхьэ Борис.

Ар нэ жанкIэ гъащIэм кIэлъоплъыф, утыкуакIуэ къещI икIи къегъэпсэлъэф занщIэу гу зылъумытэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэр. И дуней еплъыкIэр, цIыхухэм зэрахущытыр къызэрыгуэкIщ, къабзэщ.

Ахэр зыхэплъагъуэ абы и IэдакъэщIэкIхэр занщIэу гум дохьэ.

**СОКЪУР Мусэрбий**
*1977*

* * *

Сэ хуабжьу сигу ирохь си гуапэуи сыкъоджэ Мэзыхьэ Борис итххэм, псом хуэмыдэжу и новеллэхэм. РадиокIи жысIауэ щыташ мыр дыдэр: новеллэ тхынкIэ Нало Зауррэ Мэзыхьэ Борисрэ япэхъун зэкIэ димыIэу си щхьэкIэ сэ къысщохъу. (Тхьэм абыхэм ящхьэпрыкIыфынухэр дяпэкIэ къыдит).

Шэч къытезыхьэн щыIэу ди гугъэкъым новеллэ и IуэхукIэ а тхакIуитIым я цIэ-унэцIэхэр зэкIэлъыкIуэу ди литературэм зэрыхэувам.

**IУТIЫЖ Борис**
*1989*

* * *

Хэку зауэшхуэм теухуауэ апхуэдиз ятхащи, щIэщыгъуэу зыри пхужымыIэну, пхуэмытхыжыну къыпщохъу. Ауэ гъащIэр пхуэIуэтэщIыркъым. ЦIыхугури апхуэдэщ. Арауэ къыщIэкIынщ Мэзыхьэ Борис и новеллэхэм укъеджэну щIэщIэщыгъуэр, щIэгукъинэжыр.

**КЛЕНОВСКИЙ Петр**
*1969*

* * *

Мэзыхьэ Борис и ІэдакъэщІэкІхэр щІыпІэ куэд зымыубыд, ауэ икъукІэ купщІафІэу апхуэдэщ. Абыхэм укъыщеджэкІэ литературэ нэсым узэщІеубыдэ. Уетхьэкъу къигъэщІ образхэм я зэхэлъыкІэм, я псэ беягъым, гурыщІэ гуэрхэр къызэщІэзыгъэст къэхъукъащІэхэм.

И лІыхъужьхэр занщІэу гу зылъумытэн цІыху къызэрыгуэкІыу уегъэлъагъури, хьэл-щэн хьэлэмэтыщэхэр якъуэлъу къыщІегъэкІ. ИкІи удэзыхьэхри аращ, гъащІэм зэрещхьырщ, абы къыщымыхъуарэ цІыхум яхэмылърэ къызэримыгупсысырщ.

**БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Евгение**
*1989*

ГУМ ДЫХЬЭ

Илъэс тІощІрэ пщІым щІигъуащ сэ ныбжьэгъу зэрысхуэхъурэ Мэзыхьэ Борис. А илъэсхэм сэ фІыуэ къэсцІыхуащ ар и хьэл-щэнкІэ, дуней тетыкІэкІэ, фІыуэ сыщыгъуазэщ и ІэдакъэщІэкІхэми.

Мэзыхьэ Борис адрей ди тхакІуэхэм къащхьэщокІ зытетхыхь ІуэхугъуэхэмкІэ, и тхыгъэм хэтхэм зэрызаужьымкІэ, абыхэм я дуней еплъыкІэмкІэ. ТхакІуэм и тхыгъэхэм хэт цІыхухэр нэхухэщ, фІы зылэжьхэщ, мурадыфІ зиІэхэщ. КІэщІу жысІэнщи, тхылъеджэр фІым къыхуреджэ. Мэзыхьэ Борис япэкІэ плъэ тхакІуэщ. Абы ди гъащІэм хэлъ щыщІэныгъэхэу илъагъухэр утыку кърихьэурэ «тефыщІыхьу» щыткъым. ТхакІуэр ди зэман блэкІарщ нэхъыбэу зытетхыхьыр.

Сэ мы зымкІэ сыхуэупсэну сыхуейт Мэзыхьэм: «Борис, цІыхухэм фІыуэ укъалъагъу уи тхыгъэкІи уи дуней тетыкІэкІи. Тхьэм уи гъащІэ гъуэгу къыппэщылъыр кІыхь пщищІ, уи тхыгъэхэри куэд ищІ».

Сэ дапщэщи пщІэ пхузощІ, пщІэ зыхуащІым ухуэдэщи.

**ХЬЭХЪУПАЩІЭ Хьэжбэчыр,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ*
*1990*

ЗГЪЭУНЭХУАУЭ СОЩІЭ

Сэ Борис зэрыстудента лъандэрэ соцІыхури, фІы мыхъумэ, Іей лъэпкъ дэслъэгъуакъым. Псом япэу дэ тІур гъунэгъу дызэхуэзыщІар лэжьыгъэрщ. Зы пэш дыщІэсу, ди лэжьапІэ стІолыр зэбгъурыту, зы Іуэху зэдэтщІэу, ди дзыхь зэдгъэзу илъэс зыбгъупщІ зэдетхьэкІащ. Зыгуэр и жагъуэ щысщІаи, сыщешхыдаи къыхэхуагъэнщ, ауэ си нэхъыжьыгъэм и нэмысыр абы сыт щыгъуи иІыгъащ.

Сэ редакцэм сикІыжу радиокомитетым сыкІуэжа иужь щэнхабзэмкІэ отделым и унафэщІу си пІэкІэ Борис лэжьащ. Куэд дэмыкІыу аргуэру драгъэкІуэтейри, жэуап зыхь секретару ягъэуващ. Абы иужькІэ редакцэм щІашри, партым и обкомым яшащ, печатымкІэ секторым и унафэщІу. А лэжьыгъэр хъарзынэу илъэс зыбжанэкІэ ирихьэкІа иужь, здикІа редакцэм къигъэзэжащ газетым и редактор нэхъыщхьэу. А лэжьыгъэ гугъур

Мэзыхьэм илъэс 15-кIэ ирихьэкIащ. Абы нэхърэ нэхъыбэкIэ а IэнатIэм бгъэдэта япэкIэ щыIауи сщIэркъым.

Мы зэманым Борис мэлажьэ республикэм и Журналистхэм я союзым и унафэщIу, Урысейм и Журналистхэм я союзым и секретарщ. Къэралым и Журналистхэм я союзышхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу хыхьэ Мэзыхьэм абы пщIэшхуэ къызэрыщыхуащIым и щыхьэтщ езым и делегацэм и нэхъыщхьэу ар илъэс зыбжанэ ипэкIэ Бангладеш къэрал пхыдзам зэригъэкIуар, и саугъэтыр къриту лауреат цIэ лъапIэр къызэрыфIищар.

Илъэс 30 хъуауэ журналист къалэн мытыншыр хуэIэижьу езыхьэкI Мэзыхьэм а IэнатIэм щилэжьащ ущIыщытхъун Iуэху щхьэпэ куэд. Ауэ ар республикэм къызэрыщацIыхур журналист къудейуэкъым. Борис ящыщщ къэбэрдей литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа ди тхакIуэ нэхъ пажэхэм. АдыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдэкIауэ ди пащхьэ кърилъхьащ тхылъ куэд икIи ахэр цIыхубэм гунэс ящохъу. Мыр гъащIэм нэ жанкIэ хэплъэф, пэжыр къэзылъагъуф икIи гум нэсу зытхыжыф тхакIуэхэм ящыщщ. Абы и новеллэхэр цIыхум и псэм нос, гум хыхьэу пэжщ, гъащIэм и нэхъ уэрыпIэм къыхэхъукIащ.

Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ, ари къузэритщ, – жаIэ. Ауэ абы зы хабзэ нэрымылъагъу гуэр, Iэмыр хъу ухыгъэ хэлъмэ, Борис и насыпым и къежьапIэр и анэм хуиIа лъагъуныгъэ мыухыжырщ. Зи анэ зыужэгъужа щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ Борис хуэдэу ар егъэлеяуэ зылъагъуфари зырызщ. Ахэр ауэ сытми жысIэ псалъэ тегъэлакъым, атIэ дыщызэдэлэжьа лъандэрэ абы дэслъагъу пэжщ. Анэр фIыуэ плъагъунри насыпщ.

Тхьэм пхущIигъэхьэ, Борис.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

## УИ ИЛЪЭСХЭР ИРЕДАХЭ

Сэр нэхърэ Борис зы хьэнтхъупс шынакъкIэ нэхъыжьщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, езыр дунейм къызэрытехьам папщIэ Тхьэм хуащI фIыщIэ IэшрыIыр гъунэгъухэм къыхурахьэкIа нэужь сыкъалъхуащ. НыбжькIэ куэдкIэ дызэрызэщхьэщымыкIым емылъытауэ, сэ абы, Мэзыхьэ Борис хъужым, пщIэрэ кIухьэнрэ хузощI, жьантIэри изотри зыдызогъазэ, сыдохасэ, дапщэщи и сэбэп къызокI, Iэмал иIэу, и кIэри сыутIыпщкъым. Илъэс 35-рэ хъуащи, «Черкес хэку» газетым (япэм «Ленин нуру» щытам) гугъу сыщохьри, фIыуэ соцIыху, согъэныбжьэгъу, и нэхъыжьыгъэри соIэт. Ар умылъагъун, уэим зыхуэпщIын, щIыхь зыхуумыщIын, умылъытэн цIыхукъым. Уехьэху абы и цIыху хэтыкIэми, и зыгъэпсыкIэми, и хэлъэтми, цIыхугъэмрэ адыгагъэмрэ зэрилъытэми, ахэм пщIэ зэрахуищIми.

Борис журналист, публицист IэкIуэлъакIуэщ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ очерк купщIафIэхэр, публицист тхыгъэфIхэр, цIыху псэукIэм, лъэпкъ Iуэхум ятеухуа лэжьыгъэ куэд.

Щэнхабзэм щиIэ фIыщIагъэхэм папщIэ ди ныбжьэгъум къыфIащащ «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и

лэжьакIуэ», адыгэхэм яку дэлъ экономикэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, лъэпкъыр зэрыубыдыжын щхьэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIым папщIэ – Адыгей Республикэми Къэрэшей-Шэрджэсми щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэр.

Борис! Сынохъуэхъу узыншагъэ быдэ уиIэу, гуащIэ пхэлъу, гукъыдэж ущымыщIэу иджыри апхуэдиз къэбгъэщIэну! Уи илъэсхэр иредахэ удз гъэгъауэ!

**ДЭБАГЪУЭ Мухьэмэд,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,*
*Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ*
*Адыгэ Республикэмрэ щIыхь зиIэ я журналист*
*2000*

## ФIЫЩIЭ

Мэзыхьэ Борис тхакIуэ Iэзэщ, журналист IэкIуэлъакIуэщ. Абы и щыхьэтщ Борис и къалэмыпэм къыщIэкIа дэтхэнэ зы повестри, новеллэ кIэщIхэри. «Вагъуэзэшибл», «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ» тхыгъэхэм емыджа адыгэ куэд щыIэу къыщIэкIынкъым.

Мыр сигу къокIыжыр. Черкесск къалэ IуэхукIэ сыкIуауэ си ныбжьэгъурэ сэрэ дытепсэлъыхьырт адыгэбзэкIэ къыдэкIа тхылъхэм, адыгэ щэнхабзэм, адыгэ гъуазджэм и зыужьыныгъэхэм, адыгэ хабзэм. Псалъэм къыдэкIуэу жысIат Борис «Вагъуэзэшибл» зыфIища и тхыгъэр дунейм къызэрытехьар. Си ныбжьэгъум и нэхэр къиицIыщхъукIащ: «Борис цIыху набдзэгубдзаплъэщ, къегъэкIуэкI куэд хэмыту и псалъэхэр купщIафIэщ. Абы и тхылъыщIэр дауэ къысIэрыхьа хъуну?» Сэ си ныбжьэгъур къэзгъэгугъащ икIи «Вагъуэзэшиблыр» хуезгъэхьауэ щытащ.

Адыгэхэм зыгуэрым щытхъупс къырагъэжэхыну фIыуэ ялъагъуркъым. Ауэ Мэзыхьэ Борис фIыщIи щытхъуи зыхуэфащэщ. Ар цIыху гуапэщ, адыгэлIщ.

Псоми фIыуэ фощIэжыр 1993-1994 гъэхэр. Абы щыгъуэ Мэзыхьэ Борис «Ленин гъуэгу» газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. Къэралри цIыхури зэщIэукъубеят, псори зэрыхьзэрийрэ зым жиIар адрейм зэхимыхыжу. АтIэ а илъэсхэм ехутылIауэ, тщыгъупщэжыпэ нэхърэ нэхъыфIщ, жысIэри «Адыгэ хабзэ» тхылъыр стхат. АрщхьэкIэ пыIэзэфIэхьым хэтым ещхьу властыр зыгуэшхэм, абы щхьэкIэ зэпекъухэм уи хабзи уи бзыпхъи къафIэIуэхужынт? Щай фIыщIэжьу кърадзэртэкъым.

Тхылъ щIатхыр зыгуэр къеджэн, жаIэри аращ. АрщхьэкIэ си Iэрытхыр си стIолым телът, и фэр гъуэжь хъуным нэсауэ, зэманым ипхъэхыжауэ. Сытми, сигу къэкIащ: нэгъуэщI мыхъуми, мыбы щыщ пычыгъуэ гуэрхэр газетым традзамэ арат. СыкIуащ Борис и деж. ГурызгъэIуащ Iуэхур зыIутыр. Iэрытх пIащэ и пащхьэ ислъхьар, и хьэлъагъыр ишэчу арам ещхьу, къиIэтащ, иужькIэ зыIэщIиубыдэжри жиIащ: «Мы япэ напэкIуэцIым къыщыщIэдзауэ мы и лъабжьэ напэкIуэцIым нэсыхункIэ зы хьэрф дэдмыгъэхуу теддзэнщ. Мыр адыгэхэр дызыхуей Iуэхущ».

ИкIи илъэс никъуэм щIигъукIэ тхыгъэр газетым къытехуащ. «Адыгэ хабзэ» тхылъыр иужькIэ щхьэхуэу къыдэкIащ. Ауэ абы

нэхърэ нэхъ сыщогугфIыкIыр газетым тета пычыгъуэхэр зэхуахьэсурэ тхылъым ещхь ящIауэ жинт тралъхьэжауэ адыгэ унагъуэ сызэрыхьэхэм къыщащтэу сагъэлъэгъуа иужькIэ. АбыкIэ фIыщIэр зыхуэфащэр Мэзыхьэ Борисщ. Нэгъэсауэ уадыгэлIщ, Борис. Тхьэм ухущIигъэхьэ, Тхьэм гуапагъэ пщIэуэ, пщIар цIыхум, адыгэхэм зэхащIыкIыу, уузыншэу, уи унагъуэ, уи Iыхьлы, уи благъэ, уи ныбжьэгъухэм я ехъулIэныгъэ ущыгуфIыкIыу куэдрэ уигъэпсэу!

**МАФIЭДЗ Сэрэбий,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, тхакIуэ*
*2000*

УИМЫТХЬЭКЪУН ПЛЪЭКIЫРКЪЫМ

ХыщI гъэхэм я пэщIэдзэм ди литературэм къыщIэтэджауэ щытащ тхакIуэ, усакIуэ щIалэ гупышхуэ. Ди тхыдэ благъэм щыгъуазэ дэтхэнэми ещIэ а зэманыр зыхуэдар: иджы зэрыжаIэ хабзэщи, дунейр уэфI хъууэ щыщIидза лъэхъэнэт ар, хуитыныгъэм ижь мащIэ къыкъуэури, цIыхум ягу илъыр я жьэкIэ яIуатэ хъуауэ.

Литературэми щызыхэпщIэ хъуащ а жьы мащIэм и IэфIыр, абы и бзэр хуит хъуауэ щIидзащ. Апхуэдэ зэманым литературэм къыщIэтэджа тхакIуэ, усакIуэ щIалэхэрщ, я ныбжь нэсри, лIыпIэ иувауэ, нобэрей ди литературэм и жьантIэм щылажьэр, абы и фIыпIэр зи Iэдакъэ къыщIэкIар.

Сэ шэч къытесхьэркъым Мэзыхьэ Борис апхуэдэ тхакIуэхэм зэращыщым. Илъэс тхущIым щIигъуауэ щолажьэ ар ди литературэм, а лъэхъэнэм абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ ди литературэм и тхыдэм зэи щымыужьыхыжын тхыгъэ хьэлэмэт куэд – и рассказхэрауи, и новеллэхэрауи, и повестхэрауи ирехъуи. Апхуэдабзэу шэч къытесхьэркъым Мэзыхьэ Борис и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр зыхэгъуэщэн зэрыщымыIэм. Зи къалэмыр жан тхакIуэ набдзэгубдзаплъэм, зэрыхабзэщи, тхэн зэриублэ лъандэрэ къыдогъуэгурыкIуэ иужькIэ зэи IэщIыб имыщIыж темэрэ образрэ. Дапщэрэ игъэбатэми, зыщимыгъэнщIу, хуэмыухыу, Мэзыхьэм и тхыгъэхэм лъабжьэрэ купщIэрэ яхуищIыр цIыху цIыкIум и дунеймрэ и гурыгъу-гурыщIэхэмрэщ. Мэзыхьэм зи образ къигъэщI а цIыху «цIыкIум» и псэм и дахагъкIэ, и цIыхугъэкIэ, и гупсысэкIэ уимытхьэкъун плъэкIыркъым – дауи, ар зыхузэфIэкIыр цIыхум и гущIэлъапсэм къипсэлъыкIыф, абы и гум щыщIэмрэ и фэм дэкIымрэ дэзыгъэлъагъуф тхакIуэрщ. Апхуэдэ тхакIуэщ Мэзыхьэ Борис – зэфIэкI инрэ Iэзагъэшхуэрэ къыдалъхуауэ, Тхьэр абыкIэ къыхуэупсауэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

ВАГЪУЭХЭР ГЪУНЭГЪУ КЪЫЩЦЫХЪУКIЭ

«Гъуэгупэ псалъэ» – арат Борис и япэ дыдэ тхылъым зэреджэр. Тхылъым и цIэр абы ит рассказхэм ящыщ зым и псалъащхьэм къытекIат. Ауэ апхуэдэу щIыфIищам куэдым уригъэгупсысырт. Балигъ хъуауэ гъащIэм щыхыхьэкIэ къыхих гъуэгурщ цIыхум дуней тетыкIэу иIэнур зыхуэдэр бэян къэзыщIыр. ФIы уигу илъу гъуэгу утехьамэ, уи Iуэху тэмэму укъытекIыжынщ.

«Гъуэгупэ псалъэ» тхылъ цIыкIур къыщIэкIащ тхакIуэ щIалэр литературэшхуэм хуэзышэ гъуэгум и къежьапIэу. Абы наIуэ къищIащ художественнэ прозэм и лIэужьыгъуэхэм ящыщу Мэзыхьэм нэхъ зэфIэкI къыщигъэлъэгъуэнур. Ар рассказ кIэщIырщ, новеллэ жыхуаIэжырщ.

Новеллэ жанрыр япэу нэхъ IэщIагъэ зыхуэхъуар, абы и дахагъэмрэ и фIагъымрэ нэхъ IупщI тщызыщIар Мэзыхьэ Борисщ. Абы и тхыгъэхэрщ ди прозэм и жанрыр зэрефIакIуэр нэхъ наIуэу къызыхэщыр. Мэзыхьэм новеллэм и хабзэхэр ди литературэм кърigъэтIэсащ а тхэкIэ дахэ дыдэм и щапхъэ нэхъыфIхэм тету: тхыгъэр езыр кIэщIу, хъыбар къэIуэтэкIэ зэщIэкъузауэ, узыIэпишэрэ укъимыутIыпщу, зы Iуэхум зы Iуэхур жьы дэхупIэ имыIэу пыувэу, лIыхъужьхэм я гумрэ я псэмрэ щыщIэр зы къалэм IэтыгъуэкIэ уигъэлъагъуфу, уи гум кърищэлIэфу, мы тхыгъэ тIэкIум мыпхуэдиз дауэ иригъэзэгъа, жыпIэу бгъэщIагъуэу Iуэхугъуэ куэд къигъэбатэу, зыкIи узыпэмыплъауэ хъыбарыр иухыу.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэт тхакIуэм и бзэм. Борис адыгэбзэм хуеджащ, филологие щIэныгъэ иIэщ. Ауэ абы и тхылъхэм я бзэр езым Iурылъу къалэм къэкIуарщ, и анэм, и къуажэгъухэм я бзэрщ. Дауи, щеджэм, газетым щыщылажьэм, Тхьэм кърита бзэм нэхъри зиузэщIащ.

Борис и бзэр, пэж дыдэу, дахэщ, лантIэщ, псынэпс Iубыгъуэу щIэщыгъуэщ, ущызэкIэщIэплъу къабзэщ, мащIэрэ IэфIу зэгъэзэхуащ, жанщ, къуэлэнпщIэлэн зэмыфэгъущ и псалъэхэр. ИгъащIэкIэ Щхьэлыкъуэ удэмыхьами Мэзыхьэм и тхылъхэмкIэ къэпщIэнщ абы и къуажэгъухэр зэрыжьэнахуэр, псалъэ хуэIэзэхэу, IуэрыIуэдзхэрэ гушыIэрейхэу зэрыщытыр, адрей къуажэхэм зэрахэмыгъуэщэнур. Удехьэх тхыгъэ зыбжанэм публицистикэ плъыфэ зэращIэлъадэми. Ауэ ахэр поэзие щIыкIэ зиIэ публицистикэщ.

ЦIыхугъэм и пшыналъэ лъэщ зэфIэзыщIэ поэзиер, арыншэми, пэжыжьэкъым Мэзыхьэм и новеллэхэм. Рассказ гупышхуэхэм, уеблэмэ, тхылъ псохэм (псалъэм папщIэ, «Вагъуэзэшиблым») усэ сборникым хуэдэу укъоджэ, псори зы тхыгъэшхуэм и Iыхьэ щхьэхуэ хуэдэхэу, ауэ Iыхьэ къэс езым и къыщIэдзапIэрэ и ухыпIэрэ иIэжу, псори зы Iэпэм къызэрыщIэкIар наIуэ дыдэу къатещу, зы гупсысэ лъапIэкIэ, зы къуэпскIэ зэпыщIахэу, псори зы гум къиихшыдыкIыу. Прозэу тха усэу къыпщыхъухэри къахокI новеллэхэм. Апхуэдэщ «Сэ ныбжьэгъу сиIэщ» новеллэм и вариант «Вагъуэзэшиблым» итар. Поэмэ дыдэм хуэдэхэщ «Бжьыхьэ уафэхъуэпскI», «ЩихуитI», «Вагъуэзэшибл» тхыгъэхэр. Усэ псэлъэкIэхэр, жыIэгъуэ дахэхэр, зэгъэпэщыныгъэ хьэлэмэтхэр, псалъэ шэрыуэхэр удз цIынэм хэщэща налкъуту прозэ напэкIуэцIхэм къыхопщIыпщIыкIхэр.

ГъащIэм ину зихъуэжащ Борис и япэ тхыгъэхэр дунейм къытехьэу зэрыщIидзэрэ. Дэри зытхъуэжащ а гъащIэм дригъусэу. Ауэ Борис къыхиха гъуэгум тету ерыщу и вагъуэм хуэкIуащ. Дэтхэнэ зыми и хъуэпсапIэщ и вагъуэр къыхуэлыду уэгум исыну. ТхакIуэм и насып вагъуэр литературэм и лъагапIэхэрщ. Мэзыхьэ Борис нэсащ а лъагапIэм. ДяпэкIи Тхьэм хущIигъэхьэ.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим**

МЭЗЫХЬЭ Борис

# СЩIА ПСОР ЖЫСIЭЖМЭ...

*Хъыбархэр*

## ШЫДЫГЪУ

– Ей, шыдыгъу жыхуаIэр игъащIэм адыгэм къыддекIуэкI Iуэхущ, си къуэш. Тхьэм адыгэ къызеригъэщIрэ, уэлэхьи, адыгэ шыдыгъуи щыIэм, – жиIэрт лъэныкъуэкIэ еба шэнтжьеижьым зыщригъэщIеикIыу дэшхуей лъабжьэм щIэс ТIорэ, и щхьэ джафэм и Iэбэлагъышхуэр иригъажэу. Хъы нэрынэ зэву нэкIум теубгъуа зэлъахэм нащхъуэ цIыкIуитIыр жьы зыщIэпща жьэгу яжьэм къыщIэщыжа дэпу къыхэлыдыкIырт, а жиIэм абы гукъыдэж къызэрыритыр хьэкъ пщищIу. ТIорэ и хъыбархэр зэ зэхэзымыха псэлъэгъу хуэмыхъуж пэтми, хэти дапщэщи фIэгъэщIэгъуэну едаIуэрт и ныбжь емылъытауэ ноби жьы зыщIэт лIыжь къуэгъу цIыкIум. Сыт хуэдэ хъыбарым дапщэрэ къытримыгъэзами, ТIорэ зэм зэрыжиIам теткъым, дапщэщи щIэ гуэр и гукъэкIыжым къыхохьэ. Арагъэнт гъэщIэгъуэн ящызыщIри. – НытIэ, зэгуэр, – жиIэрт ТIорэ, хьилагъэ гуэрхэр хэлъу и нэр щIиукъуанцIэу, – зы кIахэ, зы бжьэдыгъу, зы къэбэрдей езы Тхьэшхуэм еупщIат, жи: «Ярэби, сытым дыкъыхуэбгъэщIа, ди Iуэху дауэ хъуну, дауэ дыпсэуну?» – жари. «КIахэм уи дунейр моращ-мыращ, бжьэдыгъум зи Iуэху зепхуэнур мыращ, къэбэрдейр ушыдыгъунущ – ар фи натIэ истхащ», – жиIащ Тхьэшхуэм. Апхуэдэуи дыкъекIуэкIам, уэлэхьи. ЕдаIуэт таурыхъ-псысэ хуэдэхэм – хэт, зекIуэлIщи, ТэнкIэ макIуэри хакIуапщIэ къреху, Индыл зэпрокIри хъушэ къегъэкIуасэ, сэ сщIэ мыгъуэрэ, дэнэкIэ имыгъэзами, е шы хакIуапщIэ, е мэл гуартэ япэ иту къокIуэж. Къихумэ и щхьэ къыхуигъанэрэ – зеиншэхэм, фызабэм ятрегуашэ. Зыгуэр и джэдэщ щIэпщхьэу адакъэр лъэуейм къезылъэфэхар хьэмэрэ Iуэм жэмыжь къизышар дыгъуэрабзщ, ауэ шыбз гуартэ къэзыхуу зыгуэшар Iэпашхэлъэпашхэтэкъым – аIэ! – адыгэлIт, лIы хахуэт! СлIоттIэ уи гугъэр? – ТIорэ и напщIэ къуийр хешри, и дэIуэгъум и нэгум и фIэщу йоплъэ, мы жесIахэр зэхищIыкIауэ пIэрэ мыбы, жиIэм ещхьу. Гупсэхуу къедаIуэу илъагъумэ, арэзы хъуауэ и псалъэм пещэ: – аращ, си къуэш, – жи, и псэлъэгъур, и къуэр къэгъэнауэ, и къуэрылъхум и ныбжьу щрети, – шыдыгъум гу кIуэцIылъын хуейт. Зигу зыфIэкIуэдар шыдыгъу хъунутэкъым, уэлэхьи хьэзим, мыхъунут. Ди адэшхуэ мыгъуэм жиIэжу зэхэсхащ мыр.

Еуэри, зэгуэр лIитI и гъусэу кIуахэт зыш бэлыхь къагъэкIуэсэну. ЯщыпэкIуэт? Iэджэ щIауэ ещакIуэхэрт, арщхьэкIэ шы къарапцIэр пхъуантэм дэтым хуэдэу яхъумэрт, жэщи махуи я нэIэ трамыгъэкIыу. Сытми, ныщхьэбэ нэхъ зэкъуэхуа хъунщ щыжаIэм зрагъэхьэлIэри, кIуахэщ Къуэшыркъуей. ЯщIэрт шыр зейр нэчыхьытх гуэрым зэрыхэсыр. Ар хэс щхьэкIэ, я хьэ парии-

жьыр нэчыхьытхым яшэнт? Я щIалэ нэхъыжьри унэм имыкIауэ ист. Сытми, кIуэхэри, уэлэхьи, я хьэжьми зыкърамыгъэщIа, уи щхьэм хуэдиз хъунт IункIыбзэ къэбри, цырхъ ирамыгъэщIу Iуахамэ, ауэ шым укъимыщIэу къэнэнт, моуэ и щIыфэхэр иутхытхыу пIейтей щыхъум, телъэщIыхьурэ, уэлэхьи хьэзим, ари трагъэсабырам, тхьэ сIуэни, упщIэ вакъиплIри лъатIэгъакIэ, ауэ къыщIашынкIэ Iэмал ягъуэткъым – шэщыр я унэм пытщ, унэмрэ шэщымрэ я кум щхьэгъубжэ хэлъщи, пэшым къыщIидз уэздыгъэ нэхур, уэлэхьи, шэщым къыщIопсэмэ. Уплъэмэ, пэшым щIэсым ящIэр уолъагъу. Сыт я Iэмал? «ЦIутI» жамыIэу лIитIыр зоплъыж. НэкIэ зочэнджэщ. Абдеж си адэшхуэм игу къокI: дэ тлъагъу щхьэкIэ езым дыкъалъагъун хуейкъым. Хьэрыфинэм къыпидз нурым мыбы щIэлъ кIыфIыр хуэгъэткIуну? Уэлэхьи, хуэмыгъэткIун, щхьэгъубжэм укъыдэплъмэ, щIакIуэ фIыцIэ Iупхъуа фIэкIа умыщIэу щытын хуейм. Арати, и гъусэм Iэпэтэрмэш хуещIри, си адэшхуэр хуэму, сакъыу, щабэу, уэлэхьи хьэзим, и джэдыгу фIыцIэ щыгъымкIэ щхьэгъубжэ абджым зрекъузылIэм. Абы щыгъуэ халъхьэр иджы хуэдэу щхьэгъубжэ интэкъым, арщын зэпэбжт. Шыр къыщIашащ къамыщIэу, арщхьэкIэ ди адэшхуэм и Iэпкълъэпкъыр зэщIэдияуэ Iэджэрэ щытауэ жиIэжырт, апхуэдизкIэ лIыгъэ щIапIэ ихуати. ЛIот уи гугъэр? ЗыгуэркIэ гу къылъатэу къеуэрэ къытрагъэбэгамэ, хэтыт бгъэкъуэншэнур… Ар щIыжысIэращи, шыдыгъум гушхуэ кIуэцIылъын хуейт си адэшхуэм хуэдэу. Iэмалрэ хьилагъэрэ яхэлът, сыт бэIутIэIу хэмыхуами къыхэкIыжыфхэу. Уи фIэщ мыхъуу ара уи щхьэр щIэбгъэджэгур? Мыдэ къедаIуэ-тIэ сэ си адэм дэслъэгъуам.

Си адэр, сыхуэарэзыщ, Азалыхьыр арэзы къыхухъу, Iэщ и пIалъэ зыщIэ, Iэщ къызыдэхъу цIыхуу щытащ. Ауэ шыхъуэныр зыхилъхьэ щыIакъым. Зауэжьыр къежьэу адыгэшым кIэмужыр иратыху, гъэи-щIыи къущхьэхъум итащ. Шы и пIалъэ зыщIэм зэ зытеплъа псэущхьэр игъэгъуэщэнукъым, илъэс дапщэ мыкIуами. Ар щIыжысIэр иужькIэ къэпщIэнщ. И адэм ещхь хъужауэ апхуэдэт ди адэри. Тхьэ сIуэни, хамэ щIыпIэ игу щрихьа шыр къимыгъэкIуэсамэ, сымаджэ щIэхъуэжу апхуэдэтэмэ. АрщхьэкIэ къихуар щищэр зэзэмызэт, е итырт, е лъыхъуэурэ зейр къекIуэлIамэ, и табыным къыхишыжырти, нахъутэ щIэрыпс щIыгъуу зейм иритыжырт, ар хабзэ хуэхъуауэ. ШыгъэлIыгъэ нэхъ фейдэ иIэтэкъым.

НытIэ-э-э, еуэщ аби, бжьыхьэ уэтIпсытIу ди адэр махуэ гуэр пщIантIэм дэст, щыгъын зэсхъуэкIынщ, жери, къущхьэхъу къехыжауэ. Дэст жысIа щхьэкIэ тIысыпIи ихуэрэт, бынyр дысабий защIэти, пщIантIэм щыIэбэн тхэттэкъым, куэбжэ-бжыхь, бэкхъ жыпIэми, псори пхъэжь-чыжь хъуати, гъэбыдэн, дыжын хуейт. Пщыхьэщхьэ гуэрым ди куэбжэпэм зы шу щиувыкIащ «Сэламыр уэхьэлейкум!», жиIэри. ФIэхъус ирихыжри, дядэр абы пежьащ. Шууейми шым зыкърригъэлъэтэхри, къэкIуэтащ, я Iэр зэрыубыдащ.

– Къеблагъэ, Къэгъэзэж и къуэ, сытым укъытхуихьа? Не-

блэгъапэ, – ди адэм набжэ куэбжэр Iуелъэф. Сабийхэр, ди жьэр Iурыхуауэ, доплъ шхуэмылакIэр иIыгъыу къыдыхьэ лIы мыцIыхум. АпхуэдэлI зэи ди жылэм щытлъэгъуатэкъым. ЗэкIуэцIуплIэнщIауэ уанэгум щисами тлъэгъуат ар зэрылIышхуэр, ауэ епсыха нэужь къысфIэщIат дядэм и къурыкъур ди куэбжэпэм деж къыщыхаса, апхуэдизу кIыхьт, къуэгъу-псыгъуэ-пIащIэти. Хуабэ зэуа тхьэрыкъуэфым ещхь упщIэ пыIэ гъуабжэм щIихъума и щхьэр фэлъыркъэб цIыкIут, пащIэ-жьакIэри тхьэмахуэкIэ псым хэлъа псырылъэт. А псом уIэгъэ цIынэм ещхь Iупэ пIащэшхуэр къыхэщырт, плъыжь фIыцIафэу къыIурыпIытIыкIарэ, щынэдзэ папцIэ цIыкIухэр кхъуейщIэхуагъащIэу хужьу къыIупсу.

– Уэлэхьи, сынеблэгъэнум, семыблэгъэну сыкъэмыкIуа, ЛIыкIэщI. Iуэху пхузиIэщ, уэрамыщхьэм щызмыIуэтэну, – жиIэурэ, хьэщIэр лъэбакъуэхъуу, дядэм и лъэбакъуитI-щыр и зы бэкъуэгъуэу пщIантIэм къыдыхьащ, и бгырыпхым зэрыфIэкI щымыIэу цIыкIу щIэхъукI шыр жьафэкIэ къыздилъэфурэ. – Нэхъ згъуэтынщ жысIэри, пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу сыкъежьащ.

Ди адэм цIыху къыкIэлъыкIуэн щыхъукIэ, езыр къыдэджэхункIэ дящыщ гуэр дыбгъэдыхьэу идэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, «ЛIитI зэпсалъэр тхьэкIумэ лей хуейкъым», жиIэрти. Ар шыдыгъу хабзэт! ЦIыхуитIым зэдащIэр я зэхуэдэ щэхумэ, ещанэм зэхихам гъэпщкIу иIэжкъым. Сытми, а пщыхьэщхьэм а тIум зэжраIар алыхьым фIэкIа зыщIэ щыIэкъым, ауэрэ, зыкъомыфIрэ щыса нэужь, дядэм зыпэрыс жьэгум ибгъу хуигъазэри ди анэм еджащ:

– Уа, дызэдзэкъэн гуэр уи хьэзыр?

– ПIастэпс тезгъэуващ…

– АпщIондэху дызэрызэIурыун тхузэIудз. ТIорэ гъажи, цырибон шэтфэр Дыжьын къыIегъэх. Ахъшэ лъэпкъ хуейкъым – бжьыхьэм абы и пщIантIэм нартыхуу худэткIутар, уэлэхьи, гъатхэ пщIондэ жьэпсу тхурикъункIэ. Пшапэр нэхъ зэхэуэмэ, Дарихъан къешэкI, лIы къозгъэплъынущ, жыIи, нэгъуэщI мыхъуми, тIэкIу зэсэбэуэнщ, губгъуэм къызэрикIыжауэ къекIуэкIынкIэ тIэу еплъынкъым…

– А Iей-и-и, дауэ пхужыIэрэ апхуэдэу. Тхьэ дыдэ абы нэхъ зыкъизыхын зыфIэфIрэ зэщIэкъуарэ ди къуажэр зи кIыхьагъым къыдумышын, – щытхъуащ ди анэр гъунэгъу пхъужьым, хьэщIэр къызытекIухьамкIэ шэч гуэрхэр ищIауэ. – И дэлъхуми еджэ, лIы, нэхъ уфIэтэмэммэ, – щIигъужащ.

Цырибон шэтфэр къеслъэфэкIыу сыкъыщыщIыхьэжам ди анэм пэшышхуэм Iэнэ гъущэ къыщищтат: чыржын щIыIэ, шыпсырылъ кхъуей хуэдэ гуэрхэр телъу, щIыIэм игъэдиям ещхь пIэтIрэжан щхъуантIэ щIыгъуу, стэкан кууитIи Iэнэкум итт. Дарихъан и дэлъху Хьэцырэ зэреджэххэу къэсагъэнти, ар зигъэкъыу щыст, ауэ Дарихъан къыщекIуэкIар ди анэм пIастэ ипщу дзасэкIэ лы игъэжьа нэужьщ. Дарихъан япэщIыкIэ ди анэм дежкIэ пщэфIапIэм нэкIуащ, зыкъомрэ зэхъуцэца иужь, зэгъусэу пэшышхуэм къыщIыхьэхэри хьэщIэм сэлам ирихащ, итIанэ цIыхубзитIри жьантIэмкIэ иIэ дурэш хуэдэм деж дэуващ. ЗыкърамыгъащIэми, нэкIэ ятIэщIым ещхьу хьэщIэр зэпаплъыхьу.

Мыдрейхэр цырибон ефэурэ уэршэрмэ, цIыхубзитIыр зэхъуацаэурэ шэтфэрыр яухащ, хьэщIэм къызыкъуиха урыс аркъэ бащырыбэр ираущхъумпIыкIри, Дарихъан и дэлъхур цырибоныхьэ ягъэкIуащ… Абы иужькIэ сэ зыри слъагъужакъым – сыкъещхьэукъуэхыу щыщIэздзэм, ди анэм пIэм сыхигуэжащ, ауэ пщэдджыжьым сыкъыщыушам ди пщIантIэкум хьэщIэмрэ ди адэмрэ итт, лIы мыцIыху гуэр я гъусэу, щыри зэрыхэгъаплъэу.

– «Щэхуу ди пщIантIэ дыхьэу а шыр къыдэзышын къалъхуакъым» жыпIати, Къэгъэзэж и къуэ, уэлэхьи, шыдыгъум хузэфIэкIыр здынэсыр умыщIэ уэ иджыри… Пхъужьаплъэ сокIуэ жыпIэри, шы телъыджэр щIебгъэшащ.

– Ди хьэм дауэ къимыщIарэ? – и щхьэ фIеудыж Къэгъэзэж и къуэ жыхуаIэ ди хьэщIэми. – Фэри сыту фыбэлэрыгъат? – щIокIие и къуэш нэхъыщIэм, – фи тхьэкIумэр дапщэрэ сIуэнтIа – сэ сыдэмысмэ зыфтIэщIу пIэ фимыгъуалъхьэ жысIэу?

– Нэхущ нэблэгъауэ сыздэщысым тIэкIу сыщхьэукъуагъэнщ, Бан, армыхъумэ, уэлэхьи, пIэку симыгъуэлъхьа. Парии къэзутIыпщауэ пщIантIэм дэтам… СщIэIым…

– Ди напэр тефхащ…

– Зы жэщ пхуэмыхъумэн шы къыщIепшэжьэн щыIэкъым, – и фIэщщ ди адэм. – УкъищIэу зейм имышэжауэ пIэрэ? Дыгъуэпшыхь цырибоным укъыкъуэгушхукIагъэнт: «Си шэщыр мывэ чэщанэщ. Ар си бом къыщIэзышыфым и хьэлэлщ», – зэрыжыпIар къоIам зэхихами ярейт.



– А-а, сыт жысIами сыт и мыхьэнэж иджы?

Къэгъэзэж и къуэр и шырыкъу лъапэм еплъыжу зыбжанэрэ щытащ, итIанэ зыгуэр игу къэкIауэ и щхьэр ищIащ:

– Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ! Си анэм зэхуихьэса джэдыкIэкIэ къэсщэхуакъым – къызыхэкIам хыхьэжащ, – жиIэри, нэхъ нэгу къэхъужауэ и щхьэр къиIэтащ.

– УкIуэмэ-укIуэ, кIуэдар ууейщ. – НакIуэ пщэдджыжь шей дефэнщ.

– Уэлэхьи, си тэмакъым дзэкъэгъуэ емыхыну. Мы си щхьэр уэрдыхъу фIэукIам ещхьщ, апхуэдизу мэузри. Цырибон шэтфэр къегъэхь, ди щхьэр зэдгъэпэщыжынщи, дежьэжынщ, – жиIэу ар и жыпым иIэбат, арщхьэкIэ ар къыпхуэзыдэнылIт ди адэр?

– Зи хьэщIэм бжьэ уасэ кърезыгъэххэм щхьэ сахыубжа, Къэгъэзэж и къуэ, нобэ-ныжэбэкъым дызэрызэрыцIыхур, си хьэл пщIэну и чэзу хъуаи! ИтIанэ Дарихъан фэрэ псалъэ зэIэпывмыхыу уежьэж хъурэ? И дэлъхум жепIа псор пщIэжу къыщIыкI – шым и лажьэм уи акъыл зэтрихуа хуэдэщ…

Цырибоныр къэслъэфу сыкъыщыдыхьэжам, лIитIыр Iэнэм пэрыст, Дарихъан и дэлъхури къыдыхьэрт. Дыгъэр щыгум къиувэху зэхэсагъэнщ ахэр. Храгъэдзэжауэ уэршэрурэ Дарихъан щхьэкIэ лъыхъу къигъэкIуэнымрэ ихь-ишэу игъэкIуэсэнымрэ нэсри, пхъужьым лъыхъу къыхуагъэкIуэну ирагъэкIуакъым, цIыхубзыр щыарэзыкIэ, мы унагъуэм ирашынщ. Ауэ сыт жамыIами, псалъэмакъыр Къэгъэзэж и къуэм фIадыгъуа шым дежкIэ еупIэкIыжырт.

– Къадыгъуар ядыгъужмэ, Алыхьыр мэдыхьэшх жаIэ, Алыхьыр хэт ищIэн, ауэ… – къытригъэзэжурэ дыхьэшхырт ди адэр. – Дауэ къыпщыхъурэ, пхъужьаплъэ къакIуэри, Дарихъан енэцIыху, иш цIыкIур мэхь-мэхь!

– Вы лIам сэ хэзыIу жыхуаIэр мыракъэ? – губжьи гукъани хэмылъу жеIэ хьэщIэми, «шыр сфIэкIуэдами пхъужь дэгъуэ къыхэзудащ», – жиIэу егупсыс хъунт, мащIэу щыпыгуфIыкIкIэ. – ПIэщIэкIам укIэлъыгъыжкIэ къикI щыIэкъым – си адэр лIэри, сыхэкIыжащ, сянэ лIэри, сихьакъым, уэлэхьи, гу зыщызмыхуа шыми сыкъелынмэ. Абы нэхъ дыщIэгузэвэн Азалыхьым къыдимыткIэ.

– Уумейр щхьэжэкъым, тхьэ соIуэ, шы ущиIэкIэ ядыгъункIи хъунмэ, сэр нэхъри уэр нэхъри нэхъ IэкIуэлъакIуэ Iэджэ зэрыщыIэр тIуми дощIэкIэ. УкIуэжу лъэужьыр епхужьэну?

– Ар зыдыгъуфам лъэужь къигъэнэн уи гугъэу ара?

– Уэлэхьи, ари пэжмэ.

Сытми, Къэгъэзэж и къуэм и ежьэжыгъуэ хъууэ, и шым уанэ щытрилъхьэжым:

– Уа, си хьэщIэ, псомкIи дызэгурыIуа хуэдэщ, ауэ уасэ жаIэу къытпаубыдмэ сыт пщIэнур? АбыкIэ псалъэ зэIыфхамэ арат, иужькIэ дризэмыныкъуэкъужыну.

– Сыт уасэ, – Iэнкун хъуат псэлъыхъур, пхъужьым уасэ щIатрэ, жиIэу зэрегупсысар хэIущIыIу къимыщIу.

Дарихъан и дэлъхуми и дамэ дригъэуеящ, жиIэнур имыщIэу. ТIуми зыгуэр щыжамыIэм, ди адэм зыгуэр игу илъти:

– Абы щыгъуэм мыпхуэдэу дощI: Дарихъан си деж щыщIэфшынукIэ, IэщхьэубыдыпщIэу, куэбжэдэнэу – сыт фыхуеймих абы фIэфщ – сытми, зыш къызывот. Уи бом щIашарами содэ.

– Уэлэхьи, щхьэцналъэ хуэдизкIэ къызэмыхьэлъэкIыу узотмэ – къэгъуэтыжыф закъуэ, – псэлъыхъур абы щхьэкIэ зэрыхилъафэ щыIэтэкъым – зыфIадыгъуар ядыгъуащ жиIэу игъащIэкIэ шым и лъыхъуакIуэ ежьэнутэкъым, ар щIэзышам къишэжу къуитыжыххэнутэкъым.

– Уэри уарэзы абыкIэ, си гъунэгъу?

– Уэлэхьи, сыарэзым, – ари зыкIи хилъафэртэкъым, япэрауэ, пхъужь уасэ щIатыркъым, етIуанэрауэ, лъыхъум иш ядыгъуам ар сыткIэ щыгугърэт.

– Къафщтэ фи Iэр! – ди адэм а тIум я Iэхэр еубыд, итIанэ зыгуэрыр щыфIэауаным деж и пыгуфIыкIыкIэм ещхьу моуэ и нэхэр щIиукъуанцIэу, и Iупэр Iушэу иришэкIыурэ шыгъуэгу хадэм йохьэ, ди бэкхъ щIыбагъым къыпыщIыхьа, гуэщ хуэдэу езым фIэкIа нэгъуэщIым зи бжэр Iуримыгъэхым щIохьэри, къафэм ещхьу, зи лъакъуэхэр лъагэу зыIэт, бгъукIэ екIуэрэкI шы къарэ цIыкIур бгъукIэ ирикIукIрэ шхэIур игъэныщкIуу къыщIеш.

КъарапцIэм щыIуплъэм Къэгъэзэж и къуэр мывэ сыну и пIэм ижыхьащ, псалъэ къыхудэмышейуэ, ауэ и нитIыр къыхутемычу зы мащIи зыщымыгугъыжа уанэш зэпэщым тенауэ.

– Мыр дауэ… – икIэм-икIэжым къыдришеящ хьэщIэм.

– Ей, си къуэш, щхьэщытхъу нэхъыкIэ щыIэкъым, быдэу зыпхыгъэкI ар. «Шы къэгъэкIуэсэнкIэ сэ къыстекIуэн хэкум искъым. КъэзгъэкIуэсар изгъэсыкIыху ар сэ сIэщIэзыгъэкIын мы дунейм теткъым, уэхьий хъурэ къеувэхауэ щытми…». Ещхь мыр Шэчэр къызэпрыпшам?

– Си жьэр къэбдащ, афIэкIа псалъэ жысIэмэ сытхьэгъэпцIщ – си пыIэкур къибудащ, ЛIыкIэщI, уэлэхьи, къибудам. Сэ нэхъ Iэзэ куейм имыс си гугъати – мохьщ ар! И хъер улъагъу, ауэ алыхь уиIэмэ, мыр къызэрыщIэпшар къызжеIэ. Зэгъусэу зыттIэщIри, пIэку дигъуэлъхьащ, дауэ пхузэфIэкIа?

– ЗэрысхузэфIэкIа щIыкIэракъым Iуэхур, си хьэщIэ, зэрысхузэфIэкIаращ, – абы фIэкIа жримыIэу шыр гуэщым щIишэжащ, ухуеймэ, здэшэж, уарэзымэ, уасэм пэтлъытэнщ, жиIэри. Къэгъэзэжми шыбз цIыкIур Iихыжын имыдэу, пIалъэ зэратри, дэкIыжащ. АрщхьэкIэ ди адэм шыр ди лъапсэм нэху къыщригъэкIакъым, пшапэр зэрызэхэуэу, Iэдэжу щIыгъуу Къущхьэхъу дэкIыжащ, «сэ шыдыгъу хабзэр сощIэ – идыгъужыну къытримыгъэзэну си фIэщ зыщIын щыIэкъым», жиIэри.

Мис апхуэдэлIт ипэкIэ щыIар, армыхъумэ, мо Iэпашхэлъэпашхэхэм яхуэдэтэкъым.

Сэри? Зэхэпхакъэ Зырамыку и уэрэдыр? «Сэ сщIа псор жысIэжмэ, мы лIыжь щхьэщытхъур схужаIэ…» Iэджи дгъэхъамэ, Iэджи тлъэгъуамэ… Джэду и къуэ дзыгъуащэщ. Гущэм укъызэребакъуэу шым уагъэшэсауэ шы Iуэху зумыхуэу къэнэнт? Жэщ мащIэ шхалъэм сыдэлъу сымыгъэкIуа, псы къиуа куэдым IумпIафэр сIыгъыу къизмыша! А уэ пщIэм сыкъыщрагъэплъаи щыIам. Узэсэр сэгъейщ, жи. Сыту мыхъуами, схузыхэмынэурэ куэдрэ сыкъекIуэкIащ, сыкъэзыгъэувыIэн натIэкIэ сыжьэхэуэу сыкъигъэлъеижыху. УщIалэмэ, уоделэ, уделэмэ, сытми утогушхуэ.

… А зэманым сэ зи гурбиянкыгъуэ щIалэ танэу кIэлъхуозым сыхэтт, сахуемыджэу сыкъыщIэкIыжауэ. Сталиныр лIэри, дунейри тIэкIу къэлэлауэ апхуэдэт. Трудэденми зыгуэри къыпэкIуэу хуежьат, ауэ абы къыпэкIуэм урипсэуфынт – щэху-нахуэми зыгуэрхэр къэдгъэхьэрычэтырт. Ди адэм и кIуэгъужэгъуу щытахэми я нэIэ ттекIыртэкъым. АрщхьэкIэ Iэпыдзлъэпыдзу, хьэихубжэхуэщIу губгъуэм уиткIэ уи Iуэху дэкIыркъым. «Уи адэм хуэдэ Iэхъуэ-шыхъуэ жылэм дэсакъым, зыгуэрым ухуиущия хъунщ, Iэбгъэми шыми цIыху дыхуейщи, язым кIуэ», – къыщызжаIэм, ди адэ мыгъуэм зэрихьа Iэпслъэпс-аркъэныжь хуэдэхэр къыкъуэсхыжри, сыгуфIэу шыхъуэу къущхьэхъу сыдэкIащ – кIэлъхуоз пырсидателыр си гум къишхыдыкIами арат! Къущхьэхъу сыкIуэщ, шым сыпэрыувэри, ди адэ мыгъуэм и пыхъуэпышэхэр къысхуепсых хъуащ, сызрагъэцIыхуну, си лIыгъэр здынэс зрагъэщIэну, си адэм и зэфIэкI схэлърэ схэмылърэ еплъынхэу. Ягу сыдыхьагъэнти, я дзыхь къызагъэзу щIадзэм, уэлэхьи, мащIэ-мащIэурэ: губгъуэм игъуэщыхьа IэщIэвыщIэ е шы хутыкъуа хуэдэ Iууэмэ къызахулIэу, сэ къыспэщIэхуаIамэ, схузэрагъэкIуэкIыурэ губгъуэрыси жьэгъущIэси къэзгъэнэIуэсащ. Псом хуэмыдэу кIэм-

пIан схуэхъуат Джылахъстэней щыщ зыкъом. Iуэху яхуиIэну ахэр нэхъ тегушхуэгъуафIэт – укъагъэпцIэнутэкъым, къоижынутэкъым. Уэлэхьи, Джылахъстэней щыхьэриблым си цIыхугъэ гуэр зыдэмыс къуажэ яхэмыта – ари сыт щыгъуэ уемыкIуэлIами узымыгъэжэкъуэн защIэу. Я хабзэ гуэрхэри къэсщтат. Псом хуэмыдэжу егъэлеяуэ сигу ирихьыр хъуахъуэрэ ефэжмэ, джылахъстэнейщ жыхуаIэрщ. – Хъуэхъур уигу къыбгъэдэкIыу жыпIакъэ, гъэщIеи ефэ, куэдрэ жьэкIэ зумыплъыхьу.

Iэхъуэшыхъуэм щатIроцэр къущхьэхъу щыщыIэрщ, фэри фощIэ ар, дыгъуасэкъым фыкъыщалъхуар. Дауи я мытIроцэнрэ – дунейр хуабэмэ, Iэщым сыт яшхын жумыIэрэ езыхэм я щхьэ зэрахьэжмэ, гъунэгъу пщыIэхэм хьэщIапIэ кIуэн, фермэхэм хъыджэбз дахэ тесмэ, закъыпригъэхын фIэкIа нэгъуэщI сыт ищIэн шыхъуэм? Аращ псори къыщIехъуапсэр. Махуэм зэ хакIуапщIэр къригъэгъазэмэ, е зыдыхьа къуэладжэр имыгъэгъуащэмэ аращ. Хьэ къеIэнкIи мэхъу, ауэ шыщIэ зыщIэс шыбзым къахыхьа дыгъужьым и унагъуэбжэр езым и IэкIэ хуищIыжащ – къаIэрыхьэ закъуэмэ, щIым щыщ ящIыху лъабжьэкIэ яутэнущ.

НтIэ, еуэри, уэлбанэ махуэ гуэрым пщыIэм сыщIэлът щIакIуэм сыкIуэцIыгъэджэрэзыхьауэ, лэгъуп зэфIэздзэн сыщхьэхыу, къуэ куум адрыщIкIэ жьыпэу пэртыкъым къытес мэлыхъуэхэм я деж сыкIуэни къызэхьэлъэкIыу. Моуэ нэбэнэушэу сыздэщылъым, «Бохъу апщий! ЩIэсIа мыбы?» – зыгуэр къаджэу зэхызох. СыкъыщIэплъмэ, шы лъакъуэ фIыцIиплI я пIэм имызагъэу къафэу солъагъу. Си нэIуасэт а лъакъуэ дахэкIей цIыкIухэр, Ботэщейм я шыхъуэм и уанэшырат. Зэ фIэкIа сытеплъэну сыхуейкъым къэсцIыхужын щхьэкIэ. 

– Еблагъэ, – жызоIэри сыкъыщIокI, лъэрыгъыпсыр соубыдри, къызогъэпсых.

Уанэкум, уэлбанэм имыгъэуцIынын щхьэкIэ щIакIуэр трепхъуэ, шыр уанэкъуапэпхэнж къещIри, пщыIэм дыщIопщхьэм, уэлэхьи, дыщIопщхьэри, фоумэ къызыхих мэкъу дыгъэл дахэм гууэщIу зыкъыхыдоукъуэдие.

«Сыту псымей бзаджэ къыщIихрэ?» – жи, си ныбжьэгъум, ней-нейуэ къызэплъу. Iэхъуэ-шыхъуэр зэи ерыскъыкIэ дыIейтэкъым, ауэ тIэкIу сызэтехуауэ къызихьэлIати, сэри сыукIытэрт. Ди къехыжыгъуэр къэблэгъати, кIэлъхуозыр пIитIанэкIэ къыдэгугъужыщэртэкъым.

– Сэ мыдэ иджыпсту зыгуэрхэр къызэзгъэпэщынщ, – жысIэу IэпщэкIэ зыкъыщытесIэтыкIкIэ си ныбжьэгъум срегухыж.

– Умыгузавэ, сэ гъуэмылэ сIыгъщ, – жеIэри, уэлэхьи, си Хьэмыщэу плъагъур гъэщхъауэ пщыIэм къыщIокIри, къэлътмакъ зэпедзэкIар ныщIехьэм. ЧыржынышхуитI, лыгъур гъэжьа IыхьэфI, нащэфIэIу гуэрхэр кърех, Iэнэ папщIэу зесхьэ пхъэбгъу кIапэм къытрелъхьэри, уэлэхьир хьэзимщ, бащырыбэ пIащэжьи къызыкъуехым.

– Къущхьэ аркъэщ, – жи, иутхытхыурэ. – Пэтежщ, пэцыр иричу. Елъхъуэт щыщ си кIуэгъужэгъур кърисхуэупсащ.

Сэ кумбыгъитI сиIэххэти, дыхъуахъуэщ-дыхъуанэри, тэ-

макъ кIуэцIыр езысых цырибоныр едгъэжэхащ. Зэредгъэжэхарауэ, шхалъэм нэсаи-нэмысаи жыпIэну щIэпхъуэри, уэлэхьи, си Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр зэлъигъэIэсам, итIанэ си щхьэм дэуеижри, дунеижьыр нэхъ нэхуи хуаби къэхъуам.

МащIэу дызэIурыури, Хьэмыщэ и нэ фIыцIитIыр къыщIэмыплъыжу зэхуишэу погуфIыкI, итIанэ, нащхьэ къысхуищI щIыкIэу, нэ сэмэгур зэтоуэ.

– Уэ, ТIорэ, шы и пIалъэ уощIэ, – жыжьэ къыщрегъажьэ Хьэмыщэ. – Мы къущхьэхъу шы ицIыхуу зылI итмэ, уриетIуанэщ.

Щытхъу зи жагъуэ щыIэ, ауэ сэ Iуэхур гушыIэм хуэсшэ хуэдэ сощI:

– Сыт сыщIэетIуанэр, сымыяпэу?

– Сэ сыетIуанэу зызбжыркъыми, – мэдыхьэшх Хьэмыщэ, бжьэр иригъахъуэурэ. – Дауэ къыпщыхъуа елъхъуэт цырибоныр?

– Куэд щIауэ сIухуакъым мыпхуэдэу гуащIэ. СивоскIэ химылъхьауэ пIэрэ? Хьэкъарэвей хужь хэзылъхьэ щыIэу жаIэу зэхэсхащ, – Хьэмыщэ стэканым йопэм:

– Хьэуэ, къабзэщ. ЖиIэнмэ, уэлэхьи, иджы хьэвей халъхьэу. АпхуэдэлIкъым ар къысхуэзыша Сослъэнбэч. НытIэ, ТIорэ, уэ шы и пIалъэ пщIэ къудейкъым, шыфI фIыуэ плъагъууи сощIэ.

– Шы фIыуэ зымылъагъу цIыхухъу щыIэ? Сэ си псэм темыхуэр сигу ирихьа шыр хамэ шэщ щыщIэт къызэрыхъуращ.

– НтIэ, тхьэ сIуэнщи, шы телъыджэ дыдэ сэ слъэгъуам, игъащIэкIэ зыхуумыгъэфэщэн лIы гуэрым и бом щIэпхауэ.

– Iэу! Ар сыт хьэдыгъуэдахэ?! Дэнэ къуажэ?

Хьэмыщэ щхьэусыгъуэншэу хьэмэрэ джэгуакIуэ гъуэгу техьэм ящыщтэкъым. Шыр зейр я жылэ гъунэгъурти, бгъэдыхьэпIи бгъэдэкIыпIи, унагъуэм я быдапIи тIасхъапIи зригъэщIат. ДыщыкIуэни – узыншэу нэху дыкъекIмэ, пщэдей жэщ хуэдэм, – шым и егъэзыпIэ тщIыни – псомкIи бидагъэ зэхуэтщIри, сэлам зэтхыжащ, Iэсэтин цырибоныр итфу чыржын зырызыр тетшхыхьыжа нэужьым.

Нэху дыкъекIри, си шыхъуэгъури къэкIуэжати, шэджагъуэхуегъэзэкIыу пщыIэм сыкъытекIащ, кIуэаракъэ, сишрэ си уанэкIэ къыздэбгъуэн щымыIэу сызэпэщу, уи шым нал щIэлъакъым жумыIэмэ. Си гъусэр сыздэкIуэмкIэ къызэупщIакъым, апхуэдэу шу закъуэу сежьэу, махуэ-махуитIкIэ сыкъэтрэ сымыIэгунэщI дыдэу сыкъекIуэлIэжурэ есэжати. Хьэмыщэ зэдухылIа щIыпIэм къыщыспэплъэрти, дызэрыгъуэтри, гъуэгу дытеуващ, мэз лъапэ, зэхэзекIуэ щымащIэ къуэбэкъу, псыхъуэ хуэдэхэр къыхэтхыурэ. КъыщIыхэтхыни щыIэтэкъым, дэ дымыцIыху щIыпIэ зэгъуэкI куэд къущхьэхъу къыщыгъуэтыгъуафIэтэкъым. Ауэ, жыпIэну тынш щхьэкIэ, къущхьэхъу уикIыу Джылахъстэней пхащIэ укIуэныр мыбдей щылъкъым. Ди унагъуэ зы жэщ диса нэужь, лIищ дызэрыгъэхъури, гъуэгу зырызкIэ къулъшыкъухэм дежьащ. Сэ Мысостей, ДэхъушыкъуейкIэ сехащ, къутырхэм сыдэмыхьэу Бжьэкъалэ къуажэкIэмкIэ блэстхъури, Тэрч Iуфэ деж си шыр щыслъэхъащ. Модрей тIури къызэрысыххэу псым нызэпрокIри, дыплъэм къуажэр тлъагъуу дзэлыгъуэ гъуейм дей хэщIапIэ

щыдощIым, уэлэхьи. КIапэдыгъухэ я лъапсэм дызэрихьэн сытхэр Iутэчнит тщIыжри, дэ щэху цIыкIуурэ къуажэ щIыбымкIэ декIуэкIри, жылэм пэIуха кхъэ мывэ хъунэм зыщхьэдэдгъэщэтэхащ, тIэкIуи дыкъепэсэуауэ пIэрэ жытIэу. Дыгъэри къуэпкIэну зигъэхьэзыр къудейт. Кхъэлэгъунэ гуэр деж зыщыдгъэбыдэ пэтрэ, уэлэхьи, «Ясин» джэ макъ къоIумэ. Къуацэ-чыцэм дыпхыплъмэ, лIы гупышхуэ зэхэтщ, ефэндыр, и макъыр жьыбгъэм Iуихыу-къыIуихьэжу, уэлэхьи, еуэр иригъэшхыу «Ясиным» къоджэм. Арат иджыпсту нэхъ дызыхуэныкъуэр, жызоIэ сигукIэ, насыпыр Алыхьым къыдитащи, жэназыщIхэм зи ныбэр уз е зи щахэр къызыщыхьа гуэр къахэкIкъым. Ар сигу къызэрыкIыхарауэ, уэлэхьи, къуацэ-чыцэм къыхопщри лIитI тпэмыжыжьэу щоувыкI «щыщыщ» жоуэ иракIыхыу.



– ТхьэмыщкIэ цIыкIу, и насып къэкIуэгъуэм щIы фIыцIэжьым кIуэжащ, – жеIэ зым. – Зэуэзэпсэт хъарыпыр…
– Сыт нэхъ къеузауэ жыхуаIэр?
– Хъарзынэу нэху къекIат, жаIэ, жэщ щыхъум, къытехуэри, лIащ.
– Сыту епIэщIэкIыу щIалъхьа мыгъуэ?


3 Заказ №131

– Мо ди ефэндыми? Уэлэхьи, хьэдэр нэху къебгъэкIыу имыдэну, гуэныхьщ, жи. Финар нэхукIэ щыщIилъхьэ щыIэщ а плъагъум… Уи Iэли уи уди жиIэри, иукъуэдиящ… Хамэ жылэ щыщ Iыхьлы КIапэдыгъухэ яIэтэкъыми, лъэпкъми захъунщIэщакъым.

– Зи, лIэ закъуэ, уэлэхьи, ущIагуэнум.

Дэ жыхапхъэ щIагъым щIэлъэда дзыгъуэм хуэдэу зыдудыгъуауэ дыщысурэ, мо тIури IукIыжащ апхуэдэурэ зэпсалъэурэ. Ауэрэ, хьэдэщIэлъхьэр зэфIэкIри, жэназым хэтхэр зэкIэлъхьэужьу кхъэм дэжыжащ, пхъуэуэ зыгуэрым иубыдынкIэ шынэ нэхъей. Сытми, пшапэр зэхэуэу щыхуежьэм кхъэ мэзым дыкъыхокI, мывэ бжыхьым деж дыкъокIуатэри, кхъащхьэщIэм дегъэщIауэ дотIыс. Мис абдейм си нэгу щыщIэкIарщ мы си щхьэцыр изыхыр. Уэлэхьи, пэжу жызоIэм. НытIэ, дыздэщысым, уэлэхьи, си тхьэкIумэжьитIым дэгудэгуу гурым гуэр къоIуэмэ. Сэ Хьэмыщэ соплъ, Хьэмыщэ сэ къызоплъыж – жытIэнури дызэгупсысынури тщIэркъым. Гурымыр зэм зэпоу, итIанэ нэхъ хэкъузауэ, гур игъэкIыщтэу къоIу. Ар зэрызэхэсхыу сэ сыкъыщIэпхъуэжыну сыкъыщолъэтым, уэлэхьи. АрщхьэкIэ Хьэмыщэ напхъуэри, уэлэхьи, сыкъеубыдыжым:

– ТхьэкIумэкIыхьыгур пшхаи! – жери.

Сэ си Iэпэ кхъащхьэмкIэ сощI:

– Сэрор къыхуехагъэнщ…

– Уи адэу цIэм ишхам и бынщ ар! ТелIыкIауэ щIалъхьамэ зыкъищIэжауэ аращ. Апхуэдэ къохъу, – Хьэмыщэ унэжь цIыкIу хуэдэм мажэ, белитI иIыгъыу къосыжри кхъащхьэдэсэм деж кхъащхьэр къыщызэтритхъун щIедзэ, сэри зы бел къысIэщIегуэри. «Быхъ» жыдмыIэу къиттхъум-къиттхъуурэ, сытми, пхъэбгъум дынос, мащэм жьыкIуапIэ худощIри, пщIэнтIэпсыр еткъуэкIыу хьэблэлIым иратхъуха ятIэм щыщ куэд къимына жыхуаIэм хуэдэу къыдоунэщI, Хьэмыщэ пхъэбгъу зытIущ кърех, ерагъкIэ йоувэхри, цIыхубзыр кърихыну иужь йохьэ. А уахътым абы и гызи щэIуи пичащ. ТелIыкIар лIэпамэ ди унагъуэбжэр хуэтщIыжащ, сигу къокIым, уэлэхьи. ЛIар псэууэ къыщIэпхыжами зыгуэрщ, ауэ хьэдэ мащэр къэптIауэ укъаубыдмэ, уи пIэм укърагъэкIым, азалыхьыр согъэпцI. Уэлэхьи, абы и гыз макъ зэхэпхауэ уэ зыгуэрым и фIэщ пхуэщIмэ си Iуэхумэ.

– Сыт… сыт… – жысIэнур схузэгъэпэщыркъым.

– Зи сытыр плъагъуркъэ? Жьы хуримыкъуу мэхагъэнщ…

– Бауэрэ?

– Мэбауэ-тIэ… Уи цейр щыхи убгъу. Сэ мыдэ иджыпсту… – жеIэри, уэлэхьи, си Хьэмыщэу плъагъум джэбыныр зэшэкIа цIыхубзыр кърелъэфым, сэри соIэбэри соубыд… Сытми, си цейм тыдоукъуэдиери, цей къуащIэхэр тыдопхъуэж. Абы иужьщ Хьэмыщэ джэбынымщхьэр итIатэу и жьэгъум щIэпхыкIа IэлъэщIыр къыщигъэлэлар.

– ЗыкъищIэжмэ, шынэнщ, зыгуэр жедгъэIэ, дегъэпсалъэ, – жи Хьэмыщэ. Сэ си дзэр зэтеуэу сокIэзыз, Хьэмыщэ зауэм хэтат, лIа Iэджэ зэригъэзэхуэжати нэхъ гу кIуэцIылът:

– Зэхэпхрэ, дахэ цIыкIу, иджыпсту фи деж дыкIуэжынщ, умышынэ, ди зэран уэкIынукъым, – жи, аршхьэкIэ тхьэм ещIэ игу къэкIар, IэплIэкIэ къещтэ, кхъэм къыдехыжри, уэрам щхьэIум тет кхъужьеижьым и лъабжьэм деж егъэтIылъ.

– Мо пщIантIэм дыхьэ абыжми, – жи, – цIыхухъу дэсмэ, къыдэш, цIыхубз гуэри гъусэ къэщI, къэхъуар яжеIи, пIэипхъуэщащыху хуэдэу зыгуэр къафщти, псынщIэу къэгъэзэж…

Сэ гъуэгум сызэпрож, я хьэр къысщыхьа щхьэкIэ къэзмыгъанэу сыфIыдохьэри, щхьэгъубжэм сытоуIуэ. ЛIыжь гуэр къыщIокIым, уэлэхьи, баш кIэмщхьэм иIыгъыу.

– Сэлам алейкум! – ерагъкIэ къыдызошей.

– Уалейкум сэлам, еблагъэ.

– Уа, тхьэмадэ, нобэ лIа гуэр щIэфлъхьэжат?

– НтIэ, мыгъуэ, Бидонэ и хъыджэбз цIыкIум и жэназы щыIащ…

Абдежым сызэIынэ-сызэIыкIыу къэхъуар жызоIэ. ЛIыжьри сызэпимыуду къызодаIуэ. ИтIанэ «псори Алыхь Iэмырщ», жеIэри щIохьэж. ЦIыхубз щIалэ щIыгъуу къыщIокIыжри, къыдогъэзэж. ЦIыхубзым зыкъищIэжатэкъым, ауэ моуэ-щэ, кууэ бауэ хъуат, зэзэмызэ къыхэкIэзызыкIми. Фызым къыздихьа пIэипхъуэшхуэр хьарыпым иришэкIащ, къэдгъэтэджыжа лIыжьыр лъэпэрапэу зи куэбжэр зэIудза унагъуэм я деж дэжеящ. Асыхьэтуи щIалэ зытхух къэсщ, я нэр къиухуи, жаIи зыщIэупщIи щымыIэу, я шыпхъур драхьеижащ. Нэхъыжь гуэр яхэтти, дэри дыздишащ. Iуэхур зэрыхъуар яжетIэжыху дохутыр къашэнтэкъэ – сытми, мастэ хаIуа, хущхъуэ жьэдагъэлъэда, Iэнэ къытхуащтэ къудейуэ, зыгуэр къыщIыхьэри, хъыджэбз цIыкIум зыкъищIэжащ, иджыпступцIэ сымаджэщым яшэнущ, жиIэри, ди стIолым цырибон шэтвэр къытригъэуващ.

ГуIэкIэ къежьар гуфIэгъуэ хъужауэ жэщ никъуэфI хъуху дызэхэсащ, нтIэ ауэрэ ущысинт, аршхьэкIэ дыкъыщежьэжми къытпэувахэщ, фылъэсщ, апхуэдэу фыдутIыпщыжынукъым, ныжэбэ фыкъытхэс жари! Дэ дыкъыщIежьар абыхэм яжетIатэкъым, ауэ ди пцIыр абыхэм я фIэщ хъуауи фэ ятеткъым. АрщхьэкIэ, уIэли-ууди жоуэ щызытедмыгъэхьэххэм, Бидонэ пщIантIэм дыкъыдимыгъэкIыу лъэныкъуэкIэ сыIуишащ.

– Къуныжьей нэс укъикIыу, уэлэхьи, уэ мыбы лъэсу укъэмыкIуа, ТIорэ, уи щIыхуэшхуэ къыстехуащ. Азалыхьри цIыхури узогъэлъэIу сэбэп сызэрыпхуэхъуфын Iуэху гуэр щыIэмэ, къызжепIэну. Уэ усабийкъым, сэри сыщIалэжь цIыкIукъым – емыкIу къызумыгъэхь.

– Ди зэхуэдэ щэхущ, Бидонэ, – жызоIэ, – хьэдрыхэ здэтхьын щэхущ мы уэсхьэлIэнур-тIэ.

– Си адэу мы щIы фIыцIэжьым щIэлъым и пащхьэ кхъуащ-

хьэ сфIэту Алыхьым срихьэж, зыгуэркIэ сыкъэхашэу щытмэ, – жеIэри, Бидонэу плъагъум си Iэр къеубыд, тхьэ.

– НтIэ, – жызоIэ, – мы къуажэм КIапэдыгъухэ ялI гуэрым цIыхунэ зытемыплъа жыхуаIэм хуэдэ хакIуэ бэлыхь иIэщ. Мис ар здыгъуну сыкъэкIуауэ арат, пэжым ущыхуейкIэ. Къэзбгъэдыгъуфын ар?

Бидонэ псалъэ жимыIэу пщIантIэм дэт гупым сахешэж, шэсыжыбжьэ цырибон стэчаныр къысIэщIегъэувэ, уэлэхьи, абыми, мэкъуэщымкIэ йохьэм, асыхьэтуи нахъутэ фIэкIа зыпщIэхэмылъ хуарэ екIур кърешри, нахъутэпсыр къысIэщIелъхьэм:

– Мис КIапэдыгъухэ яш укъыщIежьар. Уи анэ узригъэфа быдзышэу уи хьэлэлщ, – жеIэри. Сымыда, сыдэлъея щхьэкIэ сыхэмызагъэу, шым уанэ трилъхьэнтэкъэ, шхуэ дахэкIей пщIэхилъхьэнтэкъэ, апхуэдэу сыкъыдишыжри сыкъигъэшэсыжащ. Хьэмыщи алащэжь гуэр къыхуагъуэтри къызбгъурагъэувэжащ. Я псэм ищIагъэнт ар къызэрысхуэбзэIэфIар. Дауи, ямыщIэнрэт – Джылахъстэней зэрымыцIыхуу унагъуитI искъым – зэгъунэгъу къуажэхэр зэрыщIэнтэкъэ? Сэри мурад мыгъуэ сщIати, сымыныкъуакъуэу шым сышэсри сыкъежьэжащ. Дишхэм егъэзыпIэ щахуэтщIам дыкъосыж, цырибон тIэкIу дызэфар ттеужауи, дишхэм уанэ ятыдолъхьэж. Си хьисэпыр яжызоIэ. ТIуми «хьэуэ» къыхагъэкIыркъым. Сытми нэхущ дахэм деж КIапэдыгъухэ етхулIащ. Жылэр жей IэфIым хэтт. Бидонэ деж Iэуи-лъауи щыIэкъым. ХадапхэмкIэ сыкъыщохьэ абыжми, IумпIэм жыIэдаIуэу къыкIэлъыкIуэ шы цIыкIур, уэлэхьи, бом щIызопхэжым, бжэр хузощIым, хьэлъкъыр изогъэлъэдэжри – сокIуэ-солъей, кIэбгъу зыкъызощIыжкIэ тхьэ соIуэ.

Абы и ужькIэ КIапэдыгъу Бидонэ, зэ закъуэ псалъэ къысхуигъэхьа мыхъумэ, езыр къыслъыгъуэзакъым. Сэри къысхуиIуэхуар сигу илъурэ къущхьэхъу сыщыIащ. Бжыхьэ уэсыр къыттеуэу дыкъехыжа иужь, зыкъызэщIэзупсэщ, фIыуэ сыкъызэсэбауэри, махуэ гуэрым, уэлэхьи, Джылахъстэней сохмэ. Сиш цIыкIур къафэу, бгъукIэ зыщIригъэхрэ лъэсырыкIуэхэр игъащтэу. Хьэмыщи къыспэплъэрти, доуэри КIапэдыгъухэ дыщопсыхым, уэлэхьи, мащэм къитхыжа хъыджэбзым хуащIыж тхьэлъэIум дыхэтыну. Дыкъыщефэнтэкъэдыкъыщешхэнтэкъэ. Унэхъунум и дзэр хъудырым Iуеуд – яIэтмэ, гъущIэу, ягъэувмэ, щIытэу къафIэщI япхъу цIыкIури зэ къэзгъэфащ, къежьэжыгъуэ хъуауэ къэзгъэуджащ! Сытмэ, дышэсыжауэ дыкъыдэкIыжын пэтрэ бжэIупэ джэгум дыхэлъадэри, хьэдрыхэ щIэмызэгъа угъурсызыр Хьэмыщэ и шыплIэм дэсу дыкъыдэжыжам уэлэхьи, хъури бзыри къыткIэлъыпхъэрауэ…. Фи фIэщ мыхъумэ, гуэгуш шыр игъашхэу мо пщIантIэм дэс фызыжь цIыкIум феупщI.

А жэщым шыдыгъу ныбжьэгъуу сиIар скIэрылъэлъыж пэтам, уэлэхьи!

# ШЫГЪЭПЩ

– Уигъэшына? – жыпIа? Мобыи?! – гъуаплъэ тас цIыкIум ещхьу лыд и щхьэфэм ТIорэ щабэу толъэщIыхь, итIанэ и ни, и пи, и Iупи зэхипщэжыну игу къихьа нэхъей и нэкIур зэхеIуатэ, иужькIэ зэлъахэр ишэщIыжыну мурад ищIам ещхьу, IэгуитIымкIэ нэкIущхьэхэр кърильэщIэхыурэ фэ пIащIэр еукъуэдий, арщхьэкIэ – фэIуадзэм дэлъа вакъапхъэр захуэ хъужрэ? – ТIорэ и нащхъуэ цIыкIуитIыр нэхъ нуру къилыдыкIа мыхъумэ, дауи, гъащIэм зэхиIуэта и нэгум зишэщIыжакъым. – Псэ зыпыту мышынэ щыIэкъым, си къуэш, уэлэхьир хьэзимщ щымыIэкIэ, ауэ узэщышынэу зы унэ уис хъунукъым, нэмыс уяку дэлъмэ, уэлэхьи, зэдауи зэзауи щымыIэ. «Фыз IэштIымым имыгъэса лIыр лIы хъунукъым» жызыIэм щхьэр егъэуз, тхьэ соIуэ егъэузкIэ. Фыз губзыгъэм и Iэпэм лIыр, уэлэхьи, езым фIэфIыпсу къыдокIэрэхъуэкIмэ. Уи фIэщ мыхъуу ара уи Iупэ цIыкIур щIызэтежыр? УзэрылIэжынум хуэдэу хьэкъ щIы-тIэ а бжесIар, – и унэгуащэр къэуващэ къызэредаIуэр щилъагъукIэ, ТIорэ и псалъэм и лъагъуэр ехъуэж, нащхьэIущхьэ ищIурэ: – Фи фIэщ мыхъуу ара? Уэлэхьи хьэзимщ щIэхъуни щымыIэ, тхьэ щымыIэ. Яжьэр зэIищIэу жьэгум дэсым дедэIуатэмэ, билэхьи-талэхьи, адыгэм зылI къытхэмыкIыжынт пыIэ щхьэрыгъыу, кIэрэ плIэрэ щыдмытIагъэми, щхьэфIэпхыкI ттелъу драгъэ-жьэжынтэм. Ей, уэракъым сэ зи гугъу сщIыр, сыт уи нэщхъ къыщIысхузэхэплъхьэр? СыдэкIуейм сыкъехыжу сыткIи тхьэ фхуэсIуэнщ КIапэдыгъухэ я пхъум хуэдэ мы Къэбэрдейми, мо Джылахъстэнейми, Хьэжрэтми къыумышыну. Уэлэхьи алыхьу тэхьэлам и цIэкIэ сIуэнщи, лIыр зэрыпсэууэ зыхуэгъэвэпхъын уэр фIэкIа нэгъуэщI цIыху сэ срихьэлIамэ, – ТIорэ и пэ лъабжьэм щIэмыт пащIэр ирелъэщIэкIри: – НысащIэм еджи а зэдэтщIэр къытрегъэгъэувэ мыдэ. ДызэрызэIурыун гуэри къэгъэхьэрычэт, укъыткIэщIэдэIухьу ущымыту!

Тхьэмадэм и псалъэм пэплъа нэхъей, Iэнэ лъахъшэ цIыкIу къегъэуври, нысащIэм лэкъум хуабэ, кхъуей плъыжь убзыта, зи щхьэр быдэу фIэпхыкIа шэтвэр, стэчан Iув зытIущ къытрегъэ-увэ.

– Ботэщей къысхурашащ. Алыхьыр арэзы къыхухъу, сыщыгъупщэркъым Хьэмыщэ. Ахэм къущхьэ аркъэ жыхуаIэращ, дэ цырибон жыдоIэ. Пэтежщ, дэпым тепкIэмэ, «дыргуэ» жиIэу къэлыду. Феплъыт мо къакIуэм – фадэмэр къыщIихьагъэнщ.

Къеблагъэ, си гъунэгъу, къеблагъэ, стэчан къыщаIэтым уэ унэмысмэ си Iуэхущ. Хэт и «гуп махуэ апщий»? Бжьэ ямыIэтауэ гуп махуэбжьэ ятрэ? Къебгъажьэ хабзэщ, жыпIа? Ар жызыIар пасэрейрщ. Пасэрейм нэгъуэщIи жиIащ – шхын зи Iуэху шхын хуозэ. СогушыIэ, ей, губгъэн къысхуумыщI – уэ ухэзну дапщэщ сэ Iэнэ къыщысщтар, къакIуэ мыдэ къэтIыс, си гъунэгъу. Деплъынщ къущхьэ аркъэм къыдищIэм… А уэ пщIэр хадэмкIэ итщи, къыщикIыжкIэ стэчаныр IэщIэгъэувэ, Къасбот. ПщIэркъэ

уэ абы и хьэлыр, уэлэхьи, темыкІуэдэну, джэд тхуимыукІми, лы гъур дзасэм пиІунщи пхуигъэжьэнщ, «ЛІыгъэвэпхъ» жоуэ къыбжьэдэхумэ, дыкъэбгъэсыжауэ тхьэ сІуэнщ, и джэдыгужьыр къытхузэригъэдзэкІынщ… Еи-и-и, а си сэрори ар, лІы гъэвэпхъын и натІэ илъу хьэдрыхэ мащэм изэгъэнт? Ди анэ тхьэмыщкІэм ауэ сытми Ямылей фІищатэкъым. Іэджэжь си нэгу щІигъэкІащ абы, «Тэрч лъэмыжыжь мыгъуэр сыту псым тримыхрэ, джылахъстэней хъыджэбз къызэпрамышыфын хуэдэу» жезыгъэІахэм ящыщщ ар, си гъунэгъу. Іэгумыгу къызыхэмыкІ щыІэкъым, си гъунэгъу, ауэ и Іуэху Іыхьэ ноби ирехьэкІ, быныр зэщІипІащ, ауэ, уэлэхьи, пэжыр пхуэмыбзыщІын – и жьэр джатэщ, ябгэкІэ ябгэщ. «ИмыкІыжащэрэт жыпІэу уи гур дзапэкІэ пІыгъыу удопсэу» пІа? Уэлэхьи, сыдопсэумэ-тІэ. Сыт уи гугъэр? Сэ къысхуэябгэкъым ар, дызэрызэдэпсэум сыт и жыл? Уэ улІмэ, сэ сыфызщ, жоуэ зэ закъуэ нэхъ мыхъуми къыспэувакъым. Алыхьым дежкІэ плъэи жыІэт, Къасбот, узигъунэгъущ, си гъурри си цІынэри уощІэ, пэжкъэ жысІэр? Сыщытхъууи сыщымытхъу, уэлэхьи, икІи сымыуб, мыдэ уигъэшына жаІати, абы къытехъеикІауэ аращ. Шыдыгъу шынэ хэт зылъэгъуар, тхьэм щхьэкІэ жыІэт! Уэлэхьи, сэ сримыхьэлІа, жаІэуи зэхэзмыха, си къуэш. ЩымыІэмэ, плъагъун? Ы-ы? Аракъым Іуэхур здэщыІэр. ЦІыхум и хьэл фІырыфІкІэ зыхиныркъым, шынэ уз къеуэлІауэ щытми… Хэт сэ къызэуэлІауэ къыбжезыІар? Къасбот фІэкІа ар жызыІэфын ди хьэблэ дэсыжкъым, ауэ и гум уихьэу къыумыхамэ, ар абы къызэрыжьэдэпшыфын къару мы дунеижьым теткъым, тхьэ темыт. Ажалым укъыщыгъупщауэ дунейр щыбутэкІэ, зыгуэр къофыкІынкІи хъунщ-тІэ. Ар мы Іуэхум щыщкъым, си къуэш…

НтІэ-э, еуэщ абыжми, – сыт щІа абы лъандэрэ! – ди нэчыхьри ятхщ, мо уэ пщІэр зигъэтІейуэ унэ ирашэщ, саубэрэжьурэ сэри щауэ срашыжри, лэжьапІэ Іуэхуи зезмыхуэжу пщІантІэм сыкъыдэнэжауэ сыдэст, кІэлъхуозми зэкІэ си гугъу къимыщІу. Си тІроцэт сытми. Си тІроцэшхуэти, ди адэр нэкІэ къызэпэбжьауэ, ди анэ тхьэмыщкІэр нэхъ гу щІыІэ къысхуэхъуа къысфІэщІ щхьэкІэ, уэлэхьи, нысащІэр къэзгъанэу губгъуэм сихьэжыну си псэм зикІ къимыщтэт. Зызогъэделэ, зыри сымылъагъу, зыри зэхэзмых зызощІ. Апхуэдэурэ зыкъом кІуауэ, зы махуэ, сэ сыдэмысу, ди куэбжэпэм шу гуэр къыІуохьэ. КІапэдыгъухэ я пхъум пщІантІэ ипхъэнкІыу «шокъу» жиІэу кърохьэлІэри: «уэр дыдэрщ сызыхуейр, дахэ, кхъыІэ, мыр щауэ щІалэм схуетыж» жеІэри зэкІуэцІылъ гуэр къретри езыр – мэхь-мэхь – Іуожыжри йожьэжым, уэлэхьи. СыкъыщыдыхьэжкІэ, «мыр къуатыжащ», жеІэри, зэкІуэцІылъыр къысхуешииж. ЗэкІуэцІысхмэ, чысэ укъуеяижь къыкІуэцІокІ. КъэсцІыхужынтэкъэ а чысэр! Хьэдагъэ кІуэнт къэзмыцІыхужу, сысейуэ щыщытакІэ. Ар къысхуезыгъэхьари къагъэхьам къикІри къызгурыІуа щхьэкІэ, зызогъэделэ, лэгъунэм сыкІэлъыщІохьэжри, чысэм къикІа мастэкъуаншэр си нысащІэм изот. Мобы жимыІэІауэ сІех абыжми, сызыбгъурегъэтІысхьэм, уэлэхьи. ИтІанэ, мастэкъуаншэр и

бостеймрэ си джэлэфей гъуэншэджымрэ зэрипхыу хеIукIэ тхьэ соIуэ. Умыделэмэ, къыбгурыIуэнтэкъэ? Си шэкIуумэкIуухэм сэ жан е щIопщ, сэ сщIэ мыгъуэрэ, пIэтIрон мыузэда къысхуагъэхьмэ, сыздэкIуэнури сщIэн хуейри къызгурыIуэрт. Фызыфэ къызаплъу, еIулIауэ щыс а уи физ цIыкIум жаIэу къысхуаIуэхуауэ, сигу техуэнт? Пшапэр зэхэзгъауэри, къуажэ бом сыкIуащ, шы хьэху къэслъыхъуэну. АрщхьэкIэ сылъэIуэн хуей хъуакъым – шыкъаз телъыджэ бом къысхущIапхауэ къыщIэкIащ, шы фащэкIэ къызыхуэт щымыIэу. Шыху гъусэхэр къыщыспэплъэ щIыпIэри абдеж къыщысщIэнтэкъэ? Алыхьым и шыкуркIэ, а жэщым си кIуэгъужэгъухэм сахыхьэжащ. Махуэм кIэлъхуозым сыщыIэпыдзлъэпыдзу, жэщым ныбжьэгъум сракIэрыдзэнурэ бжьыхьэри кIуэщ, щIымахуэр кIэлъыкIуэжри, гъатхэм ди адэм сызыхигъэкIащ: «Быным хуащIэр пхуэсщIащ, уи щхьэ гъэпсэуж. НэхъыщIэхэми а уэ плъэгъуар ялъагъун хуейщ», – жиIэри. Арати, къуажэ щIыбым къыщысхупача щIапIэм чыбжэгъу унэ схуращIыхьщ, и щIыби кIуэцIи къраикIыжри, сэху дыдэ ирамытауэ сыщIадзащ, псэу иджы, ТIорэ, тхьэр умыгъэпцIамэ, пхъэбгъу зэрыдза зы гъущI гъуэлъыпIэжь улъиярэ шэнт щхьэгуэжьитIрэ фIэкIа щIэмыту. Алыхьыр арэзы къыхухъу си анэ шыпхъум, зы стIолрэ хьэкъущыкъу тIэкIурэкIэ къысхуэупсащ.

Уэлэхьэ, мис апхуэдэу сыпсэун сытIысам сэ къэплъагъур. ХуэмыщIауэ жыпIа? Нэхъ къулейсызыж Iэджи щыIащ. Уэлэхьи, щыIам. Пэжкъэ, си гъунэгъужь? МылIэр лIы мэхъу, жи, уи Iэуи лъэ бгъэхъей закъуэмэ, кIэлъхуозым укъуэлIыкIынукъым, укъуэмытхъыкIыщэнуми. ЗэкIэ кIуэгъужэгъур си мащIэми, уэлэхьэ-э, си лъапсэщIэр Алыхьым узэрелъэIунтэмэ: гуартэ къепхулIамэ, теплъэн щыIэтэкъым. Дауи, цIыхур хьэфиз зэтемыхъуат, ауэ имылъагъупхъэр зымылъагъур игъащIэм нэхъыбэIэ… Ауэрэ декIуэкIыурэ унэгъащIэхэм дыкъатIысыхьащ. Абыи удэкIуэтэнт… ПащIэр лIэуэ дунейр тIэкIу къэлэла щхьэкIэ, куэд мыщIэу властым щIикъуззэжынтэкъэ. Алыхьым ещIэ пащIэIуантIэр щIикъуззэжыну зигу къэкIар. Пэлнэмочэу мылицэ лIы хъарзынэ гуэр диIати, жылэм дашыжынтэкъэ. Бригадир хуэдэу къытхэт БжьыхьэлI и къуэр и щхьэр ищIагъыу традзынтэкъэ, Iуэхум ткIийуэ убгъэдэткъым жаIэу. Сытмэ, уэлэхьи, ди тIроцэр къыдагъэухам. БжьыхьэлIым и къуэм дыхуэдзэлашхэти, ар зэрыдыщэ-налкъутыр къыщытщIар Хьэшым къыщытхуагъэкIуа махуэращ. БжьыхьэлI хуэдэу, шууэ уэрамхэм ирикIуэурэ нэрад зытым ящыщтэкъым Хьэшым. Пщэдджыжь нэмэзым, аркъэр къыIурыжу, модэ мо ди Iуащхьэжьым къытеувыIэнти, хьэблэм уахэхъуэнэнумэ, уахэгъуэгъуэнумэ къеблагъэ! Абы къыдимыпэсар укIуэдыж! И щхьэр щхьэ пывмычарэ жыпIа? Дытхъэжу тшэчрэт, зыгуэр зыкъуэмылъ жылэм дэстэкъым – хэт нартыху матэ, хэт гуэдз пэгун, сэ сщIэ мыгъуэрэ, зэкъуэхуауэ зрихьэлIа гуэр къэзымыгъэIэбжьэнар зи Iэр хуэкIэщIым я закъуэт, уэлэхьи, укърагъэплъынтэмэ а уэ пщIэм. Жэщ кIыфIу ирихьэлIэу и джабэр щыхущIаудаи щыIам, уэлэхьи, Щхьэлыкъуэпс лъэмыжым щедгъэлэлэхаи къэхъуам. ЛIы

инатт – зэрыбгъэдзыхэн щыIэтэкъым. Хьэблэм лIыуэ дэсым ди пыIэкур къытхуизыудар хадэм илъэда мо фызыжь цIыкIуращ. Абы щыгъуэ фызыжь цIыкIуа ар сытми?

НтIэ, и пэр умыщIэу и кIэр пщIэркъым, жиIащ пасэрейм. Апхуэдэу сыкъекIуэкIыурэ, уэлэхьи, Хьэшыму плъагъум Iуэху сыкъещIым. Тхьэ сIуэни, екIэ си ужь къохьэм: «Шыгъэпщ мэкъуауэ удэкIынщ, жи, хьэуэ жыпIэрэ, а зэдэтщIэм укъизгъэплъынщ», жи. Ар си щхьэм ихьауэ сызэрыхэплъэр КIапэдыгъухэ я пхъум илъагъунтэкъэ? «Сыт лIышхуэ бэрагъуэ ущIепэзэзэхыр? – къызоупщI пщыхьэщхьэм дыгъуэлъыжауэ си напIэ къемыхыу сыздыхэлъым. – Шыгъэпщ къызыхуигъэщIар цIыхухъущ, зыкIи уигу умыгъэныкъуэу дэкI, – уи щIыбагъ мывэ чэщанэу быдэщ, къыбгурыIуа? Бьдэщ», – трекъузэ бьдэм, уэлэхьи. Ей, си къуэш, фызыр гум йохьэри, илъыр къещIэри къокIыж, алейкIэ щубзыщIыну упымылъ. ПсэкIэ къищIат си псэр зэрыгъур: Хьэшым цIыхубз куэдым я напэ трихат. Уэлэхьи, бжэр хуIузыха фызабэ мэжэлIа гуэри щыIэнмэ, ауэ зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж ар и гупэ игъэгъуэлъьауэ, КъурIэным сытеIэбэурэ тхьэ сIуэнщ, ноби си фIэщ мыхъуу. Ауэ дыхьэдэкIыу щалъагъукIэ, гурыщхъуэр дэнэ пхьын?! Сытмэ, пщэдджыжь шей дефа къудейуэ, уэлэхьэ, КIапэдыгъухэ я пхъур и Iэр кIэпхын щIагъым щIэлъу си пащхьэ къоувэмэ, «уи уэщышхуэр къызэт» жери. «Уи натIэм ибукIэну, согупсыс сигукIэ, унагъуэм укъызэрихьэрэ пхъэ IэплIэ уэзгъэкъутакъым», ауэ «Iым» жызмыIэу сыщIокI, пхъэ къутапIэм хэупцIа джыдэжьыр къыщIызохьэри изот. СIех, йоплъри, игу иримыхьауэ и напщIэр хеш, ауэ зыри жиIэркъым, джыдэ гъэфIэн зэрызиIэр ищIэ пэтми. Арати, щIокI. Щхьэгъубжэм сыдэплъмэ, джыдэр сабийм хуэдэу и бгъафэм щIэлъу гъуэгум зэпрокIри Былухэ долъадэ. Мы гъуэгу мыгъуэм емыжьэным зэрихуэр сыт жызоIэри, сэри сыкIэлъожэ: Былу и фызымрэ абырэ зэхуилъат, сыкъэгузэвэнтэкъэ? Гъунэгъу закъуэ къызэтIысылIам псалъэмакъ яхилъхьэмэ, жысIэу си псэр дзапэкIэ сIыгъыу сыдыхьэмэ, уэлэхьи, си Былууэ плъагъум си джыдэжьыр елъым, уэхь-псыхьу мобыи мывэшэрхъыр егъэкIэрахъуэмэ. Былуи зэрылъэкIкIэ джыдэр шэрхъым трикъузэу къысфIощIым. «ЛIо, – жи, – зэлIзэфызым джыдэ дзагуэжьыр фIыгъыу къыщIэвжыхыр?» Сэ зызэкIуэцIызгъэпщхьауэ сыщытщ, фызым пщIэнтIэпсыр къежэхыу шэрхъыр егъэкIэрахъуэ. «ТIэкIу зегъэгъэпсэху нысащIэм», – мэдыхьэшх Былу. «Си Iэблэр мэуз», – здэркъым сэри. ИгъащIэкIэ илъынт – джыдэ тхьэмпэм и Iэр иригъажэщ, и дзэм пэрыIэбэщ аби, уэлэхьи, пхъэ ирипкъутэн дэнэ къэна, жьакIэ ирибупс хъунмэ, жиIэу къысхуишият, арщхьэкIэ нысащIэ жыхуаIар пхъуэри къызригъэтакъым. Фызым зыкъиплъыхьщ-зыниплъыхьри, бжыхьыбгъум деж хэт балией цIынэ цIыкIум бгъэдыхьащ, «жьгъутх» жиIэу еуэри къудамэм я нэхъ иныр, уэлэхьи, къриупщIэхам. «Мис – слъэгъуакъым жумыIэж, – и щхьэ цIыкIур хуищIащ Былу и физ къыIухьам. – ЛIыр пщэдей Шыгъэпщ докI, сэ цIыхубз закъуэу унэм сыкъыщIонэ, гъунэгъуу фэр фIэкIа симыIэу губ-

гъуэм сисынущ – мор дэмысу си куэбжэр ныІузыхым балиейм и махуэр къыхуэзмыгъакІуэмэ, азалыхьым и нейр къысщыхуэ!» Ар къыдидзщ абыми, уэлэхьи, ущу къекІуэкІыжам, дызэплъыжу щыри пщІантІэкум дыкъринэри.

ПщІантІэм сыкъыщыдыхьэжам джыдэжьыр пхъэкъутапІэм хэупцІауэ хэлът, езыр жьыщІэу бжэІупэм Іутт. Джыдэм сызэреплъыр щилъагъум, къысщыдыхьэшхащ. «Абы и Іуэху ищІащ, зрегъэгъэпсэху иджы. Еплъыт мо уэрамым къыдэлъэдам, си хъыбар бжэныцрэ хьэцыпэу дихьэну ухуейкъэ? Сыдрырехьэ, ардыдэрщ си нэр къызыхуикІыр, ТІорэ, – жи, си цІэр къригъэцІэфту, – гъущІ куэбжэ пхухэслъхьэу ІункІыбзэ естыжауэ бжы, ар Іузыхыфын лІы КъуныжьейМи Щорданхьэблэми къыдэкІмэ, лІым я лІыжщ».

Маисэу щІэлъыкІа джыдэр зыгъэдалъэ фыз къуажэм къыдэбнэу уежьэжыныр, тхьэ сІуэнщи, мыІуэху джэгут. КІапэдыгъухэ я пхъур къызыкъуэгушхукІа гъущІ куэбжэр апхуэдэу Іумыхыгъуейуэ къызэрыщІэкІари тесІуэжынщ уэлэхьи. Жэщым зэлІзэфызым пІэкум щащІа унафэр быдэщ, си къуэш, къутэжыгъуейуэ…

Шыгъэпщ укІуэныр Іуэху къызэрымыкІуэт, апхуэдизкІэ гъуэгу къуейщІейщи. Фэ къыфхэт абы дэкІа? Уэлэхьи, фи дежкІэ ар ХьэрыкъуакІэ нэхърэ нэхъ жыжьэжым-тІэ. Мис, Къасбот ещІэ – гъуэгу нэхъ благъэ щыІащ. Абы щІы кІапэ къыщыдатам щыгъуэ аращ дызэрызекІуэу щытар, Шэджэм псыхъуэкІэ къэдмыкІухьу. Махуэ псо хэт гъуэгум езыгъэхьыр, кІакъуэми, нэхъ благъэ щыІэу? НтІэ, гынбжьыным зыпысшэкІэ мыхьэнэ зэримыІэр хьэкъыу сщІэрти, сыгугъугусми, гъуэгу сызэрытехьэн зесхуэу щІэздзащ: сиш цІыкІуитІыр зэпыслъэщІыхьащ, Іэпслъэпсыр зэзгъэпэщыжащ – шы тхьэкІумэ дэплъыфыр Іэпслъэпсым хуосакъ, арыншэу хъунукъым. ЦІыхур япэу зэплъыращ – зи Іэпслъэпс зэпэщым уигъэхутыкъуэнукъым, сигу нэхъ къеуэр Къуэширкъуей щезгъэщІа гур зэпысхын зэрыхуейрт – гупкІэр кІэлъхуоз дворым къыдэзнэу гуплІэкІэ сежьэн хуейт. Шыгъэпщ гъуэгум арат узэрыпэлъэщынур, абы щыгъуэми гуплІэщхьэнтэм тепхауэ пІитІанэр дэсшынут. Арати, си шыгукъуи, шыбжьи къызэпэсплъыхьщ абыжми, гулэгущтэ зыхуэсщІын щымыІэу апхуэдэти, уэлэхьи, нэхущ пэнцІывым зызужьам, дыгъэр къэмыплъ щІыкІэ си гъуэгу хэзгъэщІынщ, жысІэри. Къундэтей къуажэкІэмрэ Пырсыленцымрэ я кум дыгъэр пІырыпІ плъыжьышхуэу къыщиувам Мурат и щхьэлым блэстхъури, Чыцыпей Іуащхьэм ухуэзышэ лъагъуэр сІыгъыу, нэкІу задэм сыкІэрыхьащ. Сэри шыхэми насып диІэти, нал ящІезгъэлъхьат – я лъабжьэр щІиудынт земыкІуэжыфу, апхуэдизу дэкІыгъуэщ, апхуэдизу мывалъэщи. СлІо уи гугъэр-тІэ – шэрхъымрэ шы лъабжьэмрэ явэмэ, уэшх псыхьэлыгъуэм щІы щхьэфэ пІащІэр кърилъэсэхыурэ, мывэ джейхэр къыщІэщат, налхэр тецІэнтхъукІыу. Сытми дебыркъ-дешыркъыу, дыкъэувыІэмэ, тІэкІу зыдгъэпсэхумэ, дежьэжурэ шэджагъуэ нэужьыфІ хъуауэ бгы пщэдыкъым сыщхьэдэхащ. Куэд мыщІэу кІэлъхуоз пщыІэм сынэсащ.





Ей, си къуэш, губгъуэм иту еса цIыхум къуажэр къозэвэкI, жьыр хурикъуркъым. Зи щIалэгъуэ-гурбиянызгъуэр Къущхьэхъу щызыхьа ТIорэ, уэлэхьи, си тIроцэтэм – гъунэгъу пщыIэхэм си ныбжьэгъужь тесу къыщIэкIам. Дигу къэдгъэкIыжыни ауан дыщIызэрыщIыжыни ди куэдт. Тхьэ сIуэни, махуэ псом шэмэджыр зэрыдгъэкIэрахъуэри къыдэмыхьэлъэкIт – уи ныбэ изу ушхэу тIэкIу зыбукъуэдиижа нэужь, мэкъу узэреуари пщогъупщэж, пщогъупщэжри жэщым зумыгъазэу уожей. Къуажэм къэзгъэна унагъуэр сигу кърэдзэ, агъэбыгъэ хъуа сабийр сигу къэкI щхьэкIэ, сыжэмыжьыгутэкъым, уэлэхьи, си гъусэхэм закъезгъащIи мыхъунут, си ауаныр башыпэм паIунут. Зы ауан сиIэщи, ящыгъупщэж хуэдэ хъуа къудейщ, етIуанэ дауэ яхэплъхьэн? Зы ауанри? Ар илъэс зытIукIэ нэхъ ипэ къысщыщIат…

Еуэри-щэ, Iэбгъэ пщыIэм дытесу гъуэмылэр къытIэщIэухат. КIэлъхуозым дащыгъупща хьэмэрэ къытхудэзышын ямыгъуэтарэ? Сытми, уэлэхьи, нартыху хьэжыгъэ зэрылъа къэпыр дутхыпщIри пхъэлъантхъуэм еддзыжам. Мырамысэ, чыржын, сэ сщIэ мыгъуэрэ, къылыш жыпIэн – гъэш и гъусэу – арат ди шхыныгъуэр. Шху къудейм сыт къыпхуищIэн? Апхуэдэу пщыIэм сытесу фоч уэ макъ зэхызох. Сыплъэмэ, Къуэшыркъуейм я уэтэрым си ныбжьэгъужьыр тетщ, упщIэ пыIэр къысхуегъэкIэрахъуэри. КъакIуэ, жи, и Iэр къещI. СыкIуэныр хъарзынэт, гугъур сызэрыкIуэнырщ армыхъумэ. Уплъэмэ, благъэ къыпщыхъу щхьэкIэ, ди пщыIитIым я зэхуаку къуэ куу дыдж дэтщ, и лъащIэр шэдылъэу. Абы узэпрыкIын хуейкъэ. Iейуэ уегъэщхьэх. Ауэ ныбэм уимыгъэщIэн щыIэ, тхьэ щымыIэ. Iэщыр сэнтх шыхьым деж къыщызугъуейри сыкIуащ, си ныбэ изу зэ сышхэмэ, ари Iэджэ и уасэщ жысIэри. СыздэкIуам щхьэл мывэ хуэдиз хъу тебэ зэрамыщIэж тетщ, лыбжьэ къэпIэнкIыр изу илъу. Мыр сыту фыберычэт, сыдогушыIэ, тхьэмбы-

лей махуэм залэр зэувэлIэн лы бзыгъэм зытывогъэлIыкI. ХьэщIэ диIащ, мэдыхьэшх Хьэжысуф, хьэIусыпэр зратхэр къыдэкIуеят. Еуэ, мыпхъэу, мымывэу тетIысхьэпIэ къэщI. Уи адэм и бынщ, си упщIэ пыIэжьыр тетIысхьэпIэ зэрысщIын, содыхьэшх сэри. Абдем Хьэжысуф пщыIэм щIохьэри, аркъэжь пэлэщтоф къыщIех, хэщIаишхуэ щымыIэу тIум къытхурегъахъуэ. Фадэ щIымыгъуми, фIыуэ сымэжэлIати, уэлэхьир хьэзимщ, си укIытэ кIуэдакъым жысIэри, тебэм и зэхуэдитIыр езгъэмэрэкIуэхам, бжьэ цIыкIуитIи щIезгъэубыдам. СыкъыщыкъеижыIм – Iэнэм сыкъыIукIуэтыжащ, иджыри тIэкIу схуэшхыжын пэтми. СызэрымэжэлIара е сыт – ауэ апхуэдэ щынэл щабэ, Iум йоткIухь жыхуаIэм хуэдэ, куэд щIауэ сIухуатэкъым. Езы Хьэжысуф, хьэщIэм ядэшхагъэнт, щIакхъуэм едзэгъуа мыхъумэ, лым зэрыхэмыIэбари уэим сщIакъым.

Арати, Iэнэр Iуихыжу тутын зрыз тшыхьа нэужь, соупщI, хэт-тIэ уи хьэщIар, зори. Зоотехникымрэ шы дохутыр Пэхъэнрэщ. Аргуэрыжьу погуфIыкI, мэдыхьэшх и Iупэр зэтемыхьэу. КъыщIэкIуауэ жыхуэпIэр сыт? Сытми зыгуэр жысIэн хуейкъэ? – соупщI. Мобыхэм еупщI, жи, и Iэпэ псыгъуэ кIыхьыр гуэзнэчым ит щынэ зэщIэIуаехэмкIэ ишийуэрэ, джаурым ягу хигъэщIащ, жи, игъэунэхъуахэщ, жи. Сыту? Зи сытыр пщIэркъэ? ТIы цIыкIухэр зэтрисэкIащ, уэлэхьи, ди щхьэщыгу итым къаритам хигъэкIыжахэщ, мэдыхьэшх. Сэ тебэмкIэ соплъэ, шэч щIыIэр си кIуэцIым къыщытэджауэ. А, хьэ ныбэ къикIа, сыбгъэшхар сыт? Сыкъыщолъэтри, ауэ деж еупсея лъакъуэубыдыр къызопхъуатэ. Уэ зоотехникымрэ шы дохутырымрэ нэхърэ унэхъ лIыфI? – жи. Уэлэхьи, абы зыхалъхьэ щымыIэу, Iэщ ясэкIыху хыфIамыдзэу я Iэпэм щIэфыжу яшхмэ... Си гур къокIуэ, си кIуэцIыр къызэрыдохьей, аршхьэкIэ сыкъыщымыжьыфым, Хьэжысуф зездзат – бжэн лъакъуэм улъэщIыхьэн, – сIэщIэкIащ. КъысIэрыхьами, алыхьыр нахуэу согъэпцI, мэлыхъуэ башыр а и плIэ Iузэм щызмыгъэджэгутэмэ. Пэжым ухуеймэ, сызэрылъэмыIэсар нэхъыфIт – тобэ къихьыжагъэнт – иужькIэ щынэ пшэр иукIри, сигъэфIэжыгъащ. Мис а Хьэжысуфи тест Къуэшыркъуейм я уэтэрым. Си Iуэхути абырэ сэрэ дызэрыгъэзэшмэ...

Ей, си къуэш, апхуэдэ сэмэркъэу Iэджэ сыхэтащ сэ лIыжь къуий цIыкIур, тхьэ сыхэтам. Ауэ Шыгъэпщ сигу къэзыгъэкIыжар «фызым уигъэшынат» жиIэу мо фIэкIа шэрей зимыIэр къызэрызэщаращ. Фыз фIэкIа узыгъэшынэнрэ узыщышынэнрэ щымыIэ и гугъэу аращ мобы. ЩыIэ къудей? Хъушэжьу тхьэ сIуэнщ. Шынэр и унэ мэкIуэж, жиIащ пасэрейм. Шынауи сощIри, игу фIэмыкIуэдамэ, лIыр езыр кIуэдынукъым. Уигу кIуэдамэ, уи щхьэри – мэхь-мэхь – уфIэкIуэдауэ бжы. ЛIым гу кIуэцIылъын хуейщ, ауэ гу кIуэцIылъкIи зэфIэмыкI, щхьэ фIэмытмэ. Гурэ щхьэрэ иIэрэ и IэпщитIым къагъэгугъэмэ, апхуэдэлIым зыкIи укъэмыщтэу уи дзыхь ебгъэз хъунущ. Сэри? СыапхуэдэлIуи? Ей, хуэмыху, апхуэдэ си щхьэм фIэскъуа сэ сытми? СыщакIуэ уи гугъэ сэ, зы фочышэкIэ дыгъужьипщI

къэзукIыу? Ауэ, уэлэхьи, пабжьэм къыхэплъахэми дащымыща, тхьэ дащымыща. Пасэрейм «сэ сщIа псор жысIэжмэ, лIыжь щхьэ щытхъу къысфIащ» жезыгъэIар аращ – и щхьэ кърикIуар зэрибзыщIыр къызэрехьэлъэкIымрэ щхьэщытхъун зэрижагъуэмрэ. Хьэуэ, Iэгъу, уэлэхьир хьэзимщ, си бгъуэгущталъэ зыгуэр и пащIэ имыгъухьами, нысащIэр къыщIэзмыгъэгугъа мыщафэр къыхуесшэхауэ щытамэ, тхьэ щытамэ. Фи фIэщ мыхъумэ, мес, феупщI. Ей, псэр IэфIщ, я нэхъ хуэмыху къыпфIэщIыми, зэкъуэхуа щыхъукIэ, къару къыхелъхьэмэ. Бетэмал, си гуащIэ дэкIыу зы мазэ закъуэ нэхъ мыхъуми, е шыхъуэ пщыIэ, сэ сщIэ мыгъуэрэ, Iэбгъэ уэтэрми здэнтэкIэ тхьэ соIуэ, Шыгъэпщ е Къущхьэхъу сыщыIакIэщэрэт. Сытым хуэдэу цIыхур щыбауэрэ абы, мырамысэ бэлагъыщхьэрэ шху фалъэрэ иIэмэ, махуэ псом мэжалIэркъым, лIэун. Уэлэхьи, узи къемыуалIэ, гъэщIэгъуэнкъэ ар? Хьэмэрэ пщыхьэщхьэ щыхъукIэ, мафIэм къетIысэкIауэ тарыхъ, хъыбар щыжаIэкIэ, уэлэхьи, уэр дыдэр нарт уохъури, щхьибл зыфIэт иныжьыр пхухэгуэн пфIощIым.

НтIэ, зи гугъу сщIы гъэм мэкъуауэхэм я Iуэхум хэшытIа сыхъужауэ, Шыгъэпщ сыщыIэт, мэкъу сеуэм, Iэнэ сщтэуэ. Апхуэдэу тхьэмахуитI-щы кIуауэ, «си щыгъын зэсхъуэкIынщ, сабийхэм тIэкIу сакIэлъыплъынщ» жиIэу ехыжа ди учетчик хуэдэр къыдэкIыжащ, пIитIани къуажэ хъыбари къытхуздишэри. Сэри хъыбар зэIумыбз къысхуихьащ. «СщIэIым зыхуеяр, ТIорэ, фи деж пэлнэмочэр къыIукIыжу слъэгъуащ. Сыт жысIэу сеупщIынт, Iэу? Ауэ, уэлэхьи, уэри уощIэ, Залымхъаныжьым фIыкIэ куэбжэ Iуимых». Уигу фIы щыщIэнт? Си псэр занщIэу КIапэдыгъухэ я пхъум щIригъэлъыкIа джыдэм жащ. Сыт хуэдизрэ хэзмыгъэзыхьами, уэлэхьи, учетчикым псалъэ къысхупымыха. Пшапэ зэхэуэгъуэ хъуат, арщхьэкIэ, сигу къыпылъэдамэ, жэщ щхьэкIэ къызэрызгъэнэн щыIэтэкъым, сыкъехыжу, мэкъуауэхэр пщыIэм щытекI пщэдджыжь пэнцIывым си лъэр къызэрысхусыжым псори есэжат – къыумыхусыжу хъурэт? Зэманыр ткIийт, прэгул пщIамэ, укърагъэплъын жыхуэпIэр хэлът. Учетчикым къызжиIам и ужькIэ, сэ сызыубыдын щыIэтэкъым. Си бгыр щIэскъузэри, шхуэIур субыдащ. Шыгъэпщ укъехыжыныр гугъукъым – къыпхущIэрыIэм хуэдэу, уэлэхьи, улъэпэрапэу укърехьэхым егъэзыхыгъуэм. ШыплIэм удэщатэу ушэсынт, дызэбгъурыту дыкъехыжащ, IэхъупIэ банэм дыкъэсыху. ИтIанэ шы цIахуцIэм зездзри, шхуэIур хуит хуэсщIащ, зэран ухуэмыхъумэ, шым гъуэгур къегъуэтыж.

ЖэщыбгыфI хъуауэ куэбжэпэм сыIухьэжащ. ЩхьэгъубжэIупIэхэр и напIэ зэтедзауэ си унэжь тIэкIур щытщ кIыфIрэ кIыфIу. «Хэт ар!» щтэIэщтаблэу къоIу гъунэгъу диIамэ, къигъэушын хуэдэу бжэм сыщытеуIуэкIэ. «Сэращ, Iух». «Алыхь, Iузмыхыну!» – сыкъицIыхужа хуэдэкъым. «ЩIыIуумыхынур сыт?» – жызори си макъым нэхъри зызогъэIэт. «Ар уэра?» Хьэлъкъ бжэр дазэ мэхъу. Сыплъапэмэ, а уэ пщIэ уэщыжьыр IэщIэлъщ. «Делэ ухъуа?» Зызогъэхьэнэкхъуэнэ, дамэкIэ бжэр

Ӏузохри сыщӀохьэж, аршхьэкӀэ уэщыр и бгъэм щӀэкъузауэ зэриӀыгъщи, соӀэбэри къыӀэщӀызохым, уэлэхьи. Фыз шынам удэджэгурэ? Абдем сеплъмэ, и нэпситӀыр къелъэлъэхыу магъ. СеупщӀыху, седэхэщӀэху, тхьэ сӀуэнщи, нэхъри зыкъызэщӀещӀэм, тезгъэуным и пӀэкӀэ гъыныр нэхъри къыщохьэм, зэщыджэу, и дзэхэр зэтеуэу нэпсыр щӀегъэкӀым, псалъэ къысхужьэдэмыкӀыу. МащӀэрэ дита апхуэдэу утыкум. Сытми зэ теужри… КӀэщӀу жысӀэмэ, махуэ гуэрым Хьэшыму плъагъур къыӀухьащ, жи, уи жэщгъуэлъыр нышхьэбэ утӀыпщыж, ныжэбэ Ӏэуэлъауэ сщӀыуэ куэдрэ сынытумыгъэуӀуэу бжэр ныӀух, жери. Фызыр, мы хьэдэгъуэдахэ къызупэсар сыт, жиӀэу къилъа щхьэкӀэ, къемыдаӀуэу, зебыршэу дэкӀыжащ, жи. Арати, фызри си шыпхъу нэхъыщӀэ цӀыкӀу и жэщгъуэлъри мыжейуэ щысурэ, жэщыр хэкӀуэтауэ, Хьэшым къыӀухьащи, «тӀыркъэ, тӀыркъэ» жоуэ зэм щхьэгъубжэӀупӀэм, зэм бжэм къытоуӀуэ, и гъумэтӀымэр зэхах. Сабийм и гущэ тепӀэнщӀэлъыныр ижьыщӀыну хьэкум тет псы пэгун къэкъуалъэр къыщытрихым «шокъу» жоуэ хуэзати, и гум алыхьым кърилъхьагъэнт, бжэӀулъэр кърягъэжщ, бжэр ӀуигъэузэщӀыкӀри, уэлэхьи, псы пэгун къэкъуалъэр «щыщ-щ» жоуэ къыщӀекӀыкӀым, нэхъ псынщӀэжуи бжэр иредзылӀэжым, Хьэшым зилӀэжу бжэӀупэм къыӀуенэри. КъыӀэщӀэщӀар къыщыгурыӀуэжар бригадирыр зилӀэжу пщӀантӀэм дэкӀыжа нэужьщ. Къуажэ унафэщӀ ар епщӀэныр мыбдеж щылътэкъым – уи унагъуэбжэр ӀэщӀыбкӀэ хуугъэщӀыжынут.

Уэлэхьи, пщэдджыжьым пэлнэмочэр къэкӀуам «нэрад къэзытыну къэкӀуам епщӀар лӀо?» Уэлэхьир алыхьым и цӀэщ, КӀапэдыгъухэ я пхъур сэ згъэӀуща фӀэкӀа умыщӀэнт – зэмыщхьитӀ зэрихьэлӀэркъым, жи. «Сыт къэхъуар, Залымхъан?» – и напӀэ мыхуалэу йоупщӀым. «Нэрад къозытыну къыдыхьам псывэ къепкӀыхащ», зигъэткӀиинтэкъэ пэлнэмочэм. «Дыгъуэпшыхь сабийм сыхуэжьыщӀати, сыкъыщӀэкӀын сышынэри жьыщӀэпсыр бжэщхьэӀум ситу къыщӀэскӀыкӀащ, Залымхъан, жи, сэ мыгъуэ дэнэ щысщӀэнт жэщыбгым бжэӀупэм ӀутыӀауэ? Ан-на, жэщыбгым хэт нэрад зытыр, нэху щыжынутэкъэ?» КъыщыхигъэзыхькӀэ, икӀуэтыжыпӀэ иӀэжтэкъыми: «Уа, Залымхъан, жэщ нэрад зриту есам деж ирекӀуэ а зи гугъу пщӀыр. Сэ цӀыхухъу къысщхьэщытщ. ЛӀым и напэ тезыхым сахремыгъэгъуащэ. – ИтӀанэ: – Хьэуэ, хьэуэ, къыӀухьауи слъэгъуакъым, си жьыщӀэпс лъэӀэсауи сщӀэӀым». «Ара узытемыкӀынур?» «Азалыхь арамэ». «НытӀэ, утемыкӀ. Тхьэ соӀуэ лӀыгъэ къыпкъуэкӀамэ, нысащӀэ», – жиӀэри пэлнэмочэр дэкӀыжащ, жи, афӀэкӀаи къытригъэзакъым, ауэ абы иужькӀэ Хьэшым ди уэрам къыдыхьэжакъым, нэгъуэщӀ бригадэ ягъэкӀуащ, ауэ и фызым КӀапэдыгъухэ я пхъум къыхуиӀуэхуащ: «СоукӀытэ армыхъумэ, си лӀыр зыгъэвэпхъа уэ фыз цӀыкӀум сынэкӀуэнти ӀэплӀэ пхуэсщӀынт» жиӀэри. И гущхьэр уэтэпс ищӀагъэнт… ИщӀамэ, уэлэхьи, цӀэ лей дэгъуэ къыхуигъуэтамэ.

Ахэм фызым сригъэдэӀуа нэужь мащӀэу зызгъэпсэхущ, тӀэкӀу сызэӀурыури сышэсыжащ сигу къыхэмыщтыкӀыжу – нэ-

хущым пщыӀэм сытехьэжын хуейт. И фыз и гупэм хэжеящ, жезгъэӀэнт, пӀэ щӀыжамкӀэ сенэцӀэкӀыурэ шым сышэсыжащ. АрщхьэкӀэ, ӀэхъупӀэ банэр къызэзнэкӀыу джабэм сыкӀэрыхьа нэужь семыпсыхыжу хъуркъым – сыкъыщехыжым шыплӀэм сыдэхуэмэ, иджы сыпощэтри шхуэм сопхъуэ, сыщепхъуэкӀэ, и жьэр щӀыуигъэтхъын, шым и щхьэр иредзэкӀри къоувыӀэ, лъэдакъэкӀэ сыщеуэкӀэ нейуэ къысхуоплъэкӀ, армыгъуэ, моуэ хуиту сынэдзэкъащэрэт» жиӀэм ещхьу, шхуэӀур, хуит щысщӀыжкӀэ, уэлэхьи, лъэпӀастхъэу йолъмэ. Апхуэдэххэурэ дыдокӀ, фэху хуэдэ дихьэмэ, шым и тхьэкӀумитӀ зэхуакум сыдэплъмэ, уэгум ис вагъуэр слъагъуу. Щымыхъум сопсых, си къэлътмакъ тӀэкӀу хуэдэм си шырыкъуитӀыр изолъхьэ. КӀапэдыгъухэ я пхъум схуида хъыдан вакъэр лъызотӀагъэ, къэлътмакъыр шыплӀэм тызопхэ, шхуэӀур къыжьэдызох абыжми, уэлэхьи, шыкӀэр соубыдри – перод! АрщхьэкӀэ гъуэгумыгъуэ емыжьэн фызым вакъэ лъэгур цыр щӀыбу щӀидауэ къыщӀокӀри сымышэсыжу хъуркъым – мывэ джейм лъэрыжэу телъэтырт вакъитӀыр. Сытми апхуэдэу зыкъом къэткӀуауэ шым и тхьэкӀумэхэр аргуэру зэблигъэплъу, хъущу щӀедзэ. Мис иджы угузэвэнумэ къеблагъэ – зыщышынэ гуэрым и мэ къызэрыщӀихьар шы и пӀалъэ зыщӀэ ТӀорэ къыгурыӀуэнтэкъэ? АрщхьэкӀэ, немыхьэнэ, сибг ищӀа сэжьеймрэ чынутӀымрэ фӀэкӀа Ӏэщэ жыхуаӀэ сӀэщӀэлъкъым. Алыхьым ещӀэ си гум шынэ къихьа, мэзым сыщӀэплъэмэ, уэлэхьи, цӀу гуэрхэр къыхолыдыкӀри, дыгъужьынэ фӀэкӀа сымыщӀэ. Ари мащӀэфащӀэ фи гугъэ? ЛъэныкъуитӀым дэнэ зызмыгъазэмэ, зэм нэхъ нур зэми нэхъ фагъуэ хъууэ нэхугъэ ӀэпапӀэ цӀыкӀухэр къыщоблэ. Хьэм яшхыжын шыжьми и щхьэр еутхыпщӀ, мэпырхъ, асыхьэтыпцӀэм, уэлэхьи, мэзым къыхолъри дыгъужь зэрамыщӀэж гуэрым зыкъедзым, Ӏэрыхуэ сыхуохъури чнутӀымкӀэ жьгъуатх жиӀэу соуэ. Хьэм хуэдэу пщӀэууэ дыгъужьыр мэзым щыхэпкӀэжкӀэ сигу нэхъ къызэрыгъуэтыжауэ чнутӀыр согъэкӀэрахъуэ, сытми щыми плӀыми сщӀэркъым къыдэжар. Уэлэхьи, шыри и псэм тегужьеикӀащи, пхэ лъакъуэмкӀэ зэпхоукӀым, дзэкӀэ мапхъуэм, тхьэ сӀуэни дыгъужьхэми даутӀыпщыну я пщӀыхьэпӀэ къыхэмыхуэ! Сытми, дызэзауэ, дызэрыфыщӀурэ дыкъыхагъэзыхьыпэ щыхъум, моуэ жыг къудамэ лъахъшэ къэслъагъури сыпхъуэщ абыи, уэлэхьи, зызодзым, зыкӀэрызощӀэм, шым лъэдакъэкӀэ сыхукӀэщӀоуэри. Шыр хуит щыхъум пхэ лъакъуэмкӀэ зэпхыукӀыу, зы дыгъужь ӀуипӀэри хьэмкӀэу зричащ. Ей, си тхьэмыщкӀэжь мыгъуэ, уэлэхьэ, уэ дыгъужь быным уаӀэщӀэмыкӀын, жысӀэу жыг щхьэкӀэм сыфӀэтӀысхьэри, сыкӀэкуакуэу нэху щыху сытесащ сыкъехын езмыкуу. Сыкъеплъыхмэ, шы лъабжьэм къыщӀидзыжа дыгъужьри щылъщ, зэзэмызэ зигъэхъей хуэдэ къысфӀэщӀми, а зэрыукъуэдияуэ. Ауэрэ нэху къэщщ абыжми жыгым сыкъепщыхыжащ, сэ щӀэлъыкӀар Ӏэ ижьымкӀэ сӀыгъыу. Дыгъужьым сыбгъэдыхьэмэ, дыгъужьтэкъым – дыгъужь хъуа унэхьэт. А зэман шэджэладжэм хьэ хьэулей куэд губгъуэм итащ, къахуэзэм зрадзу,

пщIантIэхэм дыхьэурэ къаIэрыхьэр – иремэл иреджэд – къыдахыу, Iэщышхуэм дэнэ къэна цIыхум иракуу. Дыгъужьым нэхърэ нэхъ шынагъуэт цIыху и пIалъэ зыщIэ хьэ хьэулейхэр, абы я мэ мэлыхъуэхьэ дыдэхэм къаубыдыфыртэкъым.

Баш кIэмщхьэмыжьыфI зэзгъэпэщри джабэм сыкIэрыхьэжащ, си шыжь тхьэмыщкIэм и хьэдэкъупщхьэм дэнэ дей сыщыхуэзэну пIэрэ жысIэу. Арщхьэкlэ шы шхахуэм и пIэкIэ си къэлътмакъыжь тIэкIур гъуэгум телъу къэзгъуэтыжащ. ТIэкIу адэкIэ сыкIуэмэ нахъутэри щылът. Алыхьым ещIэ къызэрыпщIэхэхуар…

Дыгъэр моуэ-щэ зэкIэ уэсэпсым пэмылъэщыфын хуэдэу къыдэкIуеяуэ мэз пщэдыкъым сыдыхьэжащ гузэвэгъуэмрэ джабэ задэмрэ си лъэр щIахауэ. ПщыIэри жыжьэжтэкъым. Абдейм сетIысэхри, тIэкIу сыщысащ си лъакъуэдыгъуитI хуэш къыхыхьам ещхьу щIэкIызызыкIым адэкIэ самыхьу. Сыгуващи сыгуващ, азалыхьым сыкъихъумащ, шыкурыр ейщ, жысIэу сегупсысащ. Куэдрэ сыщыса? СщIэжыркъым, ауэ си Iур щигъущыкIыпэм псынэ щIыIэ цIыкIу Iэгъуэблагъэм зэрыщыIэр сщIэрти, абыкIэ згъэзащ, хъуржыныр ауэ къэзгъанэри. Башыр зыщIэзгъакъуэурэ къуэ сэрэшым сыдыхьэрэ пэт къыздикIар сымылъэгъуауэ си пащхьэ мыщэ шыр цIыкIу къихутащ и нэ зэв цIыкIухэмкIэ къысхудэплъейуэ. Сыкъызэрелам сыкъигъэгумэщIарэ сакъ жыхуаIэр сымыщIэжу соIэбэ акъуш цIыкIум сытелъэщIыхьыну, ауэ си Iэр мыщэц щабэм лъэIэсаи-лъэмыIэсаи жоуэ си щIыбагъымкIэ си псэр зыгъэкIыщта гъуагъуэ макъ шынагъуэ къыщыIуащ. Мы си щхьэфэм цы тетамэ, уэлэхьи, си упщIэ пыIэр къаIэтынтэм, апхуэдизу сыкъэщтати. Сэ сщIэртэкъэ ар зи макъыр? Зи шырым тегужьеикIа мыщэ анэм узижагъуэри тхьэм пэщIимыгъахуэкIэ. Арати, зыкъэзгъазэмэ, мыщэ бэлацэжьыр уэсукхъуэм хуэдэу къуаци чыци къыфIэмыIуэхуу къоукIурий нэр темыпыIэу. Насыпыжьыр сиIэти, зыкъэзгъазэри си хьэджэсэр къиспхъуэтащ, баш кIэмщхьэм сIэщIэлъри къэзгъэIэгъуащ. Абдежым мыщэри къэсри кIэбдз лъакъуитIымкIэ зыкъеIэтым, уэлэхьи, къызжьэхопщхьэмэ, бамейр къызыжьэдих, хьэдзэ папцIэ гъуэжьхэр къызыIупс и жьэр ущIауэ. Си башыр согъэкIэрахъуэ, щIыбагъкIэ сокIуэт, мыщэм нэхъ псынщIэ зещI. Гъунэгъу къыщысхуэхъупэм башыр и жьэм жьэдэсхуэн си гугъэу сшият, арщхьэкIэ лъэбыцэжьым башыр хыфIихуэщ абыжми къапхъуэри лъэбжьанэкIэ си натIафэр кърибзыхащ, лъыкъуалэр къежэхрэ си нэм къыщIэлъадэу. Насыпыр алыхьым къызитати, а уахътым акъуш цIыкIур къыкъуэхури мыщэ лъабжьэм къыкIэщIэзэрыхьащ. Сытми, абы мыщэр тIэкIу къыщызэтригъэувыIэм джанэ IэщхьэмкIэ лъыр еслъэщIэкIри сэр Iэ ижьым естащ. АрщхьэкIэ мобы куэдрэ зиIэжьэнт – и шырыр Iуидзри аргуэру зыкъызидзащ, зэрыхъуар сымыщIэу, уэлэхьи, и IэплIэм сыкъихутамэ. ГуIэгъуэр къылъыса нэужь зы лIыр лIибгъу мэхъу; жи. НэгъуэщI сыт къысхуэнэрэт – зэрыслъэкIкIэ зысшэщIри хьэджэсэр мыщэм и кIуэцIым хэсхуащ, и плIэ лъакъуэ сызыIыгъхэр нэхъ къыщытIасхъэм тхьэ соIуэ сэр и гущхьэм хэсхуакIэ. ИтIанэ и IэплIэм сыкъи-

кIэрэхъукIыжри жэрыгъэкIэ пэртыкъ хуэдэм сыдэжейри сыкъэувыжащ ищIэнум сеплъу. Ей, си къуэш, мыщэр ерыщщ, ар уIэгъэ пщIамэ къэзыгъэувыIэн щыIэкъым, джалэу лIэмэ сщIэркъым армыхъумэ – лъыр къежэх щхьэкIэ къэмыувыIэу абы си ужьыр къеху, джабэ цIыкIум къыщыскIэ мэлъэпэрапэ, мэджалэ, къыщопщыжри си дежкIэ зыкъедз. Зыкъидзми, солъагъу абы ихьыжын зэрыщымыIэр – и уIэгъэм лъыр къреутхыкI, мыщэ шырри и ужьым икIыркъым, сэри лъэданэ синауэ сыщытщ. Сыт хуэдиз зэман дэкIами сщIэркъым, сытми мыщэр, хэIубауэ джалэри, къэтэджыжыну къеIэжакъым. Зэи сигу къыпылъэдат сехыу сепыджыну, арщхьэкIэ ескуакъым, – псэр IэфIщ, си къуэш.

Мыщэр зэрылIар хьэкъ сщыхъуа нэужьщ си Iэпкълъэпкъыр щыщIэлIари, къару збгъэдэмылъыжу сыщетIысэхари. АпхуэдизкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтекIати, тхьэ сIуэнщ, псэууэ сыкъызэрелам сызэрыщыгуфIыкIын къару симыIэжт. Ауэ мыщэ лIам игъащIэкIэ убгъэдэсынт, си къэлътмакъри къысхуэмыщтэжу пщыIэмкIэ сежьэжащ, фызым схуида хъыдан вакъэм язри щызгъэкIуэдауэ.

Сыкъэсыжмэ, си шыжь зи блатхьи, зи джаби, пхэщIыщхьи лъым зэщIицIэлар, си лэжьэгъухэм къаухъуреихьащи зыгуэр жаIэ, я Iэр ящI, я щхьэр ягъэсыс – си гугъу ящI хъунт. Хьэм пщичын щыгъын сщымыгъыжу жыхуаIэм хуэдэу мыщэ лъэбжьанэм сызэхифыщIауэ сащыхыхьэжым къызэжэнтэкъэ? Си ныбжьэгъухэм сащыIуплъэм си гур къызэфIонэри макъкIэ сыгъыу пщыIэ бжэIупэм сыщетIысэхащ. Абы щыгъуэ фIэкIа ТIорэ гъыуэ цIыхум щалъэгъуа, уэлэхьи, билэхьи, талэхьи къэмыхъуа, си къуэш. Ауэ а игъащIэм къэзмыгъар а уахътым иризмыгъэкъужамэ, тхьэгъэпцIкIэ хэт хуейми къызреджэ. Сигу пэщыху сыгъащ, итIанэ пщыIэм сыщIашэжри, зыкIи къызэмыупщIу, сагъэгъуэлъыжри мэжалIэм сыкъызэщигъэуху сагъэжеямэ, уэлэхьи. Мыщафэр трахщ, шыгъу траудэри, зыхуей хуагъэзауэ етIуанэ махуэм учетчикым къуажэм сыкъришэхыжащ, дохутыр зэгъэIэзэ, уIэгъэм уримыджэгу, жери. Арат си нэжьитIыр къызыхуикIыххэр. Залымхъаныжьым зэхищIыхьынур хэт зыщIэр? Хьэшым и Iыхьлым пхэкIэ дэ якъутэрт. Дохутыр зэзгъэплъын хуейтэкъэ? Уэлэхьи, гъэмахуэ цIывыгъуэт, хьэпIацIэ ирищIэныр бетэмалтэмэ. Хэт? КIуци? Хьэуэ, си къуэш, Iэзэ къыщIызэIэзэни дыуэ-дыуэпс щIызрахьэлIи спкъырыттэкъым, ауэ КIапэдыкъухэ я пхъум КIуцэ и дыуэр си щыгъыным дидат, сымыщIэххэу дыуэпс сыщригъэфаи къэхъуагъэнмэ. Ар нэхъ иужькIэ, нэхъ иужькIэ. Аращ, си къуэш, уигъэшына жыпIэу цIыхухъум уемыщ. Уэлэхьи, лIыр зи гупэм хэлъ фызым щыщышыни щыIэм. Дыуэпсыр-пIа? Ди дыуэпс кIуэдакъым, щIалэфI, мыдэ мы къущхьэ аркъэр къигъахъуэ, лэкъумыр дгъэупщIыIужащ. КIуцэ и дыуэ-дыуэпсыр зэсхьэлIэн хуей щIэхъуар нэгъуэщIщ. Ар нэхъ иужькIэ нывжесIэжынщ, мы цырибоным дефэрэ ди пхэр дэгъэзеяуэ дримыщIыкIмэ.

МЭКЪУАУЭ Амир

# НЭГЪУЭЩІ УАФЭ

*Повесть*



Илъэс Іэджи щІауэ зэрихьэлу, Лиуан пщэдджыжьым сыхьэтитхум къэтэджщ, фокІэ зэхэщІа псы стэкан ирифщ, мыпІащІэурэ зихуапэри, щІэкІащ. Бжэщхьэlу дэкІуеипІэм зэрытехьэу, зрилъэгъуэжащ жьы хъуарэ къамыгъэсэбэпыжу гуэщым щІагъэувэжа шкафым хэлъ гъуджэм. Сыт ар зэплъыжыну апхуэдизу щІыхуейр? Сыт и теплъэм къыхилъагъукІыжыну цІыхухъур гъуджэм зэрыщыгугъыр? Илъэс къытехьэлъэхэм лъэрымыхьыгъэр къагъэІэгъуауэ гурыщхъуэ къиихьу, ари гурыщхъуэпцІу и фІэщ ищІыжыну хуейуэ ара? Ауэ, набдзэгубдзаплъэу уеплъмэ, и нэкІум телъ зэлъахэр зи Іэужьыр жыгъэракъым, атІэ дыгъэмрэ лэжьыгъэ хьэлъэмрэщ. АрщхьэкІэ, мис, и щхьэцыр фІыуэ икІащ. Ауэ, гъэщІэгъуэну, лэжьыгъэм иджыри къыздэсым гукъыдэжышхуэ хуиІэщ, Іуэхуншэу щысыфынукъым. ИкІи, языныкъуэхэм яплъытмэ, узыншэжьщ. АтІэ, нэгъуэщІ гуэр гъуджэм кърилъагъукІыну зыхуейр: и гъащІэр тэмэму имыухуагъэну пІэрэ?

ГъащІэм зыщІытригъэгусэн щхьэусыгъуи иІэ хуэдэкъым: ипхъу нэхъыщІэр дэкІуауэ унагъуэ хъарзынэ исщ, нэхъыжьри, и унагъуэр щІыгъуу, къалащхьэм дэсщ, мэлажьэ, мыІейуи къелэжь, пхъурылъху тІурытІ къыхуалъхуащ ипхъухэм, къуэи иІэщ, я нэхъыщІэ дыдэу, иджыпсту абы и къэжэпхъыгъуэщи, утеплъэкъукІынкІэ Іэмал зимыІэщ, ауэ и акъыл зэрыубыдмэ, ари зыгуэр хъунщ, Алыхьым жиІэмэ. Ямылей хэлъкъым и псэукІэм – псори адрейхэми хуэдэщ. АтІэми, зыгуэрым егъэгукъыдэжыншэ, цІыху насыпыфІэм и Іэпэгъупхъэ гурыфІыгъуэм щыщ лъэпкъи имыІэу. Абы ныбжь хъарзынэ иІэщ, адэкІэ узыфэхэм нэхъ къэІэгъуэу щІадзэнущ, иужькІэ ухыгъэри къэсынущ, сыт хуэдизу зумыгъэбыдэми. И гъащІэ псом, зэрыжаІэщи, щхьэкъэІэт имыІэу лэжьащ, зы бэлыхьлажьэ гуэрхэми щІэхъуэпсакъым. Аращ атІэ, езым и закъуэкъым ар зи натІэр. Ауэ и щхьэгъусэмрэ езымрэ я зэхущытыкІэр япэрейм хуэдэжкъым. Зы меданкІэ и щхьэм къищхьэрыуащ щхьэгъусэр щІымыгъужми зыхимыщІэщэнкІэ зэрыхъуунур. КъызэрыщІэкІымкІэ, апхуэдиз къызэдагъэщІам и гур зыкІи абы кІэрыпщІакъым. Сабийм якІэрыщІарэ лІыр гулъытэншэу къигъанэ зэпытурэ екІуэкІащ. Иужьрей зэманхэм Лиуани и нэм нэхъ къыІуидзэрейщ абы и щхьэц дахэ-дахэу мыжьамрэ и халат текІыжамрэ. Бзылъхугъэм лІыр игъэкъуаншэрт къалэдэс хъыджэбз зэкІужым гъумыщІэу зэгуэкІыкІа

унэгуащэ къызэрыгуэкI къызэрыхищIыкIамкIэ, ауэ, езыми фызыр игъэкъуаншэрт зыкIэлъымыплъыжурэ и цIыхухъу гъащIэр зыгъэдахэ зыхэщIэхэр зэрыфIигъэкIуэдамкIэ. Куэдрэ зэщыхьэ я мыхабзэми, я зэхущытыкIэр зэрыхуейуэ зэрымыхъум къарит гукъанэр тIуми къафIыдрихьейрт.

Иужьрей зэманым а гупсысэхэр Лиуан и щхьэм нэхъ къищхьэрыуэрейт, абыхэм я зэманыр къэса хуэдэ, ауэ дауэ запыIуумыдзми, абыхэм уазэрыблэкIыфын Iэмал щыIэкъым. Гупсысэ мыфэмыцхэмкIэ лэжьыгъэм тезыгъэщхьэрыукI, Iэщ плIыщI зытет и фермэр зыхуей хуэгъэзэным гупсэхуу бгъэдэзымыгъэт шкафыжьыр пщэдей нэхъ фIэмыкIыу дишу хыфIидзэну триухуащ.

ПлIаплIэу хьэуам хэгъуэлъхьауэ зимыгъэхъейуэ хэлът пшагъуэ Iувыр, ар гурымыхьу къепэщэщырт Лиуан и пащIэмрэ махуитI хъуауэ имыупса и жьакIэ пхъашэмрэ. Абы къыфIэщIащ а пшагъуэр хуэпсыIэ-псыIэу езыми къыпкърыхьэу. БэнакIуэу щыщыта лъандэрэ хьэл зэрыхуэхъуауэ, нэхъ къэжыджэрын мурадкIэ, Лиуан и тхьэкIумэхэмрэ и нэкIумрэ быдэу иIуэтри куэбжэмкIэ иунэтIащ, машинэр дихун папщIэ Iуихыну. Ауэ, сэмэгу лъэныкъуэр къызэрыIуихыу, къилъэгъуащ зи дамэхэр гъущI IунэкIэ куэбжэм кIэрыукIауэ къелэлэх я адакъэ плъыжьыр. Сыджышхуэр зи бгъэгум къытеджэлэжа адакъэм и бзэгу диижар къыжьэдэлэлырт, и нэ сэмэгум лъы IэпапIэр кIэрыгъуэжат, зигъэпщу пщIантIэр къызэрызэхикIухьу щыта и лъакъуитIыр гуэлэлырт. ГущIэгъуншэу яукIа адакъэм къигъэуIэбжьащ лIыр. Мы унагъуэм игурэ и щхьэрэ зэрызэтелъым, ар хъарзынэу зэрыпсэум и нэщэнэ пэлъытэу адакъэр ябжырти, иджы, мис, яукIри куэбжэм къыкIэраукIэжащ. Унагъуэр зейр ягъэшынэну арагъэнщ. Ауэ сыт щхьэкIэ?

ГъущI Iунэ улъияхэр зыгуэрурэ къыхитхъщ, адакъэр къыкIэрихыжри, Лиуан куэбжэр хуищIыжащ. Лъэбакъуэ къэс и къарур дэкIуэщIурэ, ар гуэщым щIыхьащ, мыIэрысэ зытIущ фIэкI зэрымылъыж ашыкыр щхьэпридзри, шкафым етIысылIащ. Гум ежэгъулIэ кIыргъ зэрышхкIэ къызэIукIа шкафыбжэм хэлъ гъуджэм Лиуан бгъукIэ къищащ. Iэ ижьымкIэ абы иIыгът и лъэгуажьэм трилъхьа адакъэр. СэмэгумкIэ, езыми гу лъимытэжурэ, быдэу икъузырт гъущI Iунэ улъияхэр, абыхэм Iэгур, улъия пэлъытэу, морафэу кърaIат. ГъуджэмкIэ зигъазэри, щыму куэдрэ зэпиплъыхьащ и нэкIур. Сыт хуэдизкIэ зэмыщхьыжми, гъуджэм къищыр хамэ гуэру къыщыхьуащ. И пэ мащIэу хуэкъуаншэр, и щхьэгъусэми зэгуэр зэрыжиIауэ, гуакIуащэкъым икIи иныIуэщ, и плъэкIэ нэщхъейм гупсысэ гуэри хэлъкъым, сахуэ гъуэжь зытеудауэ къыпфIэщI нэхужьыбэхэм къыуагъащIэ и Iэпкълъэпкъыр зэрымыузыншэр. Набдзэгубдзаплъэу зэпиплъыхьа и пащIэри дыхьэшхэну къыщыхъужащ. Апхуэдиз зэман лъандэрэ, илъэс плIыщIым щIигъуауэ, ар щIытригъэтри гурыIуэгъуэкъым. МахуитI-щыкIэ зимыупсу хьэл къищтащи, ари щIагъуэкъым.

Мы къэхъуамкIэ игъэкъуаншэу и гупсысэр япэу зыхуэжар, дауи, мэзхъумэрщ. Мэз лъапэм деж щылъ мэкъупIэр яхузэрымыгъэгуэшурэ, а тIум яку дэлъ ныкъуакъуэр иужьрей махуэхэм зэщIэплъэпащ. МэкъупIэр бэджэнду къызэрищтамкIэ тхылъ псо-

ри Лиуан иIэщ. Ауэ нэхъапэIуэкIэ а мэкъупIэр зыIыгъа мэзхъумэр щIыр щIэрыщIэу гуэшыным теухуауэ къуажэ администрацэм ищIа унафэмкIэ арэзыкъыми, япэми зэриIыгъам хуэдэу, мэкъупIэр иIыгъщ. АрщхьэкIэ бэджэндыпщIэр итын идэркъым. Щхьэусыгъуэу къигъэуври мэзри абы пэгъунэгъу мэкъупIэри зэгуэрым езым и лъэпкъым яйуэ зэрыщытарщ. Ауэ ар Iуэхум къыхилъытэну зыри хуейкъым.

АтIэ, мэзхъумэра?.. Хьэуэ, арагъэнукъым, Лиуан къыщымышынэу мэзхъумэр апхуэдэм тегушхуэфынукъым. Шынэкъэрабгъэщ. Тхьэусыхэм-гъынанэурэ уигъэбэмпIэн лъэкIынущ, ауэ зыщIэщтэжын гуэри илэжьыфынукъым.

Ауэ мис а дыгъуасэ танэ ящэхуну къэкIуаитIым сытри зэрахузэфIэкIынум шэч къытрихьэркъым. Танэ уасэр ираудыхын папщIэ, зэрызамыщIар укIуэдыж, пщIэншэ дыдэу зыIэрагъэхьэну хуейми ярейт. Щымыхъужым, Лиуан щIалитIым яхуэфэщэнярипэсри дихужащ. Езыхэми къэтIэсхъэн гугъэ яIэтэкъыми, хэгъэрейм и псалъэхэм нэхъ гуащIэжу къыпадзыжащ, ягъэшынэнуи хэтащ. ЩэхуакIуэкIи уеджэну къалэжьыртэкъым абыхэм, хъунщIакIуэкIэ мыхъумэ. Бэгъуащ апхуэдэхэр ди зэманым, нэгъуэщIым и пщIэнтIэпскIэ псэун зи нетхэр. АтIэ, а дыгъуасэрейхэм иджы хъыбар кърагъащIэу арауэ пIэрэ – апхуэдизу умысампIэимыхьэ, армыхъумэ... жыхуаIэу. Ахэрауэ пIэрэ? ЗанщIэуи и гур абыхэм я деж щхьэ мыжарэ?..

Зы илъэс зи ныбжь и мэлыхъуэхьэр къыбгъэдэлъадэри, адакъэ лIар зэпипэмыхьу къыбгъурыуващ. «Сыт, Щхъуэжь, щIэпхъаджащIэхэм гу ялъумытэххауэ ара ныжэбэ, укъыхэбэныкIакъыми? Дэнэ къикIауэ у-Щхъуэжь уэ абы и ужькIэ? КъызжеIэт, жэщкIэ укъыщIэзутIыпщыр уджэгуу къэбжыхьын щхьэкIэу уи гугъэ? НакIуэ, уеспхыжынщ, ущIалэщ уэ иджыри – сыт къыппысхын? – хьэгъуэр здит хадэмкIэ яунэтIащ тIуми. – Щыс иджы епхауэ, тIэкIу дэкIым унэгуащэм шхын къыпхущIихынщ. Ин ухъунуми ухъуащэрэт зэ, ахъумэ, сэбэпынагъ гуэри уимыIэу пщIэншэу узогъашхэ».

Щхъуэжь мазитI фIэкIа мыхъуа хьэпшыру Лиуан и къуэ Мурат къыщалъхуа махуэм къритауэ щытащ абы и ныбжьэгъу Тимошкэ.

И гупсысэхэм аргуэру ягъэзэжащ къуэм и деж. Сыти жыIэ, ухуей-ухуэмейми, ахэр зэпымыууэ щхьэм къищхьэрыуэжынущ. Иджыри къыздэсым къыгурыIуэркъым ар къызэрыхъуа щIыкIэр. Шэчыншэщ зэрыпхъэшэIуар. Къуэншауи къыщIэкIынщ. И къуэ закъуэм дапщэрэ жриIат еджэныр Iэпэдэгъэлэл ищIу, и цIыху хэтыкIэкIи, хьэл-щэнкIи къэзылъхуам яхуэмыфащэу, абы я напэ трихыу зэрыхуимыдэнур. Я лъэпкъым щхьэпси, нэмысынши хэтауэ ищIэжыркъым, атIэ зэтесхэу, укъэзымыгъэпцIэжынхэу, лэжьакIуэжьхэут ахэр къызэрацIыхур. И анэшымкIэ я лъым щыщ гуэри къыхыхьагъэнщи, апхуэдэр къызэрымыкIуэу хэгъэкъэбзыкIыжыгъуейщ. Хъунщ, уи адэм ещхьу Iэщым уакIэрыщIауэ удэтыну ухуейкъым, пщIантIэм зы башыпэ къыщыпIэтын гукъыдэжи уиIэкъым, зыцкIи усэбэпкъым, ауэ еджэ, а уи университетым щыптын хуей экзаменхэр тэмэму тыи, зыхуэбгъэфэщэж IэщIагъэ зэгъэгъуэт. Хьэуэ, аракъым зыхуейр. МашинэфI, макъамэ щхьэ-

гъэву, нэгузегъэужь мыфэмыцхэр – ахэращ и хъуэпсапIэр. АтIэми, щIалэ делэ хуэдэкъым, куэд хузэфIэкIынут. И ныбжьэгъухэри сыт хуэдэ? Къуажэми а здэщыIэ къалэми щипашэгъухэр щхьэхынэ, Iуэхуншэ защIэхэщ, я адэ-анэхэм ящыгугъэ, езыхэм баш къаIэтыну, сэбэп зыпылъ гуэри ялэжьыну хуэмейуэ.

И къуэр, пцIы зыхэмылъыращи, апхуэдэ дыдэкъым. ЗэрыжаIэщи, ищIэнур ещIэж. Ауэ еджэныр IэпэдэгъэлэлещIри, къакIэроху, атIэми, экзаменхэр хъарзынэу ет. Псори псынщIэу къепхъуэтэфри, адрейхэм хуэдэу еджэныр фIэзэшыгъуэщ. Аращ лекцэхэр куэдрэ блиутIыпщыкIынри, къыщIадзыжыным нэсауэ егъэджакIуэхэр игъэтхьэусыхэнри къызыхэкIыр. Хэт и егъэджакIуэ къыпхуэзыдэнур и лекцэхэр блэбутIыпщыкIыу?! Нэмыс лъэпкъ хэлъкъым и къуэм, нэхъыжьхэри илъытэркъым. И адэ дыдэри зэрилъытэр зэманми гъащIэми къакIэрыхуа, дунейм зыри хэзымыщIыкI лIыжь гуэрущ. Апхуэдэ дыдэуи къыжриIат зэгуэр, ауэ адэр хуейтэкъым апхуэдэ гушыIэр зыгуригъэIуэну. Дапщэрэ Лиуан хэта щIалэм и пагагъэмрэ щхьэзыфIэфIыгъэмрэ зыхригъэнэну. АтIэми, апхуэдэ псалъэмакъхэр зэриухыжыр зэфIэнэрэ хьэлэбэлыкърэт. Лиуан и унэм щызекIуэнур езым – унагъуэм и нэхъыжьым – щигъэув хабзэрщ. Апхуэдэ къэхъурэ: къуэм адэм жиIэр имыщIэу, уеблэмэ ауани къиищIу? Зымахуэ, хуэмышэчыжыхххэу къыфIыдрихуейри, Лиуан и къуэр дихуащ. «Сыпсэуху, уи лъапэ къыдумышие...» – текIиящ щIалэм. Къуэри, а псалъэхэм пэплъа хуэдэ, зыри жимыIэу дэкIащ. «Умыгузавэ, зыри къэмыхъуххa хуэдэу къигъэзэжынщ, – игъэудэIурт Лиуан пэцыр изыч фызыр. – И жыпым сом щимылъкIэ, езым зы щай къыщыхуэмылэжьынукIэ, къилэжьу щемысакIэ, сыт ищIэн?..»

Мазэ етIуанэр екIуэкIырт къуэр къызэремыкIуэлIэжрэ.

Унэшхуэм къыпыщIыхьа хьэщIэщ пэшым уэздыгъэр зэрыщыблэм Лиуан гу щылъитар пщIантIэм дыхьэжа нэужьщ. «Фызыр Iуэху иIэу щIыхьамэ, игъэункIыфIыжыну щыгъупщэжагъэнщ», – егупсысащ ар. Япэхэм щыгъуэ гу зылъимытэххэну щыта а Iуэхугъуэ мащIэм иджы къигъэуIэбжьащ. И гузавэр къызэщIэрыуэурэ, мыпIащIэу бжэщхьэIу лъахъшэм дэкIуейщ, Iэуэлъауэншэу сенэр къызэринэкIщ, уэздыгъэр щыблэ пэшым и бжэр Iуихри щIэплъащ. Щащыху теубгъуарэ зэфIэдиихьауэ, къуэр гъуэлъыпIэм ист.

– Мурат... си щIалэ... – жиIащ абы. Адэм и макъым упщIи къэуIэбжьыныгъи хэлътэкъым, ауэ щIимыуфэф дэрэжэгъуэ гуэр къыхэIукIырт: «Мис, си пащхьэм уисщ си щIалэр». ЩIигъужынуи хуеят: «УкъызэрыкIуэжар хъарзынэщ. Уэрэ сэрэ Iуэху ди куэдщ, пэжкъэ? Мы псори зейр уэращ, сэри сыщIэлажьэр уэращ, си щIалэ закъуэрщ. Сэ езыр зыри сыхуейкъым, уэ уи Iуэху тэмэм закъуэмэ», – жиIэу, арщхьэкIэ тегушхуакъым.

ЩIалэр щымт. И напIащхьэхэр къытебэгат, и нэхэр плъыржьэрт. Къуэр дзыхьмыщIрэ тIэкIуи гузавэу адэм и нэм къыщIэплъэрт. Нэхъыжьым апхуэдэу еплъ хабзэкъым. А плъэкIэр хуэмыхьу, Лиуан зригъэзэкIщ, къилъыхъуи щымыIэу, пэшыр къызэхиплъыхьщ, уэздыгъэр игъэункIыфIри, ауэ щыт шэнтым тетIысхьащ.

– Сыт къэхъуар, си щIалэ? – еупщIащ ар.

«Сытми, зыгуэр къэхъуащ», – къэгузэващ адэр занщIэу. Ар еплъырт щIалэм и дамащхьэ гъурхэм. «АбыкIэ сэ сэщхькъым, – егупсысащ Лиуан, – абы и ныбжьым сыщитам, хэщIыхьарэ Iэчлъэчу сыщытащ. Аращ бын кIасэ жыхуаIэри». ЩIалэм и шхулъэ ижьым хэс анэлым еплъащ, езым ейм хэсым хуэдабзэщ. «Силъ, си къупщхьэ, – и щхьэ хужиIэжащ адэм, – си гулъытэ ущызгъэщIэIуащ». БгъэдэтIысхьэнурэ и къуэм IэплIэ хуищIынут, ауэ иджыпсту абыхэм яку дэлъ зэхущытыкIэм ар зыкIи къезэгъыртэкъым, къищынэмыщIауэ, адэм и нэм хуиту щIэплъэну зи гугъэ щIалэм и плъэкIэми ар къызэтригъэувыIэрт. Мыбдежым къыщемызэгъыу щIалэр адэм къызэреплъ тегушхуэныгъэми Лиуан къэзыгъэгузавэ гуэр хэлът. Апхуэдэ плъэкIэ зиIэфынур зыри къызыфIэмыIуэхуж, сыт къыщыщIми зи зэхуэдэ цIыхурщ.

Къуэм зригъэзэкIащ, IупщIу зыри зымылъагъу и нэхэр щхьэгъубжэм адэкIэ къыщыт жыгхэм ящхьэпрыплъри, адэ жыжьэу зыгуэрым теплъызащ. Нэхулъэ къызэщIитхъым и нэхур фагъуэу къищырт щIалэм и нэм къекIуа нэпсым.

– Си кIуэдыжыгъуэр къэсащ, папэ, – жиIащ абы. А псалъэхэр къехьэлъэкIыпэу къызэрыжьэдэкIар и нэгу зэхэуам къиIуатэрт.

– Сыт а жыпIэр, си щIалэ? Сэ сыпсэууэ... – мазитI и пэкIэ жиIэгъар игу къэкIыжри, Лиуан и псалъэр хунэгъэсакъым. – Зыми ущымышынэ, си щIалэ. Псоми дапэлъэщынщ. – Иджы абы къыгурыIуащ адакъэ яукIамрэ и къуэр зыхэхуа гузэвэгъуэмрэ зэрызэпыщIар. «Iуэхукъым, – егупсысащ ар, – щIалэм делагъэ гуэр зэхищIыхьа хъунщи, зрагъэцIыхужыну мурад ящIагъэнщ и ныбжьэгъухэм. Хъыджэбз цIыкIу щхьэкIэу къыщIэкIынщ». А гупсысэм Лиуан и псэр тIэкIу нэхъ дэпсэхуащ.

– Ахэр псалъэ дыгъэл къудейщ, папэ. Сэ си Iуэхур зэIыхьэпащ. Сэ сыхэгъуэщыхьащ мы гъащIэм.

– Сыт къэхъуар, си щIалэ? А жыпIэхэр егъэлеящ. Илъэс пщыкIуийр сытым щыщ гъащIэу? А ныбжьым къриубыдэу уунэхъунуи ущыуэнуи ухущIыхьэнукъым. Дэ нэхъыжьхэм, гъащIэм хэзыщIыкIхэм, ди жыIэ уедаIуэмэ, ахэр бгъэзащIэмэ, Iей ухуэзэнукъым. Сэри уэ пхуэдэу сыщытащ. А хьэл дыдэр схэлъащ, сыжыIэмыдаIуэу. Уэщхьыркъабзэу, сэри си адэм сыкъытехьэлъэрт. Пэжщ, пэжщ. Сэ ар къызгурыIуэртэкъым, езыми сэ сыкъыгурыIуэртэкъым. Ауэ зэманым псори зэтес ищIыжащ.

– Сэ си Iуэхур зэтес хъужынукъым... Езыр-езыру хъужынукъым. Ахъшэ сыхуейщ, папэ... ахъшэ куэд.

Лиуан къэтэджри щхьэгъубжэм Iухьащ. Щхьэгъубжэм адэкIэ пшагъуэр зэкIэщIихужащи, жыг хадэм бзур еуэиригъэшхыу щызэрызохьэ. А псори и нэщэнэт махуэр хуабэрэ бзыгъэу зэрыщытынум. «Мис ар Iуэху къысхуэхъуащ», – егупсысащ ар. Ауэ къуэр къекIуэлIэжащи, абы и гур мащIэу фIы къыхуещIыж. Апхуэдиз зэманым ар щыхэтар дэнэ, ишхари сыт, дауэ зэрыпсэуар? Къалэм щыпсэу и шыпхъум жиIэм тепщIыхьмэ, абы и деж щыIакъым. Общежитми зыщигъэлъэгъуакъым, ауэ лекцэхэм щIэсащ – а псоми Лиуан щIэупщIакIэт. Пэжыр жыпIэнумэ, и анэми, и шыпхъуми пыщIэныгъэ гуэрхэр къахуиIащ, ауэ Лиуан къыщабзыщIащ: е къы-

щышынэхэрэт, е и псалъэхэм хущIрагъэгъуэжыну хуейт. Еплъыт абыхэм зэхащIыхьым.

Зэанэзэпхъум Лиуан игу къагъэкIыжащ, зэгуэр, и къуэр иджыри щIалэжь цIыкIуу, жэмыр зэрыкIуэдам щхьэкIэ, пщIантIэм дихуауэ зэрыщытар. Ауэ иджы, зэман кIэщIым къриубыдэу, сыт хуэдэ мыгъуагъэ мыбы къылъыкъуэкIар?

И щIыбыр къуэм къыхуэгъэзауэ Лиуан щхьэгъубжэм кIэрытт. ЩIалэр занщIэу и нэгум къимыплъэмэ, къыщыщIахэр нэхъ къиIуэтэфыну къыщыхъурт абы. Адэм и гупсысэхэм зыуэ зэхаухуанэрт адакъэр зэраукIари, дыгъуасэрей «щэхуакIуэхэри», езыри, и къуэри. IупщI щыхъуащ мы иужь зэманым къэхъуахэм я лъэужьыр къуэр пщIантIэм щыдихуа махуэм къызэрыщежьэр.

ЩIалэм къыхуиIуэтэжа хъыбар гууз кIэщIым ар щIэдэIуащ, икIи къилъытащ пудыныгъэ кърахауэ. Хэт псори зэхэзыщIыхьар? Район милицэм и унафэщIым и къуэмрэ абы и ныбжьэгъухэмрэщ. Абыхэм Мурат къыжраIащ ахъшэ кърагъэлэжьыну. ИщIэн хуейри мыхьэнэшхуэ зиIэ хьэпшып лъапIэр зыгуэрым хуишэу иритыжыну аркъудейт. Ауэ щыхъукIи, и лэжьыгъэм пэкIуэ уасэр занщIэу кърататщ. Апхуэдэ Iуэхухэр къезыхуэкI IэнатIэм и лэжьакIуэхэм щIалэр яубыдщ, хьэпшыпри трахри, Iуэхур хэIущIыIу мыхъу щIыкIэ зыкъищэхужыну къыхуагъэуващ – ящIэрт и адэм ахъшэ зэрыкъуэлъыр. Мис арат псори зыхуэкIуэжыр. Ахъшэ къыпаубыдым и бжыгъэр адэм мылъкуу иIэм и уасэм нызэрыхьэсырт. Уеблэмэ ари къабжат. ЗытращIыхьари мырагъэнущ: Iуэхур тутнакъым хуэкIуэмэ, ахъшэм зыри щысхьынукъым. Нэхъыщхьэр – илъэс пщыкIуий фIэкI мыхъуа къуэр къегъэлынырт.

Кърата ахъшэр зыхуэдизми хьэпшыпми ятеухуауэ къуэм еупщIакъым Лиуан. Илъагъуурт щIалэм жиIам нэхърэ нэхъыбэ мызыгъуэгукIэ къызэрыпхужьэдэмышынур – къуэр щыст, и нэпсыр ерагъкIэ зэтриIыгъэу. Лиуан жиIащ:

– УкъызэрыкIуэжар хъарзынэщ, си щIалэ, дзыхь къысхуэщIи, гъуэлъи жей. Гъуджэм иплъэт – уи нэхэр плъыжьыбзэщ. Жэщ Iэджэ хъуагъэнщ уи напIэ зэрызэтумылъхьэрэ. – КъыфIэмыIуэху щIыкIэу, щIалэм и дамащхьэм ар щабэу теIуащ, и шхулъэм хэс анэлми кIуэрыкIуэм тету лъэIэсу. Фермэм кIуэуэ гъуэгуанэ здытетым, рулыр иIуэнтIэху, абы и IэпэджэдыкIэхэм щIэрыщIэу зыхащIэжырт а анэлым и гуапагъэр.

Фермэм зэпымыууэ тес и лэжьакIуищыр Лиуан куэбжэм деж къыщыIущIащ, мыри къыхуаIуэтэжащ: ныжэбэ сыхьэтыр тIухэм деж фермэм пэмыжыжьэу машинитI къыщыувыIащ, абыхэм ярысахэм зэрызехьэу щIадзащ: Iэуэлъауэшхуэ ящIу, машинэ уэздыгъэхэр ягъаблэу, музыкэр и макъ къызэрихькIэ утIыпщауэ кърагъэауэу. Ефэхэ хуэдэуи хуагъэфэщащ. «Ягъэ кIынкъым, – егупсысащ лэжьакIуэхэр, – мы лъэныкъуэмкIэ Iэджи къокIуэ, я ныбжьэгъухэм е хъыджэбзхэм я гъусэу загъэпсэхуну. Мыбдежыр зэрыщIыпIэ дахэм, псыр гуакIуэу зэрыщыушэм цIыхухэр дехьэх. Ауэ иджыпсту зыбгъэпсэхуну щыигъуэ зэманкъым – жэщкIэ псы Iуфэм щыщIыIэтыIэщ, бжьыхьэри бжэщхьэIум къытетщ». Шэч ящIати, якIэлъыплъащ, фермэм цIыху зэрытесыр кърагъэщIэн щхьэкIэ,

бжыхьым Iухьэурэ загъэлъэгъуащ, фыкъаплъэ, дэ дыжейркъым, жыхуаIэу. Чэфхэм къаIэт хабзэ хьэлэбэлыкъхэм хуэдэ гуэри зызыгъэпсэхухэм щыдамылъагъум, я гур зэгъауэ, лэжьакIуэхэр унэм щIыхьэжащ. Ауэ сыхьэтиплIыр екIуэкIыу къыщIэкIынт зэкIэлъхьэужьу тIэу фоч уэ макъ къыщыIуам. ЛэжьакIуэхэм я фочхэр къапхъуатэри бжыхьымкIэ жащ. «Нива» хужьыр фермэм зэрытежыжыр ялъэгъуа къудейщ – гу лъамытэу апхуэдэу гъунэгъубзэу дауи къыIухьэфат. ЕтIуанэ машинэр нэхъ пасэу IукIыжагъэнщ. Машинэ тежыжым кIэлъыуакъым – ауэ, бетэмал, хуеящ. ЯпэщIыкIэ я гугъащ мо ефахэм чэфыгъэкIэ фоч драгъэуеяуэ. ИтIанэщ гу щылъатар мэлыхъуэхьэ СулътIан ещIэкъуауэурэ ерагъмыгъуейкIэ и псэр IуэмкIэ зэрилъэфым. И плIэ лъакъуэр зэпаудат, и пщэми лъэIэса хуэдэт. Мес, мобдеж щылъщ. УIэгъэр япхэн я гугъат, ауэ хьэм пщIэу макъкIэ къаригъэщIащ Iейуэ зэрыузыр – иджыпстукIэ фыкъызэмыIуси нэхъыфIщ, жиIэ хуэдэт. ЕIусахэкъым, Iэщ дохутырыр къэсыху пэплъэрэ ар ирагъэплъмэ нэхъ тэмэму къалъытащ. ЗанщIэу Лиуан деж псэлъэн я гугъащ, ауэ я телефонхэр «тIысауэ» дыгъуасэ лъандэм лажьэркъым.

И лэжьакIуэхэм къыхуаIуэтэжым Лиуан щыму едэIуащ, зы псалъи жимыIэу. Ауэ хэпщIыкI къудейуэ и нэгум пIейтей мащIэ къищащ. А зэрыщымым хуэдэурэ, СулътIан бгъэдыхьэри зэпиплъыхьащ. Пэж дыдэу, и лъапэ ижьым шэр пхыкIащ, и пщэми лъэIэса хуэдэщ. Илъэс дапщэ хъуа мы хьэр Лиуан зэриIэрэ, ауэ иджыпсту фIэкIа и нэм щIэплъатэкъым, абы гъэщIэгъуэн щыхъуащ цIыхум ещхьыркъабзэу хьэми и нэхэм гуауэ зэращIэлъыр. «Мис аращ зэрыхъур, ныбжьэгъу, псоми зэгуэр зы кIэ гуэр ягъуэт. Уэ сыкъыпфIэмыIуэхущами, сэ уигу сызэрыдыхьэным яужь ситащ. Хьэлэлу, си хьэ къалэным зэрыхуэфащэм хуэдэу, сыпхуэлэжьащ».

Лиуан и лэжьакIуэхэм ящыщ зым унафэ хуищIащ икIэщIыпIэкIэ Iэщ дохутырым деж кIуэуэ къиишэну. Дохутырыр фермэм къыщыкIуэнур шэджагъуэ нэужьырт, пщэдджыжьым къалэ сымаджэщым щIэлъ и Iыхьлы гуэрым щIэупщIэн хуейт. Ягъэ кIынкъым и Iыхьлыр пщыхьэщхьэ хъуху гулъытэншэу къанэми. Iэщ дохутырыр щыпсэур гъунэгъу къуажэрат, езыхэм я къуажэм зы Iэщ дохутыр дэстэкъым. Зы дэсати, илъэс ныкъуэ и пэкIэ дунейм ехыжащ. Мис а IэщIагъэрат и къуэр зыхуеджэн хуеяр. ЦIыхур зыхуэныкъуэ IэщIагъэщ, хъарзынэуи къриблэжьыфынущ. Социальнэ лэжьакIуэ жыхуаIэр IэщIагъэ сытми? Псом хуэмыдэу, цIыхухъум дежкIэ? И классэгъу хъыджэбз цIыкIур а IэщIагъэм хуеджэну щIэтIысхьэрти, езыри абы игъэщхьэрыуащ. Иджыри илъэситхукIэ абы бгъурысу еджэн щхьэкIэ, и насыпыр и IэкIэ икъутэжащ. Иджы зэфIэнэжакIи хуэдэщ.

НэгъуэщI Iуэху имыIэ хуэдэ, гупсысэ мыфэмыцхэмкIэ зыщIытригъэщхьэрыукIыр сыт? Сыт мы къэхъу къомыр зищIысыр? Дауи къытегушхуа? Зы напIэдэхьеигъуэм и щхьэр и щIагъыу къызэрагъэдзэкIащ и гъащIэр. Япэу щIапхъэри акъылым къитIасэркъым. Дакъикъэ бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, псори гурыIуэгъуэт. Япэу здэкIуэн хуейр ар и къуэм къезыщIа хьэбыршыбырым и адэм

дежщ. КIуэнщи, хэт сыт и уасэми гуригъэIуэнщ. ГуригъэIуэнщ Исмел къулыкъу лъагэ зэриIыгъми зэремыплъынур. И къуэм зэригъэпцI хьэгъэщагъэр къызэтримыгъэувыIэмэ, и къуэри, абы и пэшэгъуxэри я гъащIэ псокIэ хущIригъэгъуэжынщ. Абыхэм иджыри ялъэгъуакъым Лиуан къэгубжьауэ.

Нобэ, зэи хуэмыдэжу, Iуэху куэдыIуэ хузэтрихьащ, езыр фермэм щымыIэми, ялэжьын хуейхэр, Iуэхуу ялэ игъэщыпхъэхэр и лэжьакIуэхэм ягуригъэIуэн хуейщ. И гупсысэхэр щыхузэмыуIум, пэшым щIыхьэу псори зэпкърыхауэ, хэт сыт илэжьынуми къыщыгъэлъэгъуауэ итхыну триухуащ. Iэщ дохутырыр къашэмэ – дохутырым ищIэнур езым ещIэж: шкIэхэми, ипэкIэ зыхунэмысу къэна Iэщышхуэхэми мастэ яхиIунщ. Мастэ хиIуну зыхунэмысахэр щIалэхэм ящIэри, ирагъэлъагъунщ. Силос илъхьэпIэр нэзыщIысыжынухэр къакIуэмэ, я нэIэ трамыгъэту хъунукъым, арыншамэ, щIыпщIэр яIэрыхьакIэщи, Щам и бжыхьу ирахуэкIыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Iус къищэхуар къашэмэ, здракIутынур езыхэми ящIэ. Электрикхэм ток кIапсэр здаукъуэдиинур ягъэлъагъун хуейщ. МывэкIэщхъ машиниплI къашэнущи, подстанцым Iухьэ лъагъуэм текIутэн, силос илъхьэпIэм екIуалIэ гъуэгур и кIэм нэгъэсыжын хуейщ. Ахэр зэбгъэтIылъэкI мыхъун Iуэхущ. Адрейхэр псори махуэ къэс ялэжьхэращ. Шэджагъуэм ирихьэлIэу езыми къигъэзэжыну и гугъэщ.

Иджы – къалэм, занщIэу Исмел и лэжьапIэм. Зэкъуажэгъуми, ахэр щызэхуэзэр зэзэмызэххэщ. Лиуан сыт щыгъуи жьыуэ докI, ауэ Iуэхур зэхэбгъэкIын щхьэкIэ нэхумыщым зыгуэрым и унагъуэ уихьэныр  фIэемыкIущ. ПщыхьэщхьэкIэрэ тIури къогувэ. КъэмыкIуэжу къалэм къыщынэри мащIэкъым Исмел. Унэ щикуэдщ абы. ТIури щеджар зы школщ, ауэ, тIуми пэшэныгъэр яфIэфIу, зым и щытыкIэр адрейм фIэмыкъабылу зэныкъуэкъуу зэрыщытар арагъэнщ ныбжьэгъу щIызэхуэмыхъуар. Исмел япэщIыкIэ къуажэ щIалэжь цIыкIухэр и кIэм ищIауэ дэтащ, иужькIэ – институтым къыщыдеджэхэр. Зэи и закъуэу къимыкIухьауэ къыпщыхъурт. Апхуэдэм цIыхухэм пщIэ хуащI, уеблэмэ щошынэ. Спортым ехъулIэныгъэ щызыIэригъэхьэу чемпион хъуа Лиуан ар зыуи къридзэртэкъым. Апхуэдэурэ ахэр къекIуэкIащ, дэтхэнэри езым и гъащIэ гъуэгу тетыжу.

Къалэм кIуэуэ гъуэгу здытетым,  зэкIэлъхьэужьурэ къытеужьгъэж гукъэкIыжхэм Лиуан и щхьэр мащIэу ягъэузу ягъэкIэрахъуэрт, уеблэмэ бауэкIэщI къыщащIи къэхъурт. А гукъэкIыжхэм псэр ягъэгулэзырт, и къуажэгъухэм, унагъуэм, фермэм ехьэлIа язынықъуэ теплъэгъуэхэр кIэгъуасэ фIыцIэу гу лъащIэм ирагъэгъуалъхьэу. А гукъэкIыжхэм я теплъэгъуэ псоми Исмел къащIыхэнэхукIыр гурыIуэгъуэтэкъым. Лажьэ зыбгъэдэлъхэм зегъэцIыхужын мурадым сыхьэт и пэкIэ  зэщIигъэплъа гужьгъэжьыр  зыIэзыбжьэу ужьыхри, Iэмал зэриIэкIэ псори мамыру зэфIэкIмэ нэхъыфIу къилъытащ Лиуан. Район милицэ унэм и бжэIупэм щыIулъэдам, Лиуан машинэм имыкIыу тIэкIурэ зиIэжьащ, и гупсысэ зэхэзэрыхьа-

хэр къызэщIикъуэжрэ я пIэ иригъэувэжу. ФIыуэ егупсысауэ Iуэхум бгъэдэмыхьэмэ, псори зэхигъэзэрыхьу нэхъри е иригъэкIуэныр зыхуэIуа щыIэкъым, зыбгъэлIу ущIэпхъуэкIэ зыри пхуэщIэнукъым. КъищынэмыщIауэ, адэр шэсыпIэ иувэфынутэкъым и къуэм къыжриIэжа псори зэрыпэжымкIэ. ХущIегъуэжырт щIалэм нэхъ текъузауэ зэрыпкърымыупщIыхьам.

Апхуэдэуи, гу лъитэжащ, къулыкъущIэшхуэр зэригъунэгъум щхьэкIэ къэмынэу, абы деж щIыхьэмэ, жриIэну псалъэхэр къызэрилъыхъуэм. Лиуан зэмыса мы и щытыкIэм иризэгуэпырт. Исмел зэрыхудичыхын Iэмал къызэрилъыхъуэм езым и къарууншагъэ хилъагъуэрт. ПыгуфIыкIыжу сэлам къезыха лейтенантыр Лиуан и плъэкIэм къигъэуIэбжьыжри, гукъыдэж лъэпкъ хэмылъыжу жиIащ:

– Уи махуэ фIыуэ, Лиуан. Зы дакъикъэкIэ къызэжьэ, сэ иджыпсту жесIэнщ укъызэрыкIуар.

ЩIалэ къамылыфэр и нэIуасэу къыфIэщIащ. Аращ, и гъунэгъу Заур и малъхъэрщ. МазитI и пэкIэ я хьэгъуэлIыгъуащ. Лейтенант фащэр щыгъти, занщIэу къыхуэцIыхужакъым. АтIэми, тхьэмахуэ и пэкIэ щIалэм и щыкъум деж щызэбгъэдэсащ. Зэдефащ, зэдешхащ. ЦIыху Iэсэу къыщIэкIынщ, а пщыхьэщхьэм укIытарэ зыри жимыIэу къыпыгуфIыкIыу щысащ. Ауэ дауэ абы къызэрищIар Лиуан зыхуейр зэры-Исмелыр? Мы унэм отдел зыкъом хэтщ, Iэджи щIэсщ. Лиуан абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуеинкIэ хъунут. Къэхъуам псори щыгъуазэкIэу, Лиуани къыщIэкIуар занщIэу къыгурыIуауэ араурэ пIэрэ?

КъулыкъущIэшхуэр телефонкIэ псалъэрт. Къэтэджакъым, Iэ ижьымкIэ иIыгъ телефоныр сэмэгум IэщIилъхьэри, и Iэгу хужь пIырыпIыр стIолым къызэпришиикIа къудейщ, «етIысэх», жыхуиIэу. Лиуан тIысакъым, зышыIэр зэрыфIэкIуэдым къыхэкI кIэзызым Iэпкълъэпкъ псоми зригуашэрт. Модрейм псэлъэн иухыху, кабинетыр къызэхикIухьу щIэтащ, блыным кIэрылъ дипломхэр, вымпелхэр, сурэтхэр зэпиплъыхьу. Хэгъэрейр зэпсалъэм дыгъуэпшыхьрей ефэ-ешхэр зэрырагъэлеям теухуауэ хуиIуэтэжхэр кIыхьыIуэ щыхъум, Лиуан Исмел дежкIэ еплъэкIащ икIи егупсысащ: «Мы ныбэкъ, куэшхуэ, щхьэ фэкъу, зи нэкIу пIырыпIым дзыгъуэнэ цIыкIуитI къицIуукIым къулыкъушхуэ зэрыIэщIэплъхьэнур дауэ? ЦIыхур и теплъэкIэ и къулыкъум екIуу щытыпхъэщ. Мы фэнд гъэпщам и пщэл къыдэкIыкIар зэрыщIихъумэн гукъэкI къудей иIэкъым. Хэт апхуэдэхэм къулыкъу езытыр? Хъунт, ар цIыху зэтесу, хьэрэмыгъэншэу щытамэ. Хьэуэ...»

– Пщэдджыжь нэмэзым сытым укъытхуихьа? – Исмел къыщIыхьам къыхудэплъейркъым, атIэ и пащхьэ илъ тхылъымпIэхэм хоплъэ, Iэ тредзэри зрегъэтIылъэкI. – Пщэдджыжьыр лэжьыгъэм и гуащIэгъуэщи, зэманыр схурикъуркъым. Сэ си лэжьыгъэр зэпхар Iэщхэракъым, цIыхухэрщ, – пыгуфIыкIыфэ зытригъэуэн и гугъэу, и IупщIакIэр мащIэу иришэкIащ.

Кабинетыбжэ тIуащIэр быдэу емыгулIауэ дамэдазэу къэнати, къулыкъущIэм и пэшым щыжаIэхэр приёмнэм тыншу щызэхэпхырт.

Секретарымрэ офицер щIалэщIэ Заурrэ, пэшым къыщIэIукIхэр къафIэмыIуэхуфэ зытрагъэуауэ, хъуэр гуэрхэр зэрадзырт. Абыхэм Iупщlу зэхахащ Исмел и щIэнэкIалъэм Лиуан иритыжа жэуапыр: «Мыбдеж щIэсхэм ящIэм лэжьыгъэкIэ уеджэфын – абыхэм я къалэныр хабзэр яхъумэнырщ, ахъумэ, хабзэншагъэ зезыхьэхэм ядэIэпыкъуныркъым. Мис, псалъэм папщIэ, уэ уи къуэр». Мыбдежым къулыкъущIэм и щхьэр къиIэтагъэнущ: «Гъунэгъур жиIэм ирегупсысыж, арыншамэ... Зэсар Iэщым хэтынырщ». Лиуан щIоупщIэ: «Арыншамэ, сытыт пщIэнур? Уэ езым зыумысыжи нэхъыфIщ. Сыт Мурат пцIы щIытефлъхьар? Фермэр сIэщIэвгъэкIын мурад фиIэу ара?! Мылъкуу зэфлъэфэлIа къомыр къывэмэщIэкIрэ?! Фи лъэпкъыр зэрыщыту апхуэдэщ, абы щымыгъуазэ щыIэкъым. Алыхьыр си щыхьэтщ ахъшэм сызэрыщымысхьынумкIэ: журналист е тхакIуэ гуэрым естынщи, фи лъэпкъыр дыгъуакIуэу, Iэщ къадыгъуу къызэрекIуэкIар езгъэтхыжынщ. Ар зэрыкъуажэу ящIэ, иджы зэрыреспубликэу къащIэнщ». «Ара зэрыщытыр? – къэгубжьащ районым и милицэ нэхъыщхьэр. – Пэжщ, ди адэм и адэжхэм Iэщ къыщадыгъуаи щыIащ, – ари сыбзыщIыркъым, ауэ къыщадыгъур гъунэгъу жылэхэрт е нэхъ жыжьэжхэрт, яхэлъащ апхуэдэ лIыгъэ. Абы щхьэкIэ къуажэм фIэкIуэдIарэт?» Лиуан жиIам текIыртэкъым: «Хэт къыфIамыдыгъуми – дыгъуакIуэхэт. Иджы абыхэм я лъэужьыр уэри уи къуэми фоху». «Сыт жыпIа?! Мы пэшым апхуэдэ уи жьэм къыщыжьэдумыгъэкI! Мурат къылъыкъуэкIахэм сэри си унагъуэми я Iуэху лъэпкъ хэлъкъым, зыри хэтщIыкIыркъым. ЗыщIегъэх си пэшым, Iэхъуэ нэмысыншэ, абы нэхърэ нэхъыфIщ пщIантIэм къыдэпхуа уи къуэри уэри лъэхъуэщым фыкъызэримыхутэн Iэмал къэлъыхъуи. Унэм къыщIэпхури, бзаджащIэхэм запищIащ. ИтIани, адэкIэ узоджэж...»

Иужьрей псалъэхэм къыщрагъэтхъыпащ Лиуан, абы къыгурыIуэжащ псалъэмакъыр тэмэму зэримыунэтIар, IэтIэлъэтIагъэрэ зышыIэрэ зыхигъэлъын зэрыхуеяр. Ауэ Исмел къриутIыпща иужьрей псалъэхэм шыIэныгъэ гуэри къыхуагъэнакъым Лиуан. Мы кабинетым иджыпсту абы щищIэжын щыIэтэкъым – псалъэ гъущэкIэ игъэшынэну хэтын фIэкIа, нэгъуэщI Iэмал гуэри щхьэм къиихьэртэкъым. И псалъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэмрэ зыжриIэм дежкIэ шынагъуэу абыхэм яхэлъымрэ гуригъэIуэн и гугъэу, Лиуан жиIащ:

– КъызжиIакъым жумыIэж, Исмел, уи къуэр тегъэсабырэ, армыхъумэ, псори фыхущIегъуэжынщ. Уэ сыкъэпцIыхуу си гугъэщ.

КъыщыщIэкIыжым, приёмнэм щIэсхэр къыщылъэтри «сыкъ» жиIэу зэфIэуващ, ауэ Лиуан зыми еплъакъым, сэлами ярихыжакъым. Губжьауэ бжэхэр иридзылIэжри, ар машинэм итIысхьэжащ.

Иджы ЛатIиф деж кIуэн хуейщ. Районым щалэжь мыхъумыщIагъэ псоми ар щыгъуазэщ, бзаджащIэхэм япыщIащ, пщIэи къыхуащI. Мыпхуэдэ Iуэхухэм нэхъ хещIыкIри, чэнджэщ къритыфынущ. Дэсу игъуэтамэ арат, хущIыхьэгъуэ имыIэу Iуэху гуэрхэр кърехуэкI, аращ зэрыпсэун къызэрилэжьыри. Куэд щIакъым и машинэм ису псым зэрыхэхуэрэ. Фэбжьышхуэ хихакъыми, зигъэхъу-

жу унэм дэсынри зыхуэIуа щыIэкъым. ЛатIиф унэм зэрыдэсым и щыхьэту, куэбжэпэм машинэ куэд щызэхэтт. Абы Iэджэ пыхъуэпыши иIэщ.

КъызэрыгуэкI къуажэдэсыр къэзыгъэуIэбжь егъэблэгъэкIэт ЛатIиф и унэм щызекIуэ хабзэр: куэбжэм ущыIухьэм деж щегъэжьауэ камерэкIэ къыпкIэлъоплъ, узрагъэцIыхури, егъэблэгъапхъэу укъалъытэмэщ ущыдагъэхьэнур. Лиуан зэримыгугъауэ, кIыхьлIыхь мыхъуу зэфIэкIащ а хабзэр. Бжэр зэIукIри, езы дыдэр – хэгъэрейр – къыпежьащ. КъокIуэ, узым къызэрыхигъэзыхьыр и нэгум иплъагъуэу. «ЗэманыфI блэкIам – нэхъыщIэхэм нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу щыщытам – зэрыхапIыкIар белджылыщ, – егупсысащ Лиуан. – ХъунщIакIуэщ, дыгъуакIуэщ… ИтIанэми, хабзэм тету нэхъыжьым къыпежьащ!»

– Мы слъагъур си фIэщ схуэщIыркъым, – жеIэ абы, – езы чемпион дыдэр, си щIалэгъуэм и лIыхъужьу щытар, къысхуеблэгъащ! Сыту Iейуэ сыбгъэгуфIа! Апхуэдэ цIыхушхуэ си бжэщхьэIу къыщебакъуэр зэзэмызэххэщ. Пэжщ, зызыгъэпэкъ Iэджи къысхуокIуэ сэ, ауэ ахэр цIыхум хыубжэ хъуну – кIэрыхубжьэрыху къудейхэщ. Сэ сызэреплъыр мыпхуэдэущ: гъащIэр Iэджэуи епхьэкIыфынущ, ауэ сытым дежи гущIэгъумрэ гуапагъэмрэ пщIыгъупхъэщ. Ар хьэкъщ. – ЛатIиф хьэщIэм и Iэблэр иубыдри, унэм щIимышэу, шыгъуэгум ит пхъэ унэ цIыкIумкIэ иригъэблэгъащ – абдеж зыми узэхимыхыу икIи укъимылъагъуу ущызэпсэлъэфынут, арыншамэ, мо зи мыIуэху зезыхуэ къомым тыншу уагъэуэршэрынутэкъым.

ЛатIиф щIалэ къуэгъу хэщIыхьащ. Иужьрей зэманым и узыншагъэм икъукIэ хуэсакъ хъуауэ жаIэ. Иджы, дауи, иIэщ щIыхуэсакъын щхьэусыгъуэ – ахъшэр и куэдщ. Тутнакъэщ нэужьми уIэгъэжьхэр гъэхъужыпхъэщ, лъэхъуэщым щиса илъэсхэр гум иригъэхужынри зэранкъым. Лиуан спортсмену щыщыта зэманым топсэлъыхьыж ЛатIиф, и ныбжьэгъухэр иджыри щIалэжь цIыкIут, Лиуан ехьэжьауэ цIэрыIуэ щыхъуам. Сытуи дахэу банэрэт! ЛатIиф ехъуапсэрт абы и бэнэкIэм. Лиуан къищынэмыщIа, апхуэдэ бэнэкIэ зиIэ а зэманым щыIауэ щыгъуазэкъым – ар нэсауэ искусствэ лъагэт. АбыкIэ Лиуан къыпэхъун щыIэт? Лиуан и ужькIэ апхуэдэ Iэзагъэ зыми далъагъужакъым. Ауэ сыту пIэрэ спортыр абы пасэу IэщIыб щIищIар? Зыгуэр къыщытекIуа щыIэу ищIэркъым, уеблэмэ ди къэрал псом щытекIуа чемпионыр тIэу хигъэщIат.

Лиуан Iуэхуншэ Iуэхуу зэпеплъыхь унэм и щIыбагъ лъэныкъуэр. Шыгъуэгу блыным къыбгъэдэтщ иджыпсту зыщIэс, пхъэ зэтеупщIэ гъэщIэрэщIакIэ къищIыкIа унэ цIыкIур. Унащхьэр зыIыгъ сэхиплIым я зэхуакухэм къыщепхъуха щхьэгъубжэIупхъуэ хужьыпсхэм я къуапэхэр шылэ лентI бгъуфIэхэмкIэ гъэщIэрэщIащ. И курыкупсэм ит Iэнэм пхъэщхьэмыщхьэ, IэфIыкIэ, псы зэмылIэужьыгъуэхэр тетщ. Унэ цIыкIур къэзыухъуреихь удзыпцIэ щхъуантIэм пхыкI лъэс лъагъуэ цIыкIухэр чырбыш плъыжь щыкъуейкIэ къищIыкIащ, лъагъуэбгъухэр къызэрыщIыхьахэри хужьу лэжащ. УдзыпцIэм загъэпагэу къыщакIухь дыщэджэдхэм, мэзджэдхэм, шылэджэдхэм. «Мес мохэр яхэхужын хуейщ, – жи ЛатIиф, дыщэджэдхэмкIэ

и Iэр ишийурэ, – узижагъуэнитIу кIиирейхэщ, хьэнтхъупсхэлъхьэ нэхъыщхьэкIэ уащIыщыгугъын щыIэкъым». АдэкIэ узыIуплъэр удз дэжейхэм зызрашыхьэкIа гъущI хъархэмкIэ къэщIыхьа щIэкIыпIэ бгъуфIэшхуэщ... ЛатIиф щхьэхуитыныгъэмрэ псэукIэ дахэмрэ пщIэ зэрыхуищIри ахэр фIыуэ зэрилъагъури шэчыншэщ.

ЛатIиф щыгъуазэщ Лиуан и адэр пасэу дунейм щехыжым, псори хыфIидзэу щIалэщIэм лэжьэн хуейуэ къызэрыхудэкIам. Я шэгъуэ нэсауэ шыпхъуищ иIэт, и анэр сымаджэрилэт, лэжьэфыну унагъуэм исыр Лиуан и закъуэти, унагъуэр имыпIу хъунутэкъым. ЛатIиф а псори къыгуроIуэ икIи и щхьэр фIеудыж – бетэмал, иджыпсту иIэ зэфIэкIыр а зэманым иIами – Лиуан зыми хуимыгъэныкъуэу, спортым и щыгу нэхъ лъагэ дыдэхэм нэсынымкIэ дэIэпыкъунт. Иджыпсту ар куэдрэ ядоIэпыкъу спортсменхэм, Лиуани ищIэу къыщIэкIынщ ар. Пэжщ, зэхихауэ ещIэ, тхьэразэ къыхухъу абы щхьэкIэ, ауэ Лиуан иджыпсту къызытекIухьар нэгъуэщIщ. ЛатIиф псори къыгуроIуэ. Абы тутын фIыцIэ псыгъуэ цIыкIур пегъанэ. Дауи, ар щыгъуазэщ Лиуан и Iуэхум. Ауэ абы теухуауэ куэд пхужиIэнукъым. Лиуани ещIэ абы и щхьэусыгъуэр. Исмел, дауэ щымытми, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ цIыхущи, абы фIэнэну хуейкъым. ЛатIифи Iуэху гуэрхэм хэтщи, ахэр тэмэму екIуэкIыныр, пэжыр жыпIэмэ, зыкъомкIэ елъытащ Исмел къызэрыхэмыIэбэм. Сыт хуэдэу щымытми, ЛатIиф цIыху гъэсахэм пщIэ яхуещI икIи, я псалъэмакъыр зыми лъэмыIэсыжынумэ, пэжым и кIапэ гуэр Лиуан тришэфынущ.



Лиуан и къуэр зэрапэщIэхуам хуэдэ хьэпшыпхэр пыIэ хуабафэ зраплъхэм кIэщIадзэри, абыкIэ ахъшэшхуэ къралэжь. Нэхъыбэу кIэщIадзэр дыщэхэкI цIыкIуфэкIу, сурэт лъапIэхэм тратхыкIыжа сурэт нэпцI, антиквариат жыхуаIэ хьэпшыпхэм хуэдэхэрщ. Си нэкIэ слъэгъуащ япэ дыдэ къыдагъэкIа нэмыцэ автоматыр, фюрерым и щIэинхэм ящыщ сурэтыр, абыхэм нэмыщI мысыр хъыджэбз тхьэIухудым и сурэт къыхэбзыкIар. А хьэпшыпхэр, дауи, къыщIахащ гъэтIылъыпIэ гуэрым е музейм. Ахэр ди гъунэгъу республикэм къызэрыщыхута щIыкIэри гурыIуэгъуэкъым – зауэм щыгъуэ зыгуэрым зыгуэрурэ зыIэригъэхьагъэнщ. ЦIыху гуэр къращэхужагъэнщ. Ди къалэмкIэ дэж машинэ гуэр къыщапщытэм, ахэр кърагъуатэри къытрахыгъащ. Ауэ делагъэ хъунт хьэпшыпхэр иджыри къэс мыбы щыIэу, ахэр ахъшэ хэкIыпIэу къагъэсэбэпу къыпщыхъуныр. СызэреплъымкIэ, мыбы щызекIуэр а хьэпшыпхэм къытращIыкIахэрщ. Хэт ахэр зэрынэпцIыр къэзылъагъуфыну мыбы щыIэр? А псор къыщIезгъэкIуэкIращи, Исмел хуэдэхэр уи щIыб къыщыдэтым деж, Iэджи пхузэфIокI, зэблыбогъэкIыф. Лиуан ахъшэ гуэрхэр зэриIэр зымыщIэр хэт? АтIэ абыхэм я мурадыр ахэр Лиуан къыIэщIагъэкIынырщ. И щIалэр иджыри сабийщ, искусствэм хищIыкIышхуи щыIэкъым. Мыпхуэдэ Iуэхум деж, уеблэмэ балигъри мэIэрпхъуэрри, ахъшэ лъыхъуэ холъадэ. Ахъшэ мащIэкъым къилъыхъуэри. ИкIи къегъуэт. И сабийр къещэхужри, и псэр егъэпсэхуж. БзаджащIэхэр апхуэдэ ахъшэ хэхыпIэм Iэзэ хуэхъуащи, я

Iуэхур зэзэмызэххэщ щыуэщхъур.

Лиуан тэмэму ищIащ мышынэу зэрапэщIэувар, ЛатIиф деж къызэрыкIуар. Я нэхъыбэр апхуэдэхэм япэщIэувэркъым, атIэ, ахъшэ бжыгъэр тIэкIу ягъэмэщIэну лъаIуэу, я Iуфэлъафэр къажыхь. Лиуан ахэр игъэшынауэ къыщIэкIынщ, икIи Iуэхур зыхуэкIуэнур мырагъэнщ: щIалэжь цIыкIухэм делагъэкIэ къаIэта хьэргъэшыргъэу жаIэнщи, кIэщуэщ ящIыжынщ. Пэжщ, щIалэр тIэкIу яубэрэжьынри шэчыншэкъым. Апхуэдэщ абыхэм я икIуэтыжыкIэр. Мис аращ Лиуан и Iуэхум ЛатIиф зэреплъыр. Иджы ЛатIиф и хьэщIэр иутIыпщыжынукъым, Iэнэ къыхуимыщтауэ. Ауэ Лиуан хэгъэрейм гуригъэIуащ апхуэдизу и псэр гузавэу хьэщIэ Iэнэ зэрыпэрымысыфынур.

Къалэм къыдэкIыжу гъуэгу здытетым, Лиуан егупсысырт: ЛатIиф и уэршэрым куэдрэ къыхэпшахъуэрт «кредо», «эстетично» псалъэхэр. Сыт абы «диалектикэ» жыхуиIэм кърригъэкIыр?

ФермэмкIэ темыхьэу, занщIэу унэм кIуэжынщи нэхъыфIщ. Къуажэм нэмысыжыпауэ, Лиуан триухуащ губгъуэмкIэ кIуэцIрыкIыжу, гъуэгур игъэкIэщIыну, апхуэдэу километритI нэс къыдигъэхуэфынут. ГубгъуэмкIэ пхрыкI гъуэгур сабалъэми, нэхъ захуэт. СэмэгурабгъумкIэ щиху сатырхэм я лъабжьэм хуэзэу къыщIэж псынэм деж абы къыщилъэгъуащ машинэ зыбжанэрэ щIалэщIэ гупышхуэрэ. Набдзэгубдзаплъэу щахэплъэм, Лиуан абыхэм къахилъагъукIащ Мурат и ныбжьэгъу Тимошкэ и щхьэ джафэр, апхуэдэуи гу лъитащ машинэ зэхэтхэм къахэпIиикI джип лъагэм. А машинэр ицIыхурт – ар Исмел и къуэм, зэрыжылэу КъуаргъкIэ зэджэм, ейт. Лиуан, куэдрэ мыгупсысэу, щIалэ гупым я дежкIэ триIуэнтIыкIащ. Зи нэхъыбэр Лиуан и мынэIуасэ щIалипщI хуэдизым я пащхьэм Мурат итт, и щхьэр къыхуэмыIэту.

– Мис, и адэри къэкIуащ, и щIалэ цIыкIур садикым иришыжыну, – щIалэхэм ящыщ зым щыжиIэм, псори зэщIэдыхьэшхащ. Лиуан абыхэм я пащхьэм иуващ, фIыуэ япкърыплъыхьу.

– Сыт, Тимошкэ, уэ дауэ укъыщыхута адрей лъэныкъуэмкIэ? – щIэупщIащ Лиуан.

– Сэри? Сэ ауэ сытми сыщыту аращ... – ерагъкIэ къыдришеящ щIалэм.

– Мыбдежым цIыху тэмэмхэр лъэныкъуэ тэмэмымкIэ щытщ, – къэпсэлъащ Къуаргъ. – Уи къуэм зи къыгурыдгъэIуэфыркъым цIыхум къуаншагъэ илэжьар игъэзэкIуэжын зэрыхуейр. Ар зэригъэзэкIуэжыну щIыкIэм, Лиуан, дэ ди Iуэху лъэпкъ хэлъкъым.

– Ауэрэ нэхъыжьым зыхуумыгъэцыдж. Нэмысрэ хабзэрэ зэрыпхэлъыпхъэм ухуаущиякъэ, Къуаргъ? Уэ мы щIалэжь цIыкIухэм нэхърэ зы илъэсипщIкIэ унэхъыжьщ, щапхъэ хъарзынэ ябогъэлъагъури, – Лиуан къыжиIащ Iэдэбу, нобэрей щыуагъэм къытримыгъэзэжын мурадкIэ зишыIэурэ.

– Уэри, лIыжь, дэ дебгъэджэжыну ухэмыт, иджыри тIэкIурэ упсэуну ухуеймэ, – щIалэхэм ящыщ зы, мащIэу ипэкIэ къэкIуатэри, къэпсэлъащ. Джанэ къуэлэн зыщыгъ, къамылыфэу дыгъэм иса щIалэ хэщIыхьам нэхъ ткIыбжьу псэлъэн мурад зэриIэр нэры-

лъагъут. – Ахъумэ, ди фIэщу дынопсэлъа нэужь, уи къупщхьэлъапщхьэхэр куэдрэ къалъыхъуэжынщ... Зауэм хэкIуэдахэм ящыщ лIыжь гуэру къыщIэкIынщ, жаIэурэ зэхуахьэсыжынщи, зыщIыпIэ щыщIатIэжынщ. – ЩIалэжь гупыр уэру зэщIэдыхьэшхащ.

– Солъагъу куэд фызэрыхъур. Ауэ, си псэм хуэдэхэ, си гъащIэ псом гуахъуэкIымрэ белыкIымрэ зымыутIыпща си Iэхэм фи языхэзри зэричэтхъэфынур фщIэрэ? ФыкъакIуэ, фыхуеймэ, тIурытIу, фыхуеймэ, щырыщу... ди псалъэмакъым апхуэдэу пытщэныр нэхъ къафщтэмэ... ЗэрыслъагъумкIэ, аращ нэхъ къафщтэри. АтIэ, хэт япэ къиищыну гукъыдэж зиIэр?.. ФызэщIэщымащи, апхуэдэ къыфхэт хуэдэкъым. АтIэ, иджы, зывмыгъэцыджу, фIыуэ фыкъэдаIуэ, сэ быдэу сынывэпсэлъэнущ. Къэвгъуэтаи лIыжь...

– Къэгъанэ, Къуий, – къэпсэлъащ Къуаргъ, – дызытепсэлъыхьым дытумыш. Пэж дыдэу, мыр Iуэху джэгукъым. Лиуан, уэ абы укъиицIыхуркъыми аращ апхуэдэу къыщIопсалъэр, къыхуэгъэгъу. Ауэ сэ ахъшэ сыхуейщ, псори къаугъэншэу зэтрагъэувыIэн папщIэ. Мурат хьэпшыпыр кърататщ зыщIыпIэ нигъэсын хуейуэ, пэжкъэ? Хьэпшыпыр зыIэрыгъэхьапхъэм Iэригъэхьакъым – ари пэжкъэ? Пэжщ. Дэтхэнэми и пщэ кърaлъхьам папщIэ жэуап ихьыпхъэщ. Сэ хьэпшыпыр къэзгъуэтащ, псори зэрекIуэкIыпхъэр субзыхуащ. Артёмрэ уи щIалэмрэ хьэпшыпыр зратыпхъэм ирату, къыпэкIуэри къыIахын хуеящ. ЯхузэфIэкIакъым. Ахэр къыщагъэувыIам, я щытыкIэмкIэ шэч зыхурагъэщIри, яубыдащ. Хьэпшыпыр зейм сэ дауэ иджы ахъшэр зэрестыжынур? Мурат едгъэгъэтIысын Iуэху зетхуэркъым, си адэми делъэIунщ къыддэIэпыкъуну. Мурат лъэхъуэщым искIэ дэ фейдэ диIэ?



– Хэт Мурат зыгъэтIысыфынур? – ауаныщIу щIэупщIащ зыгуэр. – Феплъыт, сын гъэжам хуэдэщ. Сыныр бгъэтIысыфыну?! – аргуэру псори зэщIэдыхьэшхащ.

– Дапщэрэ сыпхуэмызами, Къуаргъ, сыт щыгъуи гупышхуэ пщIыгъущ, – жеIэ Лиуан. – Апхуэдабзэу щытащ уи адэри. Уи закъуэу къэпкIухьын ушынэу ара? КъызгурыIуэркъым. Арагъэнщ уи щхьэгъусэр щIикIыжари: и щхьэгъусэм и ныбжьэгъухэр зэпымыууэ и унэм хъушэу щыпэкIуу хэт и цIыхубз зыхуэшэчынур. Уэ, дауи, уи закъуэу жэщу хадэм уихьэн ушынэу къыщIэкIынщ.

Къуаргъ и ныбжьэгъухэр, захуэмыIыгъыжу, зэщIэдыхьэшхащ.

– А жыпIэм, Лиуан, къикIыр сыбгъэпуду аращ. Фэри фыщIызэгуэтхъыр сыт? – Къуаргъ, и бгъэр кърихъэкIри, зы лъэбакъуэкIэ къэкIуэтащ.

– Сыбгъэшынэн хуэдэурэ зумыщI, ар дыхьэшхэнщ. Зэплъыжыт, уи фэр ятIэхуу пыкIащ, унапэ мытхьэщIщ, фIыцIэ защIэкIэ ухуэпащ. Жейбащхъуэ щIыкIэущ къызэрыпкIухьыр, жьэн нэхъей, упсчэ зэпытщ. Шэдым къыхэплъ хуэдэ, уи нэхэр утхъуащ, уфэрэкI напэщ – лIыфэ къыптригъауэу зыц пхэлъкъым. Зэ нэхъ мыхъуми уегупсысауэ пIэрэ КъуаргъкIэ псори къыщIоджэм? БзуущхъуэкIэ, тхьэрыкъуэкIэ, бгъэкIэ къоджэркъым – КъуаргъкIэщ.

– Къызоджэри къызоджэ, уи Iуэху хэлъкъым. Къуалэбзухэр я пIэ игъэс, Лиуан. Къуаргъыр ныбгъуэкъым е, уи къуэм хуэдэу, пыпхэ гуэркъым. Къуаргъыр пщIэ зыхуащI къуалэбзущ. Ауэ, мы

уи къуалэбзу шырым, иджыри шэр зи Iупэм Iурымыгъущыкlам, къыгурыIуэркъым мы къекIуэкIхэри, ищIэн хуейри. И делагъэкIэ мы Iуэхум зэрыхэбжьэхъуар къызэрыбжимыIэжам сэ шэч къытесхьэркъым. Абы зыри зэрыкъуэмылъым дыщыгъуазэщ, икIи ар езыр дэ зыкIи тфIэхьэлэмэткъым. КъызгуроIуэ Iуэхур къызэрыгуэкIыу зэрыщымытри, ахъшэр зэрымымащIэри, хьэлэбэлыкъ къыхэмыкIыу зэфIэпхын папщIэ зэман зэрыхуейри. Зэманыр къыдомэщIэкI, ауэ сэ сыгущIэгъулыщ – сынывэжьэнщ тIэкIурэ. Ахъшэ бжыгъэмрэ пIалъэмкIэ дызэгурывгъаIуи, псори тэмэм хъунущ.

– Уэ, Къуаргъ, делэ дыдэ ухъуа си гугъэщ. Уэ делэм сэ зыгуэркIэ сыбгурыIуэн дэнэ къэна, сынопсэлъэххэну си щхьэ теслъхьэркъым. Уи адэм деж кIуэи, фызэгъусэу фIыуэ фегупсыс, фызэчэнджэщ мы Iуэхум фэ езыхэм фи щхьэр зэрыхэвмылъхьэным. Сэ сыщыгъуазэщ ар фэ зэрызэхэвгъэзэрыхьам. Иджы ар фэ зэхэфхыж. Апхуэдизу сыкъэделэгъуафIэ фи гугъауэ ара? Си фермэм гъунэгъуу фынекIуэлIэн дэнэ къэна, и Iэгъуэблагъэм зыщызвмыгъэлъагъу. Си хьэм папщIэ фхуэфащэр фэсщIэнущ, абыкIэ псалъэ быдэ фызот. Хьэр псэууэ къэнэну Тхьэм фелъэIу, псэууэ къызэтенэмэ, фи насыпщ. НыIукI мыбдеж, си щIалэ.

Унэм мыпIащIэурэ мэкIуэж. Мы къекIуэкIхэм фIыуэ егупсысауэ, Iэмал зэриIэкIэ, унафэ тэмэм тещIыхьын хуейщ. А щIалэжь цIыкIухэм афIэкIа запимыщIэну икIи емыпсэлъэну Мурат быдэу жриIащ. Дауи, ахэрауэ къыщIэкIынкъым ящIэнумрэ зэращIыну щIыкIэмрэ зыубзыхур. ЩIалэжь цIыкIухэр балигъ гуэрхэм я жыIэ зэрыщIэтыр шэчыншэщ, псалъэм папщIэ, мис а танэщэху къэкIуахэм, е фермэм фоч щызыгъэуахэм. Исмел а псоми щыгъуазэщ, щымыгъуэзэнкIи Iэмал иIэкъым. Ди деж псоми псори щыщыгъуазэщ, дзыгъуэ гъуанэ дихьа щыпхуэбзыщIынукъым. Ягъэ кIынкъым, куэд мыщIэу псори зэхэкIыжынщ. Лиуан аргуэру къытригъэзэжри щIалэм жриIащ абыхэм псалъэмакъ гуэри ядримыгъэкIуэкIыну. Мурат зыри жиIакъым. Адэм къыгурыIуащ иджыпсту щIалэр зыхэхуа гузэвэгъуэм зэадэзэкъуэр нэхъ гъунэгъу зэрызэхуищIар.

– Сэ абыхэм сащышынэркъым, – жиIащ Мурат, унэм нэсыжыпахэу. – ТIэу еплъынукъым апхуэдэу я гугъэнкIэ... – Ар машинэм къелъэри куэбжэр Iуихыну кIуащ.

«Хьэуэ, – егупсысащ адэр. – ЗыбгъэлIыхъужькIэ зыри къикIынукъым. Мышынэу Лиуан къыщракуфакIэ, абыхэм я Iуэхум джэгу зэрыхэмылъыр наIуэщ».

Зы тхьэмахуэкIэ зыми зыкъагъэхъеякъым: фермэм хамэ къытехьэртэкъым, Мурати, телефонкIэ къызэрыжриIэм тепщIыхьмэ, ягъэпIейтейртэкъым. ЩIалэр къалэм щыIэщи, уи нэIэ тегъэтыгъуейщ. Арат Iуэхур зыхуэкIуапхъэри: я делагъэр къагурыIуэжу, я кIэр я бэкъу даупщIэжагъэнущ. Ауэ езым а Iуэхур апхуэдэу кIэщуэщ ищIыжынукъым, – мыдэ бэкхъхэр щIымахуэм хуигъэхьэзыррэ жьыIурыхьэгъуэ игъуэтмэ, абыхэм я ужь ихьэнщ. ИджыпстукIэ и къалэдэс Iыхьлыхэм: и пхъумрэ и малъхъэмрэ, и шыпхъухэмрэ я щхьэгъусэхэмрэ, я бынхэри ящIыгъужу хъыбар иригъэщIэн хуейщ тхьэмахуэ махуэм къызэрыригъэблагъэмкIэ – зы мэл цIыкIу яукIыу, езыр-езырхэу тIэкIу зэхэскIэ, зэдефэ-зэдешхэкIэ сыт ягъэ кIын?

Куэдрэ къахуихуэркъым зэхуэсыжхэу зэбгъэдэсыну. Абы щхьэкIэ куэди ухуейкъым. Псори яIэщ.

ХьэщIэхэр щэбэтым кърагъэблэгъащ. Иужьрей лекцэхэм щIэмыхьэу, Мурати а махуэм нэхъ жьыуэ къэкIуэжащ, адэм дэIэпыкъуну. Лиуан къэгубжьащ: дэ тхузэфIэмыкIын уи гугъэу арат? Апхуэдэу пщIэн хуеякъым: уэ уи къалэныр еджэныращи – еджэ, адэ-анэм абы папщIэ узыхуей псори къыпхузэрагъэпэщынщ. Аращ игъащIэми къызэрекIуэкIыр. Ауэ и шыпхъур пщэдджыжьым нэхъ жьыIуэу къакIуэу унэгуащэм къыдэIэпыкъун хуеящ. АрщхьэкIэ, дэнэт – иджырей цIыхубзым лIым и машинэм имысу лъэбакъуэ пхуичынукъым. Алыхьым и шыкуркIэ, гъунэгъу хъарзынэ яIэхэщи, я хъыджэбз цIыкIухэр пкIатэ-лъатэу къыдоIэпыкъу фызым. Джэд фыщIын-гъэкъэбзэн хуэдэхэр псынщIэ дыдэу зэфIагъэкIащ. Сытым хуэдэ тхьэмщIыгъуныбэ ящIа абыхэм! Хъуэпсэгъуэщ. Бэзэрым апхуэдэ щыбгъуэтынукъым. И къуэри кIэлърыреплъ ящIэм, къыхуэсэбэпыжынщ. Iэнэм зэкIэ тегъэувапхъэ псори трагъэувакIэщ. Алыхьым и шыкуркIэ, гъунэгъу хъыджэбзхэр нысэ хьэзыр защIэхэщ! Ауэ сыт мы щIалэм жиIэхэр? Сыт щыгъуэ ахэр зэхуэсыжу, Iэнэр къэзыкъутэ шхын IэфIхэр езырезыру яшхыжу щыщытар? Iэмал имыIэу и Iэнэм пэрысын хуейщ и гъунэгъухэр. Ар хабзэщ. Гъунэгъу зимыIэр зыми щымыщ псэущхьэ къудейуэ аращ. ЩIалэр хы адрыщI къикIыу нобэ мыбы япэу къыщыхута хуэдэщ. ЯпщэфIар фIэкуэдыIуэщ. Ар куэд сытми, мэл цIыкIуитI яукIауэ аращ?! Хабзэкъутэ уримыхъуу, урикъун къудейщ. Хьэмэрэ зыхаукIыкIын ямыIэрэ?! Фермэм тхьэкIумэкIыхьи къыздришащ – гъэжьауэ пшхыну зихуэдэ щымыIэщ. Ар, зыми дзыхь хуимыщIу, езым ипщэфIынущ. И ныбжьэгъухэм яхэтщ а шхыныгъуэр зыфIэфI. Ахэри къриджащ Лиуан. ДэнэкIи зыгуэрхэр щагъавэ, щагъажьэ. Сыт и къуэр апхуэдизу къыщIеплъыр? Ефауэ и адэр илъагъуу есакъыми аращ. Ауэ нобэ, арыншэу, дауэ? И гъунэгъумрэ езымрэ мэлыр зэIахати, тхьэмщIыгъумрэ тхьэмбылымрэ щэм кIуэцIашыхьри дэпкIэ ягъэжьащ, тIэкIуи зэдефащ езым щIихужа фадэм. Къуэм ещIэ тыкуэным къыщащэхуа фадэ адэр зэремыфэр. Ахэр мыхъумыщIэщи, уефэххэ хъунукъым. Си псэр мэгуфIэ, си къуэ цIыкIу. Зэи ящымыгъупщэжын махуэшхуэу я гум къинэнщ нобэрей зэхуэсыр.

ЗэраухылIа зэманым ирихьэлIэу псори къызэхуэсащ. Ефэ-ешхэ Iэнэр, хьэгъуэлIыгъуэ сыт хуэдэхэм емыхьэлIамэ, нэхъ псынщIэу икIи тыншу мэтIыс. Iэмалыншэу гъэзэщIэн хуей хабзэхэр мыпхуэдэ Iэнэм щынэхъ мащIэщи, зыпIытI-зыхуз щымыIэу, я гур нэхъ утIыпщауэ зэхэсщ. Мыр хьэгъуэлIыгъуэкъым, IэнэщIу уеблагъэми хъунущи, абыи цIыхухэр нэхъ зэхуэшэсыгъуафIэ ещI. Тхьэмадэу ягъэтIысри я нэхъыжьыр арауэ щытыныр Iэмалыншэкъым. Нэхъ щIалэIуэми, тхьэмадэр гуп зыгъэгупыфыну къыхах. Нэхъыщхьэ дыдэращи, псори егъэгуфIэ, дэрэжэгъуэ ярет – мыпхуэдэурэ узэхуэсу узэхэплъэжыныр, узэрылъагъуныр, узэфIэмыкIуэдыныр сыт и уасэ! МащIэ-мащIэурэ къожанхэри, уэршэрыр тыншу ирашажьэ, Iэджи я гум къагъэкIыж. Ауэрэ джэгум щIадзэнщи, къэфэнхэщ. Аращ гъащIэ жыхуаIэжри. Упсэуху плъагъу тIэкIуращ дунейр, а дунейм ущехыжкIэ зыри здэпхьыфынукъым. Ауэ щыхъукIэ, упсэ-

уху узэрылъагъун, узэрылъытэн хуейщ. Аращ мыпхуэдэ зэхуэсхэр щIэгуапэр.

Зиунагъуэрэ, пшынауэр къригъэшэну IэщIэгъупщыкIаи. ЩIалэми сыту сигу къимыгъэкIыжарэ? Мис аращ щIалэгъуэ жыхуаIэжыр – езым гукъэкI лъэпкъ иIэкъым, псори адэм ищIэн хуейуэщ зэрилъытэр. Къуажэм къыщалъхуащ, къыщыхъуащ, ауэ къалэдэсри къыуигъэщтэжыну, хабзэмыщIэщ. Тимошкэ игъэкIуэн пшынауашэ? Бэрэбэнауэу тIу къыздишэну жеIэн хуейщ. Сытым хуэдэу дахэу еуэрэ ахэр?.. Арагъэнущ щIэн хуейри.

Лиуан и пщIантIэм пшынауэ, Iэгуауэ макъым зыщиIэтащ. ХьэгъуэлIыгъуэр зращIэкIамкIэ гъунэгъухэр зоупщIыж, зэупщIыж щхьэкIэ, и пэжыпIэр къахуэщIэркъым. Мурат, зыгуэркIэ сэбэп хъун нет иIэу, къежыхь, ауэ зэран зэрыхъур нэхъыбэщ. Мес мамэ, пIырыпIу дахэу, псоми яхуэгуапэу, папэ закъуэщ мамэ зыхуэткIийр. ЗэрымытIасхъэ цIыкIур кърихъэщIэну хуейщи поув, ауэ папи къэгъэшыгъуафIэкъым. Фызым жиIэм едэIуафэ зытрегъэауэри, езым зэрыфIэкъабылу ещI. Мурат и напэм анэм Iэ къыщыдилъэкIэ, а Iэхэр апхуэдизу гуапэщи, ба къыхуищIу фIэкI къыщыхъуркъым. «Уэри Iэнэм тIыс, мыбдеж уэ щыпщIэн щыIэжкъым, къэнахэр псори цIыхубз Iуэхущ», – жиIэурэ анэм къуэр хегъэзыхь Iэнэм тIысыну. И шыпхъу Инни, макъамэмрэ Iэуэлъауэмрэ къахэпсэлъыкIыурэ, Мурат къыхуеIуатэ мы псори адэм къыщIрихьэжьар и къуэр зэрыарар, адэм къуэм хуэдэу илъагъу бынхэм зэрахэмытыр. Езыращи, нэгъуэщI унагъуэщ, адрей я шыпхъури япэIэщIэу мэпсэу, я адэ-анэращи, Мурати ещIэ а тIум я зэхущытыкIэр. Я ныбжьыр хэкIуэтэху, адрейхэр нэхъ быдэу зэрыIыгъ мэхъу, мыр и жьыщхьэ зэгупсысыр гурыIуэгъуэкъым, къэтIысу къыбдэуэршэрынукъым. Мурат и шыпхъум жиIэмкIэ акъылэгъуу и щхьэр ещI – нетIэ Тимошкэрэ я унэкъуэщ щIалэмрэ я гъусэу жыг хадэм щрафа шампанскэм мащIэу и щхьэр игъэкIэрахъуэри тIэкIуи къигъэжанащ. ИщхъэрэкIэ къыщыс жылэм къикIа, я гъунэгъу хъыджэбз цIыкIум и ныбжьэгъу пщащэми – ар мыбы къызэрыщыхута щIыкIэри гурыIуэгъуэкъым – и гукъыдэжыр къызэщIеIэтэ!

Еплъыт! ЩыпыгуфIыкIкIэ зэрыщыту зэщIотхьэхукI. И бостеищхъуэм хэщIыхьари е епэр щхъуантIэхэ, е бзу сурэтхэ? Гъунэгъуу убгъэдэмыхьауэ, плъагъунукъым, ауэ бгъэдыхьэфыркъым. Сыт делагъэ и щхьэм къищхьэрыуэхэр? Пщащэр уэздыгъэ нэхум щыхыхьам деж, и бостей пIащIэм упхроплъ, икIи и лъакъуэ пцIанэхэм нэр ятодие. Лъакъуэ дахащэхэщ! Мазэ ныкъуэр зи теплъэ и дыщэ тхьэгъу цIыкIухэри укIытэншэу уэздыгъэ нэхум зэрыхэлыдыкI. Пщащэр университетым щIэтIысхьа къудейщ. Мурат ар зэ фIэкIа илъэгъуакъым. Сыт-тIэ абы нэхърэ нэхъ фIэлъапIэ мы дуней псом темыту къыщIыщыхъур? Езы цIыкIури, бжэщхьэIум тету джэгум щеплъи, иджыпсту шхын зыщIихьа пэшым и щхьэгъубжэм къыIуту джэгум щыхэплъи, Мурат дежкIэщ къыздэплъэр – и псэм и щIасэ закъуэр къилъыхъуэж хуэдэ. Алыхьым ищIэнщ ар пэжрэ пцIырэ, ауэ Мурат апхуэдэущ къызэрыфIэщIыр. Хьэмэрэ, шампанскэ зэфам апхуэдэу къыфIигъэщIу ара? Иджыри къыздэсым щхьэ гу лъимытарэ абы, ар хэмыту дауэ зэрыпсэуар? Нобэ щыщIэдзауэ абы и гъащIэм мыхьэнэ гуэри иIэнукъым, ар хэмытмэ. Пщыхьэщхьэ псом зэ за-



5 Заказ №131

къуэщ Мурат пщащэм гъунэгъу зыхуищIыну къызэрехъулIар – Iэнэм тригъэувэнухэр къыхущIахыным ежьэу, пщэфIапIэбжэм деж щытти, щIалэр лIыгъэ зыхилъхьэри, бгъэдыхьащ зыгуэркIэ еупщIыну, зэреупщIынур езы дыдэми имыщIэу. ТIури къэIэнкунащ, хъыджэбзым и нэ пIащитIыр къэлыдщ, и нэкIущхьитIыр къызэщIэнэри, тепщэчхэр зытет подносыр къызэрыIэрыхьэу, кIэбгъу зищIащ. «И бостейм хэщIыхьа епэрхэр бзухэм ещхьу ращ», – егупсысщ Мурати, джэгумкIэ хыхьащ, и гъащIэм нобэ япэ дыдэу къэфэн и мураду.

Ефэ-ешхэр яухыу, хьэщIэхэм зэбгрыкIыжын щыщIадзам, жэщыбг иуат. Къалэм къикIахэм я бын балигъхэр ящIыгъут машинэм дэсыфынуи, езыхэм фадэ тIэкIу ирафами уэимтэкъым. Иннэрэ и щхьэгъусэмрэ кIуэжащ, пщэдей Iуэху пIэщIэгъуэ яIэу жаIэри, ауэ я бынхэр къагъэнащ. Арыншами, сабийхэр жеижакIэт. ХьэщIэхэр зэрызэбгрыкIыжу, анэр и пэшымкIэ щIыхьэжащ, и щхьэр зэтричу узырти. Хъыджэбзхэри иутIыпщыжащ, Iэнэхэр сэ пщэдджыжь зэлъыIусхыжынщ, жиIэри. Пщэдджыжь гъунэгъу хъыджэбзхэр къыдэIэпыкъуну къызэрекIуэкIынур шэчыншэщи, щIэгузэвэн щыIэкъым.

– Мис ращ, – жриIащ Лиуан и къуэм, щIалэм и пэшымкIэ здыщIыхьэхэм, – уэрэ сэрэ ди закъуэпцIийуэ дыкъэнащ, къытхуеи къытхуэныкъуи щымыIэу. Адэмрэ къуэмрэ нэхърэ нэхъ зэхуэныкъуэ мы дунейм теткъым, ар зыщумыгъэгъупщэ, си щIалэ.

ЩIалэр гъуэлъыжыху пэплъэри, Лиуан абы и пIэ лъапэм щетIысэхащ, епсэлъэн и мураду, арщхьэкIэ жэщри хэкIуэтащ, езыри ешащ. Ар есащ пасэу гъуэлъыжу, жьыуэ къэтэджу. ТIэкIу къэчэфащ нышхьэбэ адэр, Iэджэ щIащ мыпхуэдэу зэремыфэжрэ. И гум къыщIетхъ СулътIан – хьэ бэлыхьт. Жей, си щIалэ, жей.

Жейм здыхилъафэм, Мурат зэгупсысыр зыт: «ЦIыхубз хьэлу, зыщIыкIэ дахэу, гуапагъэу сыту куэд хэлъ а хъыджэбзым. Сытым хуэдэу сфIэфI сэ абы и щытыкIэр. И нэхэм сыт хуэдиз угъурлыгъэ къыщIихрэ. Мы дунейм теткъым сэ ар зэстын...»

МахуитI дэкIри, Мурат кIуэдащ. КIуэдари сыт, ауэ махуэ ещанэ мэхъу къалэм зэригъэзэжри, телефонкIэ зыпащIэфыркъым. Ар анэм къыжезыIар Иннэщ. Анэм къыхуищэхуа напэщыхуэхэр ириту хуригъэхьыжынути, игъуэтыркъым. Мурат тхьэмахуэ зэхуакум зэ нэхъ мыхъуми унэм кIуэж и хабзэт. Апхуэдэу щытащ адэмрэ къуэмрэ зэфIэнэху. ПIейтеигъэ лъэпкъ и нэгум къимыщу, анэр Лиуан къеупщIащ къуэм и Iуэху зытетым щыгъуазэрэ щымыгъуазэрэ. Абы и ужькIэ, сыхьэтитI нэхъ дэмыкIыу, я Iыхьлыхэм, зым деж адрейр псалъэурэ, Мурат къалъыхъуэу щIадзащ. Общежитми, и ныбжьэгъухэм, цIыхугъэхэм я дежи къыщалъыхъуащ. Институтым екIуалIэрт. Хэт «мобы деж щыIэ хъунщ», адрейми «мобы и дежу къыщIэкIынщ», – жаIэрт. И ныбжьэгъу Тимошки ищIэртэкъым Мурат здэщыIэр. Абы зэрыжиIэмкIэ, а тIур къалэм зэрынэсыжу, сэлам зэрахыжри зэбгъэдэкIыжат. Тимошкэ зэзауэ гуэр хэхуэри, фIыуэ къаубэрэжьати, зыщIыпIи мыкIуэфу дэст. Iыхьлыхэм зыкъомкIи ягу ягъэфIырт, щIалагъэ-делагъэкIэ ирихьэжьауэ зыщIыпIэ щыIэнкIи мэхъу, щIалэм лъэбакъуэу ичым укIэлъыплъыфын, жаIэу. «Фымыгужьей, дэнэ кIуэн, пщэдей къыкъуэкIыжынщ, Алыхьым жиIэмэ»,

– адэ-анэм ягу фIы хуащIырт абыхэм. Езыр-езыру къыкъуэкIыжыным траубыдэри, пщыхьэщхьэм псоми я гур нэхъ псэхужащ.

Лиуан и унэм жэщ псом уэздыгъэр щыблащ. Лиуан зыхэт гупсысэ хьэлъэхэм къыхашырт и пхъурылъху цIыкIухэм, абыхэм якIэрыщIауэрэ, езыри нэхъ теурт. ЦIыкIухэр адэшхуэм и куэщIым къыдэпщейурэ зэрант, и пащIэм къекъухэурэ, джэгурт. НапIэдэхьеигъуэ хуэдизкIэ цIыкIухэр щызэщIэщымэм деж, Лиуан и гур гузэвэгъуэ гуэрым щысхьыншэу ихузырти, пэшышхуэм къикIукIникIукIыу щIэтт, зэраншу цIыкIухэм зэхащIыхьхэм нэщхъейуэ щыгуфIыкIыу, жаIэхэр фIэгъэщIэгъуэну: «Дадэ, уэ мыпхуэдэу пхуэщIрэ? Къеплъыт иджыри сэ схуэщIэм. Хьэуэ, сэ нэхъыфIу сощI!» Ар аргуэру шэнтжьейм итIысхьэжырт, щIыIэм ис хуэдэ, и IитIри быдэу зришыхьэкIыжырти шэнтжьейр игъэщэнауэурэ зыщIиупскIэжырт. Сыхьэт и пэкIэ анэшхуэм цIыкIухэр зэрыщIишыжам гу лъитакъым, щыщIишыжым, цIыкIухэм дыщIумыгъэшыж, жаIэу зыкъызэрыкIэращIари зыхищIакъым. Хьэуэ, шэчыгъуейщ мыпхуэдэу ущысыну, щIэкIауэ, тIэкIу жьы зыщIегъэхун хуейщ.

Епсалъэ, еущие щIыкIэурэ, Щхъуэжь зыкъомрэ дэджэгуауэ джэдэщымкIэ щиунэтIым, къищIэжащ адакъэр куэбжэм зэрыкIэраIулIа гъущI Iунэхэм хуэдэ щилъэгъуауэ щытар. Жыг тхьэмпэхэм щIахъумэжауэ джэдэщ щIыбагъым деж зы ашыкыжь щытщ, гъущI Iунэ илъу. Джэдэщыр щащIа зэман лъандэрэ абдеж щытщ а ашыкыр. Ар дунейм тетыжми темытыжми Лиуан зэрыщыгъупщэжрэ Iэджэ щIат, хэтыт хуейр гъущI Iунэ улъиижахэм. Хьэуэ, зыгуэр хуеин хъуащ а гъущI Iунэхэм. Хэт ар жэщым къэзыгъуэтыфынур? Шэчыншэу, здэщылъыр зыщIэрщ. Хэт зыщIэр? Ари шэчыншэщ – Муратщ. Унэгуащэр хэдбжэркъым. Апхуэдэ делагъэ абы ищIэнкъым, и акъылым имыкIамэ. Щхъуэжьи мыбанэу хэт ахэр жэщым къэзыщтэфынур? Хамэу щытамэ, Щхъуэжь ичэтхъэнт. АтIэ хэт? Аргуэрыжьщи, жэуапыр шэчыншэщ – Муратщ.

Сыт Мурат езыхулIар ар ищIэну? Апхуэдэ щIыкIэкIэ адэм ахъшэ къыIэщIигъэкIын мурад ищIыным Алыхьым дыщихъумэ. Абы ещхь гуэр гъунэгъу къуажэм илъэситI и пэкIэ къыщыхъуауэ ещIэж. Ауэ ар зыщIар наркоман гуэрт – адэ-анэм фIы дыдэу къалъагъу къуэт. Ахъшэу зыхуейри куэдыщэ хъуртэкъым, зы тхьэмахуэкIэ зыхилъхьэну мастэр къызыщIэкIынт. Мыбдежым Iуэхур зыIутыр нэгъуэщIщ. Сыту гъэунэхуныгъэшхуэм хэхуа! Сыт мыбы и гъащIэм къыщыхъухэр? Дауэ игъэкIуэну жэщыр? И гущхьэр ечатхъэ уз гуэрым.

Мурат зыкъомрэ къэта нэужь, ар къыщигъуэтыжауэ щыта хьэщIэщ пэшым щIыхьащ. Уэздыгъэр щIигъанэщ, зиплъыхьри, Мурат зэрыса гъуэлъыпIэ дыдэм зригъэукIуриящ икIи, жейри зэман кIэщIкIэ къыпхуэкIуэ лIэныгъэ пэлъытэу зэрыщытым егупсысурэ, Iурихащ.... Абы зыкIи хьэлэмэт щыхъуакъым амбулаторие бгынэжам и щIыбкIэ къыщилъэгъуар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а щIыпIэм нэрымылъагъу гуэрхэр зэрыщызекIуэмкIэ куэд щIауэ шэч ищIырт. Е, езым апхуэдэу и гугъэт, е а гупсысэр нэгъуэщI пщIыхьым къыхэкIыу мыбы къыхыхьат – и пэжыпIэр къыбжиIэфынукъым, ауэ фIы дыдэу

щыгъуазэщ амбулаторие щIыбагъыр, цIыхухэм зэрагугъэм хуэдэу, жьы хъуа, зэтекъута машинэхэр щызэхуалъэфэсыжа щIыпIэ къудейуэ зэрыщымытым, атIэ мыбдежыр зэрыгъуэгум, икIи а гъуэгум, губгъуэмкIэ упхишурэ, насос станцым е кхъэм узэримышэм, атIэ, а тIум я зэхуакумкIэ удишу, мэз цIыкIу лъапэм узэрыхуишэм. А мэз цIыкIум адэжкIэ зы жылэ щысщ, а жылэр дунейм тетми темытми, езы Лиуан къищынэмыщIа, зыри щыгъуазэкъым.

Псынэпсым хуэдэу къабзэу, бгъуфIэшхуэу ежэх псым гъуэгур хуокIуэри, абы щIелъэфэж. Лиуан, и нэкIум псы тIэкIу щIикIэн мурадкIэ, лъэгуажьэмыщхьэ зыщригъауэм, зэуэ гу лъетэ и сурэтыр псым къызэримыщым. ЙотIысэхри, псы щIагъым пшахъуэ Iэмыщ1э къыщIихыну йоIэбых, арщхьэкIэ и Iэр псы лъабжьэм хунэгъэсыркъым. Хьэлэмэтщ, сыт-тIэ ар зытетыр? Зыхуихьынур имыщIэу, зэрэтIэурэ йоIэбых – нэсыркъым и Iэр псы лъабжьэм. Пэмыжыжьэу цIыху гуэрхэр щытщи, къыщодыхьэшххэр. ИтIанэ зэуэ гу лъетэ псы ежэхышхуэр шэд цIыкIу зэрыхъуам, езыри а шэдым зэрыхэтым. И щытыкIэм ириукIытэжу, къыхоцIэфтыжри, мэзым зыщигъэпщкIуну щIолъадэ. Дунеижьыр зи ныбжь мы мэзыжьым и щIагъыр мэзбзийхэм яуфэбгъуат. ИжьырабгъумкIэ бгъазэмэ, жыгхэр нэхъ цIырхъ щыхъумкIэ хуэзэу, ехыпIэ задэщ, и лъабжьэ дыдэм нэс уехмэ, удз щхъуэкIэплъыкIэхэр щыкI, хьэндырабгъуэ цIыкIу бжыгъэншэхэм къыщалъэтыхь шэдщ. Нэрылъагъущ мы щIыпIэм иджыри цIыхум и лъэ къызэримыхусар. ЗэрамыщIэжу дэкIея щиху дыхьэрэнышхуэхэм лъэныкъуитIкIэ къаувыхьа хуей щхъуантIэм щихьэм, хуей дахэм цIыкIужьейуэ фIэкI хыумылъагъукI Хъалид хуэзащ. Зэгуэр и гъунэгъуу щыта къуажэ сурэттех Хъалид и машинэм епэщэщырт, зыгуэр къутауэ къыщIэкIынти. Лиуан, абы сэлам ирихри, и гъуэгум пищэжащ.

Мис, Лиуан ицIыху, ауэ щицIыхур имыщIэ жылэр. Къуажэбгъу дыдэм деж щытщ гъущI хъаркIэ къэхухьа унэ, а унэм Хъалид зэрыщыпсэури ещIэ, имыщIэр ар къызэрищIа щIыкIэрщ. ГъущI хъарыр апхуэдизкIэ зэпэзэву зэрыхъащи, уи Iэр дэхуэркъым, и лъагагъми, удэплъеямэ, пыIэр пщхьэроху, и кIыхьагъыр жыпIэнущи – унэплъысыркъым. ГъущI хъарым адэкIэ жыг жьауэм щIэсу Мурат щысщ, шэнт щхьэгуэ цIыкIу тесу Iэнэм бгъэдэсрэ, зыгуэрым дихьэхауэ епэщэщу. Еплъыпэмэ, Лиуан къелъагъу Мурат егугъупэу кхъуэщын къутахуэ цIыкIухэр пинцеткIэ зэрызэтрилъхьэр. «Сыт мы пщIэр, си щIалэ? – йоупщI Лиуан макъ гуапэ дыдэкIэ. – Хадэм дауэ сынихьа хъуну? КърихуэкIыфаи мы Хъалид, дыхьэпIи дэкIыпIи имыIэу. Апхуэдэу зыми емыщхьу ихьащ абы и дуней гъащIэр: къэшэн Iуэхуи бын Iуэхуи зэримыхуэу, щIалэжь цIыкIу нэхъей, тхьэрыкъуэ кърихуэкIыу. Езы хэгъэрейр дэнэ щыIэ?» Мурат къемыплъэкIыу жэуап къет: «Уэ мыбы укъихьэ хъунукъым икIи укъихьэфынукъым. Хъалид Iуэху иIэу ежьащ. Плъагъуркъэ, ди адэ, сэ щIэрыщIэу зэхузохьэсыж мы кхъуэщыныр, къутащи. Зи зэрыубыдыжыркъым, щыкъуеиIуэ хъуащи».

Лиуан гъущI хъарым бгъурыту йокIуэкI, дэпщыпIэ гуэр къигъуэтынкIэ гугъэу. КIуэурэ, жьыуейр щызэпиху тенджыз Iуфэм нэсащ. Толькъунхэм ныджэм къытрахьат хьэндыркъуакъуэцIэнлъи,

пхъэбгъу къутахуи, нэгъуэщӀ пхъэнкӀий Ӏэджи. Тенджыз Ӏуфэм Ӏутурэ здекӀуэкӀым, зи зэхуэдитӀыр пшахъуэм исеижа телефон псэлъапӀэ хуозэ. Бгъэдолъадэри пшахъуэр зэлъыӀуитхъуу щӀедзэ. Бжэм хэлъ абдж ныкъуэкъутэм и Ӏэр къеуӀэ. И Ӏэпэ лъы защӀэмкӀэ телефон диск улъийр егъэкӀэрахъуэ. ЯпэщӀыкӀэ къыщыхъуащ и фызым епсалъэу, итӀанэ нэгъуэщӀ гуэрым. Телефоным къиӀукӀ макъхэм зэкӀэлъыпӀащӀэу захъуэж, ауэ езым яжриӀэну зыхуейр яжриӀэфыркъым, зыми зэхригъэхыфыркъым. Зыми зыри къагурыӀуэркъым. ИкӀэм-икӀэжым, езым зызэхехыж: зыгуэрым зэхихынуи щымыгугъыж бзагуэм и гъумэтӀымэм ещхьщ и макъыр.

Лиуан, ешарэ и Ӏэ лъы защӀэр и блэгущӀэм щӀигъапщкӀуэу, Хъалид и унэмкӀэ къегъэзэж, ауэ Мурат хадэм исыжкъым. ЩӀалэр зэпэщэщар Ӏэнэм телъщ. Пшапэр зэхоуэ, ауэ Лиуан бжыхьым щхьэпрыплъмэ, мыӀупщӀ дыдэми, елъагъу ар зищӀысыр. Ар ятӀагъуэм къыхэщӀыкӀа пхъэбгъущ, сурэт гуэр хэщӀыхьауэ. Зэ еплъыгъуэкӀэ гурыӀуэгъуейщ сурэтыр хэтми. Къутахуэ зэпкърилъхьэжахэр зэрыщыта дыдэм ещхь хъужагъэнкъым. Мурат жиӀати езыр зэрыхуейм хуэдэу зэрызэхуэмыкӀуэжыр. Къутахуэхэр тэмэму я пӀэ изэгъэжамэ, шэч хэмылъу, ар Мурат и сурэт хъунут. Лиуан ар псэкӀэ зыхищӀэрт.

Къигъэзэжауэ къыздэкӀуэжым, Лиуан машинэм бгъэдэт Хъалид аргуэру ӀущӀати, еупщӀащ: «Хъалид, сыт Мурат уи деж щищӀэр? Си щӀалэр унэм нэбгъэкӀуэжамэ, арат».

Модрейм жэуап къритыркъым, дагъэ защӀэ хъуа и Ӏэхэр хъыданкӀэ илъэщӀурэ, погуфӀыкӀ. «ПщӀыжакъэ иджыри къэс?» Лиуан машинэ кӀуэцӀым йоплъэ: шофер тетӀысхьэпӀэм и пӀэкӀэ абы итыр Мурат зытесам хуэдэ шэнт щхьэгуэщ, псори удзыжьу зэщӀэкӀэжащ, капот щӀагъым моторыр щыплъагъуркъым, машинэм шэрхъи щӀэткъым. Хъалид а зэрыпыгуфӀыкӀщ. Лиуан, къэшынауэ, и щхьэр къыӀуех. Хъалид къыкӀэлъоджэ, зыкъомрэ къыкӀэлъоджэ. Лиуан и нэхэр къызэтрех.

Макъыр къыздиӀукӀыр куэбжэмкӀэ хуэдэкъым, атӀэ унэ щӀыбагъым къекӀуалӀэ уэрамдэкӀымкӀэу фэ тетщ. Лиуан щӀэкӀри зэпхыдэӀукӀащ – нэхулъэ къызэщӀитхъ къудейщи, иджыри къэмыушакӀэу, къуажэм зы псэ щыдымыркъым. Лиуан куэбжэмкӀэ иунэтӀат, ауэ шкафым деж щынэсым къэувыӀащ, гъуджэм зыкъримыгъэщын щхьэкӀэ, лъапэпцӀий зищӀри бжыхьым щхьэдэплъыхыну хэтащ – зыгуэр щымыту пӀэрэ, жыхуиӀэу. ИтӀанэ аргуэру зэпхыдэӀукӀащ. Унэ щӀыбагъымкӀэ щызэхихащ машинэбжэ едзылӀэ макъ. Бжыхь лъабжьэм къыгуэлеикӀ бетон кӀапэм теувэри уэрамдэкӀ кӀыфӀым дэплъащ. Пэж дыдэуи, лъэбакъуэ зытхухкӀэ нэхъ пэмыжыжьэу машинэжь гуэр щытщ, и щхьэгъубжэм шынарэ джэрэзу щхьэ гуэр къыдэщу. Лиуан гу къылъитати, зи нэхэр иуэжа щӀалэ гъур гуэр машинэм къикӀри сэлам кърихащ. ЩӀалэр хэпщӀыкӀыу Ӏэнкунт, зэрыжиӀэмкӀэ, мы лъэныкъуэмкӀэ къыбгъэдыхьэмэ нэхъ къищтащ, занщӀэуи машинэр игъэункӀыфӀащ, пщэдджыжь нэмэзым унэм щӀэсхэр къимыгъэушын щхьэкӀэ. Нэхъ пхыдзауэ щыт унэ цӀыкӀум и уэздыгъэр блэрти, зыгуэрхэр къэтэджагъэнуи хуигъэфэщат, ауэ джэну дзыхь ищӀатэкъым, хъарзынэ хъуащ хэгъэрейр езыр къызэрыӀухьар.

ЩІалэр и нэІуасэт, нэхъапэхэм хьэмым щылажьэу щытащ, ауэ зыкъом щІауэ илъагъужыртэкъым, къуажэдэс куэдми хуэдэу, къалэм Іэпхъуагъэнщ. «Унэджакъэ?» – еупщІащ абы Лиуан. Мызэмыт Іэу абы зэхихат зыгуэр къызэреджэр. Хьэуэ, щІалэр джэнуи хунэсатэкъым – пщэдджыжь нэмэзым уджэ хъурэ – зыгуэрым гупщІэуз иребгъэхыни! КъыІухьэн къыІухьащ, ауэ джэну тегушхуакъым. Абы зыгуэрхэр къелъэІуащ псы Іуфэм пэгъунэгъуу щыт ГАИ постым деж Лиуан ишэну. Езыр а постым щыблэжым, къагъэувыІэри апхуэдэу къыжраІащ, жыпІэнумэ, унафэ къыхуащІащ. Зыгуэр щхьэкІэ Лиуан къыхуейщ. Мыпхуэдэу жыыуэ къыхуеин щыхъуакІэ, Іуэху джэгуу къыщІэкІынкъым. Езыри зы мыхьэнэншэ гуэр щхьэкІэ Іуэхум къытрачынтэкъым. Нэхумыщым ар къыщІежьар нобэ Іуэхуу иІэр и щхьэм къосри аращ – и къуэш нэхъыщІэм къешэри, хьэгъуэлІыгъуэм зыхуагъэхьэзырын хуейщ. АтІэ, мис абдеж псыхъуэм щылажьэ экскаваторщикым лъэмыжым пэмыжыжьэу зыгуэр къыщигъуэтащи, Лиуан къэшэн хуейщ, жаІащ. Экскаваторщикым къигъуэтар зищІысыр имыщІэу тхьэ еІуэ.

Гузэвэн къыщІэзыдзэ и гур нэхъ щІэгъэщхъуауэ къызэреуэмрэ къызэрыпІейтеямрэ щІихъумэн мурадкІэ, Лиуан и бгъэм хуэфІу жьы зыжьэдишэри щІалэм зыхуигъэзащ:

– ПщІэрэ, сэ си машинэмкІи сыкІуэфынут абы, ауэ машинэ зэщІэгъанэ ІэуэлъауэмуналунагъуэрдыкIуэ... 

– Сыт щхьэкІэ къызэхьэлъэкІыу, абы унэздзысыну аракъэ сэ езыр сыкъыщІагъэкІуар?!

– ЖэщкІэ зыкъигъэщІыІэу хуежьащ, – жиІащ Лиуан, машинэ хуабэм здитІысхьэм.

– Пэжщ, – арэзы техъуащ щІалэр.

Гъэмахуэр нэблэгъауэ щІыІэбжьым зыкъигъэІэгъуэми, Лиуан къыгуроІуэж щІыІэ худезыгъэхур зэрыармырар. Сыту пІэрэ абыи къыщыхъуар, иужьрей зэманым мыпхуэдиз бэлыхьыр къыхузэкІэлъызыхьри сыт? ЩІалэм зыкъримыгъэщІэн щхьэкІэ, зегъэжан, и Іэхэр, тхьэкІумэхэр еІуэт, мэхущхьэ. Аращ гъащІэ щІыжаІэжыр, апхуэдэ гуэрхэри хэмыту хъуркъым. Мис, псалъэм папщІэ, и лэжьакІуэхэм ящыщ зым и машинэр нэгъабэ ядыгъуати, а щІыпІэ дыдэм деж, ГАИ-м пэмыжыжьэу псы Іуфэм къыщагъуэтыжащ. КъищынэмыщІауэ, Лиуан и щхьэр егъэудэІуж – и жэмыр щадыгъуам щыгъуэ, къупщхьэлъапщхьэхэр къыщагъуэтыжар дэнэ? – псыхъуэ чыцэрщ. Аращи, апхуэдэ ІуэхукІэ нобэ и щыпэ къеежьэкъым.

– Аращ, – акъылэгъу къыдохъу щІалэр, – апхуэдэщ зэманыр, напІэдэхьеигъуэкІэ утеплъэкъукІмэ, уи лъапсэм псы ирагъэжыхьыжынущ. ЦІыхур дыгъужьым нэхърэ нэхъ хьэщхьэрыІуэж хъуащи, зытекІуэр ичэтхъэнущ, ишхынущ. ГъащІэм гурыфІыгъуэ лъэпкъ къыханэжакъым, япэм щыгъуэ аратэкъым. Мыбдежым дэддзыхмэ, нэхъыфІщ – гъуэгур мыщІагъуэ дыдэми, фІыуэ нэхъ кІэщІщ.

Нэху мэщ, ауэ Лиуан абы зыкІи хуейтэкъым. Жэщым дунейр гъунапкъэншэу къыпфІощІри, бэІутІэІур нэхъ шэчыгъуафІэщ, гум и узыр жэщ кІыфІым хэшыпсыхьыжу къыпщохъу. Махуэм а бэІутІэІур

нэхъ нэӀурыт мэхъури, псэфылъэм къыщӀогъуалъхьэ. Мы щӀалэми Ӏуэхум и пэжыпӀэр къыжриӀамэ, гупсысэхэр апхуэдэ дыдэу хьэлъэжынтэкъым. Арщхьэкӏэ, къыжриӀэркъым – къызэрымыкӀуэу зигъэнэмысыфӀэурэ тхьэ щиӀуэжащ Ӏуэхум зыри химыщӀыкӀыу. Тхьэ мин иӀуами, пцӀы еупс – абы ар зыуи къыщыхъуркъым. Щыхьэту увынуи, зыгуэр къалэн зыщищӀыжынуи хуейкъым. Зыри хэсщӀыкӀыркъым къэхъуам, фэ езым зэхэфхыж ар, сэ абы си Ӏуэху лъэпкъ хэлъкъым, жыхуиӀэщ. Сыт мы си щхьэм къищхьэрыуэ къомыр? Сыти и лажьэ мы тхьэмыщкӀэм? Иджыпсту Лиуан хьэзырщ псори къуаншэу къыщӀригъэдзыну.

Гъуэгушхуэм техьэжахэщ. ЗэкӀэлъхьэужьу машиниплӀ къаблэжащ. Пщэдджыжь нэмэзым здэпӀащӀэхэри дэнэ? Делагъэ къезыхуэкӀыр къагурыӀуэжатэми! Мы гъащӀэр зэрыщыту мыхьэнэ гуэри зимыӀэ делагъэщ. Сыт мы си щхьэм аргуэру къищхьэрыуэхэр? Мес, лъэмыжым нэблэгъахэщ, сэмэгурабгъумкӀэ – ГАИ постырщ. Щымщ, жейхэу къыщӀэкӀынщ. Хьэуэ, пшагъуэм ныбжь фӀыцӀэ гуэрхэр къыхэнэӀукӀащ – щы хъууэ. Машинэ яцӀыхур къыщалъагъум, щыми Ӏэ ящӀу щӀадзащ – занщӀэу мобыкӀэ фыкӀуэ, жыхуаӀэу. Сыт пӀэщӀэгъуэ, сэлам къудей яхыну яхущӀэмыхьэу? Лъэмыжым зэпрожхэр. Гъуэгум иӀэ хужь зэпрытхъыпӀэхэм щатежкӀэ, щхьэр зэредзэри егъэуз, нэжьгъым деж ину къыщеуэу щӀедзэ. Игу къокӀыж мыбдежым чэф зиӀэ къулыкъущӀэшхуэ гуэрым, постым щыт милицэ щӀалэм къызэригъэувыӀэххар игу темыхуэу, щӀалэм и автоматыр къытрихыу псым зэрыхидзэгъар. Апхуэдиз зэман дэкӀауэ ари игу къыщӀэкӀыжар сыт? Дапщэрэ зэпрыжа мы лъэмыжым, ауэ ар иджыпсту фӀэкӀ зэи игу къэкӀыжакъым. ИужькӀэ зэраӀуэтэжамкӀэ, етӀуанэ махуэм къулыкъущӀэшхуэр псым хахуэри автоматыр кърагъэлъыхъуэжауэ щытащ – икӀи къигъуэтыжащ.

Лъэмыжым и сэмэгурабгъумкӀэ гъуэгубгъум щӀалэ цӀыкӀу гуп Ӏусщ, пщэдджыжьым псым къыщаубыда бдзэжьейр ящэри. Гъуэгу напщӀитӀымкӀи щызэдекӀэкӀ удз Ӏувхэм уэсэпс къапынэжакъым. Машинэм идз нэхум Лиуан ар ӀупщӀу къыхилъагъукӀащ. Нышэдибэ къаблэжа машинэ къомым зы уэсэпс къамыгъанэу паудащ. Пшагъуэм фагъуэу къыхэщу къалъэгъуащ зи белыр Ӏэтауэ щыт экскаваторыр. Бел ӀэтамкӀэ абы къаригъэлъагъу хуэдэт здэкӀуэну лъэныкъуэр.

Экскаваторым хуэзанщӀэу къэувыӀэхэри, псым хуэкӀуэу ирагъэзыхащ. Шофёрым зихъунщӀэу щӀидзащ, адэкӀэ сыкӀуэнукъым, сыгуващ, си къуэшыр Ӏэджэ щӀауэ къызэжьэ хъунщ, жиӀэу. МыкӀуэнумэ, иремыкӀуэ, мыбы сыкъигъэсащи, ари хъарзынэщ, тхьэразэ къыхухъу. Бзаджэжь, ещӀэ мыбы къыщӀишар, ахъумэ, иужькӀэ жылэм яхихьэжын хуэдэу, Ӏуэхур зытетыр къимыщӀэу зэрыпхуежьэжын щыӀэтэкъым. И щхьэ зэрыхьщ.

Псыхъуэм кӀыфӀыр иджыри дэкӀыпакъым. Псыхъуэ езыгъэзыхым и Ӏыхьэ щанитӀым фӀэкӀыркъым псы зэрытыр. Адрейр псы Ӏуфэ ныджэщ. Дунейр зэрыхуабэр, уэшх къызэремышхыр, хьэсэхэм псы зэрыщӀагъэлъадэр – псори зэхыхьэжащи, псыежэхым псыхъуэр хуэгъэнщӀыжыркъым. ФӀыцӀабзэу дыгъэм иса экскаваторщикыр ешарэ и нэкӀу мыупсар иуэжауэ и машинэм бгъэдэтщ, хъы зэхэ-

зэрыхьар хузэхэмыхыжу. Зыкъом щIауэ елIалIэу фэ тетщ. Лиуан къыщилъагъум, хъыр трактор шэрхъым тридзэри, къыпежьащ, зэрычэфыр къызэрыримыгъэщIэным хущIэкъуу. Лиуан щхьэщэ къыхуищIри, мыин дыдэу, ауэ псы Iэуэлъауэм къыхэбгурыIукIыфын хуэдэу, къэпсэлъащ:

– КъедаIуэт псори къызэрекIуэкIам. Сэ зэзэмызэ псым хъы хызодзэ, бдзэжьей тIэкIу къэзубыдыну, мыбдеж дыдэми нэху сыкъыщокI, машинэм силъу. Мыр машинэ къызэрыгуэкIкъым, лъапIэщ, тракторым ещхьу утеплъэкъукI хъунукъым. ЩIалэжь цIыкIухэр ипщхьэу цырыцу зэпкърахыныр зыхуэIуа щыIэкъым. СыщогуфIыкI, сохъумэ. Экскаватор гъэлэжьэнкIэ адрейхэм сефIэкIыу къалъытэри къысхуагъэфэщат. Дыгъуэпшыхь си ныбжьэгъум сэрэ тIэкIу дыщысащ, деIубащ. Дэшхыныр къыдэмэщIэкIат, ауэ жэщыбгым тыкуэным укIуэнт, а тыкуэн жыхуэпIэри мыбы пэгъунэгъуу щыIэкъым. Дэнэ ужэнт, арати, псым хэздза хъымкIэ сыкIуащ, бдзэжьей къихуамэ, си ныбжьэгъум хуэзгъэжьэн си мураду. Арати, дауэ иджы ар зэрыжыпIэнур... Еу-уей, мы си Iэпэри тхьэм ещIэ щызуIэжар, лъыр къыпож. Иджыпсту сэ ар зыгуэркIэ пыспхыкIынщ, зэ умыпIащIэ...

ЩIалэм и хъыбарым здедаIуэм, Лиуан зиплъыхьащ. И гур къилъэтыным хуэдэу къоуэ, модрейм бдзэжьей гугъу фIэкIа ищIыркъым. Бдзэжьей хъыбар нэмыщI, мыбы нэгъуэщI зыгуэр жимыIамэ, арат. Лиуан зеплъыхь, ауэ ихъуреягъкIэ зыри щыIэкъым. АтIэ, щыуагъэкIэ къашауэ пIэрэ? Апхуэдэуи къэхъуащ Iэджэрэ – уи жэмхэр нартыху хьэсэм хыхьати, яубыдащ, иджы хьэсэр зейм къуэды ети уи жэмхэр хуж, жаIэурэ жэщыбгым къагъэтэджыжу. Жэмхэр мэз хозяйствэм яхурти, дыгъуасэ лъандэм къамышахэм я быдзыпэм шэр къыпыжу щаIыгъът. ИкIэм-икIэжым жэмхэр Лиуан имейуэ къыщIидзыжырт. Лиуан и жэмхэр и зэманым фермэм трахуэжырти Iуэм ираубыдэжырт, хамэ хьэсэм щыхъуэкIуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Аргуэру щыуауэ къраджауэ арагъэнщ. А гупсысэм и гур мащIэу къызэригъэгъуэтыжащ.

– Мы зинэкIэ къалъхуа мылицэхэри, – пещэ щIалэм, и Iэпэ лъы защIэм тутыным къытритхъа тхылъымпIэ кIапэр иришыхьэкIыурэ, – къыскIэрохъыжьэ, уефащ, кIуэжи жей, зыгъэпсэху, чэфыр птеужмэ, дызэпсэлъэнщ, жаIэурэ. Зэпсалъэр былым гуэру къащыхъу къыщIэкIынщ. Семыфауэ дэнэ абы сыкъыздрахынур?! Мы си лэжьыгъэм упэрыту уемыфэу хъунукъым. Мис ахэри – плъагъурэ? Лиуан, кхъыIэ, сэ суримыгъусэу уэ езыр кIуэ абыхэм я деж. Сэ абыхэм саIуплъэнкIэ Iэмал иIэкъым.

ПсыщхьэмкIэ пшагъуэм ныбжьитI къыхэнэIукIри, зэуэ кIуэдыжащ. Лиуан а лъэныкъуэмкIэ иунэтIащ. «Жэщым псыр нэхъ къызэщIорыуэри зеубгъу, псы Iуфэр пIыгъыу кIуэи нэхъыфIщ», – жиIэу экскаваторщикыр къыкIэлъыджа щхьэкIэ, зэхихакъым – псым щIигъэхуабжьэ даущым хэкIуэдащ. Псым уэр зищI зэпытщи, мы дуней псор иралъэсыкIыну къежьа пфIэщIыну, зыхуэзэр иращIыкIыу толъкъунхэр къызэрохьэх. Лиуан и лъакъуэхэр пшахъуэрэ мывэкIэщхъыу зэхэзэрыхьа псы Iуфэ ныджэм пхощэтри, лъэданэ ирагъанэу къыщохъу. И лъакъуэр ерагъкIэ пшахъуэм

къыщыхичыж дыдэм, и вакъэ лъапэр зыжьэхэуа мывэ джей тыкъырхэр, бильярд зэрыджэгу шар хуэдэ, зэбгрожхэр. Гузавэр къытогуплIэри, а напIэзыпIэм и натIэм йопхъуэж, и щхьэцыр щрилъэщIэкIкIэ гу лъетэж щхьэц Iэмыщlэ къызэрыIэщIэнам. Зэуэзэпсэу и дзэхэр хэсысыхьащи, дзэлым къыдэж лъы гъуафэ Iувыр кIагуэ пщампIэм къытолъадэ. КъыфIэщIу ара, хьэмэрэ пэж дыдэ мы къыщыщIхэр? Экскаваторщикым зи гугъу ищIа щIыпIэр кIуэрыкIуэм тету зэпиупщIри, ар и лъэгуажьэм къыфIэкIыу хыхьащ сагъыз ягъавэм ещхьу къибыргъукI къуршыпс щIыIэмылым. Абы зыхищIэрт и вакъэхэр псым зэрылъихыр, абыхэм ящIыгъууи и лъапэхэм ятелъ лыр зэрытекIыр. ЗыхищIэрт и лъапэ къупщхьэхэр псы щIагъ мывэкIэщхъхэм къызэратхъунщIыр. Апхуэдэ дыдэуи зыхищIащ и Iэгуфэр дагъэ пщтырым хуэдэу ткIууэрэ зэрежэхыр. Дауэ зыгуэрым уи Iэр зэрыхуэпшиинур е абыкIэ зыгуэр зэрызэщIэбубыдэнур, сыт иджы мы Iэхэм яхузэфIэкIыжынур? Мис мыбдеж, и бгъэм деж, мэуз, напIэдэхьеигъуэм гур, зихузри, игъущыкIащ, егъэлеяуэ къохьэлъэкI бэуэну. ЦIыхухэм гъунэгъу щахуэхъум, и Iэбэлагъхэр и блэгущIэхэм щIигъапщкIуэщ, и лъапэхэм еплъыжри, егупсысащ: «Мыбыхэм ясщIэнур сыт?» Ауэ абы щхьэкIэ къимыгъанэу и гъуэгум пищащ.



НэкIу жейбащхъуэ зэхэуфахэр зэкIэлъхьэужьурэ и пащхьэм щызэблокI, сытемыни хъурэ, и нэIуасэ защIэу: участковэр, операхэр, следователхэр, «дэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и дохутырыр, нэгъуэщIхэри. Щэху гуэр зыгъэпщкIу плъэкIэкIэ псори абы и нэм къыщIоплъэ, нэхэми нэпс шыугъэр къащIэлъэдащи, пшагъуэпшагъуэу фIэкIа ялъагъужыркъым. Гъуэгур хуит къыхуащIу цIыхухэр зэлъыIуокIуэт, я щхьэр ящIурэ адэкIэ зэрыкIуэн хуейр къра гъащIэ. Ихъуреягъыр даущыншэ шэчыгъуейщ, зыми зы псалъэ къыжьэдэкIыркъым – псым и даущри дэнэ щыкIуэдар – мы дунеишхуэр дэгу хъуауэ ара, хьэмэрэ езыр дэгуу ара? Лиуан, зыгуэрым дихьэха фIэкI умыщIэну, бзэншэу макIуэ къыхуа-

гъэлъагъуэмкIэ. Зэ зым, зэми адрейм бгъэдыхьэурэ, убзэу яжьэхоплъэ, мы къекIуэкIхэр къыгурагъэIуэнкIэ ящыгугъыу. Мы дунеижьыр къызэригъэщIрэ абыхэм я хъуреягъыр къиуфэрэзыхьу щыту къыфIощI, ауэ абыхэмрэ езымрэ я зэхуакум занщIэу дэплъыпIэ тIэкIу иIэ мэхъу, псы щхьэфэ мыбгъуащэм адэкIэ зи курыкупсэм хужьыгъэ гуэр хэлъ пшахъуэ хытIыгу цIыкIу къыщолъагъуэ. ЦIыхухэр зэлъыIуокIуэт, езыр псым ехьыр а хытIыгумкIэ – сыт абы къыщыпэплъэр? Чэсей щэкI бзыхьэхуэ? Сыт-тIэ абы щхьэкIэ? Сыт ар къыщIраджар? Шэчыншэу, щыуахэщ – езыратэкъым зыхуейхэр. Бэлыхь щIыхадзари сыт? Нэхъ гъунэгъуу бгъэдохьэ: пшахъуэ щхъуафэм нэр зытеджылэ щащыху хужьыпс тепхъуащ. Щащыхур къытрипхъуэтмэ, зи Iэгъуапэхэр дэгъэджэрэзея джанэрэ джинс фIыцIэрэ щыгъыу, лъапцIэу, и щхьэр езым къыхуэгъэзауэ щылъщ псым итхьэлар. Пшахъуэ псыф щIыIэм хэлъ ныбжьыщIэм щыIуплъэм, Лиуан и IэпкълъэпкъыкIэ щыщу къыхуэнэжа тIэкIум гуузу зихузащ. КъыпекIухьри, и лъакъуэхэм деж лъэгуажьэмыщхьэу щотIысэх, и лъэгуажьэхэр пшахъуэ псыIэ щабэм пхыщэту. И пIэм ижыхьауэ йоплъ, зыри къыгурымыIуэу.

Зэуэзэпсэу мэкIий, дэгу зэщIэхъуа дунейр къызэщIигъачэу, арщхьэкIэ зыми зэхихыркъым, и кIий макъыр езым и кIуэцIым йоукIуриехыж, къыхуэнэжа лъынтхуэхэмрэ хуэхэмрэ зэпичу. А кIий макъым дыгъэри егъэункIыфI, вагъуэхэри кърегъэщэщэх. И щхьэм къихьэ гупсысэхэр щхъухь егъэфащ, ар къыхагъащIэ гупсысэ хьэлъэхэм: и къуэр къызэрыримыгъэлыфам, къыщыщIынкIэ хъунур къыгурымыIуэу зэриутIыпщам, чэнджэщ щхьэпэ зэрыримытыфам. Къуэм и нэхэр игъащIэм къэмыплъэххам хуэдэщ, абыхэм псыхъуэ пшахъуэмрэ псы тхъурымбэмрэ щIэдиихьащ. И Iупэхэр сабий цIыкIу Iупэу зэтехащи, дэIэпыкъуэгъу хуейуэ къэлъаIуэ хуэдэщ. Лиуан дауэ лъэкIа а дакъикъэ шынагъуэхэм къуэм и мыгъусэныр, абы щыгъуэ бауэу дунейм тетыну дауэ лъэкIа, уафэри къехуэхыу щIылъэм къытемыхуэу дауэ къызэтена? Дэнэ езыр здэщыIэр, мы къекIуэкIхэри зищIысыр сыт? КъыгурыIуэркъым, зыри зыхищIэркъым, ауэ узым аргуэру абы и деж къегъэзэж.

«Сытуи инышхуэ ухъуа, си щIалэ, гу лъызмытэххэурэ балигъ узэрыхъуар иджыщ япэу щыслъагъур: уи ныбафэм къытекIа цы сатыр цIыкIур уи бгъэгумкIэ докIуей, уи жьэпкъыпэми уи напэпкъми заужьащ, лIы нэсым хуэдэу. Мис уи пщэм телъ дыркъуэр, жыгым укъыщехуэхам бгъуэтауэ щытар, мис фIыуэ слъагъу анэлри, мис, си Iэпэхэр уи нэкIум дызолъэ, узыр къыптехьэлъэу къыщIэкIынщ, си щIалэ цIыкIу. СыткIэ сынызэроIусэнур, си къуэ, зыри сымыгъэузын щхьэкIэ? Си Iэхэм къащыщIар уолъагъу, си щыгъын лъабжьэми IэпкълъэпкIъ къыщIэнэжакъым, къупщхьэрэ фэрэ фIэкIа, си бгъэми си гур ирисхьэжри яжьэу си кIуэцIым ищэщэжащ. Уи Iуэхур тэмэму зэтеувэжын папщIэ зы сыхьэт закъуэм къриубыдэу сэ щIэстащ сиIэу хъуар. Ауэ уэ сыт мы зэхэпщIыхьар, си щIалэ?! Уэ зэхэпкъутащ дунейр, зэуэ къэбгъэсэхыжащ псори. Иджы сэ абыхэм яхуэзгъэгъуну, е гущIэгъу яхуэсщIын слъэкIыну?! Псом нэхърэ нэхъ узыхуэгущIэгъуншар сэращ, си щIалэ! Дауэ иджы сызэрыпсэужынур? Еплъыт, мы дунеишхуэм зыри къытенэжакъым, уэрэ

сэрэ ди закъуэу пшахъуэ хытIыгу цIыкIум дытету Хьэрш гъунапкъэншэм дыхосыхь. Къызэтегъэувы Iэ, си щIалэ, уафэм къех дыжьын уэсэпскIэ ущызгъэпскIыж, вагъуэ къутахуэхэр уи щхьэцым щыхэсщIэ, пшэ хужь блэсыкIхэм джэбыну уащыкIуэцIысшыхь мы пщIыхьэпIэ мыхьэнэншэр...»

Хьэдагъэм къыщызэхуэсахэр Лиуан и къуэм къыщыщIам тепсэлъыхьырт. ЗэрагъэхъыбарымкIэ, щIыхуэшхуэ къытехуат, къыщIытехуа щхьэусыгъуэр зэраIуатэр зэхуэмыдэут: языныкъуэхэм жаIэрт куэзыр джэгукIэ фIахьауэ, етIуанэхэм – наркотик ищэу япэщIэхуауэ, ещанэхэм – музейм къыщIидыгъукIа хьэпшып лъапIэ ищэу яубыдауэ. А щхьэусыгъуэхэм ящыщ дэтхэнэри щаIуэтэжкIэ, зыIуэтэжым и жьэнахуагъэкIэ зыгуэрхэри дыщIигъужырти игъэбатэрт, къыжезыIауэ игъэщыхьэтри зи нэкIэ зылъэгъуарт е а Iуэхур зи пщэ илъ следователхэрт. ЯIуатэрт и къуэр къригъэлын папщIэ Лиуан Iулъхьэ яритын имыдауэ. Апхуэдэу щыхъум, ныбжьыщIэм и гум темыхуэу, псым зригъэтхьэлэжащ. ЦIыхухэм къагурыIуэртэкъым, зыкъомкIи я фIэщ хъуртэкъым: дауэ апхуэдэу зэрыхъуар – Лиуан пщIэ зыхуащI цIыху зэтетщ, Мурати щIалэ гъэсащ, нэмысыфIэщ, Iей зэи далъэгъуакъым. ПцIы тралъхьэу къыщIэкIынущ. Сыт пщIэн, къэхъуар къэхъуакIэщи, зыри пхуещIэжынукъым...

МахуищкIэ щызэблэкIащ Лиуан и пщIантIэм щыгъуэр. Лиуан пщIыхьэпIэм хэт хуэдэт. Къыхуэщыгъуэхэри, «Тхьэм пщимыгъэгъупщэ», жаIэу и Iэр къэзыубыдхэри зыхищIэртэкъым. «Мы гуауэр игу изыгъэхун, и къуэр щызыгъэгъупщэн нэхъ гуауэж къэхъуфыну? КъагурыIуэркъым цIыхухэм икIи къагурыIуэнукъым, езыхэм я щхьэм апхуэдэ гуэр кърикIуэху». Къызэрыхуэщыгъуэри и Iэр къызэраубыдри къемызэгъыу, фэрыщIыгъэ къудейуэ, уеблэмэ езыхэм къагурымыIуэжми, гущIэгъуншагъэу къилъытэрт. Мыпхуэдэм деж псалъэ гъущэхэр зэрылейр, абыхэм гуауэр нэхъри зэрагъэхьэлъэр ямыщIэу ара? Зыми зыхищIэфынукъым Лиуан къылъыкъуэкIар икIи къыдигуэшыфынукъым, езы Лиуани апхуэдэм деж нэгъуэщIым зэрыдэмыIэпыкъуфынум хуэдабзэу. ПщIантIэм дэкIыжынхэщи, я щхьэ Iуэху зэрахуэжу, уэршэру, уеблэмэ гушыIэу ежьэжынхэщ.

Исмел и машинэр куэбжэ зэIухам къызэрыIулъэдар къыщилъэгъуами, Лиуан и нэгум зыкIи зихъуэжакъым. Къыхуэщыгъуэну къэкIуащ-тIэ. Лиуан къыбгъэдэт и малъхъэм зыхуигъазэри зыгуэр жриIащ. Исмели яхэту пщIантIэм къыдыхьэ лIы гупым малъхъэр япежьэщ, Исмел яхишри лъэныкъуэкIэ Iуишащ. Исмел зыгуэрхэр къыжьэдэкIщ, деур ищIыну и Iэхэр иIэтри, мыин дыдэу, ауэ псоми зэхахын хуэдэу: «Зыми имылъэгъуа хьэдэгъуэдахэщ», – жиIащ. ИтIанэ зигъэкIэрахъуэри дэкIыжащ, машинэм итIысхьэжри ежьэжащ. И нэгум а зэрызимыхъуэжым хуэдэурэ, Лиуан щыкъу щIалэм къыжриIэжхэм едэIуащ. И Iэ и лъэр ищIырт, зихъунщIэрт, къэгубжьат, жоIэ. Къимылэжьауэ и жагъуэ ящIащ, къызэрыщIэкIымкIэ. Ягъэ кIынкъым...

Ещанэ махуэм и пщыхьэщхьэм ирихьэлIэу Лиуан куэбжэр хуищIыжщ, гуэщым шэнт щIигъэувэщ, и Iыхьлыхэр зэхуишэсри, яжриIащ: «КъурIэнаджэр дгъэгувэнкъым, махуэ плIыщI дэкIыхуи

дыщӀыпэплъэн щыӀэкъым, Ӏэмал зэриӀэкӀэ нэхъ псынщӀэу тщӀынщ». Иужьрей махуищым къриубыдэу нобэ етӀуанэу къэпсэлъауэ аращ, псалъэхэр жиӀэн, и гупсысэхэр къиӀуэтэн къехьэлъэкӀырт. ЩӀэпсэлъэн щхьэусыгъуи щыӀэу ищӀэркъым – хэт иджы ар зэпсэлъэнур, щӀепсэлъэнури, зытепсэлъыхьынури сыт? «Тхьэмахуэ дызыхуэкӀуэм и тхьэмахуэ махуэм, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, ебгъуанэ махуэм къурӀэнаджэр тщӀынщ», – триухуащ абы. Акъылэгъу къыдэмыхъуахэри къахэкӀащ: Ӏэмалыншэу щыткъым иджыпсту ар пщӀыныр, Ӏыхьлы-благъэхэми хъыбар ирагъэщӀэну хунэсынкъым, нэгъуэщӀ мыхъуми, тхьэмахуитӀ дэгъэкӀын хуейщ. Лиуан яхуидакъым. Зыми хъыбар иригъэщӀэн, къригъэблэгъэн мурад иӀэкъым. Нысашэ хьэгъуэлӀыгъуэкъым мыр. Лейуэ зыщӀыхуигъэхьэзырыни щыӀэкъым. Псори и хьэзырщ. Аращи, зэрыжиӀам хуэдэу ящӀынущ. ЗызыхъунщӀэн къахэкӀакъым, къыщцышынэхэрти. Махуищым лӀэнкъэнэну иригъэшахэр щыму зэбгрыкӀыжащ.

Нэхъапэхэми хуэдэу, пщӀантӀэр даущыншэ хъужащ, хамэ дэтыжкъым. Щхьэгъусэр я пхъумрэ малъхъэмрэ ящӀыгъуу унэм щӀыхьэжащ. Лиуан зэуэ къэуӀэбжьащ – гуэщым щӀэта шкафыр илъагъужыркъым, игъэщӀагъуэу зиплъыхьащ: дэнэ здэкӀуар? Моуэ, гуэщым и курыкупсэм деж щытащ. А-а, мес ар, и гупэр блынымкӀэ гъэзауэ плӀанэпэм дагъэкӀуатэри чэтэни кърапхъухыжащ. ЗиӀэтри бгъэдыхьащ шкафым: «Сыт щхъухь зыщӀэлъ уи нэжьхэмкӀэ укъыщӀызэмыплъыр? Къеплъ сызэрыхъуам, уэ абы ущыгуфӀыкӀынущ. Си дежкӀэ зыкъэгъази, си нэхэм къащӀэплъэ, аратэкъэ уэ узыхуейр, псори дыбукӀыну. Сэ абы занщӀэу гу лъыстэу, удэсшу пхъэнкӀий идзыпӀэм щхьэ ухэзмыдзэжарэ, апхуэдизрэ мыбдеж ущӀыщӀэзгъэтари сыт? Зыкъэгъазэ си дежкӀэ, зыкъэгъазэ, бжесӀащ сэ. Сытуи ухьэлъэ, уи зыгъазэ зы мазэу. Плъагъуркъэ, чэтэным зыщӀигъэпщкӀуэжащ! ЗыкъысщыбгъэпщкӀуу, зыкъызумыгъэлъагъуу, унэм зыкъыдэбнэжын уи гугъа? Еплъыт, икӀи зегъэерыпӀынэ. ЗэрымыкӀуэмытэжь! Уи гупэр къэгъэзауэ къэув, бжесӀащ сэ. Удын ухуейуэ арамэ, мэ, иджыри мэ! ЗыхэпщӀэрэ си удыныр зыхуэдэр? Ухуеймэ, а уи нэжь къысхуибгъэтӀэтӀри пхуисщӀынщ, уи лъы фӀыцӀэр къыщӀэжу. Лъы фӀыцӀэмкӀэ си Ӏэри къэбуцӀэпӀащ. Иджы уи джабэхэм яхуэфӀ сыхъунщ. ПщӀэуэ къыщӀэкӀынщ ущӀэзукӀыр...»

Унэм щӀэсхэр Ӏэуэлъауэм къыщӀигъэжащ. «Делэ дыдэ хъуа мыгъуэщ мыр!» – жиӀэу кӀийурэ фызыр къыбгъэдэлъадэри зыкъыпщӀэхидзащ, пхъумрэ малъхъэмри абы и Ӏуфэлъафэр къажыхьурэ ягъэудэӀу, гъунэгъухэри, Ӏэуэлъауэр зэхахати, къежэкӀащ. Лиуан зимыхъунщӀэу, зыгуэр игу къэкӀыжа хуэдэ, и Ӏэ лъы защӀэхэмкӀэ и щхьэр фӀиубыдыкӀыжщ, шэнтым тетӀысхьэри зиущэхуащ. Шкафыр, зыри къыхэмынэжауэ, зэпкъриудат.

КъыкӀэлъыкӀуэ махуэхэм Лиуан фермэм зыбжанэрэ дэкӀащ, ауэ лэжьыгъэ Ӏуэху кърихуэкӀакъым. Лэжьыгъэхэр и малъхъэ нэхъыжьымрэ абы и къуэхэмрэ пщэрылъ яхуищӀащ. Уащыгугъ хъунущ – лэжьакӀуэжьхэщ, Ӏуэхум хащӀыкӀ, зэрыпсэун кърахуэкӀыф, къэлэжьыкӀэ ящӀэ. Абыхэм папщӀэ ущӀэпӀейтеин щыӀэкъым. Езым Ӏэгъуэблагъэхэм, мэзым къыщекӀухь, пыухыкӀауэ здэщыӀэр зыми

имыщӀэу. Зэзэмызэ, пшапэ зэхэуэгъуэм, фермэм къытехьэмэ, пхъурылъхухэм зэфӀаха лэжьыгъэхэр къэрагъэлъагъу, адэкӀэ я мурадхэр къыхуаӀуатэ, Лиуан зэрыарэзыр щалъагъукӀэ, мэгуфӀэхэр. Ауэ, пэж жыпӀэнумэ, Лиуан зыри къыфӀэӀуэхущэкъым, къыжраӀэхэм зэредэӀуащи щыӀэкъым. ЩӀалэхэм лэжьыгъэмрэ гъащӀэмрэ хуаӀэ гукъыдэжыр, дунейм псэууэ зэрытет къудейм зэрыщыгуфӀыкӀыр щилъагъукӀэ, и гущӀэм зехуз, я адэ-анэхэм йохъуапсэ. «Фэ фщӀэрэ иджыпсту сэ си къуэр здэщыӀэр? – и гупсысэхэм щыщӀоупщӀэ. – Мис аращ-тӀэ»... – жэуапри езым зретыж. Аращ щӀалэхэм куэдрэ яхуэзэну щӀыфӀэмыфӀри.

Унэм зыри псэлъэгъу щищӀыххэркъым. Мурат и анэр и закъуэу къамыгъэнэн щхьэкӀэ, е и пхъур, е и шыпхъур, е абыхэм я бынхэм ящыщ гуэр сыт щыгъуи щыӀэщ. Лиуан псалъэмакъыр зэрижагъуэр ящӀэри, ягъэпӀейтейркъым. Ар жыг хадэм йохьэри мэпэщащэ, жыгхэр еухъуэнщӀ, тхьэмпэ къыпыхужахэр зэхуитхъусурэ егъэс. Зымахуэ пхъэбгъу зэбгрыдзахэр зэхуихьэсыжщ, екӀуу зэтрилъхьэри зыгуэрхэри ятрипхъуэжащ. Гуэщым Ӏэмэпсымэ телъхьэпӀэ щищӀащ, а Ӏэмэпсымэхэр Ӏэджэ щӀауэ къимыщтэж пэтми. Мис апхуэдэурэ щыпэщащэ медан гуэр хъунщ жыг хадэм и кум уэршэрыпӀэ щигъэувыну гукъэкӀ щищӀар. Пхъэбгъу нэхъыфӀыӀуэхэр къыхихри пхъащӀэм хуишащ, икӀи мыгувэу къишэжащ пхъэбгъухэр зэрыупсыпхъэу упсарэ жьэдэхыпхъэхэри жьэдэхауэ, ӀэкӀуэлъакӀуэу зэпкърылъхьэжын фӀэкӀа къэмынауэ. Пщэдджыжьым пэрыувэрэ жэщ хъуху лажьэу махуиплӀкӀэ елӀэлӀащ уэршэрыпӀэм и зэфӀэгъэувэным. Махуэ етхуанэм уэршэрыпӀэм и щхьэр трилъхьэри, хужь-щӀыхуфэу илэжащ. Зы махуэ дэкӀыжри, къурӀэнаджэр къэсыпауэ, Ӏупхъуэ хужьыбзэхэр къишащ, цӀыхубзыӀэ иримыгъэӀусэу ахэр езым фӀидзэри, шылэ лентӀ гъуафэхэмкӀэ Ӏупхъуэхэр зэрипхыжащ. УэршэрыпӀэм уэшх щӀэмышхэн папщӀэ, а махуэ дыдэм абдж ӀувышхуиплӀ къишащ, сэх зэхуакухэм дигъэувэну. Иджы бжэм унафэ гуэр тещӀыхьын хуейт.

И къуэм и сурэтыр пхъэ рамэм иту стӀолым тригъэуващ, щӀалэм и пэшым къыщӀихри мыбы къихьащ и тхылъхэр, конспектхэр, блыным фӀэлъа сурэтхэр, нэгъуэщӀ хьэпшып цӀыкӀуфэкӀухэри. А псори зэфӀигъэкӀа нэужь, шэнт щхьэгуэм тетӀысхьэри егупсысащ: «КъурӀэнаджэ нэужьым уи кхъащхьэм сыныр тезгъэувэнщи, итӀанэ...» «ИтӀанэ» ищӀэнум езыри щыгъуазэтэкъыми, и гупсысэр, гъуэщауэ, зэпыудащ. А гупсысэ зэпыудар езыр ара хуэдэу, цӀыху сэфэтым иувауэ, и нэгу къыщыщӀигъэхьэм, гузэвгъуэм зэщӀищтащ икӀи къыгурыӀуэжащ адэкӀэ здэкӀуэни щӀэкӀуэни зэрыщымыӀэр – дэнэкӀи зыри къызэрымыкӀ нэщӀыгъэщ.

Лиуан нышэдибэ лъандэм зыри зэримышхам – иужьрей махуэхэм шхэуэ зыми илъэгъуакъым – щыгъуазэ и шыпхъум шхын къыхуихьащ. ЕтӀуанэ шэнт щхьэгуэр къыбгъэдигъэкӀуатэщ, сэхуран сурэт зыхэщӀыхьа и кӀэпхыныр абы триубгъуэри, лы гъэварэ хадэхэкӀрэ зэрылъ тепщэчхэр къыхутригъэуващ: «ТӀэкӀу едзакъэ, ахъумэ, уэри мы дунеишхуэр къыптеункӀыфӀэнщ, арат иджы дэ дыкъызыхуэтыжыр. Ушхэмэ, мы таблеткэхэми ефэ, нэхъыфӀ уащӀынущ», – жери. Псалъэмакъ лейкӀэ тримыгъэхьэулеикӀыу,

Лиуан хуиту игъэшхэн папщӀэ, шыпхъур занщӀэу щӀэкӀыжащ. Лиуан таблеткэхэм ефа нэужь, лы тыкъыр къищтэри бжьыныху шыпсым хигъэпщӀащ. Жьэдилъхьащи, «итӀанэм» зэрынэсу и гупсысэр щӀызэпыудам егупсысурэ, лыр егъэныщкӀу. «Сыт абы уегупсыскӀэ? КъэкӀуэну гъащӀэм сэ зыхэслъэгъуэжыркъым, щыӀэкъым ар си дежкӀэ. Си къуэмрэ сэрэ дызэпхащ, дызщ, дызыӀэпкълъэпкъщ, зы псэщ...» ИкӀи занщӀэу къилъэгъуащ езым и тэмакъым иригъэх ерыскъыр, зэрыткӀупхъэм хуэдэу мыткӀуу, занщӀэу и къуэм и шхалъэ псэншэм зэрыкӀуэр. Къыщылъэтри, и гур къызэрыдэхьеяуэ, бжыхьым ежэлӀащ. КъэмыувыӀэжыфу, ину зыкъомрэ псчащ.

И щхьэгъусэри, ипхъури, и шыпхъухэри, пщӀантӀэм дэту зэхэзыха гъунэгъухэри, балигъи сабии зэрыжаӀэу, къыӀулъэдащ. Зыгуэрым псы къритати, зэ-тӀэу еӀубщ, къэнар и щхьэм трикӀэри, Лиуан къызэхуэсахэм я дежкӀэ зигъэзащ. Зы телъыджэ къалъагъун я гугъэу къызэхуэжэсауэ ара? «ФызэбгрыкӀ, псэхугъуэ къызэфт!» – зимыщӀэжу ящӀэкӀиящ къызэхуэжэсахэм. Фызым хуэшэчакъым: «Хэт уэ къыпщыхьэр, зыщӀэбгъэнэмысыншэр сыт? ЕмыкӀущ, нэгъуэщӀ мыхъуми, гъунэгъухэм ящыукӀытэ. Уи закъуэкъым гуауэ зиӀэр, ауэ зыми апхуэдэу зигъэщӀыкӀейркъым». «Фэ иджы цӀыхухэм фахэзбжэ фи гугъэу ара?» – жиӀэну къыфӀыдрихьеят Лиуан, ауэ, ирикъухыжщ, Ӏэнэр Ӏуахыжыну яжриӀэри, уэршэрыпӀэмкӀэ щӀыхьащ. ЕтӀысэхащи, цӀыхубзхэм йогупсыс: Сыт псэущхьэ лъапсэхэ? Бэлыхьищэр ятелъу сабий къалъху. ЗэрыжаӀэщи, я кӀэтӀий я вакъэпсу япӀ, цӀыхум хагъэгъуащэ, езым я щхьэр къафӀэмыӀуэхужыххэу, я псэр быным теубгъуащ. АтӀэми, иджыпсту езым и унагъуэм илъ гуауэм хуэдэ е нэхъеиж гуэр къэхъуа нэужь, бэшэчу яхуохьыр игъащӀэкӀэ фэм пхудэмыгъэхуэну уи гугъэр, хьэдагъэм ехьэлӀа дауэдапщэхэри къызэрагъэпэщыфри, гъырэ бжэкӀэ я щхьэри ягъэудэӀужыф. КъызгурыӀуэркъым.

И къуэр зыщӀэса пэшым Ӏэпхъуащ пщыхьэщхьэм. И закъуэу бгъэдэсыфынутэкъым фызым, и гъуэгымрэ нэпсымрэ хуэхьынутэкъым, япхъу нэхъыжьыр къэкӀуэжащи, бгъэдрес ар и анэм, игъэудэӀуу. КъурӀэнаджэм пхъурылъху цӀыкӀухэр къыздимышэну жриӀат хъыджэбзым. Лиуан и пщӀантӀэм дэлъыпхъэ нэщхъеягъуэмрэ а сабийхэм я нэгум кърих нурымрэ гуфӀэгъуэмрэ зэгъэзэгъыгъуейт. Гъунэгъу цӀыхухъухэми запыӀуидзырт Лиуан, ауэ абыхэм ящыщу нэхъ и гъунэгъур лейтенант Заур и щыкъу адэ Ахьмэдти, ар зэзэмызэ къекӀуэкӀырт. ЦӀыхубзхэм ягъэӀущауэ, зымахуэ Ахьмэдщ къыжезыӀар: «ЗумыукӀыж, Лиуан, уи псэм уемыныкъуэкъуж апхуэдизу, ар езыр-езыру хуэмурэ тесабырэжынущ. Уэ адэкӀи упсэун хуейщ, зыр лӀэкӀэ, адрейм зилӀэжыркъым». Ахьмэд зэрыщыӀэр абы и пэкӀэ ишэчами, иджы Лиуан апхуэдизкӀэ къэлыбауэ и гъунэгъум еплъати, а плъэкӀэм игъэщтэӀэщтэбла гъунэгъур, Лиуан ищӀа уэршэрыпӀэр игу зэрырихьыр псалъэм къыдэкӀуэу къыжриӀэри, екӀуэкӀыжащ.

КъурӀэнаджэ махуэм Лиуан нэхъ къэбэдзэуэжащ – куэду къызэхуэса Ӏыхьлыхэмрэ гъунэгъухэмрэ мащӀэу ядэуэршэрырт. Лиуан зэи мыхьэнэ яритыртэкъым дауэдапщэхэм, ахэр хьэдагъэу е хьэгъуэлӀыгъуэу щрети, иращӀэкӀ хабзэхэм, дин лэжьакӀуэхэм

пщIэ яхуищIыртэкъым, илъытэртэкъым. Iэщ щIиукIари адыгэм лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ къадекIуэкI хабзэм зыдригъэкIун щхьэкIэщ. Мыпхуэдэхэм деж зэфIагъэкI лэжьыгъэхэр зыкIи къагуихыртэкъым, псалъэм папщIэ, зэштегъэу Iуэхуу хадэм ирищIыхьа уэршэрыпIэм, икIи, языныкъуэ динщIэкъухэм хуэдэу, мыбы хилъагъуэртэкъым диным пыщIа гуэри. Адрейхэри духьэшыуэ илъытэртэкъым. Духьэшыуэ зызылъытэж и къуажэгъу Iэджэхэм ящыщу зы мащIэм нэхъ мыхъуми диныр хьэкъыу зыпхыкIа яхэтамэ, уафэри нэхъ бзыгъэнти, къуажэми хьэбыршыбырагъэр, залымыгъэр, гуауэр куэдкIэ нэхъ щымащIэнт. Зызыгъэдухьэшыхэм я нэхъыбэр фэрыщIщ, пцIыупсщ е делэщ. И гъунэгъур цIыху хъарзынэщ, гуауэр зыхуигъэшэчыну, зигъэбыдэну чэнджэщ кърет. Зэман дэкIмэ, япэм зэрыщытам хуэдэу псори зэтес хъужыну жеIэ. Лиуан псоми мыпхуэдэу яжриIэну къыфIыдрехьей: «СIыфх си унэри, си фермэри, си мылъкури, си ахъшэри – аращ си гъащIэ псом къэзлэжьар, зэхуэсхьэсар. Къафщтэ зыкъэмынэ, аращ фэ фызыхуейр, аращ фыщIэпсэури. Ауэ си узыр, си гуауэр, фыкъемыIусэу, сэ къысхуэвгъэнэж. ФыскIэрыкI, си натIэм фикI закъуэ!»

Махуэ псом Лиуан и закъуэу къэнэну Iэмал игъуэтакъым. Зэпымыууэ зыгуэрхэр къыбгъэдыхьэурэ, Iэджи къыжраIэрт, чэнджэщ кърат ырт. Лейтенант Заури, и фызыр и гъусэу къэкIуауэ, къадэIэпыкъурт, ягуэша Iыхьэхэр зэбгрызышыжхэм яхэтт. Заур Лиуан къыжриIащ Мурат ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху гуэркIэ къепсэлъылIэн зэримурадыр. Ауэ иджыри зыгуэрхэр имыгъэтэмэмыжу хъунукъыми, пщэдей шэджагъуэм ирихьэлIэу зэхуэзэфамэ, арат. ИтIанэ, зыми къыщамылъагъун щIыпIэ, къапщтэмэ, тутей хадэм шэджагъуэм сыхьэтитIым деж, щызэхуэзэныр фIэигъуэщ. Абы ирихьэлIэущ зэман нэхъ щигъуэтынур, къалэм къикIыу къыщысыфынур. Куэдым щыгъуазэ, щыхьэтлыкъыу увыфын гъусэ Заур щIыгъунущи, абы щхьэкIэ Лиуан иремыгузавэ, иремышынэ. Iуэхум апхуэдиз щэху зэрыхилъхьэр хуигъэгъуну къелъэIури, арыншауэ зэрымыхъунури къыщIигъужащ.

ЩIалэм къыжриIахэр Лиуан зэрызыхищIар и блэкIа гъащIэ пыщIэныгъэ лъэпкъ зыхуимыIэжым, хуиIэжынуи зыхуэмейм къиIукI хъыбарущ. Мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэми, сыткIэ хуей ар а псалъэмакъ къыпэщытым? И къуэм ехьэлIауэ щхьэм щызеуэ гупсысэхэм нэхърэ нэхъ мыхьэнэ зиIэ мы дунеишхуэм тетыжкъыми, фIэфIкъым а гупсысэхэм лъэпощхьэпо яIэну, щIалэ насыпыншэм зэхищIыхьар зэпкърыхыжыныр абы къахэпшэхъуэну. Сыт Заур абы къыжриIэфынур – Мурат бгъэдэлъ къуаншагъэмрэ хабзэм къигъэувхэр зэрыгъэзэщIэн хуеймрэ? И къуэм, хабзэм химыщIыкIыныгъэкIэ е нэгъуэщI зыгуэркIэ, къэралым хэщIыныгъэ иритамэ, ар зищIысыр, ахъшэу хуэзэр зыхуэдизыр дахэ цIыкIуу тхауэ кърырати, къанэ щымыIэу ипшыныжынщ. Ауэ Iуэхур къыдалъэфыжрэ, къыпкърыупщIыхьу, судым кIуэ-къэкIуэжу, захуэмрэ къуаншэмрэ зэхагъэкIыу, уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъащтэжу идэнукъым, езыгъэдэфыни щыIэкъым. Сыту фIы гъащIэ блэкIам и джэрпэджэжыр къыздиIукIыр зэрыжыжьэ дыдэри, езым и Iуэху абы зэрыхэмылъыжри! НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, Заур

органхэм къыхуащIа пщэрылъкIэ къыхуэзэнурамэ, тутей хадэм щэхуу къыщыIущIэнт? Хьэуэ. И къуэр зыкIи мыкъуэншауэ, ягъэшынэу, къуаншагъэр езым зытрилъхьэжауэ, къыщышынэу ар къыщибзыщIауэ  арамэ-щэ? КIуэнщ, кIуэнщи, Iэмал имыIэу зыхуигъэзэнщ Заур.

ЗэраухылIа зэманым зы сыхьэт иIэжу тутей хадэм нэсри, гъуэгубгъум деж джыдэкIэ къэупщIыхьауэ щыт пхъэ дакъэжьым пэмыжыжьэу машинэр къыщигъэувыIащ, къызэрысам и щыхьэту. Езым хадэкумкIэ иунэтIащ. Игу къэкIыжащ иджыри щIалэжь цIыкIуу и адэм и гъусэу мыбдежхэм мэкъу щеуауэ зэрыщытар. ИужьыIуэкIи и ныбжьэгъухэм я гъусэу Iэджэрэ къэкIуащ, еджапIэм щагъэхъу шылэ хьэпIацIэм ирагъэшхын тутей тхьэмпэ яхьыну. И щIалэгъуэми зэман куэд щигъэкIуащ мыбдеж. Нэхъ иужьыIуэкIи ипхъухэр къишэурэ я нэгу зыщригъэужьащ. ГукъэкIыж Iэфlхэм дунейр нэхъ нэхуу кърагъэлъагъужащ. Пэж дыдэу, абы щыгъуэ нэхъ зэманыфIт, цIыхухэри нэхъ насыпыфIэт. Иджы тутей хадэр цIыху кIуапIэу щытыжкъым, зыми укъамылъагъуу ущызэхуэзэну нэхъыфIи къэгъуэтыгъуейуэ къыщIэкIынущ. Заур сыми къэса хуэдэщ.

Машинэ къыIулъэдам Зауррэ Тимошкэрэ къикIащ. Заур къыбгъэдыхьэри сэлам кърихащ, Тимошкэ къыбгъэдыхьакъым, сэлам пэлъытэу зыгуэр къигъумэтIыма мыхъумэ. Мурат и ныбжьэгъур хэпщIыкIыу зыгуэрым игъэпIейтейрт, и напIэхэр къыхуэмыIэту, и Iэхэр зэригъэIуэту. Зэ зы лъакъуэм, зэми адрейм зытригъащIэурэ, удз кIырыр иутэрт. ЩIалэм и нэкIу сэмэгур къэуцIыплъат, зыгуэрым зэрыхущIихулыкIам и щыхьэту IэпапIэхэр иджыри къытещу. Абы Лиуан гу зэрылъитар къилъагъури, Заур зиумысыжащ: «Арыншэу хъуакъым – къысхуэкIуэртэкъым». Мурат и Iуэхур щызэхигъэкIым, Заур щымыгугъыххауэ, лъэужьхэм Тимошкэ ирашэлIащ. Мырат Iуэхум и пэжыпIэ дыдэр къэзыгъэнэIуэфыну зи гугъу ищIари. Заур Iуэхум и ужь щихьам, псори и гуащIэгъуэ дыдэу екIуэкIырт, щIихьари, ар фIыкIэ зэримыухынур и псэм ищIати аращ. Ауэ езыри къуаншэщ, епIэщIэкIын хуеящ – и гугъакъым апхуэдэу Iуэхум зыкъридзэкIыну.

– Хэт зи гугъар апхуэдэ къэхъуну, – къэгъумэтIымащ Тимошкэ, – дэ дыджэгуу, дыгушыIэу аркъудейт.

КъызэрыщIэкIымкIэ, Заур ткIий къудей мыхъуу, икIи гущIэгъуншэу щытыфынущ.

– Еплъыт абы, джэгухэу арат. Еуэ, еуэ, дызэрызэгурыIуам тету, псори къызэрекIуэкIар жеIэж Лиуан, жеIэж, дзыгъуэ гъуанэ дихьа къыумыгъанэу. Делафэ зытумыгъауэ, сощIэ узэрыжьэрыIэзэр, юристу узэреджэр, студентхэм я театрым хъарзынэу узэрыщыджэгур, конкурсхэм узэрыщытекIуэр. АтIэ, къыжыIэж  зэхэщIыкIыгъуэрэ наIуэу. Дэ дыппэрыуэнкъым.  ДызыщIэупщIэн къыхэкIмэ, иужькIэ дыноупщIынщ. КъыбгурыIуа?

Заур и псалъэр зэриухыу, Лиуан, абыхэм я дежкIэ мыплъэну хущIэкъуурэ, жыг лъабжьэжьым тетIысхьащ – щытыну къехьэлъэкIырт псалъэмакъым и къыщIэдзэкIэр зэхэзыхар.

Тимошкэ зызэщIикъуэщ, зыгуэрым хэуэну зигъэхьэзыр хуэдэ, лъэбакъуэхъуу уври, кърихъэжьащ:

– Уи адакъэжьыр сукIыну сыхуеякъым. Алыхьым сыкъещIэ, гуэныхь къэсхьащ...

Заур занщIэу ар зэпиудащ:

– Адакъэм деж дынэсакъым иджыри, и пэ дыдэм, щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэм къыщыщIэдзауэ жыIэж. КъыбгурыIуакъэ, уделэ уэ?

Тимошкэ, къэшынауэ, макъ кIэзызкIэ къыщIидзэжащ:

– Къуаргъ, зэрихабзэжьу, аргуэру ахъшэшхуэ хуей хъуати, къыздрихынур ищIэртэкъым. Апхуэдизрэ адэм уелъэIун, уелъэIуми, апхуэдиз къыуитын?! Къуаргъ нэхъапэхэми апхуэдэ щIыкIэкIэ зыкъом къигъэпцIакIэт. Сэ зыкъысхуегъаззэ: дэсщ, жи, фи къуажэм зыгуэр мыахъшэншэу, иджыри къыздэсым зыми имыгъэпIейтеяуэ. Сыт ар нэхъ тыншу псэун щIыхуейр? Мурати зыгуэрурэ къыхэшауэ, Iуэхум яужь ихьапхъэщ. Зэ къыщIэддзэмэ, адэкIэ зэрыхъу хъунщ. Гу лъамытэурэ Iуэхур зэрытхъэнщ, зыгуэрхэр кIэрытцIэлъынщ. Iуэхур куу ящIыну хуэмеймэ, и адэм тыншу къыдитынщ ахъшэу дызыхуейр. Езыхэми къагурыIуэн си гугъэщ, Iуэхур куу хъурэ судым нэсым абы къикIынур – Мурат къыщIадзыжынущ, ныбжьэгъухэми гъунэгъухэми я деж тIуми я напэр щытекIынущ. Апхуэдэ Iэмалыр укъэзымыгъэпцIэжынщ, мызэ-мытIэу згъэунэхуащ. Арат Къуаргъ зэрегупсысыр. Зыгуэр зэхуэмыхъу хъужыкъуэмэ, и адэр къыдэIэпыкъунут, щыгъуазэт ари Iуэхум. КъищынэмыщIауэ, Къуаргъ и адэр Лиуан хуэзэгуэпырт, къуажэ олигархыу зыкъыщыхъужащ, ахъшэ къызэзымыту а зырщ районым исыр, жери. Къуаргъ Муратрэ Артёмрэ къигъэгугъащ зы хьэпшып лъапIэ гуэр щэхуакIуэм лъагъэIэсмэ, ахъшэфI къаригъэлэжьыну. Лэжьыгъэр гугъущэкъым, ауэ Къуаргъ нэгъуэщIхэм дзыхь яхуищIыркъым. Мурат сымэ я къалэныр хьэпшыпыр нэгъуэщI къалэ яшэу щэхуакIуэм лъагъэIэсу, и уасэр къыIахыу къыхуахьыжын къудейуэ аращ. Лэжьыгъэм къыпэкIуэну ахъшэр фэ иужькIэ зэхуэвгуэшыжынщ, жери, Мурат нэхъыщхьэ хуэдэу игъэуващ. Къуаргъ жиIахэр я фIэщ хъури, щIалэхэр къэIулащ – хьэпшыпыр гъунэгъу къалэм яшэнщ, зратыпхъэм иратынщ, ахъшэр къыIахынщи, къагъэзэжынщ – аракъэ зэрыхъури?! Такси итIысхьэрэ кIуэмэ, шэчи къыхуащIынукъым икIи къахъунщIэнукъым. Ахэр къалэм щыдэж дыдэм яубыдащ: мывэ лъапIэ гуэр хъумапIэм щIадыгъукIауэ, ар иджыпсту ди къалэм щыIэу хъыбар къытIэрыхьащи, машинэ псори къыдопщытэ, жари. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зыубыда милиционерхэр Исмел и лэжьакIуэхэт, Къуаргъ и ныбжьэгъухэри я гъусэу. Исмел и Iизыныншэу апхуэдэ Iуэхум Къуаргъ тегушхуэфынутэкъым. Зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, Исмел тыншу кIэбгъу зищIыжыфынут е Iуэхур езыр здыхуеймкIэ иунэтIыфынут. Къуаргъи, зыри сщIэркъым, слъэгъуакъым, жиIэфынут. ЩIалэхэр щаубыда махуэм ар мы къалэм километр минкIэ пэжыжьэу нэгъуэщI къалэ щыIэт. ЩIалэ цIыкIухэр шынащэри, я щхьэр хэкIэрэхъухьати, зэрагъэделар къагурыIуакъым. Дэнэт абыхэм къыздрахынур апхуэдиз зи инагъ налкъутымрэ Коля-чудик и сурэтымрэ?

Заур щIалэр егъэIущ:

– ЗэрыжыIэн хуейр Николай-чудотворец тхьэнапэщ, дауэ щымытми, мыхьэнэшхуэ зиIэ хьэпшыпщ. Сыту пIэрэ фэ университе-



6 Заказ №131

тым фызыхурагъаджэр? Тхьэнапэ дыдэм тратхыкӀа сурэт нэпцӀу къыщӀэкӀынт ар.

– СщӀэркъым, сэ езым слъэгъуакъым. ИтӀанэ Къуаргъэ и ныбжьэгъухэмрэ Мурат лъитӀысхьащ. Артём гъусэ нэпцӀ хуащӀауэ арати, и Ӏуэху зэрахуэжакъым. Мурат и Ӏуэху зытетыр и адэм жриӀэу, ахъшэ къыӀихын хуейт, арыншамэ, ягъэтӀысынут. Мурат шынакъым, ауэ Ӏейуэ игу къеуащ Къуаргъэ абы и ныбжьэгъухэмрэ я лъэӀур зэримыгъэзэщӀэфар. Гурыщхъуэ лъэпкъ абыхэм яхуищӀыртэкъым. Щахуэмыгъэшынэм, ягъэгужьеину гукъэкӀ ящӀащ. Адакъэм теухуауэ къэзыгупсысар Къуаргъщ – зэрымыгушыӀэр иригъэлъагъун, Мурат и псалъэм темытыжыф, ныбжьэгъур хуэмыгъэпэж хуэдэу жылэм яхигъаӀуэу и напэр зэрытрихыфынур хьэкъ щищӀын мурадкӀэ. Апхуэдэ напэтехым и ужькӀэ Мурат зыми сэлам къудей кърихынукъым. Адакъэр къахуэздыгъун сымыдэу Ӏэджэрэ зислъэфыхьащ. Иджыпсту къэсӀуэтэжахэм я нэхъыбэр къыщысщӀар иужькӀэщ, зыкъом дэкӀауэщ. Псори Лиуан жесӀэжын си гугъащ, арщхьэкӀэ сышынащ. Сэ сщӀэрт абы я Ӏуэхум зыри къызэримыкӀынур. Сытми, акъылэгъу сыкъащӀащ. Сэ Къуаргъ Ӏуэхутхьэбзэшхуэ къысхуищӀат: машинэ къызэрысщэхун ахъшэ си адэм къыщызимытым, щӀыхуэ къызэзытар арати, и лъэӀур хуэзмыщӀэу хъунутэкъым. А лъэӀур бгъэзэщӀэным сытыт хэлъыр? ЩӀалагъэ делагъэм къыхэкӀ джэгу къудейт, щӀэпхъаджагъэ гуэри хэмылъу.

Арати, жэщым пщӀантӀэм сыдыхьащ. Мурат сэ естауэ щыта хьэр, сыкъуицӀыхурти, къызэбэнакъым. Ӏэуэлъауэ лъэпкъ хэмылъу адакъэр къэзубыдри, занщӀэу и щхьэр пысчащ, джэдэщ щӀыбагъым деж щыт ашыкыжьым гъущӀ Ӏунэ зэрилъыр слъэгъуауэ сщӀэрти, къисхащ. Псори дакъикъэ зытӀущым зэфӀэкӀащ Ӏэуэлъауэншэу. Бжыхьым сыкъыщхьэдэлъыхыжри, сызэпхыдэӀукӀащ – псори щымти, куэбжэм сыбгъэдыхьэри адакъэр кӀэрысӀулӀащ. АпщӀондэху жэщыр сыхьэтищым нэсащ, абы ирихьэлӀэу Мурати машинэкӀэ къыӀуашэжати, сыӀуэным иӀэжар зы мащӀэщ. Мурат машинэр уэрамым и пэщӀэдзэм къыщигъэувыӀэу лъэсу дэмыхьэжамэ, дызэӀуат. Ар бжыхьымкӀэ щхьэдэмылъыхыжу куэбжэмкӀэ дыхьэжамэ, адакъэр Ӏэмал имыӀэу къилъагъунут. Фермэм фоч щызыгъэуахэм си Ӏуэху лъэпкъ яхэлъкъым, сызыщыгъуазэр адакъэ тхьэмыщкӀэм и Ӏуэхум и закъуэщ. ЗэрысщӀэмкӀэ, ди ныбжьэгъухэм ящыщ и гъусакъым Къуаргъ. Езым нэхърэ куэдкӀэ нэхъыжь дзыхьщӀыгъуэджэ Ӏэджэми япыщӀат ар. Си гугъэмкӀэ, фермэм фоч щызыгъэуари ахэращ. ЩӀалэжь цӀыкӀухэракъым – щӀалэжь цӀыкӀухэм фоч яӀэкъым. Фоч дэнэ къэна, хьэфэ мывэдз къудей яӀыгъакъым а къалэдэсхэм игъащӀэм. Къуаргъ лӀыгъэ гуэри хэлъкъым, зигъэлӀу кӀэрахъуэ кърихьэкӀми, бзу ирыригъэщтэн мыхъумэ, нэгъуэщӀ зыгуэри ищӀэфынукъым абыкӀэ. Уеблэмэ къуаргъми яхэуэркъым, и цӀэджэгъуу, унэкъуэщхэу елъытэри. Псынащхьэм деж Лиуан щепсэлъа нэужь, Къуаргъ, адрейхэм ящибзыщӀами, къагъэпудауэ, и напэр трахауэ зыкъилъытэжащ. КъыфӀэщӀырт и нэщӀыбагъкӀэ щӀалэ цӀыкӀухэр къыщыдыхьэшхыу, и пщӀэр ехуэхыу. Ар ибзыщӀми, нэхъ ибзыщӀыху, нэхъ къыфӀэнаӀуэрт, зэгъэгъуэ игъуэтыртэкъым. Ара-

ти, кӀэрыхъыжьащ Мурат: сыпщащ, сыкъэбгъэпцӀащ, уэ мылицэм зытребгъэхам и уасэр иджы сэ сыпшыныжыну къысхудэбгъэкӀри, кӀэбгъу зыпщӀыжащ. Мурат ищӀэнур ищӀэртэкъым. Уеблэмэ къигъэгугъэфынутэкъым ахъшэ щхьэкӀэ и адэм елъэӀуну. Къуаргъ къылъыса пудыныгъэмкӀэ игъэкъуаншэр Муратти, лъагъумыхъуныгъэрэ гужьгъэжьрэ къыхуиӀэ хъуащ. Къуаргъ гужьгъэжь ищӀамэ, и ажалыр къэсыху щыгъупщэнукъым, къыппэувыфынукъым, ауэ къуэгъэнапӀэ фочауэу илъ ищӀэжынущ. А махуэм ар езыр Мурат бгъэдыхьакъым, атӀэ щӀалэр университетым къызэрыщӀэкӀыжу, машинэм ису и ужьым иувэри, кӀэлъыплъащ. Мурат зыщӀыгъу хъыджэбз цӀыкӀур ишэжырт пщащэм и Ӏыхьлыхэм я унэм нэс. ФщӀэркъэ ар хэтми? Ди къуажэм щыщщ. Ауэ абы мыхьэнэ иӀэкъым. ИтӀанэ Къуаргъ и ныбжьэгъухэр Мурат бгъэдигъэхьащ, мыпхуэдэуи жраӀащ: «КъитӀысхьэ машинэм, Мурат, псалъэмакъ пхудиӀэщ». Абы ирихьэлӀэу, сэри Мурат сыкӀэщӀыхьэжат – зэгъусэу къуажэм дыкӀуэжыну ди мурадт. Къуаргъ и ныбжьэгъухэм къуажэм дынадзысыжыну, зыхуейр гъуэгум къыщыджаӀэну дыкъагъэгугъэри, дежьащ. ТцӀыхуртэкъым щӀалэхэр, тӀу хъурти, языхэзри игъащӀэм тлъэгъуатэкъым. Зы псалъи къажьэдэмыкӀыурэ, псым дынэсащ. Сыщымыуэмэ, нэгъабэ ди агрономым, чэфу, и машинэр псым щыхигъэхуар а щӀыпӀэм дежщ. Абдеж псы Ӏуфэр егъэзыхыгъуэщ, хуей цӀыкӀуи иӀэщ. Машинэ зы-тӀущ зэхэтщ, цӀыху зыбжанэм, Къуаргъи яхэту, уэршэру псы Ӏуфэм къыщакӀухь. Къуаргъ, губжьыщащи, и фэр шэхуу пыкӀащ, и нэм лъы къытелъэдащ. Мурат машинэм икӀщ, Къуаргъ бгъэдыхьэри и нэгум иплъэурэ ткӀийуэ жриӀащ къыкӀэрыкӀыну, и Ӏуэху къызэримыхуэну, къыкӀэлъызэрихьэн и мурада хьэгъэщагъэхэр къызэремыхъулӀар. Къуаргъ тоуэ-топкӀэ, мэкӀий, Муратхэ я лъэпкъыр зэрыщыту лъэхъуэщым иригъэлӀыхьыну щеӀуэж. Зы напӀэӀэтыгъуэ хуэдэкӀэ зызэрадзащ. Къуаргъ цӀантхъуэри, лъэгуажьэмыщхьэ иуащ, ауэ Мурат и Ӏэр иутӀыпщакъым. Къуий къабгъэдэлъадэщ, Мурат и Ӏэ етӀуанэр иубыдри и щӀыбагъымкӀэ ириӀуэнтӀэкӀащ. Апхуэдэу, и Ӏэ зырызыр яӀыгъыу, псымкӀэ иралъэфэжьащ. Къуаргъ аргуэру зэ-тӀэу лъэгуажьэмыщхьэ иуащ, ауэ Мурат и Ӏэр иутӀыпщакъым. ЖыгышхуитӀым я зэхуакум хуэзэ а щӀыпӀэр псыдыхьэщ, псыр мащӀэу щикӀэрэхъухьу. АдэкӀэ лъэбакъуэ зытӀущ пчыжмэ, и уэрыпӀэщ. Мурат и щхьэр и щӀагъыу псым щӀагъэмбрыуэм, тӀэкӀурэ хагъэлъым къыхахыжурэ, зыщыплӀрэ щӀагъэмбрыуащ. Сэ Мурат сыдэӀэпыкъуну зисчат, ауэ Къуий и ныбжьэгъухэм саубыдри сагъэкӀуакъым, умыгузавэ, тӀэкӀу ягъэпскӀмэ, нэхъ акъылыфӀэ хъуауэ къыхалъэфыжыну аркъудейщ, жари. ЗаӀэпызудыну сыхуежьат, ауэ сапэлъэщакъым. Мурат псым зэритхьэлэр, и щхьэр къыщыхахыжым деж зэрыпсчэр, мы дунейм хьэуауэ тетыр зыри къэмынэу зыжьэдишэну хуей хуэдэ, макъышхуэ иригъэщӀу зэрыбауэр зэхэсхырт. Къарууншэ дыдэ хъуат. Сэри, сихъун-силъыну сыхэтти, мыхьыр сагъэхьащ – мис, фыкъеплъыт, си дзажэналъэхэр зэхаущэбащ, си лъакъуэхэр бжэгъукӀэ паубэрэжьыкӀащ. Къуий и ныбжьэгъухэр спортсмен защӀэщ, зэуэкӀэ ящӀэ. Абдеж щытахэм къытщхьэщыжын къахэкӀакъым, дызыша щӀалэхэм, «дэ апхуэдэу дызэгурыӀуатэкъым – фызэпсэлъэн къудейуэ жыфӀауэ арат», жаӀэу мащӀэу захъунщӀа мыхъумэ. Абыхэми

Къуаргъ ящIэкIиери я жьэр иригъэубыдащ. Къаруушэ дыдэ хъуа Мурат и вакъэ лъэныкъуэр Къуаргъ къылъихат, ауэ, Iэпыхуу псым щыхэхуэм, етIуанэри къылъихри, вакъэ лъэдакъэмкIэ иубэрэжьу щIидзащ, иджы уи щхьэдыкъым акъыл гуэр къихьэнкIэ хъунщ, жиIэурэ. Къуий, Тхьэм ещIэ, щIалэр фIэгуэныхь хъуа, Къуаргъ зыхуигъэзащ: ирикъун си гугъэщ, ахъумэ, тфIитхьэлэпэнщ, плъагъуркъэ, къаруушэ зэрыхъуар. Къуий Мурат иутIыпщри псым къыхэкIыжащ. Мурат ерагъкIэ и щхьэр къиIэтри, мы дунеишхуэм хьэуауэ тетыр зэ зыжьэдэшэгъуэ ищIын мурад иIэ хуэдэ, къаруушэ иIэмкIэ жьы зыжьэдишащ. Мэбауэри-мэбауэ, мапсчэри-мапсчэ. Абдежым Къуаргъ, губжьауэ, къаруушэ иIэмкIэ щIалэм жьэхэлъащ: хьэбыршыбыр, лIа нэпцI зыпщIу дыкъэбгъэпцIэн уи гугъауэ ара! IитIымкIи Мурат и щхьэр фIиубыдыкIри, аргуэру псым щIигъэмбрыуэу щIидзащ. Мурат, къэмыныкъуэкъуэжыфу, къаруушэ дыдэ хъуащ. Къуийрэ адрей щIалэхэмрэ Къуаргъ жраIэ зэтеувыIэну. Къуий псым хыхьэри, Къуаргъ пщэпкъкIэ къыхилъэфащ, уеблэмэ и джанэри зэфIитхъащ. Абы ирихьэлIэу Мурат тесабырэпащ. «Пэж дыдэу, иджы ирикъунщ, – жеIэ Къуаргъ, – къыхэкI уэри псым, къэблэжьар къыплъысащ, дэри зыдгъэпскIащ уи зэранкIэ. ЗэпытрыкIуэр къыпхукIуэ, пхузогъэгъу псори, тIум щыгъуэми къыппыкIын щыIэкъым. Уи адэ нэпсеижьу дыгъуэжь щылъхурщ къуаншэр, уэ зыри уи лажьэкъым». ИтIанэ, нэкIукIэ псым хэIубауэ хэлъ Мурат дежкIэ зигъазэри, жиIащ: «Ирикъунщ лIа нэпцIыфэ зэрызытебгъэуар. Дэри гушыIэнкIэ дрикъуащи, абдеж щыдухынщ. Сэри силъ зэрысщIэжамкIэ сыарэзыщ. Фыкъысхуеплъыт мыбы, гущIэгъу зыхузигъэщIын, уеблэмэ сигъэгъын и гугъэщ. Е и чэм хуэшэчынур зыхуэдизыр и кIэм нэс игъэунэхун мурад ищIауэ ара? Ирикъунщ, псым къыхэкI, дэри уэри зыдгъэгъуущыжын хуейщ. ЗэкIужыпщIэу бжьэ зырыз дызэдефэжынщ». АрщхьэкIэ Мурат лIа нэпцI зищIыртэкъым. Мыбэуэжыфу хэджалэри, псым ныджэм къытрихьауэ арат. ЩIалэм лIа нэпцI зищIа я гугъэу, гупыр Мурат еплъу зэхэсыху, псым ар ныджэм трихыжри, адэкIэ ирихьэхыу щIидзащ икIи, куэд дэмыкIыу, ямылъагъужыххэ хъуащ. Псори щтэIэщтаблэу, псалъэ къахудэмышейрэ зэплъыжу, зэхэтт. Къуаргъ лъэгуажьэмыщхьэ иуауэ щысщ, мыдрейхэр псым и даущ жагъуэ шэчыгъуейм щIодэIу. ИкIэм-икIэжым Къуаргъ къэпсэлъащ: «КъыджиIакъым жывмыIэж, зыгуэр къэхашэ хъужыкъуэмэ, къыщыщIынур фощIэ... Мыбдежым зыри фыщытакъым, зыми зыри флъэгъуакъым. КъывгурыIуа? Фи бзэм фытекIуэдэж нэхърэ, тIэкIу фышынэу фыпсэуми нэхъыфIщ. Сэ езым цIыхухэм яхэзгъэIуэнщ Мурат и хъыбар пэжыр – и напэр зэрытекIар хуэмыхьу, псым зыхидзэжащ»... А псор здыжиIэм, Къуаргъ езыми и нэпсхэр къыфIекIуат.

Абы и ужькIэ Къуаргъ зиIэжьэжакъым. И адэр къыдэIэпыкъуурэ, и машинэри езыри нэгъуэщI къалэ щрагъэтхри, а псори щекIуэкIа зэманым Къуаргъ нэгъуэщI къалэ щыIауэ къыщIрагъэдзащ. ИужьыIуэкIэ ар къэралым икIыжыпащ. Къуии, здэщыIэр ямыщIэу, зиудыгъуащ. Адрейхэри, щхьэж и гъуэмб зригъэпщкIуэжащи, даущыншэу исхэщ. Тимошки щыгъуазэкъым я хэщIапIэм, а Iуэхур къэхъуа нэужь, ахэр IэщIэлъэгъуэжакъым.

Хъыбарыр и кIэм зэрынигъэсу, Тимошкэ и нэпсыр ирилъэщIэкIри, зи гум абрэмывэ техужауэ, хуиту бэуэжащ. И щытыкIэмкIэ гурыIуэгъуэт – «зэрыхъуу хъунщ», жиIэу зэрегупсысыр. Зигъэзэхуэжу иджыри зыгуэрхэр жиIэну яужь ихьами, псалъэхэр хузэпыщакъым, къыхудэшеякъым. КъызэIынэщ, и нэхэм щIэIуэтыхьщ, и напIэхэр къиIэтри, мыбдежым къызэрыIухьа лъандэрэ япэ дыдэу Лиуан и нэгум иплъащ. Зы меданкIэ тIури щымащ. ИтIанэ Лиуан къэтэджщ, машинэм зыхуигъэIэгъуэри зэхэпх къудейуэ къыжьэдэкIащ: «КъызгурымыIуэр зыщ: абы и ужькIэ узэрыпсэужынур дауэ?»

А махуэ дыдэм Исмел и гъунэгъухэм ялъэгъуащ Лиуан и машинэр зэрэ-тIэурэ абы и унэм деж къызэрыIулъэдар. Лиуан, зыри щимыгъуэткIэ, тIэкIурэ ежьэрт, и жагъуэ дыдэу машинэм итIысхьэжырти, Iужыжырт. Дэнэ псори щыбзэхар, зыгъэпсэхугъуэ махуэм зыгуэр дэсын хуейкъэ? Ипхъухэри пхъурылъхухэри тхьэмахуэ махуэхэм къэкIуэж я хабзэщ. Абдежым зэуэ Лиуан и гум щIыIэщIыIэу къэкIащ, езыми хуэдэу, Исмел и нэхъыжьитIыр зэрыхъыджэбзыр. Хьэуэ, ар пIэку игъуэлъхьэнкъым, Исмел къимыгъуэтауэ. КъалэмкIэ кIуэрэ абы къыщилъыхъуэм мынэхъыфIу пIэрэ? Куэдрэ пэплъэфынукъым – нобэ нэхъ мыгувэу псори зэфIэкIын хуейщ. Исмелхэ я гъунэгъу фызыр блэкIырти, абы къыжриIащ унагъуэр я унэкъуэщым я гущэхэпхэм зэрыкIуар. Исмел, езым и ефэгъуешхэгъу щхьэхуэхэр иIэжщи, апхуэдэ дауэдапщэхэм зыщиIэжьэ и хабзэкъым, мыгувэу къэсыжынуи къыщIэкIынщ. Ягъэ кIынкъым, пэплъэнщ, нэгъуэщI Iэмал щимыIэкIэ.

ГъунэгъуфызымкъыжриIамиужькIиартIэунейIулъэдащ Исмелхэ деж. Зыри щимыгъуэткIэ, унэм къэкIуэжырти, и щхьэ хуэпсэлъэжурэ пщIантIэм къыщикIухьырт, гаражым щIыхьэрти, машинэм и пкъыгъуэ гуэрхэр къыщIихырт, зыкъомрэ зэпиплъыхьа нэужь, щIихьэжырти, къыздищтам деж щигъэтIылъыжырт. Техьэгъуэ къытехьа хуэдэ, и Iэпкълъэпкъыр зэщIэкIэзызэрт, гузэвэгъуэм зэщIиубыдати, и лъыр къызэщIэрыуэрт, и нэкIущхьэхэр игъэуцIыплъу. Зэуэ абы и щхьэр къиIэтри, къыхэкIиикIащ: «Дауэ ар къызэрыбгурыIуэнур: «мы дунеишхуэм хьэуауэ тетыр зыри къэмынэу зыжьэдишэну хуей хуэдэ, Iэуэлъауэшхуэ иригъэщIу бэуащ... вакъэ лъэдакъэкIэ и щхьэм?» ЖыпIэр къыбгурыIуэжрэ уэ, Тимошкэ? Делэ ухъуауэ ара, Тимошкэ? А жыпIэхэр пэжкъым. Уэ езыр егупсысыт: хэт си къуэм апхуэдэу къезыщIэфынур?!» БлыпкъкIэ гараж блыным зригъэщIщ, и вакъэхэр лъихри, плIанэпэм дидзащ, абы кIэлъиутIыпщащ лъэпэдхэри. «Псыр, Тимошкэ, щIыIэт...» А дакъикъэм бжэр зэIукIри, кIэлындор цIыкIум къытеуващ и щхьэгъусэр. Зыгуэр къидыгъуауэ зигъэпщкIуж хуэдэ, Лиуан гаражым зыщиудыгъуащ. Фызыр къызэрыкIэлъыплъым гу щылъитэм, Iуэху гуэр ищIафэ зытригъэуэн зэрыхуейм егупсысащ, абы илъагъун хуэдэу. И гурылъхэр къамыщIамэ, арат, сакъыпхъэщ. КъызэрыуцIыплъар и нэгу къыщIигъэхьащ. И Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту мафIэм ес. «Сытыт жысIэну сызыхуеяр? Аращ, си акъылыр зэрызэмыкIуэкIар... лажьэ сызэримыIэр езгъэлъагъуну арат... Тимошкэ, ар дауэ, вакъэ лъэдакъэкIэ и щхьэм? Уэ щIалэжь цIыкIум, ушынащэри, уи щхьэр

зэIыхьащи, аращ а делагъэхэр къыщIэбвыр. Зэ догуэт, си машинэ IункIыбзэр дэнэ щыIэ? Сэ сежьэжын хуейщ... Дунейм хьэуауэ тетыр, жоIэр, Тимошкэ. Мыри сыт? Си генератор лейрщ, иджыпсту сшэнщи езгъэщIыжынщ. ПщIантIэм сыщIыдэкIын щхьэусыгъуэ сиIэщ. Ирагугъэ машинэр езгъэщIыжыну схуауэ. ЗэпIэзэрыту, шэч зыхуезмыгъэщIу зысIыгъын хуейщ, арыншамэ, а удым аргуэру IункIыбзэ ириту сыщIиубыдэн тIэу еплъынукъым. Сэ Iэмал имыIэу сикIын хуейщ мы хьэпсым. Арыншамэ, аргуэру щIыунэ псыIэ, щIакхъуэ вэгъу гъуэта, псы фалъэ щIыгъуу, пщэдджыжьым – жэмхэр, жэмхэр, былымхэр. Апхуэдэурэ махуэ псор, гъащIэу къысхуэнар. ЩIэпхъуэжын, иджыпступцIэ щIэпхъуэжын хуейщ. Щытщ удыр, къоплъэри. Абы жесIэнщ: мис, езгъэщIыжыну къеIысхащ генераторыр, сысейр къутати, иджыпсту сшэнщи пщэдей къэсшэжынщ. Къоплъэри щытщ, жесIэр и фIэщ хъунукъым иджы абы, си зы псалъи и фIэщ хъунукъым, сызэрыдимыгъэкIыным егупсысу къыщIэкIынщ. Гупсысэу щытыху, кIэбгъу зысщIынщ. ХадэмкIэ макIуэ угъурсызыр, иджы зэ куэбжэм зыдезгъэхамэ, хуиту сыщIэпхъуэжынт».

Лиуан, генераторыр и бгъэм ирикъузылIэурэ, куэбжэм дэкIащ. И машинэм хуэму блэкIщ, къыкIэлъыкIуэ уэрамдэкIым нэсри, къуажэкум и кIыхьагъкIэ пхрыж псы шэдыфэм телъ лъэмыж цIыкIум зэрытехьэу, генераторыр хуэмыIыгъыжу IэщIэхури, псым хэхуащ. «Сытуи Iейуэ къэплъа мыр мы псы цIыкIум сыкъэсыху. ПхуэIыгъынкIэ Iэмал зимыIэщ». Лиуан, къэмыувыIэу, и гъуэгум пищащ. МакIуэ, адэкIи-мыдэкIи емыплъэкIыу, зыми гу лъимытэу, зыри имылъагъуу, уеблэмэ пщыхьэщхьэ уэршэр ящIыну куэбжэпэм къыдэкIауэ тетIысхьэпIэхэм тес и гъунэгъухэми гу ялъимытэу, сэлам къудеи яримыхыу. «Сыт мыбы къыщыщIар, дыкъимыцIыхуж нэпцI зыщIищIыр сыт? Чэфу арагъэнущ, феплъыт зэрызебыршэм. ИкIи лъапцIэщ, уэ-хьэ-хьа», – зохъуцацэ языныкъуэхэр... «Фымыдыхьэшх, – ядэркъым адрейхэм, – а лIым илъэгъуа гуауэм хуэдэ къыфлъыкъуэкIмэ, сыкъэфщIэнщ. Къарурэ ахъшэкIэ гуауэм зыщыбгъэпщкIуфынукъым».

Исмел и машинэр куэбжэпэм Iутт. «Мис иджы зэрыдэсыр шэчыншэщ. Дыхьэн хуейщ, ахъумэ зэман мащIэщ къэнэжар. Зэт. Сытым ехьэлIауэ зэрымащIэр? СыщIэпIэщIэнур сыт? СыздэпIэщIэни щыIэ? СщIэркъым, сэ зыри сщIэркъым. Ауэ епIэщIэкIын хуейщ. Мис, си лъакъуэхэри суIэжащ мывэ дзакIэкIэ, хьэмэрэ абдж къутахуэ зыуIар? Сигури апхуэдизу щхьэ къеуэрэ? ИгъащIэм къэхъуакъым ар зыгъэгузэвэн, апхуэдизу къеуэн хуэдэу. Иджыпсту ар къызэгуэчын къудейщ. Лиуан и Iэпкълъэпкъыр къару нэрымылъагъу гуэрым къызэщIеIэтэ. ДыхьэпIэ цIыкIум хэлъ бжэкъур иубыду къыщеIэм, бжэр зэIумыкIыу, бжэкъу къыхэудар къыIэщIэнащи, ар зэрыхъуа щIыкIэр къыгурымыIуэу щытщ. Спортивнэ гъуэншэджрэ майкэрэ щыгъыу, Исмел пырхъуэ хуитышхуэм къытетщи, и вакъэхэр игъэкъэбзэжурэ, зыгуэрым йошхыдэ. Лиуан пщIантIэкум нэс макIуэ. ГазетыщIэхэр зытелъ шэнтыр удзыпцIэм хэтщ. Лиуан газетхэр IэкIуэлъакIуэу удзым хелъхьэ, куэбжэ цIыкIум и бжэкъур абыхэм ятрелъхьэжри, езыр йотIысэх. ПщыхьэщхьэрщIыIэтыIэми, езыр къэбэкхъащ, и нэм нэпсыр щIэзщ, бэуэн къохьэлъэкIри и

джанэ пщампIэр етIатэ, и пщэр еIуэт.

Хэгъэрейр абы нэхъу-нэхъуу къоплъ: бжэкъуми и лажьэр сыт, Iэбэкlэ пщIапхъэщ, псы зыщIигъэлъэда къудей удз цIынэм хэмысами, нэхъыфIт, щIыIэ хыхьэныр зыхуэIуа щыIэкъым. Мо пырхъуэм тетыр щIэгъумэтIымэр сыт? Арщхьэкlэ, сыт ар зэмыджа хьэщIэм – апхуэдэ хьэщIэм – щIыщыгуфIыкIын хуейр? Мыбдеж щыджэгуа хьэпшырыр здэтIыса дыдэм деж хэуващи, и вакъэхэр жыхапхъэкIэ елъэщIыж. Вакъэхэр здигъэкъэбзэжым, мэгъумэтIымэ: «Унэри пщIантIэри къызэхэтхъуащ, цIыхубзхэр е хьэщIапIэ гъакIуэ, е бзэгу зэрегъэхьэ, нэгъуэщI хуейхэкъым». ХуищIэу жыхапхъэмкIэ зэуа хьэпшырыр, пырхъуэм пщIэууэ къоджэрэзэхри, унэр зей цIыху гущIэгъуншэм зыщигъэпщкIуу, удз гъэгъахэм зыхеудыгъуэ. «И закъуэ къэкIуэжа хуэдэщ. Ар нэхъыфIыххэщ».

Лиуан плъыржьэрыр нэхъри къытогуплIэ, и натIэр къэпщIэнтIащ, щIыIэ хыхьагъэнущ. Шэнтым куэдрэ утесыфынукъым. ЩIыщысыни щыIэкъым. Мэтэджри, пырхъуэмкIэ еунэтI. И тхьэкIумэр зэуэзэпсэу псы Iэуэлъауэм екудэ... «Мырагъэнущ Тимошкэ зи гугъу ищIа псы даущыр. Сщыгъупщэж пэтаи, сэ псыхъуэми сыкIуэн си гугъащ. Иджы, ипэжыпIэкIэ, епIэщIэкIыпхъэщ. Си щIалэ насыпыншэм дуней псом хьэуауэ тетыр зыжьэдишэну хуейт, зыщимыгъэнщIыжу бауэрт, абы щыгъуэ иджыри бауэрт, и адэр къэсу къыдэIэпыкъункIэ гугъэу». Лиуан пырхъуэм докIуей, щэхуу зэупщIыжурэ: си къуэм и щхьэм дауэ еуэфа вакъэ лъэдакъэкIэ, жьы зыжьэдишэну щхьэ Iэмал ирамытарэ, ахэракъэ зыгъэIуар си щIалэм зиукIыжауэ? Исмел и Iэпэр къыхуегъэдалъэ, къэмыувыIэмэ, фочкIэ къызэреуэнур къыгуригъаIуэу. Исмел абы къепсэлъэну зигъэхьэзыркъым, фIырыфIкIэ дрекIыжи нэхъыфIщ. ДыуэщIым щыгъуэ Исмел цIыху хуэдэу хуэкIуат, хуэгузэвэнуи, модрейм и малъхъэр къриутIыпщри къыдригъэхужащ, жылэ псом я пащхьэм и напэр щытрихыу. Ар дыуэщIу щымытамэ, абы яригъэлъагъунт напэ зэрытрах щIыкIэр! Исмел и щхьэ трилъхьэркъым мо цIыху икIэхэм запишэу, езыми икIэ зищIыну.

Лиуан и нэхэм ящIэплъэу, абыхэм зыри къазэримыщыр щилъагъум, Исмел къэшынащ: «Мыр и акъылым итыжкъым, хэт и хьэуа, хэт и вакъэ лъэдакъэ зи гугъу ищIхэр? Пэшым щIэлъэдэжу кIэрахъуэр къиищтэну хунэсыжынукъым – къылъэщIыхьэнущ. Пэшым зыщIидзэу бжэр къигъэбыдэнущи, бжэр хикъутыкIынущ. Уэрамым дэлъадэу цIыхухэм захигъэпшэхъуэнущи, хьэбыршыбырыр нэхъри е екIуэнущ. ПэщIэувэу зрипщытынущи, мо гуу гъэшхам зэрыпэлъэщын щыIэкъым. Мыпхуэдэхэм нэхъыбэрэ уепсэлъылIэну, къэбгъэIулэну ухэтын хуейщ. Унэм исхэри хьэдрыхэ кIуа? Зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу къагъэзэжыну жаIати». «КъэдаIуэт, Лиуан, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, сынокъуэншэкIащ. СынызэрокъуэншэкIари иджыпсту уи гугъэракъым, атIэ ди гъащIэм и къекIуэкIыкIамкIэщ. Зыпщыздзеин хуеякъым, ауэ сытыт сыбгъэщIэнур си лэжьыгъэр щыапхуэдэкIэ. Сыт дэ тIум тхузэрымыгъэгуэшыр? Дызэкъуажэгъущ, зэгъусэу дыкъэхъуащ, зы школ дыкIуащ. ИужькIэ узыхущIегъуэжын делагъэ умыщIэ».

Игъэшынэ хуэдэу къызэрыкI иужьрей псалъэхэр жимыIэххамэ,

нэхъыфIт. Лиуан мыпIащIэурэ абы бгъэдокIуатэ, мыпIащIэурэ и пщэр еубыдри блыным ирегулI. Блыныр къызэрищIыкIа жыгей пхъэбгъухэм Исмел и блэгъукIэхэм зыкъыхаукIэ, гъущI пкъо хьэлъэкIэ патхьэлыкI нэхъей и къурмакъейр мэуз. «Сыт ищIэнур? Мыбы зыри къыгурыIуэркъым, дауэ узэрепсэлъэнур? Зыри жимыIэу, зыри имыщIэу, зимыгъэхъейуэ щытмэ, мынэхъыфIу пIэрэ? Пэпщэнщ, щэтэнщ, игу къеуэр жиIэнщи, дэкIыжынщ. Сыт-тIэ ар зыщышынэр? Зыхуейри, зыхуейм хуэдизи жрыреIэ, сыпэрыуэнкъым. Иджыпсту псори зыхуэзгъэшэчынщ: сигъэикIэми, сигъэпудми, лъэгуажьэмыщхьэу селъэIунщ къысхуигъэгъуну, ауэ пщэдей... Сыт-уи Iейуэ игъэузрэ, ситхьэлэпэным нэсащ! Ягъэ кIынкъым, пщэдей ирезгъэдзэнщ, и суд езгъэщIэнщи, хьэр щыщIащIэм езгъэшэнщ, игъащIэкIэ къимыгъэзэжыну. Сэ сыкIэлъыплъынщ абы. А делэм ищIэркъым зыпэувар хэтми. ЗинэкIэ къалъхуа, мыбы ищIэр сыт?!»





А дакъикъэм Iэпэ къэпщIэнтIахэм щакъузыкIащ абы и пщэр: «КъызжеIэт, упсэуну уи нэ къикIыу, ауэ уамыгъэбауэу уи тэмакъыр щакъузыкIауэ, жьы щумыгъуэт зэи къэхъуакъэ? А меданым

бэуэгъуэ урагъэхуэжамэ, мы дунеишхуэм хьэуауэ тетыр зэрыщыту зыжьэдэпшэнтэкъэ? ЖыIэт, хьэбыршыбыр, уэращ сэ сызэупщIыр. Сынызэроупщiыр къыбгурыIуа?»

Шынэмрэ кIуэ пэтми нэхъ къытегуплIэ узымрэ бзагуэ ящIа Исмел жэуап гуэри къитыну къару бгъэдэлъыжтэкъым. ГъущIым хуэдэу и пщэм зыкъыхэзыукIэ IэпхъуамбэхэмIзэрапэмылъэщынури ныкъуакъуэкIэ къызэримыкIынуIари къызыгурыIуэжам жыр Iэдэм дакъуза елыркъэшу зыкъыщохъуж. «Мы псори зищIысыр сыт? Дауэ мыр: ихъуреягъкIэ уи гъунэгъухэр къыщысу, лъэбакъуитI пчырэ пэшым ущIыхьэмэ, кIэрахъуэ узэдари ахъшэ хъушэри щIэлъу, пщIэри къулыкъуфIри уиIэу улIэныр делагъэщ. Делагъэ дыдэщ, зыжепIэм игъащIэкIэ и фIэщ пхуэмыщIыну. АтIэ, мыхэр пщIыхьэпIэу, пщIыхьэпIэ шынагъуэу аркъудейщи, гуващIэхами иухынурэ, псори япэм зэрыщытам хуэдэу хъужынущ». Лиуан абы и пщэр кIуэ пэтми нэхъ щикъузыкIми, лъэныкъуэкIэ укъеплъамэ, къыпфIэщIынкIэ хъунут Исмел къэзыгъэгузэващэ щымыIэу. И псэфылъэм къыщIэгъуэлъхьа Iэпхъуамбэхэм ятет цы фIыцIэхэм къатрищIэ пщIэнтIэпсхэр абы делэм хуэдэу зэпиплъыхьырт. Зы напIэдэхьеигъуэм къриубыдэу, Исмел и нэгум щызэблэкIа теплъэгъуитIыр мы пщIыхь шынагъуэм пызыщэ пэлъытэт. Зыр – шынауэ, розэ Iэрамэм къыхэплъ хьэпшырырт. И гур щIэгъуат а тхьэмыщкIэм, ауэ къыхуэмыщIэжыр ар щицIыхумрэ и гущIэгъур къызыхэкIамрэт. ЕтIуанэ теплъэгъуэм щилъэгъуащ я сабиигъуэм тутей хадэм щыджэгуу, Лиуанрэ абырэ жыгыжь ищIыкIам и пхъафэм щыгъыныхь хьэпIацIэшхуэ къызэрыхахар, Лиуан абы тутей баш папцIэр зэрыхиIуар, хьэпIацIэм и кIуэцI къиуар фIэгъэщIэгъуэну зэрызэпиплъыхьар. Ар зэщхьыр иджыпсту Лиуан и Iэ лъэщымкIэ абы и пщэ пшэрыр, и щхьэ къупщхьэхэр къэчэным нэсауэ, зэрыпикъузыкIырт. Узыр зыхуэмышэчыж и Iэпкълъэпкъыр хьэзырт и кIуэцIым илъу хъуар, узи укIыти имыщIэу, къриутIыпщыкIыну. Иджы узи зыхищIэжынукъым – Iэпкълъэпкъ псэншэр ехуэхыу, хьэпшырым иуцIэпIа унэ лъэгум ихуэн и пэ къихуэу, пщэ лъынтхуэ пыкъузыкIахэм Iэмал къратынущ Лиуан IэщIэкIыу тутей хадэм зыщигъэпщкIуну. ХьэпIацIэм и кIуэцIыр пхъафэм къытенэжынущ, бзухэмрэ хьэкIэкхъуэкIэмрэ я шхыныгъуэу...

Лиуан хамэ куэбжэшхуэр ину Iуигъэузэщiыкiщ, газетхэмрэ куэбжэкъумрэ зытелъ шэнтыр пабжьэм хидзэщ, куэд мыщIэу цIыхухэр щызэхуэсыну пщIантIэ IэхуитлъэхуитышхуэрIкъызэхиплъыхьри унэ зрамыщIыхьа, уеблэмэ къамыхухьа дачэхэмкIэ иунэтIащ. АбыкIэ псыхъуэм укIуэну нэхъ гъунэгъут. МывэкIэщхъырэ пшахъуэрэ зытекIута гъуэгум Лиуан лъапцIэу ирокIуэ, и лъакъуэ пцIанэм мывэкIэщхъхэм зэрызыкъыхаукIэр зыхимыщIэу. КIуэ пэтми нэхъ бэкъуэгъуей мэхъу, и лъакъуэхэр зэдэууэ хузэблэмыхыжу, гъуэгум телъ мывэ джейхэм ягъэлъэпэрапэу.

Дачэхэм ящыщ зым деж къыщыувыIэри, абдеж щыт машинэм ешауэ зригъэщIащ. Абы гу лъитакъым машинэр зейр, къута гуэр ищIыжу, дзапэ уэрэд тIэкIуи кърищу, машинэ щIагъым

зэрыщIэлъым. КIуэрыкIуэм тету иус а уэрэдым къыхэщырт мыгувэу и ныбжьэгъухэр къызэрысынур, ефэ-ешхэ дахи зэраублэнур. Машинэм зыкъезыгъэщIам и гъуэншэдж лъапэ псыфхэм, лъыр зыкIэрыгъуэжа, гъуэгу сабэр Iуву зытелъ и лъапэхэм къахудэплъейри, машинэ щIагъым щIэлъыр егупсысащ зы хьэулей гуэрым и лъакъуэхэр лъыкъуалэр къежэхыу зэриуIэжам. ТхьэмыщкIэ, хъуакъым абы и Iуэхур. Езыращи, куэд мыщIэу и ныбжьэгъухэр и гъусэу ефэ-ешхэ Iэнэ пэрысынущ, мэл фIыцIэ яукIынурэ. Ар захуагъэкъым, ауэ езым и къуаншагъэ абы хэлъкъым.

«Ей, – къыщIэкIиикIащ машинэ лъабжьэм щIэлъыр, – фIырыфIкIэ зыIуебгъэхрэ, уи гъуэгу утетыжмэ, нэхъыфIщ, сыкъыумыгъэгубжь икIи зэIыумыгъэхьэ си зыгъэпсэхугъуэ махуэр, армыхъумэ, залымыгъэкIэ си машинэр уэзгъэтхьэщIынщ!» Лиуан хузэхэхуркъым абы и псалъэхэр, къыжраIэхэр зэхищIыкIыркъым, ауэ лIым зэран зэрыхуэхъур къыгурыIуащи, къыIукIыжауэ, адэкIэ макIуэ. Мэбакъуэ, лъэбакъуэ къэс и къарум зэрыхэщIри зыхещIэ. Дакъикъэ зытIущ и пэкIэ къаруушхуэ зыхэлъа и Iэри, псэ хэмытыж хуэдэ, гуолэл. Лиуан бгъукIэ макIуэ, къарууншэу гуэлэл Iэм ирищэхыу. Матрос джанэ зыщыгъ щIалэ цIыкIуитI гъунэгъу дачэм къыдэцIэфтри, дэлъейурэ я анэм бгъэдэлъэдащ: «Мамэ, мамэ, еплъыт мо делэ къакIуэм!»

Лиуан и гупсысэхэм хьилэшыуэ зыщаIуантIэ дачэ уэрам захуэхэм, джэгукIэ бзаджэ гуэрхэр къагупсысу. Уэс мыпкIа зэрыубыдагъащIэм пхыху нэхъей, лъакъуэхэр щIым хощатэ. УэсынкIи хъунщ, ауэ дэнэ иджыпсту уэс къыздикIынур? Къыхечыжри, и лъакъуэхэм йоплъыж – щащыху пытхъахуэ фIей яфIэлъщ. Дачэм зыщызыгъэпсэхухэр зыри къагурымыIуэу къыздеплъым, ар йотIысэхри, щащыху пытхъахуэхэр и лъакъуэм къыфIих хуэдэу ещI, къотэджыжри, и нэр къытримыхыу гъуэгу къыпэщылъым ироплъэ. «Мес а щIыпIэр, си щIалэ, къэнэжа щыIэкъым». Абы зыгуэрурэ къызэринэкIын хуейщ хьэпэщыпхэ зыхуащIа мы гъуэгур. АдэкIэ кIуэн хуейщ, и лъакъуэхэми зыри къыщIеплъын щыIэкъым – ахэр зыкIи къеузыркъым.

И къуэм ищIэжу пIэрэ щыцIыкIум щыгъуэ мыбы мотоциклкIэ къызэришэгъар? А гъэмахуэм псыр къиури, дачэхэм еуалIэу псори щIихъумэгъат. Абы щыгъуэ мыбдежыр щIыIэнэщIу щытащ. Псыр, уеблэмэ гъуэгушхуэми телъэдат... «Си щIалэ цIыкIу, уэ пфIэгъэщIэгъуэну уеплъырт зи шэрхъхэр къыщIэмыщыжу псым зэпрыкI машинэхэм. Абы щыгъуэ илъагъухэр телъыджэ зыщыхъуа уэ уи нэхэр зэрыщытар иджыпсту уи адэм уигъэлъагъужынщ – птесхауэ щыта сурэтыр иджыри сиIэщ. Сыт мы жысIэр? Си къуэ цIыкIу, уи адэр и акъылым икIаифэщ: абы щыгъуэ сэ сурэттех сиIакъым. Къуажэ псом Хъалид и закъуэщ зиIар – ар езыр сурэттехт. Сытыт уэ Хъалид и унэм щыпщIэр? СыноупщIыну сигу къэмыкIыжурэ йокIуэкI. УмыкIуэрей абы деж. Уэри зэрыпщIэщи, цIыху зэтескъым ар: щхьэпс хъэрахъэщ, ефэрейщ, атIэми, езым и гуапагъ гуэрхэр хэлъыжу. Си щIалэ, си дежкIэ мы дунеишхуэр къэуфэрэкIа пэлъы-

тэщи, сыделэу жыпӀэнуми ухуитщ. Адрейхэри, шэч хэмылъу, апхуэдэу егупсысынкӀэ хъунущ. Сэр дыдэми сщӀэжыркъым, си щӀалэ цӀыкӀу, мы си щытыкӀэм фӀэсщынур. Е зыри къызгурымыӀуэжрэ, е къызгурыӀуащэрэ? – схузэхэхуркъым.  Къызэплъыт, уэ зыгуэр къыбгурыӀуэнкӀи хъунщ.

Ауэ, а уи нэхэр. Языныкъуэхэм деж уэ цӀыхухэм гъэщӀэгъуэн гуэру уеплъырт. Уи жагъуэ къащӀамэ, стӀол щӀагъым зыщӀэбгъапщкӀуэрти, уи нэр къытумыхыу набдзэщӀэплъу уеплъырт уи жагъуэ къэзыщӀам. Уеплъырт,  ар укӀытэу, уи жагъуэ къызэрищӀам хущӀегъуэжыху. Апхуэдабзэу сэри укъызэплъат, иджыри ущӀалэжь цӀыкӀуу, ди жэм закъуэ кӀуэдар къозгъэлъыхъуэжыну пшапэ зэхэуэгъуэу унэм ущыщӀэсхуам щыгъуэ. Сэ сыкъэгубжьат: щӀалэжь цӀыкӀухэм я гъусэу губгъуэм ущыджэгуурэ, утеплъэкъукӀат. Уэ усабийти, уджэгупхъэт, ауэ сэ Ӏейуэ сыкъэгубжьат. Нэхъеижрати, шхэн умыухакӀэу, Ӏэнэм упэрысхури, жэм лъыхъуэ уесхужьат. Сигъэгубжьат жэмыр зэрыкӀуэдам щхьэкӀэ къыумыгъанэу, гудзакъэншэу узэрышхэфым. Уэ пщӀэркъым абы щыгъуэ нозмыгъэшхыса ерыскъыр сэ си Ӏум дыджу Ӏэджэрэ зэрилъар. Шатэпсыр, кӀэртӀоф зыдэлъ дэлэныр, зэ фӀэкӀ узэмыдзэкъа кхъуей Ӏыхьэр. СыхьэтитӀ хуэдизкӀэ сыщысащ си нэр Ӏэнэм теплъызауэ. ГущӀэ узым зыкъызигъэӀэтыртэкъым. Си нэгу щӀэтщ а меданым зеиншафэ зэрызуплъыжар, си щӀалэ цӀыкӀу. Пшапэр зэхэуауэ губгъуэм дэсхуа си щӀалэр апхуэдизкӀэ зеиншэу, щхьэзакъуэу си нэгу къыщӀэувэрти, си щхьэр здэсхьын сщӀэжыртэкъым. Уэшх къежэхым ухэсу, Ӏуащхьэжь щыгум утесу жэщыбгым укъэзгъуэтыжат – апхуэдэ зэманым деж хэтыт жэм къэзылъыхъуэр? Уэ щыхупӀэ нэз дыдэм утест, лъащӀэм щыгъуахъуэ псым ухэплъэу. Жэщыр зи кӀыфӀагъым, къуэр зи кууагъым сытыт уэ псым хэплъагъукӀыфынур? Илъэсибл фӀэкӀа зи  мыныбжь сабийхэр апхуэдэу щыткъым. ЩыхупӀэ нэзым уздытесым узэгупсысыр сытыт? Нэлат къызэпхрэт? Е, къэхъуар къыбгурымыӀуэу, ущӀэупщӀэрэт: «Сытым щхьэкӀэ мыпхуэдэу къызэпщӀа, си адэ? Жэщ кӀыфӀым губгъуэ нэщӀым сыкъызыхуибнар хэт? СщӀэнур сыт, сыздэкӀуэнури дэнэ?» КъызыфӀэгъэщӀыгъуейщ афӀэкӀа ныбжь зимыӀэ уэ узэгупсысынкӀэ хъуну щытар. ИужькӀэщ, зыкъом дэкӀыжа нэужьщ къыщызжепӀэнур мы гъащӀэм узэрыщыгъуэщар. ПщӀэжрэ? Сэ иджы зэи уэ абыкӀэ сыноупщӀынукъым. Нэхъ гъэщӀэгъуэныжыращи, а къэхъуауэ щытар сэ щӀэх сщыгъупщэжынущ. Ди хабзэр дауэ зэрыщытыр: къуэр бгъафӀэ, ущысхь хъунукъым, ар гугъу ехьурэ къэхъун хуейщ.

Хьэуэ, хьэуэ, сыт мы жысӀэр? Аракъым Ӏуэхур здэщыӀэр – апхуэдиз илъэсым гукъэкӀыжхэм зыгуэрым сакъригъэлурэ сыкъекӀуэкӀащ. Арыншамэ, уи дэлэн упщӀыӀужамрэ уи дзэ цӀыкӀухэм дзакъапӀэ къызытрана уи кхъуей Ӏыхьэмрэ махуэ къэс сигу къэкӀыжу щытамэ, сыбампӀэурэ, си гур бампӀэм къызэгуичынти. Дауэ сыпщӀэгубжьэфат? Си нэӀэ птемыту цӀыхухэм уазэрыхэзутӀыпщхьар зыхуэзгъэгъужыфынукъым. Сытыт сызыщыгугъар? ФӀыуэ укъалъагъунырат? Хьэуэ, щыуэкӀейуэ сыщыуат. Куэд

щIакъым сэр нэхъыфIрэ нэхъ лъэщрэ дунейм темыту къысщыхъуу щыщытар. Иджы сыхьэзырщ цIыху нэхъ икIэ дыдэм и пащхьэм зыщезгъэхуэхыу, сэ нэхърэ нэхъыкIэрэ нэхъ насыпыншэрэ мы дунеишхуэм къызэрыщимыгъэщIамкIэ зызумысыжыну.

Мис, си щIалэ, укъыщызэжьа псы Iуфэр. Уэ умыбэуэжыфу псым уитхьэлэрт, уи адэр къэсу укъригъэлыным ущыгугъырт, ауэ къэсакъым. ИкIи ар сэ къысхуэгъунукъым. Сыт цIыхур зэрыпщIынур, псэзэпылъхьэпIэ ущихуам деж уеджэ мыхъунумэ? Зыри и пэрмэнкъым. Уэри бжызоIэ апхуэдэхэр пэшэгъу умыщIыну. Дауэ мыхъуами, сэ сыкъэкIуащ, си щIалэ. Гъэщ!эгъуэнщ: къуршыпсщ, ауэ щIыIэкъым, пэжкъэ? Си лъакъуэхэм псэ тыншыгъуэ ягъуэт. Мы щIы хъуреишхуэм абыхэм къыщызэхакIухьар зыхуэдизыр къэлъытэгъуейщ. Сытым хуэдэу тыншрэ ахэр иджыпсту, сабиигъуэм сыщитам хуэдабзэу. Мыбдежым псыр щыуэру жиIати Тимошкэ. Хьэуэ, уэру гу лъыстэркъым, тыншу собакъуэ, пщэдджыжь уэсэпсым сыхэт нэхъей. Псыр си бгъэм къэсакIэщ, си нэкIум Iэ къыделъэ, си нэхэр щIелъэсыкI. Сыту фIыщэ мыбдеж: пшапэр зэхэуакIэми, ихъуреягъыр нуру зэщIопсыкI, си лъабжьэмкIэ нэр зытеджылэ уафэ щIыхум пшэ хужьхэр щос. Еплъыт, си щIалэ, телъыджащэкъэ мыр?! Сэ сощIэ, уэ мыбдеж ущыIэщ. Жэуап къызэт. Иджы си Iэр къэубыд, мис мыпхуэдэу. Дауэ къыпщыхъурэ, уэ уи Iэр ауэ къудеи щIыIэкъым. Зыхэпщ!эрэ акъужь щIыIэтыIэр къызэрытщIихур?.. Сыту тынш икIи сыту гурыхь мыбдеж ущыбэуэну. Си Iэр быдэу Iыгъ, си щIалэ цIыкIу, дэ иджы зэгъусэу куэдрэ, куэдрэ дыкIуэнущ...»

*ЗэзыдзэкIар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ**

# АПХУЭДЭР ПЩЫГЪУПЩЭРКЪЫМ

Сэ сынасыпыфIэу зызолъытэж. Зызолъытэж тхакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэ, цIыху Iущ, пэж, зэтеубыда Амирокъуэ Ибрэхьим слъагъун, сепсэлъэн къудейм къыщымынэу, сригъэджащ, дыкъызэралъхуу гъащIэ гъусэ тхуэхъу адыгэбзэр фIыуэ сигъэлъэгъуащи.

ЦIыхугъэшхуэрэ гъэсэныгъэ лъагэрэ зыхэлъа егъэджакIуэр уэрамым къытехьамэ, инри цIыкIури щыгуфIыкIырт, здежьам нэсыху кIэлъыплъырт, нэкIэ ягъэкIуатэрт. Ар абыхэм щаблэкIкIэ, щысхэр къэтэджырт. Амирокъуэр апхуэдизу цIыхуфIт, нэхут, зэIухати, бужэгъун дэнэ къэна, зыщумыгъэнщIу уепсалъэрт, жиIэм уедаIуэрт. Интеллигент нэст.

Лъэмыжым псы нэпкъитIыр зэрепх. Илъэс 45-кIэ сыщылэжьа адыгэ газетым Ибрэхьим сэрэ дызэрипхат. Ар 30 гъэхэм икухэм «Черкес плъыжь» газетым письмохэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щыIащ, зауэ нэужьым, 1946 гъэм, «Черкес пэжым» жэуап зыхь и секретарь IэнатIэм пэрытащ. 1970 гъэм къыщыщIэдзауэ дунейм ехыжыхукIи газетым пыщIэныгъэ хуиIащ. Емышыжу абы и напэкIуэцIхэм къуажэ гъащIэр къыщигъэлъэгъуащ, егъэджакIуэхэм чэнджэщхэр яритащ.

Амирокъуэ Ибрэхьим Iэсхьэд и къуэр ди тхакIуэ нэхъыжьхэм хабжэ. Ар 1909 гъэм декабрым и 27-м Хьэбэз районым хыхьэ Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ, иужькIэ, дунейм ехыжыху, щыпсэуар илъэсиблым иту 1926 гъэм къыздэкIуэжа Куэш-Хьэблэращ.

ЩIалэ цIыкIур адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ зэрыдихьэхым гу лъатэри, къызэрыдэкIуэтейуэ, Мэкъумэшыщ|э ЩIалэгъуалэ ЕджапIэ (ШКМ) жыхуаIэу щытам щIагъэтIысхьащ. Адыгэ алыфбейр зэхэзылъхьа еджагъэшхуэ Тобыл Талъустэнрэ «Пшэплъ» романыр зытха ДыщэкI Мухьэмэдрэ абы щрагъэджащ. Ибрэхьим мыдрисэри къиухати, хьэрыпыбзэкIэ тхар адыгэбзэкIэ зэридзэкIыу зригъэсащ.

Школыр (ШКМ)-р къиуха нэужькIэ тхакIуэ Темыр Сэлихь щIыгъуу ар комсомолым хагъэхьащ, тIэкIурэ ПсэукIэ-Дахэ дэт еджапIэм егъэджакIуэу щылэжьащ, итIанэ Куэш-Хьэблэ къэкIуэжри адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ илъэс 42-кIэ сабийхэм яригъэджащ, 1959-1970 гъэхэм еджапIэм и унафэщIуи лэжьащ. Шэрджэсыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу 1957 гъэм ди лъэпкъым къыхэкIауэ япэ дыдэ «РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр абы къыфIащащ.

Езым жиIэжу зэрыщытамкIэ, Ибрэхьим и дежкIэ нэхъыщхьэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэрат. Аращ пщIэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхьар – илъэс 90 щрикъуа 1999 гъэм и цIэр Куэш-Хьэблэ курыт еджапIэм фIащащ. Иджы а школым гимназиекIэ йоджэ. Абы ипэжкIэ, илъэситIкIэ уIэбэжмэ, 1997 гъэм Куэш-Хьэблэ къуажэм и администрацэм и унафэкIэ абы и цIэр фIащащ егъэджакIуэ щэджащэр зыщыпсэуа уэрамми. Абыхэм къищынэмыщIауэ, Амирокъуэм и фэеплъу къуажэм спорт зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIырт, а жылэм щызэхэта «Аргун» колхозым абы и цIэкIэ стипендие игъэуващ илъэс къэс еджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ иратырт.

ГъащIэ гъуэгуанэ гугъу икIи хьэлъэ къикIуащ Амирокъуэ Ибрэхьим.

1910 гъэм Невинномысск станцым IукIыну зызыгъэхьэзыр мафIэгум Iугъуэ гуэрэныр пшэ фIыцIэу щхьэщытт. Сыринэм и гуо

макъым къыуигъащIэт куэд мыщIэу ар гъуэгуанэ жыжьэ зэрытехьэнур. ЦIыхухэр зэрыхьзэрийт. МафIэгум пыщIа вагонхэм ящыщ зым Амирокъуэхэ къахэкIа лIы гуп бгъэдохьэри, анэм и бгъафэм быдэу щIикъузауэ иIыгъ, илъэс ныбжьым иджыри нэмыса сабий цIынэр къыщIач. Анэри сабийри, гур якъутэу, магъ. Шэрихьэт хабзэр ткIийт. Лъэпкъым щIалэр фIэкIуэдмэ, игъащIэкIэ яхуэмыпшыныжыну ныбжьу къатенэнут. Анэр къызыхэкIа лъэпкъыр хэкум икIыжырт. Апхуэдэ щхьэусыгъуэкIэ анэмрэ сабиймрэ зэкIэщIач, анэр и кIэтIий кIапэм хуеплъэкIмэ гуIэу, нэпс щIигъэкIыу Тыркум кIуэ гъуэгум тохьэ.

ЛIы гупым сабийр яIыгъыу къуажэм къагъэзэж. А махуэм къыщыщIэдзауэ Ибрэхьим цIыкIу ибэу къэнащ, абы япэкIэ и адэри дунейм ехыжат. Ар зришэIэжу зыпIыжар и адэ къуэш Исуфщ.

1932 гъэм Амирокъуэ Ибрэхьим партым хагъэхьэ. А илъэс дыдэм Дон Iус-Ростов къалэм дэта еджапIэ нэхъыщхьэр къеух. ЩIэнытъэ куу зыбгъэдэлъ щIалэр Баталпашинск дэта типографием щылэжьэну ирагъэблагъэ. Куэд дэмыкIыу, 1935 гъэм, Амирокъуэр ягъэув СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и Шэрджэс областной отделенэм и секретару. А зэманми газетым щыщыIами абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ художественнэ тхыгъэ зыбжанэ. Къапщтэмэ, «Бригадир ныбжьыщIэ», «Гъуэгу махуэ, Алий» повестхэр, «Хьэмид», «Мэз дурэшым», «Инжыдж псыхъуэм», «Къамылыкъуэ», «Леймыгъэгъу», «Гъэгугъа» рассказхэр, «Октябрь» пьесэр, усэ куэд. Къэбэрдейм щыщ Урыс Хьэталийрэ Ибрэхьимрэ зэгъусэу е 5-6-нэ классхэр адыгэбзэкIэ зэреджэну тхылъ ятхауэ щытащ.

Амирокъуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа повеститIри автобиографическэщ. «Бригадир ныбжьыщIэр» теухуащ колхозхэр зэгуагъэхьэу лъэ быдэкIэ уву щыщIидза зэманым уей-уей жезыгъэIа бригадир щIалэщIэ, комсомолец Къантемыр Хьисэ. «Гъуэгу махуэ, Алий!» зыфIищам езым и щIалэгъуэр, еджакIуэ зэрыкIуар къыщегъэлъэгъуэж.

Шэч хэмылъу, адыгэ журналистикэм хуэдэ къабзэу, адыгэ литературэми зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуищIащ Ибрэхьим. Урыс тхакIуэшхуэ Горький Максим и жэрдэмкIэ 1934 гъэм СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым Абыкъу Хъалид, ДыщэкI Мухьэмэд, Темыр Сэлихь, Хьэбэчыр БетIал, Гъуэщокъуэ Хъусин, Уэхъутэ Абдулыхь сымэ щыхагъэхьэм, Ибрэхьими кандидату хагъэхьауэ щытащ. ИужькIэ, лажьи хъати имыIэу, и анэр Тыркум икIыжащ, жари ягъэтIысащ. Зэман дэкIри, егъэджакIуэу лэжьэн щIидзащ. Абы дихьэхыжри, ТхакIуэхэм я союзым хыхьэни, абы игъэзэжын Iуэхуи зэрихуэжакъым.

Амирокъуэ Ибрэхьим Хэку зауэшхуэм хэтащ, гъэр хъури и нэгу щIэкIащ концлагерым и дыджагъри. КъафIыщIэпхъуэжым яубыдыжурэ, сытми, ещанэм къаIэщIэкIыжащ бийхэм, икIи щысхьырабгъу лъэпкъ имыIэу абы езэуащ. IIыгъэшхуэ хэлъу ар пхрыкIащ Карпатми, Польшэми, Чехословакиеми, Румыниеми, Венгриеми, Австриеми. Дамыгъэ лъапIэ куэди къратащ.

ФIыщIэ мыкIуэщIыж зыбгъэдэлъ цIыхубэ егъэджакIуэр, тхакIуэр 1992 гъэм ноябрым и 6-м дунейм ехыжащ.

Срогушхуэ икIи сроин Амирокъуэ Ибрэхьим Iэсхьэд и къуэр, ноби цIыхухэм ящымыгъупщэу зи цIэ фIыкIэ кърaIуэр, ди къуажэ къызэрыдэкIам.

**КЪАНТЕМЫР Тыркубий,**
*тхакIуэ*

АМИРОКЪУЭ Ибрэхьим

# ГЪЭГУГЪА

*Рассказ*



… Машинэ цIыкIур къуажэку уэрамым къытекIыу бжьэпэмкIэ щиIуэнтIа сыхьэтыпэм Алий и шыпхъу Iэминат псы зэрыт пэгун хужьитIыр зыфIэдза пхъэхьыр и дамэм телъу мывэ къалэм къыкъуэкIыжат. КъакIуэр щилъагъум, лъэныкъуэкIэ дэмыхыу, «мы машинэр здыдыхьэнур зэзгъэлъагъунщ» жиIэри, куэбжэм нэмысу къэувыIащ. Машинэм, къыщIиIуантIэри, хуэм зыкъищIащ, зэрыхъуар имыщIэу и пэгунхэр игъэуври, бзылъхугъэр «Алий, Алий!» жиIэри и макъ псыгъуэмкIэ апхуэдизкIэ къыхэкIиикIати, я унэ щIэсхэм я мызакъуэу, гъунэгъухэми зэхахри, напIэзыпIэм цIыхур «ду» жиIэу къызэхуэсащ.

Сыт хуэдиз гуфIэгъуэт а дакъикъэхэм Алий къулыкъум къызэрикIыжам щхьэкIэ и адэ-анэмрэ и Iыхьлыхэмрэ зыхэтар? Гъунэншэт. Машинэм къикIа щIалэм зрашэкIырт, зрахьэкIырт, бгъэдыхьэу хъуам гуапэу абы и Iэр яубыдырт, щIэупщIэрт. ЖыпIэнуракъэ, гуфIэгъуэм и къапхъэным иубыда Алий я унэм щIагъэхьэжыртэкъым.

– ЩIалэм дыщыгуфIыкIыурэ ар къытхуэзышэжа хьэщIэ лъапIэр утIэщIэгъупщыкIыжащ. Неблагъэ, Iэмин! – жиIэри, Алий и адэ Батыр и къуэм и гъусэм бгъэдыхьэри гуапэу и Iэр иубыдащ, щIэупщIащ, и блыпкъыр иIыгъыурэ унэм щIишащ. Ирагъэблэгъащ машинэр зезыхуэ «гущхьэдэсри».

Ауэ куэдрэ замыIэжьэу, Iэминрэ шоферымрэ пщэдджыжьышхэ ирагъэщIа нэужь, пIащIэу жаIэри заIэтыжащ.

– Уэ иджыри хьэщIагъэ пкIэлъызесхьакъым. Хуабжьу си гуапэ хъунут, Iэмин, пщыхьэщхьэ унагъуэм укъеблэгъэжтэмэ, – зыхуигъэзащ абы Батыр.

– Хъункъэ, хъункъэ! – жиIащ абы, машинэбжэр здридзылIэжым къыщыгуфIыкIыурэ икIи псынщIэу Iужыжащ.

Махуэр зи кIыхьагъым увыIэгъуэ яIакъым Алий ялъагъуну, къыщIэупщIэну къыхуэкIуэхэм. Гуп-гупу пщIантIэм къыдыхьэрт лIыжьхэр, фызыжьхэр, щIалэгъуалэр. Адэмрэ анэмрэ

я деж къыщыщIадзэрти, Алий и деж щыщIатIыкIыжу, бысымхэм я Iэр яубыдырт, къехъуэхъурти, дэкIыжхэрт, кIэщIу абыхэм я пIэм нэгъуэщI гуп къиувэрт. Лэжьыгъэм хэтыр куэдти, «ныщхьэбэ къытедгъэзэнщи, нэхъ тэрэзу дызэрылъагъунущ», – жаIэурэ ежьэжхэри мащIэтэкъым. Гъатхэ вэн-сэным хыхьэнути, абы псоми зыхуагъэхьэзырырт. Алий зэ фызыжь гупым ираджэрти IэплIэ кърашэкIырт, лIыжьхэм зыбгъэдашэрти и Iэр быдэу къаубыдырт. Езыри къыдыхьэхэм япежьэрт, къригъэблагъэрт. ДэкIыжхэр игъэкIуэтэжырт.

Апхуэдэурэ нэсащ адэ-анэмрэ гъунэгъухэмрэ темыпыIэжу зызыхуагъэхьэзыра пщыхьэщхьэр. Унэкъуэщхэми гъунэгъухэми Батыр и гуфIэгъуэр я гуфIэгъуэти, увыIэгъуэ ямыIэу зэрызехьэрт, Iуэхум и нэхъыбэр езыхэм я пщэ далъхьэжауэ.

Дыгъэр джабэжьым къухьауэ абы и ныбжьыр мыпIащIэу Елбыргъэн триубгъуэрт. Мэзым къикIыж лIыхэри, щхьэж и пхъэ гулъэм бгъурыту, зэкIэлъхьэужьу къуажэм къыдыхьэжырт. Колхоз, унагъуэ Iэщхэм пщыхьэщхьэпсыр ирафауэ удзымэ дахэ къызыдих шхалъэм бгъэдэтхэт. Алийхэ я пэшымкIэ уэздыгъэхэр къыщызэщIэнауэ цIыхур щыпэкIурт, Iэнэхэмрэ шэнтхэмрэ щызэрагъэзахуэт. ЩIалэм и шыпхъу Iэминатт зыщIыпIи щымызагъэр: зэм анэм деж, зэм пэшхэмкIэ щIэлъадэрт. Псоми я Iуэхур езым и закъуэ ищIэну хьэзырт.



Ахъшэм нэужьым ирихьэлIэу лIыжьхэр зы пэшым, щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ нэгъуэщIым еблэгъащ. Щхьэгъубжэ зэIудзам къыIуту Хъаным и пшынэр игъэбзэрабзэт, макъамэр жыжьэу зэхэзыхри и пIэ кърищу, чэф ищIу, къэфэну къытригъэлъэдэн хьэзыру.

Iэнэм ягъэтIысахэр ерыскъым хоIэбэ. Хъуэхъубжьэхэр яIэт. Нэхъыжьхэм я псалъэр хуэгъэзат унагъуэм, узыншэу къэкIуэжа я щIалэм. Бжьэхэр яIэта, ерыскъым хэIэба нэужь, адэкIэ куэдрэ замыIэжьэу, стIолхэмрэ шэнтхэмрэ лъэныкъуэ ирагъэзри утыкур хуит ящIауэ къафэхэрт, къэуджхэрт. Джэгур щызэхаублэм псом япэу къагъэфэну алыхь-билыхькIэ елъэIури Алий къытрагъэхьат. ЩIалэгъуалэр пшынэм дежьут, Iэгу макъым пэшхэр зэтричт. Алий лъапэ защIэкIэ къафэрт, и пкъыр имыгъэхъейуэ и Iэхэр екIуу, дахэу щIиупскIэу. Абы и къэфэкIэр куэд щIауэ зымылъэгъуа и Iыхьлыхэр щIалэм еплъырт зыщамыгъэнщIу, зэрыщымыIа лъандэрэ и Iэпкълъэпкъым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм уасэ хуащIу.

– Ди щIалэр къытхуевджэт, – лъэIуащ лIыжь гупыр, ар утыкум къызэрикIыжу. И къекIуэкIыкIам щIэупщIащ. Езыми нэмыс хэлъу, Iэдэбу яжриIэрт Сталинград зэхэуэшхуэм

къыщыщIидзэу Берлин нэс икIуа мафIэкIэ псыхьа гъуэгуанэ хьэлъэм и хъыбар.

– Птхауэ укъытхуеджэжым хуэдэу, сыту псори дахэу, зэкIэлъыкIуэу, удихьэхыу къэпIуэтэжрэ! – ягъэщIагъуэрт лIыжьхэм хъыбарыр, мащIэу я щхьэр ягъэкIэрахъуэурэ.

– Си нэгу щIэкIахэр зэи пщыгъупщэж мыхъунщ, – макъ лъагэкIэ къыжьэдэкIащ Алий, тIэкIу плъыжь къэхъури.

Нэхулъэм зыкъызэщIичу щыхуежьам щIалэгъуалэм зэбгрыкIыжу щIадзащ, щхьэж и гуащIэдэкI IэнатIэм зэрыбгъэдыхьэжынум зыхуагъэхьэзырыну. Алий ахэр игъэкIуэтэжырт фIыщIэ яхуищIрэ я Iэхэр быдэу иубыдыжурэ.

– ЗыпщызмыгъэнщIурэ жэщыр кIуащ, Мадинэ, – хуэму жриIащ яужь зыкъизгъэнауэ къыхуэгуфIэ пщащэм Алий, нэгъуэщIхэм зэрызахримыгъэхыным хущIэкъуу.

– Алыхь, лIыжьхэм зэрылъагъупIи къыдамыта, – тхьэусыхафэ тIэкIу къыщIэуващ Мадинэ и макъым, щIалэм хуишия и Iэр иутIыпщыжыну игу пымыкIыурэ.

– Сэри куэд бжесIэну сфIызэтрихьащ, ауэ сызэрыпIуплъэу псалъэхэр сщыгъупщэжащ, – жиIащ Алий.

– Сыту пIэрэт апхуэдизу къызжепIэну узыхуеяр? – нэхъ нэжэгужэ къэхъуащ пщащэр, и гъусэхэр дэкIыжри езы тIур къызэхуэнати.

– БжесIэнури? Ар... Ар уэ пщIэн хуейщ псалъэншэуи...

– Гум илъыр къэсщIэфу зызгъэсэфакъым.

– Апщыгъуэм...

АдэкIэ къыпидзэнум нэмысу, лIыжьхэр зыщIэса пэшыбжэр къызэIукIри, щIэсахэр къызэрыщIэхыжащ. Алий абыхэм я дежкIэ емыпIэщIэкIыу хъуакъым. Мадини «Сыту пIэрэт къызжиIэну зыхуеяр? ФIыуэ сыкъимылъагъужу ара? НэгъуэщI, нэхъ хъыджэбз дахэ... гуакIуэ... гуэрым дихьэхыжамэ-щэ? АтIэ, зы псалъэ зэхэщIыкIыгъуэу щхьэ къыжьэдэмыкIарэ армырамэ?.. Илъэсих мэхъури сыщысщ, сыпоплъэ. Сэри си бзэр иубыдат, езым зиущэхуами, зыгуэр щхьэ жезмыIэфарэ?..»

Апхуэдэ гупсысэхэр абы и щхьэм щызежэрт. Зэми: «Ар лIышхуэ хъуауэ къэкIуэжащ. Сэ сызэрипэсыжын?.. Ахэр щхьэ си гум къэзгъэкIрэ? КъызжиIэнур къызжиIэмэ, итIанэ псори нэрылъагъу хъунщ! Щхьэ сыпIащIэрэ?» – зыхужиIэжт. Апхуэдэурэ и щхьэмрэ и гумрэ зэтригъэсабырыжащ...

Псори зэбгрыкIыжу бынунагъуэр къыщызэхуэнэжым, Алии и адэ-анэм ябгъэдэтIысхьауэ еуэршэрылIэху, Iэминат пэшхэр зэлъыIуихыжащ, и дэлъхуми зригъэгъэпсэхуну и пэшымкIэ ириджэжащ.



7 Заказ №131

– Ди хъыджэбзхэм хэт нэхъ уигу ирихьыр, Алий? – IуэрыIуэдзу еупщIащ и шыпхъур.

– Псори! – дыхьэшхащ мыдрейр.

– Псоми ядэбгъуэн щыIэкъым, ауэ...

– Ауэ псори сэ къыздэкIуэнукъым! – дыхьэшхащ щIалэр аргуэру.

– Абы щыгъуэ?..

ЕупщI хьисэпу Iэминат иришэжьа псалъэр и кIэм нэмысу зэпигъэури, жэуапым пэплъэу, и дэлъхум еплъащ.

– Зы къахэсхын хуейщ, аракъэ? – щIалэм гушыIэу нигъэсыжащ Iэминат къригъэжьа псалъэр.

– Аращ. Хэт къахэпхар?

– Ар уэ пщIэн хуейщ.

– Сэ сыткIэ сщIэн, уэ нэгъуэщI къэбгъуэтамэ-щэ?

– Къэзмыгъуэтамэ дэтхэнэра уэ зытебубыдэр?

– Апхуэдизрэ къыппэплъэу щысаращ. Ауэ...

– Сыт «ауэ» жыхуэпIэр? Абы нэгъуэщI гъэгугъауэ иIэу ара?

– Хьэуэ.

– АтIэ «хьэуэмэ», умыпIащIэ! – жиIэри Алий шхыIэн щIагъым зыщIиуфэжащ.



# УЭРЭЗЕЙ Афлик
## *Усэхэр*

### ШЕЙТIАН ДЖЭГУМ

«Къытехьи къафэ», — сыхагъэзыхьыр,
Сыкъыщыфэфыркъым мыпхуэдэ джэгум,
Сыкъыщыфэну сыкъызэрытехьэу,
Пшыналъэр гъыбзэу щIоIукIыжыр лъэгум.

Лъэгум къыщIих сырымэм и кIэгъуасэр
Гур игъэлынцIу щIогъуэлъхьэжыр си псэм...
КъызэщIэроуэжри гум и бампIэр,
Щызэподжэжыр гужьгъэжьхэр лъакъуапIэм.

«Къафэ, — сыхагъэзыхьыр сэ итIани, —
ИкIащ уи щыгъуэ кIэншэм и зэманыр,
УхуемыплъэкIыжу тхыдэм хэлъа гуауэм,
ЗыкъыдегъэкIу дэ ныпхуэтIэт Iэгуауэм!»

Къытщагъэхъуу лъэпкъым ягу хуэмыгъуэу,
Сыхэзыгъэзыхьхэм соплъ згъэщIагъуэу:
Дэнэ щалъэгъуар пшынэ бзэрабзэм
Хигъэшыпсыхьыжу тхыдэм гъыбзэр?!

Сытри къысхуадэнущ, сэ збзыщI закъуэм
Лъэпкъыжьым и гужьгъэжьыр зыгъэятэр,
И адэр хэтми зымыщIэж зинэкъуэу,
Зи хущхьэ хъум и бзууэ сызелъатэм.

ФIы къытхуащIэ къытфIагъэщI, ди къафэм
Хамэ пшынауэкIэ щрахкIэ и фэр.

Сыкъыщымыфэфми шейтӀан джэгум,
Адыгэ къафэр щызогъафӀэ си гум.

ЯщӀами нашэкъашэ тхыдэ гъуэгур,
ЯхуэгъэункӀыфӀакъым лъахэжь жьэгур.
Хэти щӀэзгъэплъыфынущ сэри лъэгум,
Адыгэ джэгум къыщысхуеуэм Ӏэгум.

* * *

Ехужьэж уи гупсысэ нэщхъейр,
Зи псэр къабзэм ноби ейщ дунейр.
ИкӀ зэпытми и нэхъуейр, Ӏиблис
И мурадхэм и Ӏэр лъэмыӀэс.

Яубгъуми лъабжьэр пцӀыӀуэпцӀышэм,
Иджыри куэдщ акъыл узыншэр,
Мы гъащӀэм и гъуэгу нашэкъашэм
Къуэладжэм псэр драмыгъашэу.

И дзэр мышыжу, и уэрэдыр
ИгъэӀужыфмэ усакӀуэм,
Игъуэ нэсакӀэщ псалъэ нэдым
Хуедгъэпсыхыну и щхьэкӀуэр.

ИрагъэтӀысхьэри мылъку хьэпсым,
ЦӀыхугъэм псэхэр щӀагъэхъуэпсыр.
А тӀум я зэхуакум дэт защӀэу
КъыӀэщӀоухэр цӀыхум гъащӀэр.

Зым щӀыхьыр зэрилъытэр дыщэщ,
Зым сомыр нэхъуеиншэу зэхуехьэс.
Ахэм, езым къатӀыжри я мащэр,
Я дыщэм гу щахуэну хунэмыс.

Я бохъшэр телъ зэпытми я напщӀэм,
ЯхуэщӀкъым Мэлэчыпхъу и чысэр щыз,
А бохъшэм зэрыщӀатыр гъащӀэр
ЩалъагъукӀэ, я псэр мэкӀэзыз.

* * *

Дыщэзэрылэу къихухьа сэрейм
Къыдэмыплъыфу исщи и лъэхъуэщым,
Егупсысын хульэкIыркъым нэпсейм:
Хэт сыкъыхэкIа, хэт сызыщыщыр?

КъызыхэкIар ящIэжрэ зэхуэгуапэу,
ЦIыхугъэр ирагъэщу псоми япэ
Зэдэпсэуатэм, цIыхухэм жэнэт лъахэ
ЩIыр ящIыфынут, я псэр къэмыдзыхэу.

Зи гупкIэ исым и уэрэд къыхадзэу,
Дадежьууну дыщыхагъэзыхькIэ,
Дуней лажьэншэм худощI гузэрыдзи,
Гуэныхьыр допшыныж дыпсэухункIэ.

Хамэ пхъэцIычауэм, накъырапщэм
ТхьэкIумэIупсыр щыIуаудым деж,
Ди лъэпкъ пшыналъэр зи IэрыкI лIы Iущхэм
Я деж дыщолъыхъуэжыр гукъыдэж.

Иджыри а лIы Iущхэр кIуэдыжакъым,
ЛIы Iущхэм лъэпкъыр ящIыркъым IэщIыб.
Зэгуэр нэхъыжьхэм тхуаIэта бэракъыр
Ди гъуэгугъэлъагъуэу ноби мэбырыб.

Аращ Iэпкълъэпкъым псэ къыхэзылъхьэжыр
Дигъэгушхуэжу, дищIу нэхъ къулей.
Я уэрэдыжьри жыжьэ къоIукIыжыр,
Ди гъуэгу гугъусыгъум кърихьзу пкIэльей.

ГЪЭМАХУЭ УЭШХ

МыдрыщIым уафэр щогъуагъуэ,
АдрыщIым пшэхэр щохъуэпскI,
Джабэм уэру къежэх псыхьэлыгъуэм
Хэгъуэлъхьауэ, мэкъупIэм зегъэпскI.

Щыблэри щысхьыжыркъым щIопщым,
Псы ныбэ пшэжьхэр щIехулыкI.
Толъкъун губжьахэми загъэпщу
Псым и IуфитIри гуалъэсыкI.

ТопIэнкIыкIыр нартыхуу щIы щхьэфэр,
Хэт а нартыхур зыгъэлыгъуэр?
ГъуэгунапщIэ удз хуэлари хофыр
Махъсымафэу къежэх псыхьэлыгъуэм.

Лэгъупыкъури уафэ лъащIэм пхъэхьу
ЩIэуващи дамэр иришэхыу,
КъэкIуауэ арагъэнущ ари псыхьэ,
Щызэбгрихыну щIылъэм уэшхыр.

Кърыреш, кърыреш гъэмахуэ уэшхыр,
Зэжьэхэуэжмэ, хъуэпскIыу пшэхэр,
И дамэр иришэхыу пхъэхьым,
Лэгъупыкъури кърекIуэ псыхьэ.



ШЫКIЭПШЫНЭ

ЛIэщIыгъуэм къапхыIукIрэ тхьэгъушу,
Си акъыл хэжеяр къигъэушу,
Лъэпкъыжь гъыбзэхэр лъынтхуэм пхришу,
ШыкIэпшынэр нэщхъейуэ зыщIыпIэ щоушэ.

Сымылъэгъуар къыщIегъэхьэжыр нэгум,
Зэхэзмыхар кърегъэIуэж тхьэкIумэм,
ЕублэрэкIыжри тхыдэм и гъуэгур,
Сыдешэж ди пасэрейхэм я уэрамым.

Шууейхэр къалъыхъуэжурэ ешахэу,
Уанэгу нэщIу къыщажыхь уэрамым шыхэм.
Жыг лъэдий закъуи ныкъуэсу
КъыхопIиикIыр сахуэм кхъащхьэдэсэу.

Топауэ макъхэм ягъэбэг бгы ябгэр
Фыз гъырнэIухэм я гыбзэкIэ мабгэ.

А гыбзэр лъахэхэм щызэпидзыжу,
КъуакIи тафи къыщежыхьыр джэрпэджэжым.

Бгъафэм кIэщIакъузэу сабий цIынэр,
Щхьэегъэзыпlэ къалъыхъуэ анэм.
КъаIуричыну цIыкIухэм быдзышэр,
ЯкIэлъопхъэр лажьэншэхэм топышэр.

Бэлыхь щIыхадзэр ящIэркъым анэм,
Уафэр щIодиихьыр сабийм я нэм,
Бийм пэщIэтыну зауэм Iухьэ дзэпщым
И псэр пыту яхуиутIыпщкъым джатэ Iэпщэр.

Мэзи щыIэжкъым къуалэбзур щыушэу,
Бзухэм джабэ джафэм зыщагъэшыр.
Лъы защIэу къызэрошэхри псыхэр,
ЕгъэIутIыжыр тенджыз Iуфэм Iут Псэхэхым.

Ныбжьэгъугъэм епцIыжа гъунэгъум
Лъахэ мамырым щыпхишкIэ лъым и лъагъуэр,
Мы лъэпкъыжьым и хабзэм, нэмысым
Ирегъэжыхьыжыр псыр я лъапсэм.

Яхуэмыгуэшыжу щIыри уэри
Мы дунейм щызэхаублэу зауэр,
ЗэфIонэжыр, зэрошхыжыр Iэджи,
ХагъэщIахэр традзэжу ныджэм...

А сурэтхэр къыщIигъэхьэу нэгум,
Щызэхуихьэсыжу гуауэр си гум,
Хъыбар нэхъ пэжхэмкIэ схуэхашэу,
ШыкIэпшынэр нэщхъейуэ зыщIыпIэ щоушэ...

## ГЪАЩIЭ

Зоныкъуэкъужыр куэдым я псэр,
ЗафIешхыхьыжыр куэдым я гум,

Къахуэмыщ|эурэ ар зищ|ысыр,
Нахусыр ц|ыхум гъащ|э гъуэгур.

Дакъикъэ къэс зы гъащ|э псощи,
Лъэбакъуэ къэск|э щ|ы хъурейщ:
Дыкъыщ|алъхуари дыщ|эпсэури
Къыщытщ|эфыну мы дунейм?..

Щытхъупсым игъэжакъуэ ц|ыхуу,
Къыщымытхъу псори зи жагъуэгъум
Дуней зытетыр зэрыхьэхур
Къыгуры|уэну хъуакъэ игъуэ...

Зи уахътыр къэблагъи къэмыблагъи
Яхулъэк|къым яут|ыпщыну гугъэр.
Мылъку къащ|эныжынум хуэныбаблэу,
Сыту п|эрэ я нэхъуейр къыщ|еблыр?



Мазэгъуэ бзийхэм зыхагъапск|эу,
Уэм вагъуэхэр щощхъуэк|эплъык|э.
Уахътыр къэсауэ, вагъуэ уафэм щижк|э
Щ|ым тет мелуанхэм ящыщ гуэр къегъаск|э.

Къэмыск|эжыни къигъэщ|акъым зыри,
Зэлъищ|ысыфкъым зыми уэгури щ|ыри.
Къытщищ|ащи Алыхь лъап|эм зы фарз гуэр,
Махуэлыншэу къезыгъауэр аращ гур.

Яф|эжэкъуащи куэдым я псэр,
Яхуэгъэнщ|ыжкъым Мэлэчыпхъу и чысэр.
Тетыхунк|э и гъащ|э гъуэгум,
Аращ зыщ|ишхыхьыжри ц|ыхум и гум.

Сом лейм къи|этми гукъыдэжыр,
А сомым зэрытек|уэдэжыр
И ф|эщ мыхъужу мэпсэу ц|ыхур
|ахыжыхун и гъащ|э хьэхур.

* * *

Си лъэпкъ жыIэщIэ, бэлыхь натIэ лъэпкъ!
УгъащIэмащIэу къыпщащIыну хьэкъ
ХущIэкъухэм зыкIи хуадэркъым я напIэр,
КъызгурыIуэфкъым абыхэм я хъуэпсапIэр.

Тхьэгурымагъуэм яуфэбгъуащ дунейр,
КъахуэщIэу жаIэу къритхар ди натIэм.
Ауэ абы къаIуэтэжыф къудейщ
Щызэхахахэр жагъуэгъухэм я пщIантIэм.

Къэзыпщыр хэт лъэпкъ гъащIэр зыхуэдизыр,
Ди натIэм къритхари зыщIэр хэт?
Щымысхьыжыххэу зэгуэрым тенджызыр
Лъыпс зыщIа псэхэри дэнэ щыхэт?

ЩыхупIэм уашэ щхьэкIэ ял мыузу,
Тезыбзэжыфхэм я напэм къэнжал,
Зэхамыхыфу уи псэр зэрыгызыр,
Уи хабзэ дахэ псори я ажалщ.

И гъащIэ хьэхур щрих мы дунейм
ЦIыху цIыкIур щхьэ щыхъуфрэ нэпсей?
ЩIым къыщигъэщIакъым зыри лей,
Сэ ар зыгуэр щыщIэнуи сыхуэмей.

Мы гугъэ закъуэм ипэкIэ сегъаплъэр:
Си жылэжь псыхъуэм ноби щежэх псым
Псэ къыхелъхьэжри, щIэхукъым лъэпкъым и лъэр —
КъокIыкI и гулъыр жылапхъэ хасам.

Си лъэпкъ жыIэщIэ, бэлыхь натIэ лъэпкъ,
УгъащIэмащIэу къыпщащIыну хьэкъ
ХущIэкъухэм къызгурыIуэркъым щIамыщIэр:
Уи лъэпкъыр псэухунщ ущиIэр гъащIэ.

## ПАЩТЫХЬ

Пащтыхьхэр зэрахъуэкI щIэщыгъуэу,
Сэ си щхьэм срипащтыхьыжщ.
Узигъусэнумэ ныбжьэгъуу,
Пащтыхьхэм бзэгу яхуумыхьыж.

Пащтыхьхэм яIэкъым дарэгъу,
Абыхэм яхуумыщI си гугъу:
ЯфIэфIкъым я Iумэт имыхьэу
Щхьэхуиту щIым къыщызыкIухьыр.

КъыщызокIухьыр си щIыналъэм,
Си жылэр тызосэж си хьэсэм,
Къезгъэжьуфу си пшыналъэм,
ЦIыхугъэм псэр хузогъэусэ.

А хьэлыр и псэм къыхуимыщтэу,
Апхуэдэхэм пащтыхьыр щощтэ.
НэгъуэщI къимыхьу зыри и нэм,
ЩIохъуэпсыр ар дыщэ чэщанэ.

СщIэркъым зэрищIынури чэщанэр —
КIуэдыжынущ зэтрипIэм и нэр.
Къыхэхуакъым, уеблэмэ си пщIыхьым
Сыщытыну зэгуэрым пащтыхьу.

Срипащтыхьыжщи си щхьэм, сыщхьэхуиту,
Сэр нэхъ насыпыфIи щIым темыту
КъыщызокIухьыфри мы дунейм,
Пащтыхь псоми къысщыхуэ я ней!

## УСАКIУЭ

*Тхьэгъэзит Зубер деж*

ХощIыр гъэхэм, хохъуэ ныбжьым,
Бгым ущыдэкIкIэ къанэ лъэужьым
ЗэкIэлъхьэужьу къисэ илъэсхэм
Зэм уакIэлъысу, зэм къыпкIэлъысу.

ФIэфIкъым къехыжыну бгым дэкIам,
Щыгум къинэжынут, хулъэкIам,
Ауэ, абыкIэ зэи щIэмыупщIэу,
Езым и гъуэгукIэщ дызэришэр гъащIэм.

Зэм дэрэжэгъуэм, зэм гухэщIым
Езыхэр зыхуей закъуэрщ къытхуагъэщIыр.
А тIури зэхыхьэжмэщ насыпым
Къыщытхуигъэжэфыр дэ и псыпэр.

А гъащIэ архъуанэм хэкIэрэхъухьу,
Бэлыхь щигъэвкIэ усакIуэм и псэм,
Гу хьэлэл къабзэм щхьэщыт пшэкIухьым
Сатыр зырызу къыхокIыр усэр.

* * *

Куэдрэщ си махуитI щызэхуэмыдэр,
ЗэрымыутIыпщрэ зэIэпэгъуу,
СызыхуеймкIи сызыхамыгъадэу,
Емрэ фIымрэ къысхуопсых гъуэрыгъуэу.

Дунеягъэм сыхуепсыхьыр ем.
ФIыми гугъэ сыхуимыгъэныкъуэ.
Iуэхур щыхуэкIуэжым деж ерейм,
Емрэ фIымрэ схуохъу зэтIолъхуэныкъуэ.

КъэсщIащи ахэр зэрыфIэкIыпIэншэр,
Яз щыхэмытым, гъащIэм щIелъхьэр фIыншэ.
ТIуми къызжамыIэурэ сыздашэр,
Си гугъапIэр хагъэплъызэ хьэршым.

Зы махуэ е зы сыхьэт закъуэ
Къызагъэлъагъури насыпыр нахуэу,
Си псэр ямыгъэныкъуакъуэу,
И фIэщ ящIыфыр хъуну жьыщхьэ махуэ.

*2015*



*Усэхэр* ВЫНДЫЖЬ Марие



СИ КЪУАЖЭЖЬ

Хьэуа къабзэ лъыхъуэ си гур
Си жылэжьым ныхуозэш.
Сабиигъуэр щысхьа щIыгум
ЕпIэщIэкIыу сынешэж.

Сэрмакъыпсым, Хъутэтеикъуэ
Псыхъуэгуащэу къыщекIухь,
Кърyукъуэ, Агубэчеикъуэ
Зыхидзау зыхегъэпскIыхь.

Чэфыжь щIыкIэу, Балъкъ и псыхъуэр
И кIыхьагъкIэ щIищыкIащ.
Салъкъын къабзэу псэм къилъыхъуэр
Хуэнэпсейуэ жьэдишащ.

Жэналъкъы удзыпцIэм лъапцIэу,
ФIэщIэщыгъуэщи, хохьэж.
Удз Iэрами, псэр ехъуапсэу,
Къэсщыпауэ сыкъожьэж.

Мывэжьыщхьэ къыщIэж псынэм
ЗигъэнщIыхукIэ гур хэфащ,

Къумэлмэзым щищIа унэм
Щыпсэхуати — хилъэфащ.

## ГЪЭМАХУЭ МАХУЭ

Анэ быдзышэ хуэлIа сабийуэ,
Псы пэплъэ щIылъэм и жьэр ущIащ.
МэкъуауэлI щIыфэр, хъуща балийуэ,
Гъэмахуэ дыгъэм къыхуриIащ.

Мэлыхъуэ гъусэу хьэ парий бацэм
И щхьэр гу лъабжьэм щIригъэхьащ,
Зыщаудыгъуэр бзухэм жыг къуацэм,
Удз гъэгъа цIыкIухэр къэнэщхъеящ…

Къуршыжь зэхуакухэм жьыбгъэр щIэрыIэу
Пшэ Iэтэ фIыцIэр къыкъуилъэфащ,
Гъэмахуэ уэшхым, ифIэщIэщыгъуэу,
ЗигъэнщIыхункIэ щIылъэр ефащ.



## БЖЬЫХЬЭ

Бжьыхьэ дадэм, зэшу, папщэу,
Губгъуэ нэщIым зыщеплъыхь.
Пшагъуэ нанэм жьыбгъэр щIэпщэу,
Мес, къуэладжэм къыщекIухь.

Жыг тхьэмпэншэм и нэр плъызу
Тес къуаргъыжьри хъуащ нэщхъей,
Пшагъуэ щIыIэм хэкIэзызэ
Къуалэбзухэр гущIэгъу хуейщ.

Даущыншэ хъуа мэзыжьым
Тхьэмпэ гъуэжьхэр щогъуэлъыкI.
Щхьэхуэпсалъэу къуэм ди псыжьыр
Къыдэнащи, хощэтыкI.

## СФІЭФІКЪЫМ

Къысхуащlу сфlэфlкъым сэ гущlэгъу,
Мыщlагъуэу жаlэу закъуэныгъэр,
Фlыуэ слъэгъуар зыщlар lэпэгъу
Яубу щытмэ яфlэлlыгъэу.

Нэхъыбэм ахэр, я мыlуэху
Зэрахуэу, къыппкъроупщlыхьыр:
«Хэт къозымытыр махуэм псэху?
Хэт жэщ къэсыхукlэ узэпщlыхьыр?»

Къыбжаlэу: «Зыкlи lей зумыщl», —
Пэбдзын умыщlэу укъагъанэм, —
Уалъагъуу фlыуэ къыпфlремыщl,
Фэрыщl гущlэгъукlэ ущlагъанэм.

Итlанэ сфlэфlкъым зыбжыр сэ
И тхьэмыщкlагъэу закъуэныгъэр —
Ар гъащlэм хуохъур тэрэзэ
Ирырашэчу уэ пхэлъ лlыгъэр.



## СУМЫГЪЭПІАЩІЭ

Зэману дахэ, сумыгъэпlащlэ,
Жьыгъэр си лъэмбым къыумыгъэувэ,
Гъащlэм и lэфlым сумыщl пэlэщlэ, —
Тlэкlурэ зышыlэ, тlэкlу зыгъэгувэ.

Щlалэгъуэ пlалъэр сыту кlэщlыщэ,
Ара хъунщ, дауи, ар щlэlэфlыщэр,
Зыщызгъэнщlакъым а зэман щlагъуэм,
Пхузэфlэкlынум, тlэкlу къысхупыщэ.

Зэману дахэ, къыумыщl си жагъуэ,
Зыпкlэрысщlэlуэми, къысхуэгумащlэ.
Си гугъэ lэфlхэм гу ящысхуэну
Сыхунэсакъым — сумыгъэпlащlэ.

# ИУЖЬРЕЙ ГЪАТХЭ

*Очерк*



ЖаIэж а гъатхэр, 1941 гъэм и гъатхэр, телъыджэу щытауэ. ЦIыхупсэр игъэгуфIэу, дунейр щхъуантIагъэ дахэм зэщIищтат, махуэщIэ къэунэхуам къыдэуша дыгъэр псэ зыIутым яхуэжумартт. А гъэм хуэдэу жыгхэр зэдэууэ, баринэ дахэу зэщIэгъэгъауэ куэд щIауэ ялъагъужатэкъым. Мис а дахагъэм итхьэкъуауэ зы пщэдджыжь гуэрым я хадэм итт Мамышэ. Гъэгъахэм къапих мэ гуакIуэмрэ хьэуа къабзэмрэ гухэхъуэгъуэ ин кърататырт щIалэм, псыхъуэ лъэныкъуэмкIэ къриху акъужь щабэри и Iэпкълъэпкъым къедэхащIэрт. АрщхьэкIэ зи гугъэр домбей, зи пщэдейм бащэкIэ щыгугъ щIалэщIэм дэнэ щищIэнт апхуэдизу хьэщыкъ зыщIа гъатхэр и мамыр гъащIэм и иужьрей гъатхэу зэрыщытыр, мазэ зы-тIу нэхъ дэмыкIыу хэкум гузэвэгъуэшхуэ къызэрылъыкъуэкIынур...

Мамышэ и сабиигъуэр адрей и ныбжьэгъу цIыкIухэм яйм къазэрыщхьэщыкI щыIэтэкъым. Пэжщ, унагъуэм щIалэу яIэр а зырати, къалэн куэд и пщэ къыдэхуэрт. Хабзэшхуэ зыдалъагъу цIыхут абы и адэ ХьэпIытIэ. Наурыз лъэпкъым къыщымынэу, Нартан псом пщIэ щиIэу, чэнджэщэгъу ящIу къэгъуэгурыкIуэрт. ЩIалэ цIыкIум ар илъагъурт, псэкIэ зыхищIэрти, и адэр зэримыгъэукIытэным хущIэкъурт.

Наурыз Мамышэ теухуа ди тхыгъэм тегъэщIапIэ хуэтщIащ абы и унагъуэм, и ныбжьэгъухэм, къыдэзэуахэм я гукъэкIыжхэр, фронтым щыIутам къитха письмохэр, нэгъуэщI документхэр.

**Хьэту МыкIакъ и гукъэкIыж:** Мамышэ сэрэ дыкъызэдэхъуащ – дызэдэджэгуу, ди ерыскъы зэIурылъу. Наурызхэрэ Хьэтухэрэ зэбгъэдэтащ зэкъуэшым хуэдэу. Уеблэмэ ди адэм къыщишам щыгъуэ къану здэщыIар абы я дежщ. Дэ тIур тIэкIу нэхъ дыкъыдэкIуэтея нэужь, мыдрисэм дыкIуэн и пэ «щIалэ егъаджэ» жари щыIэу щытащ а зэманым – 1924–1925 гъэхэм – абыи дызэдыщIэсащ. Хьарзынэу еджэрт, щIалэ цIыкIу къуейщIейхэм ящыщтэкъым, Iэдэбт. Уэлей, тхьэмахуэ дызэрымылъэгъуамэ, зыщIыпIэ илъэс IэджэкIэ зыр къэта фIэкIа дымыщIэу дызэIущIэтэм... Ауэрэ Мамышэ еджэн Iуэхум нэхъ ерыщу зритащ. ИтIанэ дзэм дашащ, офицеру ягъэхьэзырыну. Сэри армэм сыщыIэу Мейкъуапэ дыщызэхуэзэжри мазэ зытIущкIэ къулыкъу зэдэтщIащ. Абы щыгъуэ си ныбжьэгъур шу полкым и отделенэм и командир хъуат. ШыкIэ хуабжьу IэкIуэлъакIуэт. Шурылъэс джэгун, сэшхуэр Iэрыхуэу гъэбзэн жыхуэпIэхэмкIэ къытекIуэн щыIэу пIэрэ жыпIэу апхуэдэт.

Дзэ къулыкъум къикIыжа нэужь, Наурызыр комсомолым и обкомым яшэри, зауэ хуэIухуэщIэхэмкIэ абы иIэ къудамэм и унафэщIу ягъэув. Абы илъэситI нэблагъэкIэ щылэжьауэ, физкультурэмрэ спортымкIэ комитетым и Iэтащхьэ ящI. Езым спортыр зыхилъхьэ щыIэтэкъыми, а Iуэхум ныбжьыщIэ нэхъыбэ дегъэхьэхыным, хэшэным зэфIэкIыу иIэр ирехьэлIэ. Абы и жэрдэмкIэ щIэх-щIэхыурэ къызэрагъэпэщырт спорт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр.

ХъуэпсапIэ, гугъапIэ Iэджэ иIэт Мамышэ. Абы ищIэрт а IэнатIэр

кърагъэIэтыну пIалъэкIэ зэрагъэкIуар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къулыкъущIэшхуэхэр абы бащэкIэ къызэрыщыгугъыр. Нэхъ IэнатIэ лъагэ ягъэкIуэнуми блэкIа щыIэтэкъым – и ныбжьыр илъэс 26-рэт зэрыхъур. Ауэ а лъэхъэнэм, 1941 гъэм, псоми я гукъыдэжыр, я мурадыр, я хъуэпсапIэр къызэтрикъутащ хэкум и мамыр гъащIэм Iэ щIыIэкIэ къыхэIэба бийм...

Зауэр къыщыхъейм, езыр бронкIэ къагъанэри, Мамышэ и ныбжьэгъухэр, и къуажэгъухэр дашащ. Зыми ищIэртэкъым къэралыр зыхэхуа бэлыхьым и Iуэхур къызэрыщIидзынур: и нэхъыбэм къафIэщIыртар кIыхьлIыхь мыхъуну, нэмыцэхэр ди щIыналъэм пIалъэ кIэщIкIэ ирахужыну. АрщхьэкIэ кIуэтэху нэхъыбэ хъурт бийм иубыд къалэхэм, щIыналъэхэм я бжыгъэр. А псор зэхэзых щIалэм и щхьэр и жагъуэт. «СыдэвгъэкI» жиIэу мызэ-мытIэу лъэIуа щхьэкIэ, къикIаIатэкъым.

Ауэрэ къихьащ 1942 гъэр. ХьэщхьэрыIуэм ещхьу, бийм къыкIуэцIрикъутыкIырт ди лъэныкъуэмкIэ, Кавказыр иубыдыныр и гуращэу. Апхуэдэу Iуэхур шынагъуэ щыхъум, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ 115-нэ шу дивизэр. Абы хэту Мамышэ май мазэм гъуэгуанэ тоувэ. Махуэ бжыгъэ фIэкI дэмыкIыу, Ростов областым зауэм щыIухьэн хуей мэхъу. Бийм пэщIэувэу абы къаруушхуэ къуэлъыр и нэкIэ илъэгъуа, игъэунэхуа нэужьщ фашистхэр ди щIыпIэм нэс къыщIыкIуэцIрыкIыфар адыгэ щIалэм къыщыгурыIуар.

Шынагъуэт, псэзэпылъхьэпIэт а япэ зэхэуэр. Абы къыкIэлъыкIуащ етIуанэри, ещанэри. Мамышэ и нэгу щIэкIыу хъуар иритхэрт и дневникым. Мис абыхэм ящыщ зы: «Деде-ЛоминкIэ зэджэ хуторым деж, дымыщIэххэу, румынхэм я лъэсырыкIуэ батальонымрэ я шуудзэмрэ дащыIууащ. Зэхэдублэн хуейхъуащ зауэр. Тафэ хуитышхуэм диту арт. ИкъукIэ гугъут ипэкIэ укIуэтэну. Ауэ ди дзэм километрищ и бгъуагъыу зиукъуэдийри, дебгъэрыкIуэу щIэддзащ. Сэ игъащIэкIэ сщыгъупщэжынкъым а дакъикъэхэм ди зауэлIхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ я «ура!» макъ лъэщымрэ ...».

И дневникым иримытха щхьэкIэ, а зэхэуэм лIыхъужьыгъэ щызэрихьащ езыми – 297-нэ полкым и комиссар Наурызми. Ар зыхэт частыр япэу дыхьащ бийм зыщигъэбыда жылагъуэ цIыкIум. А зауэ гуащIэм хэкIуэдащ полкым и командирыр. Ар щилъагъум, Мамышэ къыщылъэтщ, частым и командир къалэныр и пщэ дилъхьэжри, сэлэтхэм захуигъэзащ: «Ныбжьэгъухэ, ди командирым илъ тщIэжынщ!» А зэхэуэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ къэрал дамыгъэ къратыну ятха тхылъымпIэм мыпхуэдэу итщ: «Хахуагъэ, лIыхъужьыгъэ ин къигъэлъэгъуащ, езым и щхьэкIи зы унтер-офицеррэ пулемёт расчетрэ хигъэщIащ».

Апхуэдэу ерыщу бийм пэщIэтащ 115-нэ шу дивизэм и нэхъыбэр. АрщхьэкIэ ди дзэр къызэтракъутащ къаруушхуэ зыбгъэдэлъ фашистхэм икIи а зауэм къела мащIэр къимыкIуэту хъуакъым. Абы иужькIэ къелахэр зы дивизион ящIыжри, аргуэрыжьти, фронтым Iуагъэхьэжащ. Гупым и комиссар къалэныр и пщэ къыдэхуащ политрук Наурызым.

Зэман дэкIри советыдзэм бийр иригъэкъэбзыкIащ Кавказым. Абы иужькIэ Мамышэ и унэ къагъэкIуэжауэ щытащ лъагъунлъагъу.

Фронтым игъэзэжа нэужь, адыгэ щIалэр зыхэхуа частыр Iутащ зауэм и IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэхэм, езыри псэзэпылъхьэпIэ ихуащ мызэ-мытIэу. Ауэ сыт хуэдэ гугъуехь, шынагъуэ Iумыуами, сыт хуэдэ лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ иримыхьэлIами, и жылэжьым, адэ-анэм, и хэкум я щIыхьыр ихъумащ, зыхэт полкым щыщ зауэлIхэм щапхъэ яригъэлъагъуу. Араущ къыщIэкIынщ ар етIуанэуи лъагъунлъагъу

къыщIаутIыпщыжар. Абы щыгъуэ Наурызхэ я деж щызэхуэсар сыт хуэдизт...

**Мамышэ ипхъу Зауржан:** Ди анэм къызэриIуэтэжу щытамкIэ, си адэр етIуанэу къыщыкIуэжам, къагъанэу НКВД-м и унафэщIу ягъэувыну я мурадат. АрщхьэкIэ идакъым, «уэлэхьи, сэ апхуэдэ напэ симыIэ, и унэ кIуэжри зигъэпщкIужащ зыхужезгъэIэну» жери.

Арати, къэсащ щежьэжын хуей махуэр. Iыхьлы-Iэулэдми, гъунэгъуми – псоми къайхьэлъэкIырт Мамышэ етIуанэу зауэ лыгъэм зэрыIухьэжыр. Ар гъуэгуанэ зэрытехьэжыр псом хуэмыдэу зи гущIэм абрэмывэу тегъуэлъхьар и щхьэгъусэрт, Гулыхут.

**Гулыху и гукъэкIыж:** Абы щыгъуэ мафIэгу зекIуэртэкъыми, машинэкIэ ежьэжащ. Ди щIалэ цIыкIур сIыгъти, сIихри машинэм иригъэтIысхьащ, кърихыжащ. И нэпсым къызэпижыхьащ. Сабийри къытхукIэрыкIыжыртэкъым – и адэм и пщэр иIыгъыу гъуэгырт. «Зауэм я нэхъ Iейм сыщыхэтми, Заур и гъы макъыр си тхьэкIумэм итщ» жери къысхуитхат иужькIэ».

... Фронтым Iухьэжа нэужь, 55-нэ гвардейскэ полкым хэту Мамышэ зэпичащ гъуэгуанэ куэд. Псом хуэмыдэжу гуащIэт 1944 гъэм Буг псы Iуфэм деж щекIуэкIа зауэр. Япэ гупым яхэту, автоматыр иIыгъыу, Нартан щыщ зауэлIыр зэпрысыкIащ псышхуэм. Абы нэхърэ нэхъ гуащIэжу щытащ Польшэм щыщ Хелм къалэр къыщащтэм екIуэкIа зауэри...

**55-нэ полкым и штабым и офицер Кравцов Иван и тхыгъэм щыщ:** «КъухьэпIэ Буг псышхуэм дызэпрыкIын ипэ ди полкым къытхуагъэкIуат адрей частхэм ящыщ сэлэт зыкъом. Дэтхэнэ зы зауэлIми гупсэхуу епсэлъылIэрт Наурызыр, зригъащIэрт хэт дэнэ щызэуами. Мамышэ гу лъитащ язынықъуэ сэлэтхэм я щыгъынхэр зэрыдыжам: ахэр уIэгъэ лъэужьт. АрщхьэкIэ дамыгъэ лъапIэ зыми яIэтэкъым. Абдежым Наурызым штабым къалэн щищIащ сэлэтхэр щызэуа щIыпIэр игъэтэмэмыжыну, щхьэж хуэфащэ медалыр е орденыр къылъысыжын папщIэ. Зэман куэд дэмыкIыуи абыхэм кърятыжащ яхуэфащэ дамыгъэ лъапIэхэр...

Ди дзэр бийм щебгъэрыкIуэм къагъэлъэгъуа хахуагъэр щыхьэт зэрытехъуэщи, ди полкым фIы дыдэу щыгъэуват парт-политикэ лэжьыгъэр – бийм зэрыпэщIэувэнум зыхуагъэхьэзыру, фашистхэр зэрыхагъэщIэну Iэмалхэм хуэпабгъэу, щIэмычэу ди зауэлIхэм хагъахъуэрт я Iэзагъэм. А псом и къызэгъэпэщакIуэр гвардием и майор Наурызырт. Ар зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхут, зы Iуэхугъуи частым щекIуэкIыртэкъым ар хэмылIыфIыхьу. Зауэр щызэпыу зэманхэм Наурыз Мамышэ тепсэлъыхьырт и сабиигъуэр щигъэкIуа, къыщыхъуа и адэжь хэкум, Къэбэрдей-Балъкъэрым, къыздикIа щIыналъэр зэрытелъыджэм...»

Зыгъэпсэхугъуэ зэман къызэрыхуихуэу, Мамышэ письмо къитхырт. Къахуитхырт псоми – и анэми, и шыпхъухэми, и щхьэгъусэми. И тхыгъэхэм къыхэщырт къэзылъхуахэми, и унагъуэми, и ныбжьэгъухэми къазэрыхуэзэшыр. Псом хуэмыдэжу абы и гум къэкIырт и щIалэ цIыкIур. «Заур хуабжьу сыхуэзэшащ, – итт и щхьэгъусэм къыхуигъэхьа тхыгъэ кIапэм, – сопщIыхь. Дауэ щыт ар? Гулыху, зыхуейр жиIэфу псалъэ хъуа Заур?»

И къуэм апхуэдизкIэ къыхуэзэшти, уеблэмэ, хуэмышэчыжу и анэм къыхуитхауэ щытащ: «Ди анэ, сымыукIытэжыхэу бжесIэнщи, хуабжьу си нэ къокI Заур слъагъуну. Куэдрэ си нэгу къыщIоувэж сыкъыщежьэжым щыгъуэ ар Iейуэ зэрыгъауэ щытар».

**И шыпхъу ФатIимэт къыхуигъэхьа письмом щыжеIэ:** «Ди



8 Заказ №131

текIуэныгъэр щыдгъэлъэпIэну махуэр къоблагъэ. Дэ ди псэ деблэжынукъым а махуэр нэхъри гъунэгъу къэтщIын щхьэкIэ. ФатIимэт, сынinfoволъэIу нэхъыбэрэ письмо къысхуевгъэхьыну. Заур цIыкIуи сэлам схуехыж. Нэхъ псынщIэIуэу балигъ ирехъу сэ сызэрихъуэкIын хуэдэу».

Щалъхуа щIыналъэм нэхъ пэжыжьэ хъуху, Мамышэ нэхъри гумащIэ къэхъурт. И унагъуэм, и ныбжьэгъухэм къадэкIуэу, ар къыхуэзэшырт и жылэжьым, и сабиигъуэр щигъэкIуа щIыпIэхэм: «Гулыху, къэтх, мыгъэрей щIымахуэр дауэ щыщыт абыкIэ? ЩIыIэ Iей хъуа? МыбыкIэ щIымахуэ щымыIэу жыпIэ хъунущ. Уае къыщыхъуи щыIэщ, ауэ уэс дахэ-дахэу тлъагъуркъым...»

**И анэм къыхуитхам щыщ:** «Зэхэуэр тIэкIунитIэ нэхъ кIащхъэ зэрыхъуу, илъэсыщIэм и саулыкъукIэ офицерхэр мэзым дыщызэхуашэсри абы тIэкIу дыщеIубащ. Гугъуехьым сесащи, си фIэщ хъуркъым зауэр иухыу сынэкIуэжа нэужь гъуэлъыпIэм сезэгъыжыну. Ди анэ, сыщогугъ мы илъэсыщIэм насып къытхуихьыну – куэд мыщIэу дэ мамыру, дахэу дыпсэууэ щIэддзэжынущ».

Наурызыр зыхэт дзэр ипэкIэ кIуатэурэ ихьащ Германием и щIыналъэм. Гъатхэт абы щыгъуэ, Мамышэ и псэм и щIасэ зэмант. Топышэри, Iугъуэри, къауэри, къутэри уэим имыщIу, щхъуантIагъэм иуфэбгъуат ихъуреягъэр. Нэр щыджылу зэщIэгъэгъат шэ къутахуэхэм я фэбжь зытелъ жыгхэри. А гъатхэр, текIуэныгъэ къэблэгъам и гъатхэр, зэи хуэмыдэу лъапIэт Мамышэ дежкIэ. Ауэ а дахагъэ псом гу щихуэну, къыхуэмыгъэсу зэжьэ текIуэныгъэр игъэлъэпIэну, нэхъуеиншэу зыпэплъэ и Iыхьлыхэр, и унагъуэр, и ныбжьэгъухэр илъагъужыну иухатэкъым.



**Кравцов Иван и тхыгъэм щыщ:** «Зауэ гуащIэ екIуэкIащ Хавель псым ди частыр зэпрыкIын хуей щыхъуа махуэм. Абы телъа лъэмыжыр якъутат. Бийм зыщигъэбыдат псым и адрей лъэныкъуэм. Полкым и командир Мишуков офицеритIрэ зы связистрэ щIыгъуу псым зэпрысыкIат. МыдэкIэ къэнахэр адрей лъэныкъуэмкIэ гъэIэпхъуэныр и пщэ къыдэхуат частым и командирым и къуэдзэ Наурызым. Дыдейхэр пIащIэрт нэхъапэIуэкIэ псым икIахэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуну. Бийр увыIэгъуэ имыIэу къауэрт ди лъэныкъуэмкIэ. Псым щызэпрысыкIым снайперым и шэр къытехуащ Наурыз Мамышэ... Хэт ищIэн, а шэр зы сантиметр закъуэкIэ екIуэтэкIамэ, ар псэуну къыщIэкIынт. Махуэшхуэхэм и деж зыхилъхьэнт и орден къомыр. Зыхилъхьэнти, и къурылъху-пхъурылъхухэм ящIыгъуу къыдыхьэнт уэрамым...»

Ар къыщыхъуар апрелым и 22-рщ, зауэр иухыным махуэ 16 фIэкI имыIэжу. Абы иужькIэ дивизэм и штабым щагъэхьэзырат тхылъымпIэ, Наурызым «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIегъэщыным теухуауэ, ауэ, къызыхэкIа щхьэусыгъуэр хэт ищIэн, абы гъуэгу игъуэтакъым.

Куэд мыщIэу унагъуэм къыIэрыхьащ щхьэкIуэ тхылъ.

**Гулыху и гукъэкIыж:** Узижагъуэм къыхуаухьт апхуэдэ тхылъ. Мо зэпымыууэ письмо къэзытхым и тхыгъэр зэпыуат тхьэмахуэкIэ. Абы сыщIэупщIэну военкоматым сыкIуэн мурадкIэ зысхуапэу, ди зы унакъуэщрэ ди гъунэгъу зылIрэ къыщIохьэ. «Сыт къэхъуар?» – мо тIум саIуплъэри си гур сIэпыхуащ. «Зыри къэхъуакъым, – жаIащ, – Мамышэ уIэгъэ хъуауэ хъыбар зэхэтхати ...» УIэгъэ мыгъуэтэкъым. А тIум я нэгум сызэриплъэу къэсщIат Iуэхур зыIутыр. И адэм ар зэрызэхихыу къэукIуриящ...

**Джэлэс Пщызэбий и гукъэкIыж:** ТIури зы дивизэм дыхэтащ,

ауэ часть зырызт дызыхэхуар. Ди командирхэм делъэIури зы полкым дызэгъусэу дыщызэуащ 1945 гъэ пщIондэ. Езым хуэдэ командирхэми, политрукхэми, сэлэтхэми фIыуэ къалъагъурт. ПщIэшхуэ иIэу яхэтащ. Уэлэхьи, и псэ емыблэжа. Апрелым и 22-м тIасхъэщIэх сыкIуауэ къэзгъэзэжри зэрыхэкIуэдар къызжаIащ».

И хэкуэгъухэм, и ныбжьэгъухэм, зи гъусэу фронтым Iутхэм папщIэ, хузэфIэкIыу Мамышэ имыщIэн щыIэтэкъым. Ещхьыркъабзэу къыбгъэдэтт къыдэзауэхэри.

**Жыгун ХьэIил и гукъэкIыж:** Зауэм ипэкIи фIыуэ сцIыхуу щытащ Мамышэ. Дызэблагъэт, дызэкIэлъыкIуэрт. ФIы дыдэу дызэрылъагъурт, ныбжьэгъугъэ пэж дяку дэлъу. 115-нэ шу дивизэми зэщIыгъуу дыхэтащ. ЗэуапIэ губгъуэм дыздитым сэ сыздэщыIэм накIуэурэ дыуэршэрырт – «къуажэм къэдгъэнахэр дауэ хъууэ пIэрэ» жытIэу дытепсэлъыхьырт... Уэлэхьи, а Мамышэ мыгъуэр зыукIа шэр къыздикIыну лъэныкъуэр сщIамэ, сэ зытезгъэхуэнтэм».

ЩхьэкIуэ тхылъ къыхуахьами, унагъуэм я фIэщ хъуртэкъым Мамышэ щымыIэжу. Зауэм къикIыжу зыгуэр жылэм къыдыхьэжу я тхьэкIумэ къызэрицырхъэу, абы и сабий цIыкIуиплIыр пщIантIэм дэцIэфтырти а къэкIуэжым пежажьэрт «ди папи абы и гъусэу пIэрэ» жыхуаIэу.

Зауэр иухри зэманыфI дэкIыжауэ унагъуэм къыхуахьыжащ Мамышэ и щыгъынхэр. Абы щIыгъут Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэу тIу, етIуанэ нагъыщэу зы, Бэракъ Плъыжь орденыр...

Псэуху Гулыху хуэсакъыу ихъумащ и щхьэгъусэм и письмохэр. Мамышэ и письмохэр... Куэд мэхъу ахэр. Абы и нэхъыбэр школхэм, музейхэм, цIыху щхьэхуэхэм Iахащ. Къэнэжар ноби ехъумэ зауэлIым ипхъу Зауржан. А письмохэм укъыщеджэкIэ илъэс 70 ипэкIэ екIуэкIа гъащIэм укъыхохутэж, зэуапIэм Iута, хэкур бийм щызыхъума сэлэтхэм я гупсысэу, я хъуэпсапIэу щытахэри псэкIэ зыхыбощIэ, абыхэм ущIыгъуу къыпщохъу...



ТекIуэныгъэм иужькIэ илъэс зыкъом дэкIауэ, Мамышэ и къуэ Заурбэч къыIэрыхьащ письмо. «Сэлам гуапэ узох, – итт абы, – письмор нэзытхыр Кравцов Иван Тихоновичщ. Зауэ лъэхъэнэм щыгъуэ сэ уи адэм, гвардием и майор Наурыз Мамышэ, сыщIыгъуащ. Ар ди 55-нэ гвардейскэ полкым и командирым и къуэдзэу щытащ. Уи адэр иужьрей гъуэгуанэм тезыгъэувэжахэм дахэтащ полкым и командирымрэ сэрэ. Ар гуапагъэ, лIыгъэ зыхэлъ цIыхуу щытащ. Полкым щызэуахэм я музей къызыдогъэпэщри, уи адэм и сурэт къысхуебгъэхьыну сынолъэIу».

**Мамышэ и шыпхъу Лалу и гукъэкIыж:** Зэшыпхъуищым а зы дэлъхурат диIэр. Абы нэхърэ нэхъ псэ хьэлэл си фIэщ хъуркъым, тхьэ, мы дунейм тетауэ. Псэуэ тхэт мыгъуэр арат. Сэ сысабий бынти, си шыпхъу нэхъыщIэм письмо къыхуитхырт Мамышэ: «Лалу унагъуэшхуэщ. Езыри сымаджэрилэщи, уэри дэIэпыкъу, сэри сыдэIэпыкъунщ», – жери. А зэман Iейхэм щыгъуэ си щхьэри, си унагъуэри къезыгъэлар, Алыхьым нэмыщIкIэ, аращ – ахъшэ къысхуигъэхьырт щIэмычэу...»

Шэч къытетхьэркъым – нобэрей щIэблэми, абыхэм я ужь къиувэнухэми ящыгъупщэнукъым Наурыз Мамыши, адрей ди хэкуэгъу, ди лъэпкъэгъу лIыгъэ зезыхьахэри. АдыгэлI хахуэм и цIэр зэрехьэ Нартан дэт школ-интернатым, Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ музейм абы и щыгъынхэр щахъумэ. Мамышэ хуаусащ уэрэдитI. Абы и лIыгъэм усэ хузэхилъхьат ХьэхъупащIэ Амырхъан:

ИжькIэрэ хабзэжьти –
ЛIыхъужьыр зауэм пэхутэщ,
Шу бланэу къимыкIуэтыжыр
Наурызым и къуэ Мамышэ щауэт.
Ар зауэгъуэм аслъэн Iунэщ It,
Гузэвэгъуэм ди щIэгъэкъуэнт,
Хьэкъур[1] ядзмэ дзэшхуэм щынаIуэрт,
Мышынэжу бийм ебгъэрыкIуэрт.
Шы гъуабжэ кIэщIыр Iэгъуэджэт,
Зэныбжьэгъухэр къыщагъэгуджэм[2]
Шу хахуэр бэм япэ иувэрт.
Жыр маисэу и сэшхуэ лъэщыр
Фашистыщхьэм къыщытхуигъабзэт,
«Зауру» шы гъуабжэ дахэр[3]
БыдапIэм нытхуригъалъэрт.
КъеплъэкIыр игъэукIытэрт.
КъимыкIуэтыжу тригъэгушхуэрт.
Зауэшхуэр щызэхэлъадэм,
Бийм я лIыщхьэхэр къытхухигъащIэрт,
Псэу щIыкIэ зилъ зыщIэжар
Наурызым и къуэ Мамышэ щауэт.
Бий напэншэр хэкум щрахум,
Хьэ лъагъуэр къытхуиубзыхурт.
Берлиныжьым щызэрехулIэм,
Дзэшхуэм я шу пэхутэт.
ЛIыхъужьыгъэм къихьа дамыгъэм
ЛIыхъужьым и бгъэр къигъэщIэращIэрт.
Шу бланэм и псэ хэкIыгъуэти,
Каналым кхъуафэкIэ щохущэр[4],
НыбжьэгъуфIу яужь итар
ЛIэужьхэ Сыхьэтджэрийт.
ЩIэращIэу и къубэ[5] дахэр
Уэрамыщхьэм щызэрагъэпэщ,
Фащэ дахэу уи орденыбгъэр
Заурбэч цIыкIум и саугъэтщ.
Наурыз и къуэ Мамышэ хахуэ,
Хэкум и къуэ пэж нэс,
НыбжьэгъуфIу уи яужь къинахэм
Уи тхыдэр фэеплъ яхухъу.

... Нартан къуажэкум унэмыс щIыкIэ сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ къыщыт кхъэм, къэрэгъул нэхъей, сатыру екIуэкIыу итщ зауэм хэкIуэдахэм хуагъэува фэеплъ сынхэр. Абыхэм яхэтщ Мамышэ ейри. Сыным тетщ зи нэгу зэлъыIуха щIалэ къабзэм, щIалэ лъагъугъуафIэм и сурэт.

Дыгъэр къулъшыкъум къэса нэужь, и бзий дыщафэр а сурэтым тредзэри егъэлыд. ЗэхуогуфIэ дыгъэмрэ абырэ. ЗэрощIэ... МыдэкIэ, уэрамымкIэ, зэи щызэпыуркъым машинэ блэжхэм, цIыху блэкIхэм, къакъэ-пщIыпщIу дэт щIэблэм я макъыр. КъобыргъукI, къыпещэ Мамышэ и гъащIэр щхьэузыхь зыхуищIа гъащIэм.

**МЫЗ Ахьмэд**

[1]Хьэкъур ядзмэ — аркъэн ядзмэ.
[2]Къыщагъэгуджэм — къыщагъэгузавэм.
[3]И къуэ Заур и цIэр и шым фIищащ.
[4]Каналым кхъуафэкIэ щызокIуэ.
[5]ЩIэращIэу и сын дахэр.

# Адыгэ жьэгум и мафIэр Истамбыли къыщоблэ

**«Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ си хэкужь сыщылIэ», – жиIащ хэхэс гъащIэр зыгъэунэхуа гуэрым. А псалъэхэм я купщIэмрэ я мыхьэнэмрэ нэрылъагъу сщыхъуащ лэжьыгъэ IуэхукIэ Тыркум дыщыщыIа махуэхэм. Дэ дахуэзащ я IэщIагъэм гупсэхуу ирилажьэ цIыху щэджащэхэм, зи хьэрычэтыщIэ Iуэхур тэмэму зэтезыублауэ хэхъуэ яIэу псэу щIалэхэм, тхакIуэ цIэрыIуэхэм, хасэ тхьэмадэхэм... Я Iуэху докI, яшхынрэ ящIэнрэ ягъуэт, я щхьэкIи, я унагъуэкIи гукъеуэншэхэщ, ауэ я адэжьхэр залымыгъэкIэ зрахуа лъахэм къыхуаIэ пыщIэныгъэр апхуэдизкIэ куущи, жэщи махуи псэхупIэ къаритыркъым. ГъащIэм щогуфIыкI, ауэ псэр щэхуу иронэщхъей хэкужьым зэрыпэIэщIэм; щIэблэ дахэ къащIохъуэ, ауэ егъэгумэщI я бзэмрэ хабзэмрэ IэщIыб зэращIым, континентитIым тес, зи дахагъэр таурыхъым хуагъадэ Истамбыл дэсщ, ауэ зи хъыбар я адэшхуэхэм къыхуаIуэтэжа жэнэт щIыналъэр я нэгу щIэкIыркъым. Дауэ мыхъуми, ди лъэпкъэгъухэр мэпсэу адыгэ жьэгум и мафIэр зэхамыгъэкIыжу, адыгагъэм и купщIэр хуэсакъыпэу яхъумэу. Апхуэдэ гупсысэхэр къыдэзыта Iуэху дахэхэмрэ цIыху гъуэзэджэхэмрэщ си тхыгъэр зытеухуар.**



## ТхакIуэмрэ дзэзешэ цIэрыIуэхэмрэ

***Тыркум щыдгъэкIуа махуэхэм ящыщ зыр зытедухуар тырку литературэм и новеллэ жанрым и лъабжьэр зыгъэтIылъа, зи IэдакъэщIэкIхэм дунейпсо литературэм увыпIэшхуэ щаубыд тырку тхакIуэ цIэрыIуэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа Сейфеддин Омер (Хьэткъуэ Умар) Гёнен къалэ дэт и фэеплъыр зэдгъэлъагъуныртщ.***

Истамбыл брам (паром) абрагъуэм дыщитIысхьэри, Мрамор тенджызым сыхьэтитIым щIигъукIэ дызэпрысыкIащ. ЦIыху 800-рэ машинищэм щIигъунрэ къызэщIикъуэу псыщхьэм теува кхъухьым техникэ и лъэныкъуэкIэ и лъэщагъым уемыгупсысынкIэ Iэмал иIэкъым брамым ущискIэ. Тенджыз щхьэфэр зэгуипхърэ лъэужь къэукъубеяр къигъанэу кIуэцIрыкI паромым ис цIыхухэр зэшыркъым – балигъхэр тхылъ йоджэ, щхьэгъубжэм доплъ, мэуэршэр, сабийхэр щыджэгун плIанэпэ хэха иIэщи, я унэ щIэсыж хуэдэщ – мэкъакъэмэпщIыпщI. ШхапIэр щхьэхуэщ, тыкуэн хэтщ, кIэщIу жыпIэмэ, сыхьэтищым нэблагъэр щыбгъэкIуэну гугъукъым икIи зэшыгъуэкъым.

Брамыр Бандырма кхъухь тедзапIэм есылIэри, щхьэж и машинэ исыжу щIым къытелъэдэжащ я Iуэху здэщыIэм кIуэну.

Дэ километр 44-кІэ Бандырма пэІэщІэ Гёнен къалэ дыкІуащ. Абы къыщытІущІащ а къалэм щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ГъущІ Гюролрэ (убыхщ) абы и къуэдзэ Аслъэн Гъазмирэ (къэбэрдейщ). Хасэм драгъэблагъэри я Іуэху зыІут, я зэхыхьэкІэ-зэхэтыкІэм дыщагъэгъуэзащ. Тхьэмадэр щылажьэ, цІыхухэр щызэхэс, шей щефэ пэшхэр къэтплъыхьащ, адыгэм и тхыдэр къызэрыщ сурэтхэр, картэхэр блынхэм фІэдзати, зэдгъэлъэгъуащ, Хасэм и тхьэмадэу щытахэм я сурэтхэр фІэлъти, абыхэм я цІэри зэдгъэщІащ.

– Унагъуэ щитІ хуэдиз дэсщ Гёнен, къуажэ 15 къэпхащ, – къыддогуашэ Аслъэн Гъазми. – Абыхэм нэхъыбэу абазэхэхэр, шапсыгъхэр, убыххэр щопсэу. Сэ схуэдэу нэхъ жыжьэ къикІауэ, къэбэрдей унагъуэ зытхух дэсу аращ. Сэ сыкъыщыхъуар Къайсэрщ, мыбы сыкъэІэпхъуауэ илъэс 20-м щІигъуауэ сыщопсэу, сыщолажьэ.

Гупыж зиІэ псори мы Хасэм къыщызэхуосри, я бзэр зрагъащІэ, сабийхэр адыгэ къафэм щыхуагъасэ. ЦІыху нэхъыбэ къыщызэхуэсыр щэбэт, тхьэмахуэ махуэхэрщ, адрейхэм мэлажьэри, щІалэгъуалэ куэд ущрихьэлІэнукъым. Ауэ зи ныбжь хэкІуэтахэр сыт щыгъуи къыщІыхьэу, щызэдэуэршэру, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, я анэдэлъхубзэкІэ щызэпсалъэу апхуэдэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, илъэс 40 нэхърэ нэхъыщІэхэм бзэр апхуэдэу фІыуэ ящІэжкъым, ауэ адыгэбзэр зэзыгъэщІэжыну хуей щІалэгъуалэ куэд щыІэщи, егъэджакІуэр ядолажьэ.





*СэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ:* ГъущІ Гюрол, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Аслъэн Гъазми сымэ Сейфеддин Омер и фэеплъым деж щыту

Гюролрэ Гъазмирэ ди зэманыр тхузэрагъэзахуэу, дыщIэкIуа псори зэрытхузэфIагъэкIыным егугъуащ. Хасэм щедгъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэ кIэщIым къыкIэлъыкIуэу ди бысымхэм дашащ Сейфеддин Омер и фэеплъым деж. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар зэрыт утыкуми, абы бгъурыкI бульвармиди лъэпкъэгъу тхакIуэм и цIэр зэрахьэ.

Сейфеддин Омер (1884–1920 гъгъ.) и тхылъхэр зэрадзэкIыурэ къэрал куэдым къыщцыдэкIащ, урысыбзэкIэ тедза тхылъ зыбжани УФ-м дунейм къыщытехьащ. Омер и адэ Хьэтыкъуэ Сафудин истамбылакIуэр зи натIэ хъуахэм ящыщащ. ЩIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэуа нэужь, Мрамор тенджызым пэмыжыжьэ Гёнен Iэпхъуауэ щытащ, аращ Омери къыщалъхуар. Илъэс 36-рэщ къигъэщIар тхакIуэм, ауэ а зэман кIэщIым къриубыдэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ хъыбари 150-рэ, повесть зыбжанэ, зы пьесэ, и кIэм нимыгъэсауэ романитIи къэнащ. Абы и новеллэхэм тырку жылагъуэм и зэхэтыкIэр нэсу къыщигъэлъэгъуащ, къищынэмыщIауэ, езым и гъащIэм, и къекIуэкIыкIам, и лъэпкъэгъухэм ятриухуащ «ШытхъунщI», «Япэ мыхъумыщIагъэ», «Зэшхэр», «Фыгъуэнэд», «Бгырыпх», нэгъуэщIхэри.

А псоми тетхыхьа, новеллэхэр адыгэбзэкIэ зэрезыгъэдзэкIа, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ бысым щIалэхэмрэ фэеплъым удз гъэгъа Iэрамэ тралъхьащ. АдэкIэ лъэсу дыкIуащ Сейфеддин Омер и цIэр зэрихьэу къалэм дэт библиотекэм. Абы студентхэр щоджэ, щолажьэ, Омер и IэдакъэщIэкIхэр иту къыдэкIа тхылъ псори, нэгъуэщI куэди щыбгъуэтынущ. Мы жылэм къыщыхъуа щхьэкIэ, Омер и гъащIэм и нэхъыбэр щигъэкIуар, щылэжьар Истамбылщ, щыщIалъхьари аращ. Истамбыл дгъэзэжа нэужь, дэ зэдгъэлъэгъуащ Зинджирликуйу хьэблэм дэт кхъэм щыIэ и кхъащхьэри.

Гёнен махуэ ныкъуэкIэ дыщыIа иужь дэ убых зэш цIэрыIуэхэм я кхъэлъахэу Маньяс вилайетым хыхьэ Хъундж жылэ цIыкIум дэтыр зэдгъэлъэгъуащ. Убых лъэпкъым къыхэкIа Бэрзэджхэ Дэгумыкъуэрэ Джырандыкъуэрэ (Дэгумыкъуэ и къуэшым и къуэщ Джырандыкъуэ) Кавказым и зэманым убыхыщIыр зэрахъумар, я лъэпкъым псэемыблэжу къызэрыщхьэщыжар, лIыгъэ яхэлъу зэрыпхъуакIуэхэм зэрапэщIэтар тхыдэм къыхощыж.

Бэрзэджхэ я кхъэлъахэр кхъэ дыхьэпIэм пэжыжьэкъым, абы сын зыбжанэ тетщ, ауэ ипэ ит мрамор зэпэплIимитIым тетхащ:

*«Хьэжы Бэрзэдж Дэгумыкъуэ (1780–1846 гъгъ.)*

*КавказыщIыр къэзэунымкIэ Урыс пащтыхьыгъуэм иригъэкIуэкIа политикэм убыххэр щигъэкIуэтыгъуафIэтэкъым – 1829–1848 гъэхэм бгырысхэм я лъахэр псэемыблэжу яхъумащ.*

*Мемориал сыныр хуагъэуващ убых лъэпкъым и лIыхъужь пашэм.*

*И фэеплъыр нэху Тхъэм ищI».*

*«Хьэжы Бэрзэдж Джырандыкъуэ (1802–1880 гъгъ.)*

*Кавказ зауэм и лъэхъэнэм убыххэм я лъэпкъ-щхьэхуит-щIыжакIуэ зэщIэхъееныгъэр и унафэ щIэту щытащ. 1846–1864 гъэхэм – убыххэм я иужьрей лIыхъужь пашэщ, Плевнэ (1878 гъэ, Болгарие) деж щекIуэкIа зауэм уэсмэныдзэм и командир хахуэу хэтащ.*

*Мемориал сыныр убых лIыхъужьымрэ абы и щхьэгъусэ Едыдж Айшерэ (1899 гъэм дунейм ехыжащ) я кхъащхьэм тетщ».*

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Дэгумыкъуэ Сочэ псым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ, тенджызым сыхьэтитI хуэдизкIэ узытет гъуэгуанэкIэ пэжыжьэу, щыпсэуащ. 1823 гъэм щегъэжьауэ убыххэм я дзэзешэу щытащ, аращ зи фIыщIэр тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iута урыс быдапIищыр 1840 гъэм убыххэмрэ шапсыгъхэмрэ зэрызэтракъутэфар, абы иужькIи Лазаревское, Вельяминовское, Михайловское пщы быдапIэхэри къащтауэ щытащ убыххэм.

ЗыплъыхьакIуэ Белл Джеймс гу лъитауэ щытащ Дэгумыкъуэ и дзэм хэт цIыхухъухэр Iэщэ-фащэкIэ зэрызэщIэузэдам, «Бэрзэдж дэтхэнэми зэуапIэ губгъуэм зауэлIи 150-м нэблагъэ иригъэхьэфынущ. А лъэпкъым и закъуэ зауэлI мини 3 къигъэувыфынущ», – итхащ Белл. Бэрзэджхэ ящыщщ Саад-Джэрий Адагва-ипа, XIX лIэщIыгъуэм екIуэкIа зэхэуэхэм убых дзэзешэу хэтар. Ар 1823 гъэм лIа нэужь, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа Бэрзэдж Дэгумыкъуэщ лъэпкъ тхьэмадэ, убых дзэзешэ хъуар. Белл зэритхыжымкIэ, ар «нащхъуэ лыдхэр зиIэ цIыху лъагэт. И Iулыджыр къыхуэзыхьыр цIэрыIуэ хъуа и унагъуэцIэм и закъуэтэкъым, хьэжы зэрыхъуаратэкъым, атIэ зэрыхахуэрт, зэрыжыджэрырт, зэрыакъылыфIэрт».

ЗыплъыхьакIуэм къызэриIуэтэжымкIэ, Дэгумыкъуэ муслъымэн хабзэхэр зыгъэзащIэ цIыхут, фадэ ефэртэкъым, езыр къэгубжьыгъуафIэт, шынэ зымыщIэт. И щIалэгъуэм щыщIэдзауэ зекIуэ куэдрэ ежьащ. 1827 гъэм щегъэжьауэ лъэпкъ цIыкIу къэс щхьэхуэ-щхьэхуэу дзэ мащIэ иIэжу зэрыщытым и бийуэ къэуващ, икIи дзэ зэгухьэныгъэ ин къызэгъэпэщыным иужь ихьэри, ТIуапсырэ Гагрэрэ я зэхуаку дэс псори зылI и быну, дзэ лъэрызехьэу зэкъуигъэуващ, езыри дзэзешэ щхьэмыгъазэ хъуащ. Мис абы щыгъуэщ Белл Бэрзэдж Дэгумыкъуэ «Шэрджэс Вашингтон» щыфIищар.

Дэгумыкъуэ етIуанэу хьэжыщI Мэккэм кIуащ, къыщигъэзэжым шэрджэсхэм къахэкIа лIы хахуэр дунейм ехыжауэ щытащ. Абы нэхърэ мынэхъ тIасхъэу зауэ Iуэхухэм къыпищащ, дзэзешэ цIэрыIуи хъуащ Бэрзэдж Джырандыкъуи. Джырандыкъуэ 1880 гъэм дунейм ехыжа нэужь, Хъундж жылэм щыщIалъхьащ.

Лъэпкъым и къуэ пэжыр, хэкум и къыщхьэщыжакIуэр зэи ящыгъупщэркъым цIыхубэм. Тхыдэм къыхэщу куэдрэ

дызрихьэлIэ убых зэкъуэшхэм я кхъэлъахэр иджыри къыздэсым егугъуу Тыркум зэрыщызэрахьэр цIыхугъэм, гуапагъэм, адыгагъэм ящхьэпрыкI фIыгъуэ гуэрщ.

## РоманипщIым я автор адыгэ бзылъхугъэ



***Тыркум щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ Къущхьэ Севим зэдгъэцIыхуныр ди мурадхэм ящыщти, адыгэ пщащэм журналистхэр дыкъигъэщIэхъуакъым. Истамбыл и хьэблэ нэхъ цIыху кIуапIэ дыдэм, щIалэгъуалэм я зэхуэсыпIэм, ОртакёйкIэ зэджэм, Босфор и Iуфэм Iут зы шхапIэ дыщызэбгъэдэсащ пщащэ нэфIэгуфIэмрэ дэрэ. «Фи махуэ фIыуэ! Сыту си гуапэ си Хэку и цIыхухэм саIущIэну!» – адыгэбзэкIэ жиIэу пщащэр къыщыдбгъэдыхьэм, интервью къызэIысхыну зызгъэхьэзыр тырку тхакIуэ цIэрыIуэр лъэныкъуэкIэ екIуэтэкIри, си шыпхъу сыхуэзауэ къысщыхъуащ.***

Севим адыгэбзэкIэ къытхуиIуэтащ Тыркум щыIэ университет нэхъыфIхэм зэрыщеджар, ухуакIуэ-инженер, экономист IэщIагъэхэр зэрызригъэгъуэтар, Америкэм Хопкинс Джонс и цIэр зезыхьэ и университетым инджылызыбзэр зэрыщиджар, нэгъуэщIхэри.

ТхакIуэр Къайсэр къалэм епха Узун-Пылар (Псынэ КIыхь) къуажэ цIыкIум къыщыхъуащ. И ныбжьыр илъэситIым нэблэгъауэ и унагъуэр Истамбыл къэIэпхъуэри, абы курыт школри еджапIэ нэхъыщхьэхэри къыщиухащ. Зыхуеджар инженер IэщIагъэрами, зэрыцIыкIу лъандэрэ и щхьэм илът тхакIуэ хъуну. Ауэ и адэм ар къыхуигъэдахэртэкъым, япэщIыкIэ щIакхъуэ Iыхьэ къызэрилэжьын IэщIагъэ тэмэм зригъэгъуэтмэ, нэхъ фIэигъуэти, абы жиIам тетащ пщащэр. Инженеру тIэкIурэ лэжьа нэужь, инджылызыбзэ зригъэщIэну хуейти, Америкэм кIуащ.

РоманипщI и Iэдакъэ къыщIэкIащ пщащэм. Япэу итхар «Узыншэу ущыт, Нисан!» романырщ. Абы къыщигъэлъэгъуэжар и студентыгъуэ илъэсхэм зрихьэлIахэрауэ жыпIэ хъунущ. Абы хуэм-хуэмурэ къыкIэлъыкIуащ адрей романхэр.

ЗанщIэу романкIэ къыщIэзыдзэ тхакIуэ куэд щыIэкъым. Ауэ ди лъэпкъэгъу пщащэм а жанрырат и гупсысэр къызэриIуэтэфыр, зригъэзэгъэфыр. Абы и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу дэ нэхъ тфIэгъэщIэгъуэн хъуар «Жьыбгъэмэ къызыпих шу-

хэр» романырщ. И цIэ къудеймкIэ къыбощIэ адыгэхэм зэратеухуар. Севим зэрыжиIамкIэ, езыми нэхъыфI дыдэу илъагъу тхыгъэр аращ.

«Пэжщ, си лъэпкъращ зытеухуар, сыщыцIыкIум си адэшхуэ Гъузер, си адэ Решат и къуэшхэм жаIэжу зэхэсхахэращ гупсысэ нэхъыщхьэу къыщызгъэлъэгъуэжар. Ауэ хъыбару жаIэжу зэхэпха къудейкIэ роман пхуэтхынукъым. Арати, илъэси 150-рэ ипэкIэ екIуэкIа зауаем, ди лъэпкъым и щхьэм кърикIуам, хамэ щIыпIэ зэрырапхъам теухуауэ Тыркум сыт щызгъуэтми щIэзджыкIащ, дэфтэр, архив куэдым сыхэплъащ. ИтIанэщ романыр тхын щыщIэздзар.

Мы тхылъым уриплъэмэ, зауэ, зэхэуэ, зэрыукI, пщыхэм цIыхуу къамылъытэ пщылI, зэныкъуэкъу — цIыхугум емыхуэбылIэ Iуэхугъуэ куэд хэлъщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къэзгъэлъэгъуэж зэманыр ткIийт, гуащIэт, пхъашэт. СыщегупсыскIэ, тхылъым и щыщIэныгъэшхуэу къызолъытэ адыгэм я гущабагъыр, хьэщIэр фIыуэ зэралъагъур, ди хабзэм и дахагъыр къызэрыщызмыгъэлъэгъуар. Сызытетхыхьым ар хэбухуэнэныр тыныштэкъым. Абы ипкъ иткIэ, иджыпсту зы роман сотх си лъэпкъэгъухэм я зэхэтыкIэр, гумащIагъэр, хьэщIэхуэфIу зэрыщытыр, адыгэ хабзэ, нэмыс зэрылъ унагъуэхэр къыхэщу. Ар нэхъ щIэщыгъуэ хъуну къыщIэкIынщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэм теухуа гуэр зэбгъэщIэну иужь ущихьэкIэ, зыхэта зауэхэмрэ хэкум къызэрырахуамрэщ бгъуэтыр», — къыддогуашэ тхакIуэр.



«Жьыбгъэмэ къызыпих шухэр» романым цIыхухэр яфIэгъэщIэгъуэну зэреджар къыбощIэ 2006 гъэм, иужькIи 2008 гъэм щIэрыщIэу къызэрыдагъэкIыжамкIэ.

Тхэ щхьэкIэ, и IэщIагъэр зэи Iэпэдэгъэлэл ищIакъым Къущхьэ Севим. Иджыпсту ухуакIуэ фирмэм инженер-къэпщытакIуэу щолажьэ, яухуэхэм кIэлъыплъу аращи, махуэ псо абы щыIэкъым, унэр хьэзыр хъуа нэужь, ираджэу арщи, зэран къыхуэхъуркъым. И сабиигъуэр игу къыщигъэкIыжкIэ, адыгэбзэкIэ псалъэу адыгэ къуажэ зэрыдэсарщ пщащэм зи гугъу ищIыжыр: «Си цIыкIущхьэр щыкIуа Узун-Пылар дэсахэр я щхьэ Iуэху зэрахуэу къалэхэм къэIэпхъуащи, зыри къыдэнэжакъым, гуузщ удэплъэну. ЗэрыжаIэжымкIэ, абы адыгэу дэс псори адыгэбзэт зэрызэпсалъэр, дэ къалэм дыкъэIэпхъуа щхьэкIэ, ди унагъуэми щызекIуэр а бзэрат. Курыт школым сыщыкIуам адыгэбзэ фIэкIа сщIэртэкъым. Си егъэджакIуэм си адэ-анэр ириджэри: «Фи хъыджэбзыр евгъэджэну фыхуеймэ, тыркубзэ евгъащIэ», — къажриIауэ щытащ. Адыгэбзэр фIы дыдэу сщIэуэ, си тыркубзэр някъуэу сыкIуат школми, иджы тыркубзэр нэгъэса хъури, си адыгэбзэр някъуэ хъуащ, аращ тыркухэм къыдащIар *(мэдыхъэших)*, — жеIэ абы.

# Ди псэр зыхэлъыр адэжь хэкум дызэрыпыщIа лъэмыжырщ



*Бандырма къалэм дэт Адыгэ Хасэм дыщыщыIам дахуэзащ ныбжькIэ щIалэ дыдэу абы щызэблэкI цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ. ГуфIэжу къытпежьа щIалэхэр къыщытщIэупщIэм, дыщрагъэблагъэм адыгэ къуажэ дэс унагъуэ ущIыхьа хуэдэт. Хамэ къэрал исуи, къалэшхуэ дэсуи пщIэнтэкъым, апхуэдизкIэ адыгэбзэ къабзэ яIурылъти. Хэхэсхэм я «адыгэбзэ ныкъуэ» дызэсар дакъикъэ бжыгъэм тщагъэгъупщэжфи, Хасэм щекIуэкI лэжьыгъэмрэ къызэхуэсхэм я гупсысэхэмрэ дыщIагъэдэIуащ, я пэш Iэхуитлъэхуитхэр дагъэлъэгъуащ, Хасэм и къэфакIуэ гупым ящыгъ фащэхэм, яIэ пшынэхэм, бэрэбанэхэм драгъэплъащ. Тыркум щыIэ Хасэ нэхъ зыхуей хуэзахэм ящыщу жыпIэ хъунущ мыр, зи фIыщIэри щIалэгъуалэр зэгъэуIуауэ зэрыщызэдэлажьэр арагъэнщ. ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэрыцIыхуу, тIэкIу зэщIэупщIа нэужь, Хасэм и тхьэмадэ Уэрдым Ирфан делъэIуащ ди упщIэ зыбжанэм жэуап къаритыну.*

**– Мы махуэхэм дыздэщыIа Хасэхэм ящыщу фыфейр нэхъ зэрызэгъэпэщам гу лъыботэ: къэфщэхуа, хьэмэрэ бэджэнду фIыгъ мы унэр?**

– Илъэс 30-м щIигъуауэ мэлажьэ мы Хасэр, къызэзыгъэпэщар иджы Мейкъуапэ кIуэжауэ унагъуэу щыпсэу МэшхуэфI Нэждэтщ. Абырэ къыдэлэжьахэмрэ къызэIуаха нэужь, куэд дэмыкIыу унэри къащэхуащ. Бандырма къалэм адыгэ къуажищ къедзащ. Къалэдэсхэри жылэм щыщхэри къыщызэхуэсу аращ мыбы, я лъэпкъ, я хэку, я жьэгу и хуабэр щызыхащIэу.

**– ЕвгъэкIуэкI лэжьыгъэм, ахэр къызэрызэвгъэпэщ мылъкур къыздикIым утезгъэпсэлъыхьынут, Ирфан.**

– Дэ ди мызакъуэу, Тыркум Хасэу ит псори зэрылажьэ мылъкур зыми къриткъым, атIэ езыхэм зэхуахьэсу аращ. Къэбгъэлъагъуэмэ, сэ си деж щегъэжьауэ, къекIуалIэ псоми я унагъуэм, я Iуэхум къыдагъэхуэф мылъкур мыбы къахьри къыхалъхьэ. КъищынэмыщIауэ, Iуэху гуэрхэр къызыдогъэпэщри, абы къыпэкIуа сом бжыгъэри ди лэжьыгъэм къыщыдогъэсэбэп.

Нэхъыбэу дэ дызытелажьэр къыдэкIуэтей ди щIэблэр адыгагъэм хуэмыхейуэ, адыгэ хабзэ яхэлъу, щэнхабзэм

хащIыкIыу къэгъэхъуныркъ. Абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI ди шыпхъу Жылэхьэж Айсэ. Ар мы Хасэр къызэрызэIуахрэ щолажьэ мыбы. Айсэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ, и мурад нэхъыщхьэр сыт жыпIэмэ, ди сабийхэр адыгэхэм яхыхьэмэ, зэрыщытын хуей щIыкIэр, нэхъыжь ябгъэдыхьэмэ, хуащIын хуей пщIэр, джэгу кIуэмэ, дахэу утыку зэритынур ярегъащIэ. Абы къищынэмыщIауэ, адыгэбзэ езыгъаджэ щIалэ диIэщ, нэхъыщIэхэми нэхъыжьхэми ядэлажьэу. Сабийхэм нэмыщIи, нэхъыжьхэми яфIэфIщ адыгэ къафэр зрагъэщIэну, адыгэ макъамэ щIэдэIуну.

**– Хасэм къекIуалIэ сабийхэр къэфэным зэрыдихьэхыр гурыIуэгъуэщ, фащэ дахэхэри фиIэщ. Ауэ бзэр яджыныр къайхьэлъэкIыркъэ, кирилл алыфбеймкIэ гугъу щIэныгъэ ябгъэдэплъхьэну, латиныр нэхъ тыншу къагъэсэбэпыну къыпщыхъурэ?**

– Зи гугъу пщIы Iуэхум теухуауэ псалъэмакъышхуэ къыщокIуэкI иджыпсту Тыркум.

**– Абы сыщыгъуазэщи аращ сыщIыщIэупщIэр. Куэдым я гупсысэкIэр Интернетым къыщаIуатэ, кирилл алыфбейм тетын хуейуэ къэзылъытэхэр нэхъыбэ хуэдэу къысщохъури, сыщогуфIыкI, сэ ар нэхъ сфIэзахуэщи. Уэ дауэ уеплърэ?**

– Мы псалъэмакъыр къыщежьам Кавказ Хасэхэм я федерацэу Тыркум щыIэм дыщызэхуашэсри, Хасэ тхьэмадэхэр дытепсэлъыхьащ. ЗэрыжыпIам тету, нэхъыбэр зи телъхьэр кириллращ. Сыт щхьэкIэ? Хэхэсымрэ хэкурысымрэ дызэпызыщIэ лъэмыжхэм я зы лIэужьыгъуэщ мыр. Латин алыфбейкIэ еджэкIэр, тхэкIэр зэзгъащIэмэ, хэкурысым сызэрыхуэтхэнур дауэ, дауэ абы къыщыдагъэкI тхылъхэм сыкъызэреджэнур? Пэжщ, латин алыфбеймкIэ сэ хэхэсхэм сахуэтхэфынущ, си ныбжьэгъу хэкурысми зыгуэрурэ къыгурыIуэнущ а хуэстхыр, ауэ Интернет зэпыщIэныгъэракъым Iуэхур зэлъытар, атIэ ди тхылъхэм, журналхэм еджэн хуейщ, хэкум дыкIуэмэ е дгъэзэжыпэмэ, адыгэ гъащIэм тыншу дыхэзэгъэжынырщ, хамэ щIыгу адыгэу дыкъыщызэтенэн папщIэ.



Мыр политикэр и лъабжьэу кърахьэжьа Iуэхуу къысфIощIри, зыми зыкъедгъэгъэсэбэп хъунукъым, дэ дызыхуейм, ди гъуэгу захуэм ерыщу дытетыпхъэщ. КАФФЕД-м щызэIущIа тхьэмадэхэми апхуэдэ еплъыкIэщ яIэр. ЕтIуанэрауэ, тыркубзэми латиныбзэми хьэрф 20-м щIигъущ хэтыр, адыгэбзэм хьэрф 59-рэ иIэщ. Адыгэ хьэрф зэгуэтхэр кърагъэлъэгъуэн папщIэ латин хьэрфхэм я щхьэхэм дамыгъэ гуэрхэр трагъэувэ. Къапщтэмэ, латин хьэрфыпкъым тету адыгэбзэкIэ тхэкIэ зэбгъэщIэн папщIэ, латин алыфбеищIэ бгъэунэхун хуейщ. Абы селIалIэ нэхърэ кириллым сытету занщIэу си анэдэлъхубзэр зэзгъащIэмэ нэхъыфIкъэ?! Си щхьэкIэ адыгэбзэкIэ сыкъоджэф икIи сотхэф, сэ нэхърэ зыри нэхъ лъэрымыхькъым, сэ щысхузэгъэщIакIэ, адрейхэми зрагъэщIэфын хуейуэ соплъ.

А Интернетым итым укъыщеджэкIэ, уигу игъэлъ: поли-

тикэ Iуэху зезыхуэхэращ нэхъыбэу абы итхыхьыр – ар, зэрыгурыIуэгъуэщи, латиным техьэн хуейуэ зыгъэIухэрщ, мыдрей кириллым тету зи анэдэлъхубзэр зыджыжыну хуейхэр абы ныкъуакъуэу искъым, я Iуэху нэхъыфI зэрыхъуным елэжьу мэпсэу.

Бэлыхь мыухыжыр зышэча ди адэжьхэм я фэеплъым дыхуэпэжу бзэр зэдмыгъащIэмэ, хабзэр дымыIыгъмэ, депцIыжауэ аракъэ абыхэм къэазэуамрэ я лIыгъэмрэ? Ди лъэпкъым щыщу зы жэщым зэкъуэш 12 дашати, си адэшхуэ закъуэращ къэзыгъэзэжар, ари мазищ псэужри лIащ. Сыт абыхэм я псэр щIатар? Дэ, я щIэблэм, щхьэкIэщи, абы пщIэ хуэтщIын хуейщ, япэ игъэщыпхъэщ ди бзэр тIурылъыжыныр.

**– Хасэращ абыкIэ Iэмэпсымэу къыфхуэнар...**

– Аращ. А зы Iэмалращ диIэри, адыгагъэм къызэщIиубыдэ псори щIэблэм зэредгъэщIэным иужь дитщ. Мы хэгъуэгум щыпсэу псори мы Хасэм къокIуалIэ, мыбы щызрагъащIэм нэмыщI, дызэрызэрыIыгъым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Зыгуэрым гузэвэгъуэ иIэмэ, Iэмал имыIэу дыкIэлъыкIуэнущ, гуфIэгъуэр зэдэдгуэшынущ, гуныкъуэгъуэ зиIэм зыщIэдгъэкъуэнущ.

Абы и сэбэпынагъыр хуабжьу инщ. Илъэситху зи ныбжь щIалэ цIыкIу къыщIыхьащ зы махуэ. «Хэтхэ уащыщ?» – сеупщIащ тыркубзэкIэ. «Сыт тыркубзэкIэ укъыщIызэпсалъэр, сэ сыадыгэщ, Хасэм сыкъэкIуащ. Школращ сэ тыркубзэкIэ сыщыпсалъэр», – жиIэри щIалэ цIыкIум жэуап къызитыжащ. Сэ абы зыкIэ си гур хигъэхъуати. Иджыри апхуэдэ зы хъыбар. Си ныбжьэгъу щIалэ гуэрым осетин лъэпкъым щыщ пщащэ къишащ. Абы адыгэбзэр зригъэщIащ, сабии зэдагъуэтащ. Бзылъхугъэм си сабийм адыгэбзэр езгъащIэмэ, школым кIуэмэ, дауэ еджэну жиIэу ар гуныкъуэгъуэу иIэти, жесIащ бзэр иригъащIэмэ зэрыщIемыгъуэжынур, школым кIуэмэ, тыркубзэр къемыхьэлъэкIыу зэрищIэжынур. Куэд мыщIэу я деж хьэщIапIэ сыщыIати, сызрихьэлIари: я сабийр къэгъэнауэ, я унэм щаIыгъ дыдыкъушри (попугайри) адыгэбзэкIэт зэрыпсалъэр!

КъищынэмыщIауэ, мыпхуэдэ зы Iэмали къытхукъуэкIащ: курыт школым цIыхуипщI щIэсу зы класс къыщызэрагъэпэщыфмэ, я бзэкIэ ирагъэджэну хуитщ. Мы куейм исхэм я щIэблэ цIыкIуу пщIы гъэ еджэгъуэщIэм ди гъунэгъу школым кIуэнущ. Абыхэм адыгэбзэ ирагъэджыну зэтедухуащ, школ унафэщIыр адыгэщи, ар ядэлэжьэнущ.

**– Ирфан, уи ныбжьым иту апхуэдэу къабзэу адыгэбзэкIэ псалъэу Тыркум сызыщрихьэлIар хэкумкIэ куэдрэ нэкIуэж нэхъыжьыIуэхэрщ е Налшык, Мейкъуапэ щеджа щIалэ зыбжанэщ. Уэ уи адыгэбзэр хэт къыпIурилъхьа, адэшхуэ-анэшхуэ я куэщI урапIыкIауэ къыщIэкIынщ.**

– Абы и лъэныкъуэкIэ сэ нэхъ насыпыфIэ дыдэу мыбы щыпсэухэм сащыщщ. Сэ сыкъыщалъхуари сыкъыщыхъуари Къайсэр къалэм епха Узун-Ййла куейрщ, абы езым къуажэ

зыбжанэ къызэщIеубыдэж. А къуажэхэр къалэшхуэхэм нэхъ япэжыжьэ, иужь дыдэ нэхъ зэбгрыкIа адыгэ жылэхэт. Абы къыщыхъу сабийхэм зыми тыркубзэ ящIэртэкъым, адыгэбзэкIэт уэрамым зэрыщызэпсалъэр, зы унагъуи хамэбзэр къыщагъэсэбэпыртэкъым. Мис абыкIэ къыдэкIа си лъахэгъухэр нэхъ адыгэу къызэтенауэ жыпIэ хъунущ. Адыгэбзэ нэхъыфIу зыщIэу узрихьэлIэ псоми еупщIыт – «Узун-Яйла ущыщ?» жыIи, тоби ирехъу – ущыуэнкъым. Щыхьэрым нэхъ пэгъунэгъухэм, къалэшхуэхэм дэсхэм яхузэфIэкIакъым ар, ди жагъуэ зэрыхъунщи.

**– Адыгэ Республикэм уэрэдхэмрэ къафэмкIэ и «Ислъэмей» ансамблым Тыркум и къалэ зыбжанэм иджыблагъэ концерт щитащ, абы фэ фызэрыщыIар къыджефIащ, цIыху куэдым яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм, ар щэнхабзэ ирехъу, экономикэ ирехъу, сыт хуэдэ мыхьэнэ яIэу къэплъытэрэ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я дежкIэ.**

– Псори дызэрыIыгъыу ди хэку дисыжу щыщымыткIэ, хамэ щIыналъэ куэдым дыщызэбгрыпхъауэ дыкъыщыгъуэгурыкIуэкIэ, дэ хэкIыпIэу диIэжыр апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэмрэ зэкIэлъыкIуэнымрэщ. Ар зэи зэпыу хъунукъым. Хэкум дынэмыкIуэжыфу хамэм яхэс дэ псэуэ тIутыр а хэкум дызэрыпыщIа лъэмыжырщ. Нэхъ щIэх-щIэхыурэ дызэкIэлъыкIуэу дыхъуну сыхуейт. Сэ сыкъапщтэмэ, иджыри къыздэсым сыкIуэжыфакъым. Ауэ си къуэшым и къуэр сэ нэхърэ нэхъ жыджэру къыщIэкIри, еджакIуэ нэкIуэжащ, абы унагъуэ щыхъужауэ щопсэу. Адэ-анэм я щIалэ закъуэт ар, абы емылъытауэ адэжь хэкум къыщынэжыфащ. Абы фIыуэ къыпэкIуари? Ди унагъуэм щыщ си шыпхъухэр, си къуэшхэр щIэх-щIэхыурэ абы деж лъагъунлъагъу макIуэри, абы и фIыгъэкIэ хэкур ялъагъу. Мис а си къуэшыр унагъуэ-лъэмыж тхуэхъуащ дэ. Ар ди зэпыщIэныгъэхэм я зы Iыхьэщ.



## Тырку тхыдэтх Кайя Ялчын и «Шэрджэсхэр» тхылъыр



***Тыркум дыщыщыIа махуэхэм Iуэху дахэ дрихьэлIащ. Журналистхэм сыт щыгъуи яфIэгъэщIэгъуэнкъэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуа зэIущIэхэр?! Мыр тфIэгъэщIэгъуэну къэнэжыртэкъым, хамэ лъэпкъ къыхэкIа тхакIуэм дыздэщыIэ къэралым адыгэхэм ятеухуа тхылъ къыщыдигъэкIауэ абы пшыхь иращIэкIырт.***

Тырку тхакIуэ Кайя Ялчын томищ хъууэ къыдигъэкIа «Шэрджэсхэр»

тхылъым тепсэлъыхьыну къызэхуэсат адыгэ Iуэхум дихьэх, зи лъэпкъ щэнхабзэр зыхъумэ, зи тхыдэм пщIэ хуэзыщI щIалэхэу Тумэ Рэхьми, Нэгъуей Яшар, Iэдэмей Хьикмэт, Пщыкъуэ Мэхьмуд, Сэбаншы Наим, Молэ Тажудин, Дзыбэ Наим, КIуэкIуэ Эркан, Къущхьэ Наджи сымэ. ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщари зи лэжьапIэ пэш щекIуэкIри Шыкуэ Нихьэтт. Хэхэс адыгэхэм гуапэ лей ящыхъуащ мыхьэнэшхуэ зрат апхуэдэ Iуэху дахэм хамэщIым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм нэхъыбэ дыдэу ятетхыхь, илъэс 50-м нэблэгъауэ хэхэс адыгэхэм я гъащIэр тхылъкIэ, сурэткIэ къэзыгъэлъагъуэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэрахуеблэгъар.

Дунейм къытехьа тхылъыщIэр щIэзыджыкIа, къыдэгъэкIыным зи гуащIэ хэзылъхьа ди лъэпкъэгъу щIалэхэр тедгъэпсэлъыхьащ тхылъым.

**Тумэ Рэхьми:** Мы тхылъыр зи IэдакъэщIэкIыр тырку щIалэщ, адыгэхэм къадэхъуауэ, ди лъэпкъэгъу куэд и ныбжьэгъуу апхуэдэщ. Тхылъыр итхыху сэ куэдрэ зыкъыспищIащ, уеблэмэ, и Iэрытхыр напэкIуэцI 50 ирикъуа нэужь къысхуигъэхьурэ сыхигъэплъэжащ, адыгэм и тхыдэм фIыуэ сызэрыщыгъуазэр, абы теухуа тхылъ зыбжанэ сызэриIэр ищIэрти. Бгъуэ-пщIэ дызэхуэзэурэ и упщIэхэм жэуап естащ, куэди жесIащ. Сыт тхылъыр зытеухуар жыпIэмэ, нэхъыбэу къыхэщыр адыгэхэм мыгъуагъэ куэд къахуэзыхьа Кавказ зауэжьращ, гурэ псэкIэ зыпыщIа я хэкум кърахуу Тыркум къызэритIысхьарщ. Ныкъуэсаныгъэу сыт хэслъэгъуар? Ари жызмыIэу схуэшэчынукъым. Адыгэм и щхьэ кърикIуар кууэ зэпкърихыфауэ къэслъытэркъым, ауэ Iуэхугъуэ куэд къигъэлъэгъуащ, лъэпкъым телъа бэлыхьымрэ и псэукIамрэ теухуауэ.

**Iэдэмей Хьикмэт:** «Шэрджэсхэр» жыхуиIэ тхылъ томищри япэу щIэзыджыкIахэм сащыщщ сэ. Тхылъыр къапщтэмэ, япэрауэ, еджэгъуафIэщ. ЕтIанэрауэ, нэфI-неи егъэлеиныгъи хэмылъу адыгэхэм я гъащIэмрэ къекIуэкIыкIамрэ нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIа тхакIуэм къигъэлъэгъуэжащ. Дэ сыт щыгъуи дызрихьэлIэр сыт? Тыркум ису тхылъ къыдэзыгъэкIхэм къаIэщIэщIэр мыращ: къэбэрдейр тхэмэ, къэбэрдейхэм ящотхъу, шапсыгъыр тхэмэ, шапсыгъхэм ящотхъу – щхьэж езыр къызыхэкIар еIэтри, адрейхэр еуб. Абы и лъэныкъуэкIэ ди гур тIэкIу зэщыуащ, пэжым ухуеймэ. Ещанэу, ди лъэпкъыр бэлыхь мыухыж хэзыгъэта зауэхэр кIыхьу итхыжащ Кайя, лъапсэрыхыр къызэрытхуагъэкIуари IупщIу къигъэлъэгъуащ. ЯпэщIыкIэ «геноцид»-р зищIысыр сыт?», – жеIэри, Iуэхугъуэ 50-м нэблагъэ къребжэкI. ИгъащIэм юрист Iуэхум хуэмышэрыуэми, тхыдэм хэзымыщIыкIми гурыIуэгъуафIэ дыдэу яхузэпкърихащ геноцидыр. Ар къыбгуригъэIуа нэужь, къэхъуахэм ироплъэри, а Iуэхугъуэ 50-м щыщ куэд хыуегъэлъагъуэ. ИтIанэ Уэсмэн къэралыгъуэшхуэм ищIар захуагъэу къиIуэтэнуи, абы зэрихьа лейр щIиуфэнуи хэтакъым тхакIуэр, ари гуапэ сщыгъуащ. Зи хэку кърахуу хым и адрыщI лъэныкъуэмкIэ ягъэтIыса ди

лъэпкъэгъухэм Уэсмэн къэралыгъуэшхуэр къазэрыхущытари, бэлыхьу трагъэлъари щIэхъума хэмылъу ди пащхьэ кърилъхьэжащ. «Тыркум сыщискIэ, сыщытыркукIэ мыр щIэзуфэнщ», — жиIэну игу къэкIакъым, пэжым тригъэщIащ.

КъищынэмыщIауэ, и кIыхьагъкIэ уриплъэмэ, зауэ-банэм и закъуэкъым щыгъуазэ узыхуищIыр, атIэ шэрджэсхэм я псэукIэри, я хабзэри дахэу къеIуатэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ тхылъыр зытеухуар адыгэхэм я закъуэу зэрыщымытри, осетинхэм, дагъыстэнхэм, шэшэнхэм, балъкъэрхэм, нэгъуэщIхэми щхьэхуэ-щхьэхуэу зэхэхауэ тепсэлъыхьащ.

Мы тхылъищыр езым зырызу къыдигъэкIыну и гугъэт, арщхьэкIэ, къэзыщтэм зыхуейр къригъуатэу, псоми адыгэм теухуа щиткIэ, зэщIыгъумэ нэхъыфIу къэтлъытэри, томищ хъууэ дунейм къытехьащ. Тхылъ тедзапIэ зиIэ адыгэ щIалэ ди ныбжьэгъути, ар къедджэри, тхылъыр къыдэгъэкIыным текIуэдэнур тхуиубзыхуащ. Зэныбжьэгъухэр дызэхыхьэри, щхьэж хузэфIэкI зэхэтлъхьэри, уасэр щIэттащ. Тиражыр мин хъууэ къыдэкIащ, ар зэкIэ тщэнукъым, зэбгрыттыкIыну аращ. АдэкIэ дыхуэныкъуэ хъурэ — иджыри къыдэдгъэкIынщ. ЗэрыдубзыхуамкIэ, Анкара тхылъ 300 едгъэшэнущ, Тыркум ит университети 183-м я библиотекэхэм щIедгъэлъхьэнущ, къищынэмыщIауэ, адыгэ IуэхумкIэ зи доктор лэжьыгъэ пхызыгъэкIыну зыгъэхьэзыр цIыху 42-рэ щыIэщи, абыхэм еттынущ, щIэныгъэкъэхутакIуэ институту 42-м яхуедгъэхьынущ, къалэхэм дэт библиотекэхэм тIурытI-щырыщ щIэтлъхьэнущ, Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэ 50-м пщIырыпщI яIэрыдгъэхьэнущ, адыгэ республикэхэм, Абхъазым пщIырыпщI едгъэшэну ди мурадщ, ди ныбжьэгъу адыгэхэми тыркухэми яхуэдгуэшынущ.

**Нэгъуей Яшар:** Ди адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэмрэ къыдэгъуэгурыкIуа щэнхабзэмрэ яджынымкIэ лъэныкъуитIымкIи — хэкумкIи хамэщIымкIи — сэбэп щыхъунущ мы тхылъыр. Къапщтэмэ, ди лъэпкъыр мы дунеишхуэм тетыну зигу темыхуэ щыIэти, ягъэкIуэдыну иужь къихьауэ щытащ. Алыхьым гущIэгъу къытхуищIри, дэ зытхъумэжыфащ, зэбрыпхъауэ дыкъэнами, ди хабзэ, нэмыс дгъэкIуэдакъым. ИужькIэ къэунэхуа лъэхъэнэм демократиер щытепщэ хъури, ди щхьэр къэтIэтыжу дыхуежьащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ди бзэр, ди щэнхабзэр, ди хабзэр зетхьэжыну насып къытхукъуэкIащ. Абы пытщэн папщIэ ди блэкIар ди щIэблэм ябгъэдэтлъхьапхъэщи, мыпхуэдэ тхылъхэм мыхьэнэшхуэ яIэу къызолъытэ. Интернетым зэбгрыпхъауэ ит хъыбархэм нэхърэ нэхъ сэбэпщ адыгэм и тхыдэр, и щэнхабзэр, и дуней тетыкIэр къыщыIуэтэжауэ зы тхылъ къыдэкIыныр. Си щхьэкIэ сыщогуфIыкI, сыту жыпIэмэ, ди лъэпкъэгъухэми къахуэсэбэпынущ, адрей лъэпкъхэми мы тхылъымкIэ къащIэфынущ езым я къэралыгъуэ яIэжу дунейм зы лъэпкъышхуэ зэрытетар, ноби и лъапсэр мыкIуэдауэ Къэбэрдейм, Адыгейм, Шэрджэсым, Шапсыгъым зэрыщыIэр, хамэ щIыналъэхэм щыхэпхъауэ адыгэр зэрыпсэур. Ар сыт и уасэ! Мы дунеишхуэм дыкъыщащIэмэ, дифI фIэкIа, ди Iей

къыхэкIынукъым. Иужьрейуэ къыхэзгъэщыну сызыхуейр: тырку ирехъу, урыс ирехъу, нэгъуэщI ди лъэпкъым къыщытетхыхьым дежщ ди пщIэр Iэта щыхъур. Ялчын сеупщIат адыгэхэм ятетхыхьын хуей щIэхъуамкIи, ди лъэпкъым нэхърэ нэхъ дахэрэ нэхъ гуакIуэрэ имылъэгъуауэ къызжиIащ. Ар хамэм жиIэныр си щхьэкIэ тIэунейуэ нэхъ сфIэлъапIэщ, дэ дызыщытхъужу дызэхэс нэхърэ.

ЩIалэхэм я гупсысэхэм дыщIэдэIуа нэужь, дэ депсэлъылIащ Кайя Ялчын. Езыр тыркуми, и сабиигъуэм адыгэхэм яхэту къэхъуащ, ныбжьэгъу куэд иIэщ. Абы щыгъуэм щегъэжьауэ гу лъитащ адыгэ хабзэм и дахагъэм, езыхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэм. Нэхъыбэу дэзыхьэхауэ жыхуиIэр нэхъыжьымрэ цIыхубзымрэ пщIэ хэха зэрыхуащIырт, сабийм зэрелIалIэрт, абы халъхьэ гъэсэныгъэрт.

«Сэ тхэныр, тхыдэр зджыныр сыт щыгъуи сфIэфIт, ухуакIуэу сылажьэурэ пенсэм сыкIуа нэужь, си адыгэ ныбжьэгъухэм, мы зэхуэпхьэса къомыр тхылъу щхьэ умытхрэ жаIэри, сытрагъэгушхуащ. Пэжым ухуеймэ, япэщIыкIэ зэхуэсхьэсари, тхылъыр зытезухуэну си гугъари Кавказым ис лъэпкъхэрат, абыхэм я зэхэтыкIэ, щыIэкIэ-псэукIэр зэхуэдэу къэзгъэлъэгъуэнырт. Ауэ нэхъ кууу сыхыхьэху, адыгэм къыдекIуэкI псори апхуэдизкIэ сигу ирихьырти, абыхэм я дежкIэ зезгъэбащ. Кавказым иджыри къэс сыщымыIами, абы сыкъыщыхъуам хуэдэу, хъыбаркIэ, тхыдэкIэ, архивкIэ, тхылъкIэ, ИнтернеткIэ зэзгъэцIыхуащ», — жеIэ Ялчын.

Езы тхыгъэм и гугъу пщIымэ, «Шэрджэсхэр» тхылъым и япэ томым Кавказым лъэпкъыу исым я лъабжьэр къыщигъэлъэгъуэжауэ аращ тхакIуэм. Ахэр къызытехъукIар, блэкIа жыжьэм къызэрыгъуэгурыкIуар итщ. Щхьэхуэ-щхьэхуэу тетхыхьащ лъэпкъхэм я тхыдэм, макъамэм, къафэм, хабзэм, фащэм, шым, шхыныгъуэм, Iэнэм, нэгъуэщIхэми, апхуэдэуи Кавказым зауэу щекIуэкIам къытеувыIащ. 1870 гъэ пщIондэ кавказ лъэпкъхэм я псэукIамрэ зыхэта бэлыхьымрэ къыщигъэлъэгъуэжащ Ялчын етIуанэ тхылъым. КIэщIу жыпIэмэ, а томыр зауэм, зэныкъуэкъум, кавказ лъэпкъхэм я хэкур зэрахъумэм, абы къехъуапсэурэ къебгъэрыкIуэхэм зэрапэщIэтым нэхъ теухуащ. Ещанэ томыр адыгэхэм яхухэхауэ жыпIэ хъунущ. Ахэр я хэкум къикIын хуей щIэхъуар, къыщикIым я щхьэ кърикIуар, здэIэпхъуа щIыналъэм къащыпэплъамрэ зэрыщыпсэуамрэ, а лъэпкъ дахэм бэлыхьу телъар игу щIыхьауэ къиIуэтэжащ тхакIуэм.

НэгъуэщI лъэпкъ ущыщу, зы лъэпкъ гуэрым и блэкIар зэбгъащIэу, я псэукIэм, хабзэм зыщыбгъэгъуазэу утетхыхьыныр зэрымытыншыр щыжытIэм, Кайя Ялчын жиIащ Кавказымрэ абы ис лъэпкъхэмрэ ятеухуауэ Тыркум къыщыдэкIауэ хъуар зэрыщIиджыкIар, Интернетым итхэм, адыгэхэр зэрыс республикищым я тхакIуэхэм ятхахэм зэреджар. Апхуэдэуи хамэ къэралхэм шэрджэсхэм ятеухуауэ къыщыдэкIа тхылъхэр зыIэригъэхьэри, Иорданием, Израилым, Америкэм, Сирием,



9 Заказ №131

Германием щыпсэу адыгэхэм ятеухуауэ ятхахэм хэплъащ.

Адыгэхэм, адыгэ бзылъхугъэм, адыгэ фащэм ятетхыхьа, хамэ къэрал щыщ тхыдэдж, зекIуэлI, зыплъыхьакIуэ цIэрыIуэхэм жаIахэр нобэм къэсауэ щыIэщ. Кайя Ялчын и еплъыкIэр къэсщIэну сыхуейуэ сыщеупщIым мыр къызжиIащ: «Пэжщ, адыгэхэм я хъыбар цIыхухэм ящIын щыщIадзар нобэкъым икIи дыгъуасэкъым. Зы къэрали щыIэу къыщIэкIынкъым ахэр къыщамыцIыхуу, уеблэмэ мис а зэман нэхъ жыжьэм Кавказым IуэхукIэ кIуа куэдым ятхыжащ а лъэпкъым и дахагъымрэ и хабзэ телъыджэмрэ. Ауэ нэхъ ищхьэкIэ къызэрыщыхэзгъэщащи, сфIэгъэщIэгъуэныр адыгэ цIыхубзымрэ цIыхухъумрэ зэрызэхущытырщ, бзылъхугъэми цIыхухъум пщIэ хуещI, лIыми дэтхэнэ цIыхубзми пшэрыхь хущенэ, ар и анэу, и щхьэгъусэу, ипхъуу, и шыпхъуу щымыту, ауэ блэкI къудейми. ЦIыхухъуитI зэзауэр зи IэлъэщIымкIэ къэзызыгъэувыIэф цIыхубз нэгъуэщI зы лъэпкъи иIэу къыщIэкIынкъым. ИтIанэ а зи щIалэгъуэхэм я зэхэтыкIэри, зэгуэкIуа ныбжьыщIэхэр псэлъыхъу зэрызэхуэхъу щIыкIэри, хьэгъуэлIыгъуэм Iуэхур нэса нэужь, лъэпкъитIым, унагъуитIым зэкIэлъызэрахьэ хабзэри си щхьэкIэ гъэщIэгъуэн сщыхъуащ, нэгъуэщI щIыпIэ зэи сыщрихьэлIакъым».

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

# Гъуазэу щытыпхъэт

Къэрал щыхъукIэ, абы и блэкIам ущIэгушхуэни, уи жагъуэ хъуни, ущIэукIытэн гуэрхэри хэбгъуэтэнущ. Нобэ нэхъ ехьэжьауэ, демократие нэсым тету псэууэ къалъытэ къэралхэми и ныкъуэхэм деж Iуэхум лъабжьэ хуащIыр, щIауфэну хэтми, залымыгъэрщ, щIопщымрэ джатэмрэ къыхэтэджыкIащ. Ди жагъуэми, ди гуапэми, апхуэдэущ цIыху тхыдэр къызэрекIуэкIар. Иджыблагъэ къызэднэкIа марксизмэми дызыхуиущийуэ щытар арат: дунейр ин щхьэкIэ, цIыхур нэхъыбэжщ, дыгъэр зы фIэкI хъуркъыми, абы и бзийр къыптридзэн папщIэ псори дамэкIэ зэбгрыбгъэкIуэтын хуейщ…

Урысейр абы и лъэныкъуэкIэ псоми щапхъэу яхуэбгъэлъагъуэ хъун щIыналъэщ. Ар зэтеувэу щыхуежьа курыт лIэщIыгъуэхэм къыщегъэжьауэ нобэм къэс тепщэныгъэм и Iэдэм дэкъуза цIыхубэм я щхьэр къаIэтыну зэи къахуихуакъым. Ауэ властыр сыт хуэдизу емылыджу, мэхъэшауэ щымытами, сыт хуэдэ хьэзабхэр абы къимыхьами, гугъэр адэжь щIэинщи, цIыхум къыдалъху плъапIэ нэхухэмрэ цIыхугъэмрэ къаруушхуэти, ахэр абыхэм псэм хахыфакъым. ЦIыхур цIыху зыщIари, дуней псом и зыужьыныгъэр къызыдэкIуари аращ.

Зым и зэран щэм екIмэ, зым и фIыр минхэм сэбэп яхуэхъуу къыщIэкIынущ, сыту жыпIэмэ, ар зэIухащ, нэхущ, хуитщ, удехьэхри… Пушкиным и напIэр къыщызэтриха махуэм урысей интеллигенцэр къэунэхуауэ жыхуаIэр тэмэм дыдэу къыщIэкIынукъым. Ар залымыгъэм пэщIэтурэ, лIэщIыгъуэкIэ зэтеуващ, цIыхубэм я плъапIэ нэхъ дахэ дыдэхэр и гъуазэу, икIи гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ япэ изыгъэщ гуп щхьэхуэ хъуащ.

КъежьапIэ хуэхъуамрэ зыхуигъэувыжауэ щыта мурадхэмрэ уеплъмэ, интеллигенцэм дыщэ жыг хухэсэн хуейщ. Ауэ демыпIэщIэкIыу девгъэплъыт абы и къекIуэкIыкIам. Интеллигенцэр властымрэ цIыхубэмрэ зэрымытхъунщIын папщIэ гущыхуэ дагъэу щекIуэкIа зэмани, зэм властым, зэм цIыхубэм загуиухуэнэну щыхуежьаи щыIащ. Пэжщ, интеллигенцэри зэмыфэгъут, зым и гупэр адрейм и щIыбууи щыщыта, захуэри къуаншэри щыжыIэгъуеяи щыIащ. Интеллигенцэр зищIысыр, ар зытет гъуэгумрэ зыхэт зэгурымыIуэныгъэхэмрэ наIуэу хыболъагъуэ иджырей лъэхъэнэм, СССР-р зэрыкъутэрэ блэкIа лIэщIыгъуэ плIанэ екIуэкIахэм.

Илъэс 30 хуэдиз япэкIэ, коммунистхэм я тетыгъуэр лъэныкъуабэ хъууэ щыхуежьам, абыхэм ятеухьыну утыкум илъэдахэр зи гупсысэкIэкIи, Iуэху зехьэкIэкIи, мурадкIи жыжьэуи гъунэгъууи зэтемыхуэ, зэбгъэдэмыхьэ гуп куэд хъурт. Абыхэм, шэч хэмылъу, яхэтт жаIэр зи псэм хьэкъыу пхыкIахэри, гъэпцIакIуэхэри, бзитIщхьитIхэри. Ауэ утыкум илъэдахэр зэмыфэгъу защIэми, псоми «демократие» псалъэр бэракъыу зэдаIэтат. А псалъэм щхьэж зыхуей дыдэр къригъэкIми, абыхэм я дежкIэ нэхъыщхьэр демократиер зищIысыртэкъым, атIэ коммунистхэр тегъэкIуэтынымкIэ ар Iэщэ лъэщу къызэрызэдащтарт.

Зыр адрейм хущIэрыIэжурэ зэрехьэжьахэм яхэтт рабочэхэри, егъэджакIуэхэри, щIэныгъэлIхэри, дзэ къулыкъущIэхэри, уеблэмэ

«демократие лъабжьэр» партым щыпхызыгъэкIыну хуежьа коммунист щхьэхуэхэри. Апхуэдиз зэхэвэзэхэжьэм хэзэрыхьа интеллигенцэр, хэхауэ езым и увыпIэ хуэмыубзыхуами, зыхущIэкъур адрейхэм я мурадхэм Iуэхугъуэ зыбжанэкIэ къащхьэщыкIырт. Къапщтэмэ, творческэ интеллигенцэм къигъэувырт газетхэр, журналхэр, тхылъхэр, телевиденэр лъэгуажьэмыщхьэ зыщI цензурэр щхьэщахыну, архивхэр къызэIуахыу дэтхэнэри къэралым и тхыдэм щыгъуазэ зэрызыхуащIыну Iэмалхэр зэтрагъэувэну. НэгъуэщIу жыпIэмэ, абыхэм я дежкIэ демократием и мыхьэнэ нэхъыщхьэр щхьэхуитынygъэрт, зыхуейр хуиту жаIэнырт.

Ауэ, и пэжыпIэ дыдэр жыпIэнумэ, а зэманым социологхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, интеллигенцэри пэжымрэ захуагъэмрэ щхьэкIэ зызыгъэлIэфын защIэу зэхэттэкъым. Бжыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, демократием и къалэн нэхъыщхьэр властым и IэнатIэм пэрагъэувэнухэр IэIэткIэ цIыхубэм хахынырт арауэ къэзылъытэхэр процент 15 ирикъуртэкъым. Политикэ гъащIэм хэтыну хущIэкъухэр нэхъ мащIэжт – цIыхуищэ къэс плIы хуэзэу арат. Ауэ езыхэр къулей зэрыхъуну Iэмалхэр демократием и хабзэхэм къызэрагъэпэщыпхъэу къэзыгъэувхэр процент 14-м щIигъурт.

Абы и лъэныкъуэкIэ интеллигенцэр адрей социальнэ гупхэм къазэрыщхьэщыкIышхуэ щыIэтэкъым. ДыгъуакIуэу, сондэджэру къекIуэкIахэр я мылъкур зэрагъэбэгъуэным щIэхъуэпсырт. Рабочэхэм къалъытэрт къухьэпIэ къэралхэм щат улахуэм хуэдиз къаIэрыхьэну. Iэбэмэ зыхуейуэ щыIэр ягъуэту псэуну гугъэхэрт. КIэщIу жыпIэмэ, къэралым исым я нэхъыбапIэр демократием хуэпабгъэрт, абы фIыгъуэри, дэрэжэгъуэри, насыпри къахудэкIуэну щыгугъыу. Апхуэдэхэм я тхьэкIумэм ирагъэхьэртэкъым пщIэнтIэпскIэ къыумылэжьа мылъку ауэ сытми къыпхуезыдзых власть зэи зэрыщымыIар, дяпэкIи къызэрамыгупсысыфынур…

А зэманым екIуэкIа Iуэхухэм ущегупсысыжкIэ, щIыIэ-щIыIэу уигу къокI къэралыр зэрылъэлъэжари советхэмрэ коммунистхэмрэ зэрырагъэзари интеллигенцэм къыпкърыкIауэ. Сыту жыпIэмэ, зыубгъуауэ къапщтэмэ, интеллигенцэм хыхьэр усакIуэхэм, тхакIуэхэм, художникхэм, композиторхэм, Театр иным къыщыфэхэм, уэрэд жызыIэхэм, егъэджакIуэхэм е уэчылхэм я закъуэкъым. Интеллигенцэр жылагъуэ гупсысэр зыунэтIыф къарууэ къэплъытэмэ, псом япэу абы хеубыдэ къэрал къулыкъущIэхэр, профсоюз лэжьакIуэхэр, экономикэм и IэнатIэхэм, колхозхэм, совхозхэм, IуэхущIапIэ псоми я унафэщIхэр, дзэ къулыкъущIэхэр, нэгъуэщI, нэгъуэщI Iэджи (а зэманым зэдыщIэкIыу коммунист партым хэту щытахэр).

Дызытепсэлъыхь зэманым властыр апхуэдизу ерууэ щытыжакъым, коммунистхэри зэрыхуа зэманым къигъэщэбати, цIыхубэм абыхэм япэрей гужьгъэжьыр хуамыIэжым къыщымынэу, уеблэмэ къафIэIуэхужыщэкъым. Апхуэдэу щыхъукIэ, а лъэхъэнэм щыIа зэрыхьэзэрийхэр езыгъэжьар цIыхубэркъым, атIэ езы коммунистхэрщ, «демократие лъабжьэм» теувауэ зызыгъэIуахэрщ. Къэралыр зэрехуэхар, экономикэр зэрызэтекъутар, цIыхухэр зыхэпсэукIын ямыIэжу къызэрынар абыхэм IэкIуэлъакIуэу къагъэсэбэпащ мыарэзыныгъэр зэщIагъэстын икIи я щхьэм къытет гупыр трагъэкIуэту езыхэр теувэн

папщIэ. Апхуэдэ гурыщхъуэ уагъэщI адэкIэ екIуэкIахэм…

Зэ еплъыгъуэкIэ къыпщохъу а зэманым зэпэщIэувахэм зэпаубыдауэ щытар властыр арауэ. Ауэ мылъкукIэ щIэмыгъэбыдамэ, властым зыри и мыхьэнэкъым. АтIэми ди къэралым ахэр быдэу щызэхэухуэнащ: тепщэгъуэр зыIыгъым мылъкур гугъу демыхьу зэрегъэпэщыф, мылъкушхуэ зыбгъэдэлъым щыхуей дыдэм деж властыр къыхуощэху.

Аращи, зэманым псори щхьэж и пIэ иригъэувэжащ. Илъэс тIощIырыпщI хуэдизкIэ хьэзабым зэрыхэтар къыумыщтэмэ, цIыхубэм я дежкIэ зыми зихъуэжакъым. Япэми властым къуэмылIыкIыу щыта, зи къулыкъукIэ зызыIэта унафэщIхэм, комсомолыр зыкъутэжа, хыхьэхэкI зиIэ щIалэхэм, совет властым и зэманым сондэджэрыным хуэIэкIуэлъакIуэ хъуахэм, а лъэхъэнэм ахъшэ хъарзынэ зэзыгъэпэщахэм къэрал мылъкур зэпагуэшыжри тIысыжащ. Сыт щыгъуи къызэрекIуэкIым хуэдэу, интеллигенцэр абыхэм я Iуэхутхьэбзащ Iэу увыжащ.

Къапщтэмэ, гуманитар щIэныгъэхэм ирилажьэ IэщIагъэлIхэм совет лъэхъэнэм властым яхуигъэуvауэ щыта къалэн нэхъыщхьэр социализмэм и ехъулIэныгъэхэр, абы и хабзэхэр цIыхубэм я щхьэм иукIэнырт. Апхуэдэ лэжьыгъэм нэхъ ерыщу бгъэдэтхэм я тхылъхэр къыхудагъэкIырт, я спектаклхэр ягъэувырт, цIэ лъапIэхэр фIащырт, сaугъэтхэр иратырт. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм, властым и лъэр быдэ дыдэу иубыдатэкъыми, интеллигенцэм фIэлIыкIыурэ цензурэр игъэкIуэдыжащ, искусствэм и лэжьакIуэхэми езыр яIэтыну, къыщытхъуну къалэн ящимыщIыж хъуащ. Ауэ абы къыдэкIуэу езыми зыщхьэщихыжащ художникхэм, литераторхэм, музыкантхэм, гуманитар IэщIагъэлIхэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъунымкIэ къалэнхэр. Езым и дэтхэнэ лъэбакъуэри зыгъэвуун цIыхухэм яхуэныкъуэми, властыр хуейтэкъым щхьэхуиту зыкъэзылъытэж, язынькъуэхэм деж къыщитхъыурэ къыпэщIэувэ интеллигенцэм. Арати, властым ищI унафэр жыIэщIэу зыгъэзащIэу къекIуэкIахэр абы и унэIуту увыжащ, пэжыр, захуагъэр зи гъуазэхэм я гъуэгур дэнэ лъэныкъуэкIи щызэхуащIу.

АбыкIэ къуаншагъэр нэхъыбэу зыбгъэдэлъыр езы интеллигенцэрщ. Езым и лъэр игъэбыдэн, къэрихьэжьэ дэтхэнэ Iуэхури цIыхубэм къаригъэщтэн папщIэ властыр сыт хуэдэ лъэхъэнэми хуэныкъуэщ интеллигентым и акъылым, зэфIэкIым, щIэныгъэм. Псом хуэмыдэу властым и пщIэр лъагэу щытын хуейщ кризисым и зэманым, псэуныгъэр егъэфIэкIуэным хуэмыгъэза унафэхэр къимыщтэу щымыхъу лъэхъэнэм. Ауэ кризисым хэмыкIыу къекIуэкI къэралым и Iуэху зехьэкIэр къезыгъэщтэн, псори зэщIэзыгъэуIуэн псалъэ нобэм къэс интеллигенцэм игъэIуфыркъым.

«Левада-Центр» аналитикэ IуэхущIапIэм и социологхэм иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къарикIуахэм ятепщIыхьмэ, интеллигенцэр Урысейм щыхэкIуэдэжу хуежьащ. Пэжщ, абы и бжыгъэм кIэрыхуркъым, а гупым ящыщу иджыри зыкъэзылъытэжхэр куэд мэхъу. Ауэ бжыгъэм сыт и мыхьэнэр, езым пщIэ имыIэжмэ?! ЗэупщIахэм ящыщу процента 3-ращ къэралым щекIуэкI Iуэхухэм интеллигенцэр хэлIыфIыхьу къэзылъытар. Процент 70-м щIигъум быдэу я фIэщ мэхъу ди гъащIэм зегъэхъуэжынымкIэ абы зыри зэремылъытар.

Абыи къыщынэркъым. Журналист цIэрыIуэ Костиков В. илъэситI япэкIэ «Аргументы и факты» газетым (№17) къытрыригъэдзауэ щыта «Урысей щхьэкуцIыншэ» тхыгъэм дыкъыщоджэ: «Урысейм и цIыхухэм ящыщу интеллигентхэр напэ зиIэ цIыхуу къэзылъытэр процент 24-рщ. IэджэкIэ нэхъ мащIэжщ абыхэм властыр зэраубыфынур зи фIэщ хъухэр». Нэхъ докIуэтэхри а тхыгъэ дыдэм дыкъыщоджэ: «Аращи, языныкъуэхэм нэгъэсауэ зэхащIыкI, адрейхэм къагурымыIуапэми зыхащIэ интеллигенцэр зэрыкIуэдыжыр».

КIэщIу жыпIэмэ, интеллигенцэр щIэбубын щхьэусыгъуэ куэд бгъуэтынущ. Ауэ ахэр къызыдэкIуар псоми ди мыгъуагъэу щыта илъэсхэрщ. Псоми ди зэхуэдэ хэкушхуэр зэрызэтракъутам, Урысей къэралыщIэр зэтрагъэувэу щыщIадза япэ илъэсхэм ирагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм фейдэ къыхэзыхар кIэ ямыIэжу бэгъуа къулыкъущIэхэрщ, бюрократхэрщ. Абыхэм я пщIэр къэралым егъэлеяуэ иIэтащ, къаIэрыхьэ улахуэмкIи я псэукIэмкIи ахэр IэджэкIэ йофIэкI дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэлIхэм, профессорхэм. ЩIэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, къэхутакIуэхэр, дохутырхэр, мэкъумэш IэщIагъэлIхэр, инженерхэр, тхакIуэхэр, IэщIагъэ хъарзынэ зиIэ рабочэхэр яхъунщIэри къуакIэм дадзэжащ. Къэралыр (ипэжыпIэкIэ жыпIэмэ – властыр) зэтезыIыгъэну зыщыгугъ хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм, судыщIэхэм, дзэм хэт офицерхэм, депутатхэм, прокурорхэм я улахуэхэм хуэдэ зыбжанэкIэ хухагъахъуэри, медицинэм и IэнатIэм пэрытхэм ди деж къыщалэжьыр США-м елъытауэ хуэдэ 30-кIэ ягъэмэщIащ.



ЗыкIи нэхъыфIкъым техникэ щIэныгъэхэм ирилажьэ интеллигенцэм и Iуэхури. Совет лъэхъэнэм пщIэрэ щIыхьрэ зиIэу, ахъшэшхуэ къэзылэжьу щыта а гупыр лэжьапIи улахуи ямыIэжу уэрамым къыдадзыжащ. Абыхэм зыкIи къащыхуейтэкъым политикэ IэнатIэми жылагъуэ утыкуми. Ар ягу темыхуэу куэд къэралым икIыжащ. Урысейм икIыжар зы мелуаным щIигъуу къалъытэ.

Абы хэщIыныгъэшхуэ ди экономикэм къритащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, къэралым продукцэу къыщыщIагъэкIым щыщу проценти 5-м фIэкI иджырей инновацэм и лъабжьэм теткъым.

Илъэс тIощIым щIигъуауэ Урысейр хущIокъу лэжьыгъэмрэ творчествэмрэ къадэкIуэу, акъыл зиIэхэмрэ гъащIэм хэлъ мыхъумыщIагъэхэм гу лъызытэхэмрэ пщIэ щыхуащI жылагъуэ зэхэтыкIэм хуэкIуэжыну. А зэманым къриубыдэу властымрэ интеллигенцэмрэ яку дэлъ зэхущытыкIэхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ ягъуэтакъым. ЦIыхухэм интеллигенцэм ди гъащIэм щаIэ мыхьэнэр фIыуэ къагурыIуэркъым. БлэкIа лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм ар «мыхъумыщIагъэхэм жану гу лъызытэ, щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ зэрагъэуIуну зыхузэфIэкI цIыху гупу» къалъытэу щытамэ, иджыпсту и нэхъыбапIэм интеллигентыр къазэрыщыхъур щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта цIыхуущ.

Апхуэдэу цIыхум и зэхэщIыкIым зэрызихъуэжым и жьыр жылагъуэ зэхэтыкIэми къыщIимыхуу къэнакъым. Политикэм теухуа псалъэмакъхэр мэужьых. УнафэщIхэр цIыхубэм щахыхьэр езыхэр хуей щыхъум дежщ, ахэри ауэ сытми IэхъуэтегъэкIыу къызэрагъэпэщу аращ. А псоми фIы къызэрамышэр гурыIуэгъуэщ: властыр яхуэмышэчыжу зыужэгъуахэр кIуэтэху нэхъыбэ мэхъу. Абыхэм политикэм

зыпыIуадзри лъэныкъуэ зрагъэз икIи я щхьэ Iуэху фIэкI къърадзэжыркъым. Политикэмрэ жылагъуэ гъащIэмрэ хэмытыжу ныджэм къытена апхуэдэ цIыхухэм къэралым и щытыкIэри абы къыщцыхъухэри къафIэмыIуэхужу къонэ.

Тетыгъуэр нобэ зыIыгъхэр а псоми щымыгъуазэу пхужыIэнукъым. Социологие къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкI центр псоми утыку къралъхьэ властым хуэмыарэзыхэм я бжыгъэм зэпымыууэ зэрыхэхъуэр. Бейхэмрэ хуэмыщIахэмрэ я зэхуэмыдэныгъэр кIуэ пэтми нэхъ куу мэхъу. ЗыхэпсэукIын ахъшэ гуэр къалэжьын папщIэ пIэщIэгъуэкIэ къэралым и къалэ нэхъ инхэм макIуэ. Европэм и мызакъуэу, дэ кIуэтэху нэхъ дакъыкIэроху псынщIэу зызыужь къэралхэу Китайм, Индием, Корее Ипщэм, Бразилием. Экспертхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ зэрыжаIэмкIэ, реформэ жаIэу ди деж къыщрагъажьэхэр кIэ зимыIэ зэIущIэхэмрэ программэхэр тхынымрэ фIэкIыркъым. Урысейр гъуэгу пхэнжым теувауэ, абы къыхихар зэрымытэмэмым щIэрыщIэу ириплъэжауэ убзыхужын хуейуэ къэзылъытэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ мэхъу.

ЛIэщIыгъуэ плIанэм щIигъу япэкIэ академик Лихачев Дмитрий СССР-м и цIыхубэ депутатхэм я япэ съездым щыжиIауэ щыташ: «Къэралым и социальнэ зыужьыныгъэр культурэм елъыташ. Культурэ здэщымыIэм цIыхугъи щыIэкъым. КъызэрыгуэкI цIыхугъэр щымыIэмэ, цIыху зэхэтыкIэми экономикэми я хабзэхэр лажьэркъым».

А псалъэ Iущхэм къагъэлъагъуэ къэралыр зэтегъэувэжыныр, интеллигенцэр къэIэтыжыныр дэтхэнэми зэрыдэлъытар. Нобэ цIыху нэхъ губзыгъэхэр щылажьэ IэнатIэхэу культурэр, щIэныгъэр, егъэджэныгъэр зэрыт щытыкIэ гугъум къишауэ ахэр гъуэгу тэмэмым тегъэувэжын, пцIыупсхэр, фэрыщIхэр, дыгъуакIуэхэр, бзитIщхьитIхэр, зыкъызыфIэщIыжахэр ди гъащIэм хэгъэкъэбзыкIын хуейщ. Урысей интеллигенцэм къежьапIэ хуэхъуа псынащхьэмкIэ – дыгупсысэфу, дыпсэлъэфу, дбгъэдэлъ зэфIэкIыр зыхуэдизыр фIыуэ тщIэжу псэуным – ди гупэр хуэдмыгъэзэжу хъунукъым.

Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ зытепх хъуну интеллигентхэр совет зэманым мымащIэу щыIащ, абыхэм я псалъэмрэ ирагъэжьа Iуэхухэмрэ пызыщэхэр ноби щыIэщ. Псэуху пэжыгъэр, цIыхугъэр гъащIэм лъэ быдэкIэ щыгъэувыным хущIэкъуа урысей цIыхушхуэхэм ящыщщ Лихачев Дмитрий, Сахаров Андрей, Солженицын Александр, Вишневская Галинэ, Ростропович Мстислав, Высоцкий Владимир сымэ. Я гъащIэр лъэхъэнэм и нэхъ гугъупIэм хиубыдами, абыхэм я пщIэмрэ я щIыхьымрэ зыми хэутэн ирагъэщIакъым, пэжымрэ цIыхугъэмрэ я лIыкIуэ къэмылэнджэжу, я иужьрей дакъикъэм нэсыху, дунейм тетащ.

Интеллигент нэсу щыта а цIыхушхуэхэм хуэдэу зи псэм и къабзагъэр зыхъумэфахэр, тепщэныгъэм емылыдж ищIахэм къахуэмыгъэшахэр, бзитIщхьитI ямыщIыфахэр, куэд дыдэ мыхъуми, къэралышхуэм и нэгъуэщI щIыналъэ щхьэхуэхэми щыIащ. Абыхэм я фIыщIэщ нобэм къэс интеллигенцэр зэрыхэмыкIуэдэжар. Апхуэдэхэм ятеухуауэ урыс тхакIуэ гъуэзэджэ Битов Андрей жиIэгъащ: «Интеллигенцэр щIэинтеллигенцэр ар властым кIэщIэлъэдэну зэрыхэмытырщ… Зэи загуидзэ хъунукъым абы зи тетыгъуэхэм. Аращ абы и хабзэри и фащэри. Властыр щхьэкуцIыншэмэ, абы и зэран лъэпкъми, псэуныгъэми, къэралми, къэралым ис псоми йокI. Унафэ тэмэм щыхуэмыщIым,

зэхэщӀыкӀыр щыхуримыкъум деж властыр, къару зэриӀэр къигъэлъэгъуэн папщӀэ, Ӏэщэм йопхъуэ, танкхэр къегъэсэбэп… Апхуэдэм деж интеллигенцэм зыри хузэфӀэкӀынукъым, сыту жыпӀэмэ, акъылыншэм губзыгъагъэ къыпхуегъэщтэнукъым, апхуэдэ властым зыпыпщӀэмэ, зыбгъэкӀуэдыжу аращ».

Абы тепщӀыхьрэ властым ухуэӀужажэмэ, абы ӀэплӀэешэкӀкӀэ убгъэдэтмэ, гъащӀэр пхуэхъуэжынукъым, напэрэ пщӀэри къыпхуихьынукъым. Социологхэм зэрыжаӀэмкӀэ, цӀыхубэм (псом хуэмыдэу щӀалэгъуалэм) демократиер зищӀысыр кӀуэтэху нэхъыфӀу къагуроӀуэ. Апхуэдэ зыужьыныгъэр алъандэрэ щахуемыгухакӀэ, адэкӀэ зыми къыхуэгъэувыӀэжынукъым. А зыужьыныгъэр щӀэгъэхуэбжьэным псом япэу зи фейдэ хэлъыр цӀыхубэрщ. Интеллигенцэр къару зэкъуэту щыщыта зэманыр къэгубзыгъыжыгъуейми, нобэ хабзэ нэхъыфӀхэр ди гъащӀэм щызэтебгъэувэжыфынущ. Абы хэкӀыпӀэ нэхъыщхьэ хуэхъунур зэкъуэтыныгъэрщ.

**ЩЭМЕЙ Аслъэн,**
*тхыдэ щӀэныгъэхэм я кандидат,*
*Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал*
*университетым и доцент*



# ЛЪЭПКЪ ЩЭНХАБЗЭМ И НАЛКЪУТНАЛМЭС



«Дунейр къезыгъэлынур дахагъэрщ» жаIэ. Нэм къыIуидзэ дахагъэм куэдкIэ йолъэпIэкI цIыхум псэкIэ къигъэщIыф дахагъэр — лъагъуныгъэу, гуапагъэу, къабзагъэу, пэжыгъэу, хьэлэлыгъэу зэтепщIыкIыжыр. Зи гугъу тщIы лъапIэныгъэхэр гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ епха IэщIагъэхэм нэхъыбэу яхэпщауэ къогъуэгурыкIуэ. Псом хуэмыдэу ар утыкур екIуу зыгъэбжьыфIэф, образ зэмылIэужьыгъуэхэм я фащэ ихьэф, абыхэм я гъащIэр къэзыпсэуф, я гуфIэгъуэри я гуауэри зыгъэвыф артистым и лэжьыгъэм нэрылъагъу щохъу. Зи творческэ гъуэгуанэм къриубыдэу апхуэдэ гъащIэ щэ бжыгъэхэр къэзыгъэщIэфа цIыхур лъэужьыншэ хъу хабзэкъым, артист зэчиифIэм и вагъуэри уэгум нэхъ нэхуу щылыду къалъытэ. Апхуэдэ цIыху гуащIафIэщ икIи бзылъхугъэ гуакIуэщ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъу щхьэузыхь хуэзыщIа, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат ЖьакIэмыхъу КIунэ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ Хьэжбарэ и пхъур 1940 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м Аруан щIыналъэм хыхьэ Шытхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. ЗэрыцIыкIурэ абы фIэфIт хьэпшып гуэрхэр зыкIэрилъхьэу, бостей кIыхьхэр щитIагъэу зигъэщIэрэщIэну, цIыху цIэрыIуэ гуэрхэм запищIыжыну. Сабий ныбжьым щитым КIунэ хуабжьу нэжэгужэу щытауэ жаIэж. Хьэблэм дэс цIыхубзхэр

ЖьакIэмыхъухэ я деж щызэхуэсырт, я хъыджэбз нэхъыщIэм и зыщIыкIэм еплъын, иридыхьэшхын папщIэ. КIуэаракъэ, и IэщIагъэр, и зэчийр къыдалъхуащ зыхужаIэхэм ящыщщ КIунэ.



*ЖьакIэмыхъу КIунэ и адэ Хъэжбарэрэ и анэ Сэлихьэтрэ*



ЖьакIэмыхъу КIунэ къыщыхъуа унагъуэшхуэм езыр быниблым я нэхъыщIэт. И сабиигъуэм абы куэдрэ къыхуихуэрт унагъуэ ихьа и шыпхъу нэхъыжьхэм я деж щашэ. Езым къызэрилъытэмкIэ, абыхэм я унагъуэ IуэхукIэ ядэIэпыкъуу, я сабийхэр яхуигъэбэяууэ зэрыщытам и хьэлщэныр ипсыхьауэ жыпIэ хъунущ, лэжьыгъэм хуэIэижь зыщIари арауэ хуегъэфащэ. И шыпхъу нэхъыжьыр Малкэ дэсти, абы сабийр ипIынымкIэ дэIэпыкъуу илъэсиплIкIэ щыIащ. А къуажэм дэт курыт еджапIэм пэщIэдзэ классхэр зэрыщрагъаджэр урысыбзэти, абы классиплIыр къызэрыщиухыу, адрей и шыпхъу нэхъыжьым и деж яшащ. Абы и щхьэгъусэр балъкъэрт, Белая Речкэ къуажэм щыпсэухэрти, абыи классиблыр къиухыху урысыбзэщ зэрыщеджар. ИужькIэ я деж Шытхьэлэ къигъэзэжат, арщхьэкIэ абы дэт курыт еджапIэм илъэсиблым нэст зэрыщрагъаджэр. Апхуэдэу щыхъум, хъыджэбз гурыхуэ цIыкIум и еджэным пищэну хуейти, Жэмтхьэлэ къуажэм дэс и анэ шыпхъум деж зригъэшащ, ауэ зэрыцIыкIурэ имыджа адыгэбзэр къыхуэщтэжыным шэч къыщытрихьэм, дерсхэми кIуэн идэжакъым. Апхуэдэу щытми, актрисэ цIэрыIуэм къигъэщI образхэм яIурылъ адыгэбзэр къулейщ, бзэрабзэщ икIи шэрыуэщ.

КIунэ и адэ-анэри анэкъилъхухэри гъуазджэм, щэнхабзэм дихьэхыу, уэрэд жаIэу, макъамэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм еуэу, и шыпхъу нэхъыжь ЖьакIэмыхъу Жансурэти пшынауэ Iэзэу, уэрэди иусыу, артист хъуну и хъуэпсапIэу щытащ. Адрей и дэлъхухэмрэ и шыпхъухэмрэ щхьэж

езым фIэфI IэщIагъэр къыхахащ, ауэ, къызэрыхэдгъэщащи, гъуазджэм димыхьэх, макъамэ Iэмэпсымэхэм емыуэф яхэтакъым. Я анэ Сэлихьэт макъамэ Iэмэпсымэ куэдым еуэфу, сурэт щIыным хуэIэзэу, гущэкъу уэрэдкIэ сабийхэр игъэудэIуу щытащ. Я адэ Хьэжбари макъ дахэ иIэт, уэрэд жыIэныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым.

КIунэ и адэр пасэу (езыр илъэсиплI ныбжьым иту) дунейм ехыжри, бынунагъуэшхуэр зыхуей хуэгъэзэныр анэм и закъуэ и пщэ къыдэхуащ. Ихуэпэным, игъэшхэным я мызакъуэу, быниблым IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ яригъэгъуэтыныр хузэфIэкIащ абы. Сэлихьэт щIэхъуэпсырт и хъыджэбз нэхъыщIэр дохутыру еджэным икIи абы и лъэIукIэ КIунэ медицинэмкIэ еджапIэм щIэтIысхьэну и дэфтэрхэр игъэхьэзырауэ щытащ. Ауэ натIэм къритхамрэ псэр зыхущIэкъумрэ уазэрыфIэмыкIыфым и щыхьэту, зи дэфтэрхэр дохутыр IэщIагъэм щыхуеджэну еджапIэм щIэзылъхьэну къалэм кIуа хъыджэбзым уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым цIыху къищтэу зэрыт хъыбарегъэщIэр уэрамым фIэлъу щилъагъум, абы мыкIуэу хуэшэчакъым. ДэфтэрхэрИ медицинэмкIэ еджапIэм ихьат, ауэ ансамблым къащтауэ къыщыщIэкIым, и анэр зыщIэхъуэпса IэщIагъэр IэщIыб ищIыжащ.

ЖьакIэмыхъур ансамблым и хорым хэту, Тэн Iуфэ Iус Ростов дэт театр училищэм щIэтIысхьэнухэр къыхахыу хъыбар къэIуащ. И дэлъху Хьэжысмел акъылэгъу къыщыдэхъум, КIунэ абы щIэтIысхьэну тегушхуащ икIи а училищэр хъарзынэу къиухащ. ЗанщIэуи театр зыбжанэм ирагъэблэгъат… АрщхьэкIэ, и Хэкумрэ къыдалъхуахэмрэ игу пымыкIыу, 1964 гъэм Налшык къигъэзэжащ. А гъэ дыдэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым къащтащ, нобэр къыздэсми щолажьэ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ и гъащIэр триухуащ щэнхабзэм, театр гъуазджэм, цIыхубэм яхуэлэжьэным. Илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ, КIунэ хамэ къэрал драматургхэр ирехъу, урыс, адыгэ тхакIуэхэр ирехъу, абыхэм я IэдакъэщIэкIыу ди театрым щагъэувахэм хэт бзылъхугъэ образ нэхъыщхьэхэм я роль щэ бжыгъэхэр игъэзэщIащ, езы актрисэм къызэрыхигъэщымкIи, къылъыса ролхэр «фIы защIэхэщ». А псори Iэзагъышхуэ хэлъу игъэзэщIэнымкIэ артисткэ зэчиифIэм, цIыху гъэщIэгъуэным гъащIэ гъусэ икIи дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ щалъхуа щIыналъэм и дахагъымрэ къызыхэкIа лъэпкъым и зэхэщIыкI-гупсысэм къыдалъхуауэ хэлъ Iущыгъэмрэ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIу, адыгэ театрым и утыкур игъэбжьыфIэу мэлажьэ. А зэманым къриубыдэу ар щыджэгуащ Лермонтов Михаил, Кайтов Сергей, IутIыж Борис, Акъсырэ Залымхъан, Ануй Жан, Салынский Афанасий, Толстой Алексей сымэ, нэгъуэщI куэдми я тхыгъэхэм къытращIыкIа спектаклхэм. Абыхэм щигъэзэщIа роль зэмылIэужьыгъуэхэмрэ икIи гукъинэжхэмрэ зэхэплъхьэжмэ, я бжыгъэкIэ щэрэ тIощIым щIегъу. Радиомрэ телевиденэмрэ къыщигъэщIа образхэр хэплъхьэжмэ, КIунэ и творческэ амплуам роль щитIым щIигъу къызэщIеубыдэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ: Тыр-

гъэтауэ («Тыргъэтауэ», IутIыж Борис), Эпикастэ («Эдип», IутIыж Борис), Лашын («Лашын», Акъсырэ Залымхъан), Медея («Медея», Ануй Жан), Снижко Нилэ («Барабанщица», Салынский Афанасий), Лушкэ («Поднятая целина», Шолохов Михаил), Аллэ («Сердце матери», Кайтов Сергей), Госпожа Журден («Мещанин во дворянстве», Мольер Жан-Батист), Лауренсие («Лауренсия», Лопе де Вегэ), Ефросинье («Орел и орлица», Толстой Алексей), Отрадинэ-Кручининэ («Без вины виноватые», Островский Александр), Алмэстхъан («Гуащэмыдэхьэблэ», IутIыж Борис), Беллэ («Герой нашего времени», Лермонтов Михаил), нэгъуэщIхэри. ЖьакIэмыхъум игъэзэщIа ролхэм я бжыгъэ къудейри щыхьэт тохъуэ актрисэм и творческэ зэфIэкIымрэ и зэчий абрагъуэмрэ нэмыщIу, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъ-кууагъми.



*«Тыргъэтауэ». ЖьакIэмыхъу КIунэ Тыргъэтауэ и ролыр егъэзащIэ*

Актер нэсым роль зэхэгъэж ищI хабзэкъым, ар сыт хуэдэ образми ихьэфу, абы и гъащIэр къипсэуфу щытыпхъэщ. Ауэ роль щэ бжыгъэхэр щигъэзащIэкIэ, абыхэм езым и хьэл-щэным нэхъ пэгъунэгъуи, и псэм нэхъ ехуэбылIи къахокI. ЖьакIэмыхъу КIунэ гукъинэж щыхъуащ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым Тыргъэтауэ и ролыр зэрыщигъэзэщIар. Ар лэжьыгъэ къудейуэ пIалъэ гуэркIэ зыпэрыта Iуэхукъым, атIэ «къипсэуа», «игъэва», езым и дуней еплъыкIэм пэгъунэгъу ролхэм ящыщщ. «ЗауэлI, зи щхьэгъусэм хуэпэж бзылъхугъэ, анэ гумащIэ, и хьэлкIэ зэрыткIийм хуэдабзэу, бзылъхугъэм хэлъын хуей гуакIуагъэри дахагъэри зыхэлъ, гъащIэм къыхуигъэув сыт хуэдэ Iуэхуми пэлъэщ, лъэпощхьэпохэр къызэзынэкIыф Тыргъэтауэ и ролыр сценэм къыщисхьам, си

творчествэм и нэхъ лъагапIэ дыдэм сытетауэ къызолъытэ», — жеIэ КIунэ. Тыргъэтауэ езым нэхъ зригъэщхьырт, абы и дуней тетыкIэм хуэдэ иIэну, и хьэл-щэным щыщ хэлъыну щIэхъуэпсырт. Адыгэ лъэпкъым гууз-лыуз хузиIэ, цIыхубэр зэзышэлIэжыну хуей бзылъхугъэм и сыт хуэдэ псалъэри актрисэм фIэдахэт, фIэкупщIафIэти, ар цIыхубэм ягу нэхъ нэсын хуэдэу абы и образыр театреплъхэм я пащхьэм ирилъхьэным хущIэкъу зэпытт. Нобэр къыздэсми а ролым зэщIиIыгъэу: «Ар жэщми махуэми си щхьэм икIыртэкъым, зыщысхуапэ къудейкIэ мыр мыбдеж кIэрылъамэ, е мыпхуэдэу щытамэ, жысIэурэ дапщэри зэзгъэзэхуэжырт, си псэлъэкIэр къэспщытэжырт, — игу къегъэкIыж КIунэ. — Ноби а ролыр къызатауэ щытамэ, иджыпсту дызыхэпсэукI лъэхъэнэм къыщыхъу къомыр къэслъытауэ, нэхъ гу зылъатэн хуей щIыпIэр хэкъузауэ, нэхъ наIуэу утыку щызгъэIунт, жысIэу куэдрэ сыщегупсыс щыIэщ. Ар апхуэдизкIэ си гум хэпщIащи, зы телъыджэ гуэр къэхъурэ «Тыргъэтауэр» ягъэувy а ролыр иджыри зэ нэхъ мыхъуми згъэзэщIэжарэт — ар си гурылъ щэхущ», — жеIэ абы.

Ищхьэкiэ къыщыдгъэлъэгъуахэм къикIыркъым нэгъуэщI ролхэри актрисэм игу къимынэжауэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, IутIыж Борис и «Эдип» пьесэм къытращIыкIа спектаклым щигъэзэщIа Эпикастэ и ролри. Ар зыхэхуа гуауэшхуэр актрисэм псэкIэ игъэващ. А ролым зэрыджэгуар игу къигъэкIыжу: «Мис апхуэдэ ролхэращ сфIэфIыр. Пкъы зыщIэтхэрщ, Iущагъ, гугъуехьхэм уатезыгъэкIуэфын къару зыхэлъхэрщ, дерс къызыхэпхыфхэрщ, къоплъхэм ягу къинэжын хуэдэу щытхэрщ...», — жеIэ КIунэ.

Тыргъэтауэрэ Эпикастэрэ нэмыщI, КIунэ нэхъыфIу илъэгъуахэм ящыщщ Лашын и образыр. Зэи щымыгъупщэну абы гукъинэж щыхъуащ Акъсырэ Залымхъан и «Лашын» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр щагъэувам, пэшым щIэса псори къызэфIэувэу, Iэгуауэшхуэ зэрыхуаIэтауэ щытар. Ар куэд щIауэ ЖьакIэмыхъур зыщIэхъуэпса гуфIэгъуэшхуэт, балигъ зэрыхъурэ зыхуэкIуа лъагапIэт.

Театр гъуазджэр гъащIэ гъусэ зыщIа дэтхэнэ артистым и дежкIи нэхъыщхьэщ езым и амплуа иIэжыныр. ЖьакIэмыхъу КIунэ игъэзэщIа ролхэм уахэплъэжмэ, абы зэхуэдэу кууэ, гукъинэжу, фIэщхъуныгъэшхуэ къыпхилъхьэу къохъулIэ трагедие жанрми комедиеми къыщигъэщI, нэхъ пэжу жыпIэмэ «къыщипсэу» образхэр. Ар трагедие жанрым щыджэгум деж (Тыргъэтауэ, Эпикастэ сымэ, нэгъуэщIхэми я ролхэр щигъэзащIэкIэ) абы къыхуигъэщIауэ къыпцохъу, комедием щыщ образкIи утыку къыщихьэкIэ («Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», «Гуащэ ябгэ», «Гуащэмыдэхьэблэ», «ГушыIэ махуэ апщий!» спектаклхэм щыджэгукIэ), ар апхуэдэу дахэу зыгъэзэщIэфын щымыIэу пфIощI. Дэтхэнэ образри зэхуэдэу екIуу театреплъхэм я пащхьэ зэрырихьэфыр аращ, шэч хэмылъу, актрисэм и зэчиймрэ и лъагагъыр икIи и куугагъыр къэзыпщытэ пщалъэр. Абы и лъэныкъуэкIэ ЖьакIэмыхъу КIунэ утыкум къыщигъэлъагъуэ Iуэхур пэж дыдэу гъащIэм щрихьэлIа хуэдэу къэгъэщIын, ар цIыхухэм я фIэщ игъэхъун къалэныр хэт нэхъри нэхъыфIу

къохъулIэ. Апхуэдэу щытми, актрисэм къызэрыхигъэщымкIэ, трагедием, драмэм къыщигъэщI образхэр езым и хьэл-щэным, дуней лъагъукIэм нэхъ пэгъунэгъущ, гъащIэм кууузэ хэзыщIыкI, зи акъылыр жан, цIыхухэм пщIэ зыхуащI бзылъхугъэм и образыр и псэм нэхъ дохьэ.


Мысостышхуэ Пщызэбийрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ я бынхэр я гъусэу

Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщI артистым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы илэжьыр къызыгурыIуэ, и гурыгъу-гурыщIэхэр зыхэзыщIэ цIыху Iэпэгъу хуэхъуным. ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ, Абхъазым и цIыхубэ артист Мысостышхуэ Пщызэбийрэ Театрым къыхуигъэщIа, гъуазджэр зи дуней унагъуэ дахэ 1970 гъэм зэдаухуэгъащ. Зэщхьэгъусэхэм насыпыфIэу илъэс щэщIрэ ирэ къызэдагъэщIащ, бынитI зэдапIащ, я пхъурылъху Айдэмыр цIыкIу и Iэфlагъыр зыхащIащ. Абыхэм я псэ зы чысэ илъ къудейтэкъым, атIэ я IэщIагъэри, я дунейри зыт, театрми спектакль куэдым щызэдэджэгухэрт, радиоми телевиденэми щызэдэлажьэхэрт...

Пщызэбийрэ КIунэрэ я хъыджэбз Маринэ зэрыцIыкIурэ адэанэм я IэщIагъэм дихьэхырт, икIи, анэр мыарэзыми, а лъагъуэм ирикIуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Щукиным и цIэр зэрихьэу Мэкуу дэт театр училищэм щIэтIысхьащ. Ар къиухри къигъэзэжауэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэщ. Маринэ телевиденэми щолажьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист цIэр къыхуагъэфэщащ.

Пщызэбийрэ КIунэрэ я щIалэ Аслъэнбэчи, экономикэмрэ юриспруденцэмрэ я диплом зыIэригъэхьами, лIэужьыр бжиблкIэ мауэ зэрыжаIэу,

адэ-анэмрэ анэкъилъхумрэ я ӀэщӀагъэм зыщидзеякъым. Артистым хэлъын хуей щытыкӀэхэр хэлът, уэрэд жиӀэрт, гитари хъарзынэу еуэрти, и адэ-анэм я лъэужьым ирикӀуэу Нэгъуей Мухьэдин и уней театрым деж къыщыщӀидзащ, нобэкӀэ Горький Максим и цӀэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым щолажьэ.

Дэтхэнэ актерми и ехъулӀэныгъэхэр къызэрапщытэ пщалъэ нэхъыщхьэр цӀыхубэм я фӀылъагъуныгъэрщ. Абы тепщӀыхьмэ, ЖьакӀэмыхъу КӀунэ и зэфӀэкӀым гъунэ иӀэкъым, цӀыхубэм зэрахуэупсэ фӀыгъуэр пщалъэ гуэркӀи къыпхуэлъытэнукъым. Абы щыхьэт тохъуэ актрисэ Ӏэзэм хуаӀэт Ӏэгуауэшхуэхэр, къыхуагъэфащэ удз гъэгъа Ӏэрамэхэр, фӀыщӀэ псалъэхэр, щӀыхь тхылъхэр.



*ЖьакӀэмыхъу КӀунэрэ Щэрмэт Людэрэ «Гуащэ ябгэ» спектаклым щоджэгу*

ЖьакӀэмыхъу КӀунэ и гуащӀэр къэралми, езы актрисэр зыщалъхуа щӀыналъэми гулъытэншэ щыхъуакъым. Къэбэрдей-Балъкъэр республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ я театр гъуазджэм хуищӀа хэлъхьэныгъэр, апхуэдэуи, адыгэ театрым зэрыхуэпэжыр, лъэпкъым псэемыблэжу зэрыхуэлажьэр къалъытэри, 1974 гъэм абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м щӀыхь зиӀэ и артисткэ, 1984 гъэм — УФ-м щӀыхь зиӀэ и артисткэ цӀэ лъапӀэхэр. 2015 гъэм, актрисэм и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлӀэу, абы КъБР-м и цӀыхубэ артисткэ цӀэр къыфӀащащ. Апхуэдэуи, ЖьакӀэмыхъу КӀунэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Къэрал саугъэтыр (1998), Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтыр, ЩоджэнцӀыкӀу Алий и цӀэр зезыхьэ фондым къыбгъэдэкӀыу, Лермонтов Михаил и цӀэр зезыхьэ урысейпсо комитетым и медалымрэ ЩоджэнцӀыкӀу Алий и цӀэкӀэ ягъэувა дамыгъэмрэ, КъБР-м и Президентым, Правительствэм, ЩэнхабзэкӀэ министерствэм къабгъэдэкӀ

фIыщIэ, щIыхь тхылъхэр. Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» («Орел и орлица») пьесэм къытращIыкIа спектаклым Старицкэ гуащэм и ролыр зэрыщигъэзэщIам папщIэ «Южная сцена» фIэщыгъэм щIэту 2013 гъэм екIуэкIа III Кавказ Ищхъэрэ театр фестивалым КIунэ къыщыхуагъэфэщащ «ЦIыхубз роль нэхъыфI» саугъэтыр.

Театр критикхэми театреплъхэми пэжу гу зэрылъатащи, ЖьакIэмыхъу КIунэ цIыхубэм я лъагъуныгъэр къэзыхьэхуфа актрисэ нэсщ, цIыху зэчиифIэщ, щIэблэм я щапхъэщ, егъэджакIуэ икIи гъэсакIуэ Iэзэщ. И хьэлщэнкIэ, гупсысэкIэкIэ, зыщIыкIэкIэ зэмыщхь защIэу ди пащхьэм къихьэми, а бзылъхугъэр сыт щыгъуи гуакIуэщ, екIуу утыкум итщ, и бзэр шэрыуэщ. Куэдым къызэрыхагъэщымкIэ, абы и джэгукIэм, зэрыхьэ образхэр къызэригъэпсалъэ адыгэбзэ дахэр зэригъэшэрыуэм, зэригъэбзэрабзэм кърит гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ театреплъхэр пIалъэ кIыхькIэ зэщIеIыгъэ, нэхъыщхьэращи, апхуэдэ бзылъхугъэ щэджащэр я зэманым зэрыхэпсэукIым, абы фIэкIыжауи, зэралъэпкъэгъум ирогушхуэхэр, я щхьэр лъагэу ярегъэлъагъуж. КIунэ хуэдэ цIыху зэчиифIэхэм я фIыгъэкIэ, нобэкIэ адыгэ театрым лъэпкъ гупсысэм зыщеужь, анэдэлъхубзэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я пщIэм зыщеIэт.

Зи псэр куу, зи къэухьыр убгъуа цIыхухэм я лэжьыгъэм и мызакъуэу, я гъащIэ гъуэгуанэри сытым дежи гъэщIэгъуэнщ, къэгъэшыпIэ защIэуи узэда хабзэщ. А къэгъэшыпIэхэм яузэщIа псэкупсэ дунейм узыIэпешэ. ТхакIуэ, журналист, артист Къуэдзокъуэ Хьэсэн пэжу гу зэрылъитащи, «ди лъэпкъ сценэм КIунэ щилэжьыр ди щэнхабзэм и налкъутналмэсщ». Театреплъхэр зыщIэзышэ къару мыкIуэщIыжрэ зэчий абрагъуэрэ пкърылъщ а актрисэ гъуэзэджэм.

И ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуам и мызакъуэу, нобэкIэ гъащIэ купщIафIи къегъащIэ, гъуэгуанэ бгъуфIэкIи къогъуэгурыкIуэ ЖьакIэмыхъу КIунэ. Тхьэр зэчиишхуэкIэ зыхуэупса актрисэр нобэр къыздэсым хуэпэжщ фIыуэ илъагъу, илъэс 51-рэ хъуауэ зыхуэлэжьа, гъащIэу 120-м щIигъу «къыщигъэщIа» адыгэ театрым.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым зэрыщылажьэм, абы и художественнэ унафэщI къулыкъур и пщэ къызэрыдалъхьам къыдэкIуэу, КIунэ гъуазджэмкIэ школым илъэси 10-м щегъэжьауэ 15-м нэс зи ныбжь сабийхэр щрегъаджэ, ахэр щэнхабзэм, гъуазджэм дегъэхьэхын, дахагъэр зыхегъэщIэн, анэдэлъхубзэр шэрыуэу ягъэщIэн и лъэныкъуэкIэ гъэсэныгъэ-ущииныгъэ лэжьыгъэшхуэ ядрегъэкIуэкI.

Актрисэ цIэрыIуэ, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ Iущ ЖьакIэмыхъу КIунэ дохъуэхъу узыншагъэмрэ дэрэжэгъуэмрэ щымыщIэну, и творческэ къарур мыкIуэщIыну, и IэщIагъэми дунейми гу щихуэну, лъэпкъым и гъуазджэ утыкур иджыри илъэс куэдкIэ игъэбжьыфIэну!

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ**

# ЖьакIэмыхъу КIунэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

* * *

Творческэ цIыхур сытым дежи пфIэгъэщIэгъуэнщ, узыIэпешэ абы ищIэ псоми, псэкупсэ къулеягъэрэ дэрэжэгъуэрэ хэлъщи. Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми щIыхь зиIэ я артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат ЖьакIэмыхъу КIунэ и творчествэр зи нэIуасэ псоми зэкъым зэрагъэунэхуар абы узэрызыщIишэ къарур.

Театрымрэ абы къекIуалIэхэмрэ илъэс 40-м щIигъукIэ ухуэлэжьэным къикIыр IэщIагъэм укъызэрыхуигъэщIам и закъуэкъым, атIэ укъызыхэкIа лъэпкъым, уи анэдэлъхубзэм, щэнхабзэм гурэ псэкIэ уазэрыхуэпэжырщ. КIунэ и лэжьыгъэр къэплъытэ хъунущ къытщIэхъуэ щIэблэм я псэкупсэ къулеягъым зезыгъэужь къару нэрымылъагъуу. Апхуэдэ Iуэху щхьэпэ зылэжьым республикэм ис псоми я пщIэ, щIыхь, лъагъуныгъэ къелэжь, шэч хэмылъу. Сэри, Шытхьэлэ дэс си къуажэгъу псоми тIуащIэу гуапэ тщохъу ЖьакIэмыхъум и зэфIэкIыр икIи дропагэ ди лъахэгъу бзылъхугъэ зэчиифIэм.

Абы игъэзэщIа ролхэм увыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэр иратащ. Дызэрыщыгъуазэщи, ахэр 100-м щIегъу, ауэ псоми ефIэкIыу къысщохъу Тыргъэтауэр. А образ лъэщыр гъуазджэ лъагэм и щапхъэ нэс хъуащ, езы КIунэ адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ цIыху щыпкъэщ.

**КЪАНОКЪУЭ Арсен,**
*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент*
*2008*



* * *

ЖьакIэмыхъу КIунэ театр гъуазджэм нэхъ нэхуу къыщыблэ «вагъуэхэм» ящыщщ. Щэнхабзэм и дунейм хыхьэу япэ лъэбакъуэхэр ичын зэрыригъажьэрэ цIыхубэр къыдихьэхащ абы. Ар къызыхэкIри игъэзащIэ ролхэм игурэ и псэрэ зэрыхилъхьэрщ, и къару емыблэжу зэрегугъурщ.

Ди республикэм и мызакъуэу, ди гъунэгъу хэгъуэгухэми къыщацIыхуащ ЖьакIэмыхъур. Адыгэбзэм и IэфIагъыр, адыгэ хабзэм и дахагъыр, щэнхабзэм хэлъ фIыгъуэ нэрымылъагъур дахэу утыку кърехьэф а актрисэм. А псори нэгъуэщI лъэпкъхэм къезыгъэщIахэм, адыгэхэр щIыпIэ куэдым къыщезыгъэцIыхуахэм ящыщщ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ.

И ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуами, и теплъэм зихъуэжакъым, и къарум хэщIакъым псоми фIыуэ тлъагъу, пщIэ зыхуэтщI бзылъхугъэм. Театрым и лэжьакIуэхэм чэнджэщкIэ ядэгуашэу, щапхъэ ягъригъэлъагъуу яхэтщи, адыгэ сценэр куэдрэ игъэбжьыфIэну Тхьэм къыщIигъэкI!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*

* * *

Театрым сыщыщыIа лъэхъэнэм, труппэм и репертуарыр ЖьакIэмыхъу КIунэ тещIыхьауэ зэхэлъхьэн хуейуэ къэслъытэрт –

10 Заказ №131

КIунэ и гъусэу театрым зиужьын, езы актрисэми Совет Союзым, иджы Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист цIэ лъапIэр къыфIащын щхьэкIэ. Ар иджыри къыздэсым сызыщIэхъуэпс Iуэхугъуэщ. Си лэжьыгъэ IэнатIэр схъуэжа щхьэкIэ, си зыгъэпсэхугъуэ зэманым театрым спектакль щызогъэув, КIунэ сыдэлэжьэнри зыпэсщI щыIэкъым. Абы и гъусэу иужьу дызэлэжьар Николаи Альдо и «Немного нежности» пьесэм къытетщIыкIа спектаклырщ, КIунэ роль нэхъыщхьэр щигъэзащIэрщ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ ноби и къару илъыгъуэщ, уеблэмэ творческэ зэфIэкIыр къыщызыкъуихынур дяпэкIэу къыпщохъу. Ар роль нэхъ ин дыдэхэр зыхуэбгъэфащэ хъун актрисэ гъуэзэджэщ.

**ФЫРЭ Руслан,**
*Урысей Федерацэм культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

* * *

ЖьакIэмыхъу КIунэ и теплъэкIи, и лэжьыгъэхэмкIи, и образхэр сценэм зэрыщигъэзащIэмкIи, адыгэбзэр зэригъэIумкIи актрисэ зэчиифIэ жыхуаIэм хуэдэщ. Ди адыгэ театрыр игъэдахэу, игъэбжьыфIэу, и лъагагъыр нэхъри иIэту илъэс куэд щIауэ мэлажьэ.

КIунэ адыгэбзэр егъэбзэрабзэ, егъэшэрыуэ, гъуазджэм хуегъэлажьэ. Ар зыхэт спектаклхэр бэм яфIэфIу, цIыху нэхъыби къекIуалIэу апхуэдэщ. Абы и ролхэр нэгъэсауэ, кууэ зэригъэзэщIэным зэрегугъум къыхэкIыу, сыт хуэдэри дагъуэ хуэпщIын щымыIэу къохъулIэ. Псом хуэмыдэу ролышхуэхэм и гур нэхъ етауэ, Iуэхушхуэ зэригъэзащIэр ищIэу, итхьэкъуауэ йолэжь. И щытыкIэкIи, и Iуэху щIэкIэкIи цIыху дахэщ КIунэ.

Зэманыр пщIэншэу имыгъэкIуэду, и Iэзагъым кIуэ пэтми хигъахъуэу мэлажьэри, иджыри куэдрэ Тхьэм тхуигъэпсэу, Тхьэм куэдрэ и Iуэху дахэу дигъэлъагъу!

**ТУТ Заур,**
*Урысей Федерацэм,*
*КъБР-м, КъШР-м, АР-м я цIыхубэ артист*

* * *

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театр жаIэмэ, занщIэу ягу къэкIыр ЖьакIэмыхъу КIунэу къысщохъу. Абы къокI си лэжьэгъу, актрисэ гъуэзэджэ ЖьакIэмыхъу КIунэ хуэбгъадэ хъун зэрыщымыIэр.

Ди лэжьэгъу псори – зы лъэныкъуэмкIэ, ЖьакIэмыхъур адреймкIэ тэрэзэм дытрагъэувамэ, иришэхынур цIыхубэм я гулъытэрэ лъагъуныгъэрэ къэзылэжьа КIунэ и лъэныкъуэрауэ къыщIэкIынт.

Лэжьыгъэм хуэжыджэрщ КIунэ, ар сытым дежи щIэ гуэр мэлъыхъуэ. Абы зэи хуэмыфащэ, е и ныбжьым, и теплъэм къемызэгъ роль къыхихынукъым. КIунэ хуабжьу зэпIэзэрытщ, губзыгъэщ.

Гуауэ илъэгъуами, гъащIэм гугъу иригъэхьами иращIыкIыфакъым КIунэ. Ар зи фIыгъэри фIыуэ илъагъу лэжьыгъэм зэрыпэрытращи, нобэ къызэрытхэтым хуэдэу жану, набдзэгубдзаплъэу, зэчиифIэу илъэс куэдкIэ Тхьэм игъэпсэу. ФIыуэ илъагъу-

хэмрэ къэзылъагъухэмрэ игъэгуфIэу иджыри илъэс куэдкIэ сценэм итыну сыхуохъуахъуэ!

**ХЬЭМЫКУ Жаннэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*

* * *

ЕджапIэ нэхъыщхьэр къэдухыу республикэм къыщыдгъэзэжам, ЖьакIэмыхъу КIунэ зи къару илъыгъуэ артисткэт. Ноби и зэфIэкIымрэ и Iэзагъымрэ хигъэхъуа мыхъумэ, зымащIэкIи и лэжьыгъэм кIэрыхуакъым.

КIунэ роль хьэлэмэт Iэджэ игъэзэщIащ. IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым щищIа ролым фIэкIа нэгъуэщI лэжьыгъэ имыIами, ар адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыхэнэн хуейуэ къызолъытэ. ЖьакIэмыхъур усэрэ пычыгъуэу къызэджам хуэдиз, си гугъэмкIэ, театрым щылажьэ псоми зэхэту яхужыIэну къыщIэкIынкъым. Радиом и фондым абы лэжьыгъэу къыхинам щIэи гъуни яIэкъым. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым нобэр къыздэсым емытIысэхыу, емызэшу КIунэ зэрылажьэр, и къарумрэ и зэфIэкIымрэ мыкIуэщIу театр гъуазджэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуищIыну зэпымыууэ гупыж зэрищIыр.

Егъэлеяуэ акъылышхуэ зыбгъэдэлъ цIыху Iущщ ЖьакIэмыхъур. И ныбжьымрэ и IэщIагъэмрэ яхуэмыфащэу, емыгупсысауэ зы псалъэ жиIэу зэхэпхынукъым. ИтIанэ зэи къысхуэщIэжыркъым спектакль дыджэгуу е репетицэ тщIыуэ ар къыщыкIэрыхуа. Сыт щыгъуи зы сыхьэт е сыхьэт ныкъуэкIэ и пэ иту къокIуэри, щыджэгуну спектаклым зыхуегъэхьэзыр, игъэзэщIэну ролым йогупсыс. КIунэ цIыху зэпIэзэрытщ, зэи зыми зэран хуэхъуркъым. Абы и IуэхущIафэ, и лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэр псоми щапхъэ тхуохъу. Псом хуэмыдэу щIэблэр адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэм дэплъеин хуейуэ къызолъытэ.

КIунэ уи щэхурэ уи дзыхьрэ зэбгъэз хъуну цIыхубзщ. Зэи уиIуэтэжынукъым. ЧэнджэщэгъуфIщ. Мызэ-мытIэу и унагъуэ сыщыхьэщIащ, IэфI дыдэу мэпщафIэ, унэгуащэ гумызагъэщ, цIыху жумартщ, гуапэщ. КъищынэмыщIауэ, анэ губзыгъэщ, анэшхуэ гумащIэщ. И пхъурылъху Айдэмыр цIыкIу адыгэ тхыдэм хегъэгъуазэ.

ЗэрыжаIэщи, нэхъыжьыфI зимыIэм щIэблэ тэмэм иIэкъым. КIунэ и махуэшхуэмкIэ сехъуэхъуну сыхуейщ и щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд илъагъуу, насыпыфIэу, и зэфIэкIымрэ и зэчиймрэ хэмыщIу, театрыр игъэбжьыфIэу иджыри илъэс куэдкIэ ди япэ итыну.

**МЭШЫКЪУЭ Феня,**
*КъБР-м и цIыхубэ артисткэ*

* * *

Республикэм и театр гъуазджэм ЖьакIэмыхъум хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. Ар си щхьэгъусэуи си анэуи спектаклхэм дыщыджэгуащ. НэгъуэщI роль зэмылIэужьыгъуэ куэди зэдэдгъэзэщIащи, жысIэфынущ КIунэ удэлэжьэну зэрыгуапэр, Iэзагъ ин зэрыбгъэдэлъыр. Зи лэжьыгъэр фIы дыдэу зылъагъу икIи зыщIезымыгъэх цIыхущ ар. Къылъыса ролым егугъуу, жэуаплыныгъэшхуэ пылъу егъэзащIэ.

Театрым и лэжьакӀуэхэм ЖьакӀэмыхъур сыт щыгъуи ди щапхъэщ. Илъэс 40 хъуауэ дызэдолажьэри, а зэманым къриубыдэу КӀунэ фӀырэ дахэрэ фӀэкӀа дэтлъэгъуакъым. Тхьэм иригъэфӀакӀуэ, и илъэс бжыгъэ дахэм Тхьэм иджыри къыхупищэ!

**КӀЭМЫРГУЕЙ Валентин,**
*КъБР-м щӀыхь зиӀэ и артист*

* * *

ДызэрыцӀыкӀурэ театрым и лэжьакӀуэ нэхъыфӀхэм я цӀэ къыщитӀуэкӀэ, псом япэу дигу къэкӀыу щытахэм ящыщщ КӀунэ. Адыгэ театрыр ди нэгу къыщӀэзыгъэувэр ТӀыхъужь Алий, ЖьакӀэмыхъу КӀунэ, Къаздэхъу СултӀан сымэт.

Балигъ гъащӀэм сыхыхьэу, артист ӀэщӀагъэр къыхэсхыу театрым сыкъэкӀуа нэужь нэхъ гъунэгъу дызэхуэхъуащ КӀунэрэ сэрэ. Япэу гу зылъыстар ЖьакӀэмыхъур набдзэгубдзаплъэу, гумызагъэу и лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтырщ. Роль щыдгъэзащӀэкӀэ, ди псэлъэкӀэм дагъуэ гуэр иӀэмэ, зыкӀи жагъуэ тщымыхъуу, ди ныкъусаныгъэм КӀунэ гу лъыдигъэтэжырт, чэнджэщ щхьэпэ къыдитырт.

2000 гъэм республикэм Ӏэтауэ щагъэлъэпӀащ ЩоджэнцӀыкӀу Алий къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур. Къэбэрдей усакӀуэшхуэм и тхыгъэхэм ятеухуа литературнэ-макъамэ теплъэгъуэхэр дгъэхьэзыращ, Мысостышхуэ Пщызэбий игъэуввауэ. Абы щыгъуэщ япэ дыдэу КӀунэ сыщрихьэлӀауэ щытар. А Ӏуэхум хыхьэу «Мадинэ» поэмэм къытращӀыкӀа теплъэгъуэм дыщыджэгурт, усэ дыкъеджэрт, уэрэд жытӀэрт. Абы щыщӀэдзауэ КӀунэ и гулъытэ дыщымыщӀэу, и ӀэщӀагъэр, и лэжьыгъэр и псэм зэрыхэлъыр Ӏупщӏу дызэдолажьэ. ЖыпӀэнуракъэ, театрым щылажьэ дэтхэнэ зыри КӀунэ и гъащӀэм щыщ Ӏыхьэ дызэрыхъуар къыдегъащӀэ.

КъыкӀэлъыкӀуэу делэжьауэ щытащ «Анэр нэм хуэдэщ» спектаклым. Илъэс зыбжанэкӀэ ар дгъэлъэгъуащ щӀэупщӀэшхуэ иӀэу. Ар зауэм теухуа узыгъэгумэщӀ спектакль гъэщӀэгъуэнт. Абы КӀунэ щигъэзэщӀащ бын зэхэгъэж зымыщӀ анэ гумащӀэм и роль гукъинэжыр икӀи а образыр ЖьакӀэмыхъум дахэу къехъулӀащ. ГъащӀэми цӀыхуми лъагъуныгъэшхуэ хуимыӀэу щытамэ, ар ӀэщӀагъэм ирилэжьэфыну, гум, псэм дыхьэ ролхэр, образхэр къигъэщӀыфыну фӀэщщӀыгъуейт. Апхуэдэуи «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклми гукъинэжу дыщызэдэджэгуащ.

КӀунэ адыгэ хабзэм и фащэщ, адыгэ театрым ди напэщ, ди набдзэщ. Аращи, театр гъуазджэм абы хуищӀа хэлъхьэныгъэр къызыгурыӀуэнрэ зыхэзыщӀэнрэ Тхьэм дищӀ.

**ХЬЭМЫРЗЭ Ахьмэд,**
*Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист*

* * *

Ростов дэт театр училищэр къиухыу адыгэ труппэм зэрыхыхьэрэ ЖьакӀэмыхъу КӀунэ Хьэжбарэ и пхъум лъэпкъ театрым и сценэм адыгэ, классикэ, иджырей урыс, советскэ, хамэ къэрал драматургием щыщ пьесэхэм къытращӀыкӀа спектаклхэм зыкӀи зэмыщхь роль куэд щигъэзэщӀащ.

КӀунэ и гъуазджэр лъэныкъуэ куэдкӀэ зэтопщӀыкӀ. Абы и творческэ хъэтӀым щэху куэд хэлъщ, и дэтхэнэ образри художествэ

и лъэныкъуэкIэ нэщIыса ищIу. Абы макъ дахэ иIэщ. Аращ и псэлъэкIэр гъэхуа зыщIыр, актрисэр зэрыхуа щытыкIэр и макъымкIи къыщIигъэлъэгъуэфыр.

Сыт хуэдэ сэфэтми гугъу демыхьу ихьэф актрисэм театреплъхэм шэч къытрамыхьэжу я фIэщ ещIыф ар щыджэгу сценэр гъащIэм къыщыхьуу. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, апхуэдэу дахэу игъэзэщIа ролхэщ Островский Александр и «Горячее сердце», «Поздняя любовь» пьесэхэм хэтхэу Парашэрэ Людмилэрэ, Вольтер Франсуа-Мари и «Магомед» пьесэм хэт Пальмирэ, Айтматов Чингиз и «Материнское поле» пьесэм хэт Алиман, Шолохов Михаил и «Поднятая целина» пьесэм хэт Лушкэ, нэгъуэщIхэри.

Образым щелэжькIэ КIунэ къигъэсэбэп Iэмалхэр хуабжьу зэмылIэужьыгъуэщ, абы къыдэкIуэуи зэчийкIэ гъэнщIащ. Абы и творчествэр адрейхэм къащхьэщызыгъэкIыр и репертуарыр жанркIи, зытеухуа IуэхугъуэкIи зэрызэмыщхьырщ. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ абы и ехъулIэныгъэ нэхъыфIхэр къызыпэкIуар иджырей урыс драматургием хэт образхэр зэрыарар.

Иджыпсту КIунэ адыгэ драмэ театрым и труппэм хэтхэм ящыщу нэхъыфIу ялъагъухэм хабжэ. Абы и гъуазджэр зыхуэдэ щыIэкъым. Си фIэщ мэхъу абы къеплъыну къакIуэхэр иджыри мызэ-мытIэу зэригъэгуфIэнур.

**ЧЕРКАССКИЙ Эмиль,**
*театр критик*

* * *

ЖьакIэмыхъу КIунэ зэчиишхуэ бгъэдэлъу Тхьэм къигъэщIа актрисэщ. Театрым и сценэм къыхуалъхуауэ фIэкIа къысщыхьуркъым ар. ЦIыхум зэрепсэлъэн бзэ дахэ зиIэ, гуапагъ зыбгъэдэлъ КIунэ псом хуэмыдэу къехъулIэр трагедие ролхэрщ. МащIэщ зи нэпсхэр зыхуэубыдыр ар сценэм щитым деж.

IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм апхуэдэу екIуу роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIэн нэгъуэщI бзылъхугъэ къэгъуэтыгъуейт. А образымкIэ КIунэ къигъэуIэбжьат москва театреплъхэр, критикхэр, литературоведхэр.

**ЕФЭНДЫ Джылахъстэн,**
*РСФСР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

* * *

ЖьакIэмыхъу КIунэ си дежкIэ, япэрауэ, анэ гумащIэщ, цIыху зэпIэзэрытщ, гулъытэшхуэ зыхэлъ унэгуащэщ. Сытым дежи щIэ гуэр къызэрищIэным хущIэкъуу, а зригъэщIамкIэ къыбдэгуашэу апхуэдэщ.

Утыкум диту дыщызэдэлажьэкIэ, ди зэхуаку дэлъыр адрей ди лэжьэгъухэм дэрэ ди зэхущытыкIэм хуэдэщ. Уеблэмэ, мамэ жызмыIэу КIунэкIэ сыщеджэ къохъу. Удэлэжьэну тынш дыдэщ, и гъусэу сценэм удитыну гугъэпсэхущ.

Дэтхэнэми и къалэныр нэгъэсауэ зэрагъэзэщIэным иужь итщ актерхэр. Мамэ сэрэ щхьэж и щхьэм щхьэкIэ дызэрыпIейтейм хуэдэу, зыр зым дыхуогузавэ. Мис а зымкIэ къыщIэкIынщ дызэрызэанэзэпхъур лэжьапIэм дыщыщыIэм деж къызэрыдгъэлъагъуэр. Куэдрэ къохъу дгъэзащIэ роль елъытакIэ дыщызэпэщIэувэ, мыхъумыщIэ гуэрхэр щызэтпэс. Зэанэзэпхъуу дыкъэзыщIэхэм ар

ягу зэрыримыхьыр къыщыджаIэ щыIэщ, ауэ апхуэдэхэм ящIэну сыхуейт ар ди лэжьыгъэу зэрыщытыр, сценэм щыдгъэлъагъуэ къудей мыхъумэ, апхуэдэ хьэл зэрытхэмылъыр.

Зы унэ дыщыщIэскIэ, абы и жьауэм сыщIэту сыкъыщыхъуакIэ, дауи, мамэ срещхьщ, ди Iуэху еплъыкIэхэри, гупсысэкIэхэри щызэтехуэр нэхъыбэщ. Сыт щхьэкIэ? Си анэр иужь итщ ди гъащIэм къыхыхьэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэщ1эри къызэрищтэным, абы зэрызыдригъэкIуным. Абы къыхэкIкIэ, анэ къудей мыхъуу, икIи си ныбжьэгъуу жыпIэ хъунущ ар.

Мамэ дэтхэнэми зэрепсэлъэн бзэ къегъуэтыф, чэнджэщкIэ псоми ядогуэшэф. Уеблэмэ, сэ сфIэгъэщIэгъуэнщ иджыпсту иригъаджэ цIыкIухэм зэрахущытыр. Актер Iэзагъым зэрыхуигъасэм нэмыщI, абыхэм сыт хуэдэ упщIэ яIэми мамэ деж къопсалъэхэр, къочэнджэщхэр. Езыми фIэфI дыдэщ а цIыкIухэм ядэIэпыкъуну, лъагъуэ пэжым тригъэувэну, иущиину.

**МЫСОСТЫШХУЭ Маринэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист,*
*Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ*

* * *

ЗыкIи егъэлея хъунукъым, ЖьакIэмыхъу Хьэжбарэ ипхъу КIунэ ди театрым зэрыщылажьэм хуабжьу дызэрыригушхуэр жысIэмэ. КIунэ сыт хуэдэ ролри екIуу, къызыхуэтыншэу зыгъэзэщIэф актрисэщ. Абы къохъулIэ комедиери, драмэри, трагедиери. А жанр псоми зэрыщыпашэр утыкум щигъэлъэгъуэну хунэсащ зи гугъу тщIы бзылъхугъэр.



Апхуэдэ зэфIэкI зиIэ лэжьэгъум дауэ уримыгушхуэнрэ?! Актерыр цIыхубэм яцIыхун хуейщ, фIыуэ ялъагъупхъэщ. Укъамыщ1ыхумэ, фIыуи укъалъагъунукъым. ЖьакIэмыхъу КIунэ адыгэ лъэпкъым фIы дыдэу илъагъу, театрым и актер нэхъ жыджэр дыдэщ. КIунэ сыт хуэдэ ролри егъэзэщIэф, мыхьэнэншэу къилъытэу, зыри IуигъэкIуэтыркъым. Мис ар и хьэл нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ.

Гурэ псэкIэ зи IэщIагъэр къыхэзыха цIыхурщ ЖьакIэмыхъу КIунэ хуэдэу лэжьэфынур.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,**
*УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист*

* * *

Бзэр щтаучщи, псалъэр мафIэчщ жыхуаIэраци, ЖьакIэмыхъу КIунэ хуэстхауэ щытахэм къыпызоцэ. Темыркъан Людмилэ зи унафэщI, сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэ езанэ еджапIэм КIунэрэ сэрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ дыщызэдолажьэ. Уасэ зимыIэ дерсхэр ярниту, ЖьакIэмыхъур сабийхэм яхэтщ. КIунэ игъэлажьэ театр къудамэм артист IэщIагъэм и щэхухэм цIыкIухэр щыхуегъасэ. ГъэщIэгъуэныщэщ КIунэ зэрылажьэм укIэлъыплъыну. Гухэхъуэщ. Анэдэлъхубзэм и IэфIыпIэр нэхъри зыхыуегъащIэ. Сабийхэр игъэджэгум-игъэджэгуурэ, езыри образым йохьэри, нэкIущхьэплъ къэхъуауэ, КIунэ и театрым щIедзэ… Зэм Бадзэ-Цокотухэу мэджэгу, зэм Аргъуейщ, зэм ШыкъумцIийщ, зэм нарт лIыхъужьщ, зэм Пушкин Александр е Лермонтов Михаил я усэхэм къоджэ, зэми зауэ лыгъейм пхыкIа зауэлIщ. Дэтхэнэм и цIэр къипIуэн. ГъэщIэгъуэнракъэ, ешкъым щылажьэкIэ, сыхьэт бжы-

гъэм зыдищIыркъым, зэманым езым зыкъыдещI армыхъумэ. Псалъэхэр зырызыххэу «игъэнышкIуурэ» сабийхэм яжьэделъхьэ. КIунэ щылажьэкIэ, и адыгэбзэри урысыбзэри зэхуэдэщ. ТIури фIы дыдэу къегъэIурыщIэ. Зэзэмызэ сыкъыщыгузавэ щыIэщ, ярэби, мы КIунэ и зэчий лъагащэр цIыкIухэм яхуэIэтыну пIэрэ, жысIэу. Сегупсысын сымыух щIыкIэ, цIырушыру жаIэу цIыкIухэм я макъ жыгъырухэр къызэрошажьэ, джэдкъуртым и джабэ хуабэм къыкIэщIэпщхэу дыгъэпсым къыхэлъэда джэджьейуэ. Зы удзыпэ цIыкIу зэпаубыда хуэдэу, зым и псалъэр адрейм къыIэпех. МэпкIатэ-мэлъатэ, дуней гуфIэгъуэр яIэу мэджэгу.

«ЩIэныгъэр лъащIэншэщ, гъэсэныгъэр пIалъэншэщ» жиIакъэ адыгэм. Сыту куэдыщэ пхуэщIэну, сабий гъэсэным, егъэджэным ЖьакIэмыхъум хуэдэу убгъэдыхьэмэ. Игъэхьэзыр теплъэгъуэхэм макъамэ щIэтын хуейми, артист ныбжьыщIэхэр хуэпэн хуейми, КIунэ гулъытэ зыхуимыщIу зыри къигъанэркъым. Къуажэ пхыдза нэгъунэхэм къыхураш абы сабий. Адэ-анэ псоми ди бынгр артист тхуэфщI, жаIэу къытхуашэркъым. Хэт езым и щIалэгъуэм зэхъуапсэу щытауэ къемыхъулIахэр и сабийм хилъхьэну хэтщ, языныкъуэ цIыкIухэр джэгуну, зыкъагъэлъэгъуэну хуоIэ. ЖыпIэнурамэ, наIуэу зэчий зыбгъэдэлъ куэд яхэтщ абыхэм. ЦIыхухэм яхыхьамэ запIытI-захузу щымытын щхьэкIэ къагъакIуэхэри щыIэщ. Я сабийр езыгъэджэнур ЖьакIэмыхъу КIунэу зэрыщыт къудейм щхьэкIи куэдым я бынир къашэ мы еджапIэм. Шэч хэмылъу, ЖьакIэмыхъум уригъэджэну насыпышхуэщ. Ар ящыщщ псалъэм макъами сурэти щIэзылъхьэфхэм, хуабагъэ хэзылъхьэфхэм, плъыфэ къыщIэзыгъэлъэдэфхэм.

УтетхыхькIи утепсэлъыхькIи мащIэу къыпщыхъу КIунэщ ди КIунэ. Ди гугъэщ ар зыхэт спектаклхэр дискхэм тету зэхуэтхьэсыжыну, сабийхэм архив яхузэдгъэпэщыну. Езы КIунэ сабийхэм зэрадэлажьэ щIыкIэхэми и методикэми видеокамерэкIэ тетхыурэ дгъэтIылъынущ.

Тхьэм ди япэ куэдрэ уригъэт, КIунэ. Уи пшыхь екIуэкIыу укъызэджауэ щыта си усэм хэт псалъэхэр илъэс къэс Тхьэм къыплъигъэс:

*Ей, гъуэрыгъуэ шэнту ди гъащIэ,*
*ЩIэфиихьыжу жыгъэр къэзыхь,*
*СыщIумыгъаплъэу нобэ уи лъащIэ,*
*Мы дунеижьым къыщызгъэкIухь.*

**ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли,**
*усакIуэ*

* * *

Искусствэм зи гур хуитхьэщIыкIахэм ящыщ къудей мыхъуу, я нэхъ пажэ закъуэтIакъуэхэм яхохьэ адыгэ сценэр куэд щIауэ зыгъэбжьыфIэ, зэрылъэпкъыу фIыуэ къацIыху, къалъагъу ЖьакIэмыхъу КIунэ.

Гугъущ КIунэ и IуэхущIафэхэм кIэщIу утепсэлъыхьыныр, сыту жыпIэмэ, ар иным къыщынэжкъым – абрагъуэщ. КъеббжэкIыни ущIыщытхъуни и гъунэжщ КIунэ, спектакль мащIэм щыджэгуа, роль мащIэ игъэзэщIа, ари, и нэхъыбэм роль нэхъыщхьэ защIэу, къарууи-псэрууи уиIэр зэхьэлIэн хуей ролхэу. ЩыIэщ дэтхэнэ амплуами хъарзынэу изагъэ, сыт хуэдэ образми тыншу ихьэф актерхэр. Мис апхуэдэхэм ящыщщ ЖьакIэмыхъу КIуни. Пэжщ, КIунэ

«трагик» амплуам къыхуигъэщIауэ жыпIэ хъунущ, абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэри гъунэжщ, ауэ... Ауэ дигу къэдвгъэгъэкIыжыт ар щыджэгуа комедие къомыр, хьэлэмэтыщэу игъэзэщIа роль дыхьэшхэнхэр: «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», «Гуащэ ябгэ», «Гуащэмыдэхьэблэ», «ГушыIэ махуэ апщий!», нэгъуэщIхэри, нэгъуэщIхэри. Мыбыхэм КIунэ наIуэ къыщищIащ, драмэр, трагедиер зэрызыхищIэм ещхьыркъабзэу, гушыIэри нэгъэсауэ къызэрыгурыIуэр, дыхьэшхэну, абы щыгъуэми эстетикэм и хабзэхэм ящхьэпрымыбэкъукIыу цIыхум зэрабгъэдилъхьэфыр.

КIунэ псом хуэмыдэжу къохъулIэ гупсысэ куухэр, узыгъэпIейтей, укъызэщIэзыIэтэ гурыщIэ инхэр къэгъэлъэгъуэн щыхуей ролхэр, спектаклхэр. Ар ящыщкъым, я натIэ ирагъэкIын щхьэкIэ, къиджэгун хуей тIэкIур къиджэгуу сценэм къикIыжхэм. Абы фIы дыдэу ещIэ: гум къыбгъэдэмыкIыр гум нэсынукъым, зумыгъэлIалIэу, къыпфIэмыIуэхуу, уигу хэмыхьэу сценэм уиту зыбжанэрэ укъалъагъумэ, щIэх дыдэу театракIуэхэр ппыIукIуэтынущ.

КIунэ ящыщщ адыгэ сценэбзэм иIэн хуей культурэ лъагэм хущIэкъухэм, абыкIэ щапхъэ зытепх хъунухэм.

**IУТIЫЖ Борис,**
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ,*
*УФ-м культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

* * *

ЖьакIэмыхъу КIунэ и лэжьыгъэкIи, и дуней тетыкIэкIи щапхъэ зытепх хъун цIыхущ. АпхуэдизкIэ гумызагъэщи, езым и ролыр нэхъыфI зэрыхъунум и закъуэкъым зэгупсысыр, атIэ сценэм къыдитхэми я джэгукIэм кIэлъоплъ, гу нэхъ зылъатэн хуей щIыпIэхэр яригъэлъагъужу.



Сэ сытым дежи жысIэрт: адыгэбзэр зищIысыр къэпщIэну ухуеймэ, КIунэрэ Пщызэбийрэ я псэлъэкIэм едаIуэ. А тIум хуабжьу дригушхуэрт дэ. Нобэ ахэр зэкIэрыхуами, КIунэ и лъэр щIэхуакъым. Ар къытхэтщ лэжьыгъэм хуэжыджэру, и адыгэбзэ шэрыуэр игъэбзэрабзэу, и чэнджэщ IущхэмкIэ къыддэгуашэу. Сохъуэхъу иджыри куэдрэ къытхэтыну, спектакль гъэщIэгъуэнхэм дыщызэдэджэгуну. Мы усэ кIэщI цIыкIури КIунэ хузотх:

АКТРИСЭМ ДЕЖ

*Ди Тхьэшхуэм сощIэр и захуагъэр,*
*Зым хуэзэу псори иримыт.*
*Акъыл хэт щощIэ, хэт дахагъэ,*
*Зэчий е пщIэ хэт имыгъуэт.*

*Уэ сыпхуэзэхукIэ, а гупсысэм*
*КъыщIокIыр сэ сыщигъэуа,*
*Е укъэсцIыхури, мы си псэм*
*НэгъуэщI пэжыгъэ къихута?*

*ЩыIэщ насыпкIэ зыхуэхъуапсэу,*
*Дэ ди Тхьэм фIыгъуэ зыхуищIа:*
*«Вагъуэщ» щIыжаIэм и зы хъуаскIэ*
*ЖьакIэмыхъу КIунэ химына.*

**КЪЭЖЭР Борис,**
*КъБР-м и цIыхубэ артист*

# УЭРЭДЫМРЭ КЪАФЭМКIЭ ЩIАЛЭГЪУАЛЭ ТЕАТР

ЩIалэгъуэр гъащIэм и щIэрэщIэгъуэщ. Абы и Iэпэгъущ дахагъэр, гуапагъэр, къабзагъэр, лъагъуныгъэр... А лъапIэныгъэхэр гущIэм къиIукIыу дунейм къытезыгъэхьэ икIи гъащIэм хэзыгъэшыпсыхь Iэмал телъыджэхэм ящыщщ макъамэр, уэрэдыр, къафэр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Амикс» театрым и лэжьыгъэм ищхьэкIэ къедбжэкIа псори къыщызэщIэкъуащ.

2001 гъэм КъБКъУ-м эстетикэ гъэсэныгъэмрэ художественнэ творчествэмкIэ и Центрым Къул Амир и унафэщIу къыщызэрагъэпэщауэ щытащ уэрэд жыIэнымкIэ студиер. 2003 гъэм ар уэрэдымкIэ театр хъуащ, «Амикс» фIэщыгъэри игъуэтащ.

Къул Амир къызэрыхигъэщымкIэ, «Амикс» («Амир и команда студентов») гупым и тхыдэр 2004 гъэм къыщожьэ. Ар япэ дыдэ зыдэлэжьэн щIидзар ныбжьыщIэхэм гъуазджэмкIэ я еджапIэм къыздриша школакIуэ цIыкIухэрщ. Я япэ концертыр утыку кърахьэн папщIэ, гупым и унафэщIыми абы хэт уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэхэми гугъуехь куэд къызэранэкIын хуей хъуащ.

А гъэ дыдэм КъБКъУ-м теплъэгъуэ гуэр щагъэхьэзыру, Къул Амир ираджауэ щытащ икIи нэхъапэм зытемыгушхуа IэнатIэм (университетым щеджэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэным) еувалIэри, абы къызэригъэпэща гупыр КъБКъУ-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и театр хъуащ.

«Амикс»-м япэ лъэбакъуэхэр егъэчынымкIэ Къул Амир и гуращэхэр даIыгъащ, куэдкIи щIэгъэкъуэн къыхуэхъуащ Сыжажэ ФатIимэ, Хъусинхэ Анзоррэ Аскэррэ, Аттаев Азнор, Будаевэ Иринэ, Хэжь Тимур, Хьэмырзэ Азэмэт, ЛIуп Руслан сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр зыхуеджэ IэщIагъэкIэ гъуазджэм пэжыжьэми (хэт филологыу, хэт инженеру, хэти математикыу еджэхэрт), языхэзми уэрэдымрэ къафэмрэ зэрыхэзэгъэн зэчий ябгъэдэлъу къыщIэкIащ. ИужькIэ «Амикс»-м ныбжькIэ зэхуэмыдэу щIалэгъуалэ куэд (школакIуэхэри, студентхэри, абыхэм нэхърэ нэхъыжьыIуэхэри) къыхыхьэу хуежьащ икIи «уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ унагъуэшхуэу» бэгъуащ. Гупым хэтхэр лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къазэрыхэкIам, бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэраIурылъым и фIыгъэкIэ абы и репертуарми зиубгъуащ. Къул Амир къызэрыхигъэщымкIэ, иужьрей лъэхъэнэм «Амикс»-р кIуэ пэтми уэрэдус, макъамэтх цIэрыIуэхэм ядэлажьэ, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр нэхъыбэрэ дзыхь къыхуащI мэхъу. Шэч хэмылъу, ар щыхьэт тохъуэ артист ныбжьыщIэхэм я зэчийр зэрылъагэм, я творческэ зэфIэкIыр зэрыиным. «Амикс»-м игъэзащIэ уэрэдхэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ усакIуэ, уэрэдус цIэрыIуэхэу Къардэн Хьэсэн, Тхьэбысым Умар, Вындыжь Марие, IутIыж Борис, Гъубжокъуэ Лиуан, Къаныкъуэ Заринэ, Лий Аслъэн, Къул Амир, Зумакуловэ Танзиля, Созаев Ахъмэт сымэ, нэгъуэщIхэми.

«Амикс»-м и репертуарым хэтщ бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ ягъэзащIэ лирикэ, эстраднэ уэрэдхэри, хэкур фIыуэ лъагъуным, зауэм, мамы-

рыгъэм теухуахэри, къагъэщIэрэщIэжауэ, нобэрей зэманым нэхъ хэзагъэу макъамэ хуатхыжауэ жаIэ уэрэдыжьхэри, щIалэгъуалэр нэхъ дэзыхьэх уэрэд псынщIэхэри, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм я композицэхэри, нэгъуэщI куэди. Абыхэм ящыщу языныкъуэхэр теплъэгъуэ цIыкIуу щагъэуври машIэкъым.

Гупым и къызэгъэпэщакIуэхэм, унафэщIхэмрэ абы хэт уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэхэмрэ езыхэм къызэралъытэмкIэ, «Амикс»-м и къежьапIэр уэрэдрэ къафэу зэхэлъу (мюзиклу) ягъэуvауэ щыта «Лъагъуныгъэшхуэм теухуа хъыбар цIыкIухэр» («Маленькие истории большой любви») зыфIаща теплъэгъуэрщ. Абы зы купщIэрэ зы композицэ къуэпскIэ зэпхауэ адыгэ уэрэд тIощI къызэщIиубыдэрт. ПIалъэ дэкIри, абы къыкIэлъыкIуащ «Лъагъуныгъэшхуэм теухуа хъыбар цIыкIухэр-2» («Маленькие истории большой любви-2») фIэщыгъэр зыгъуэта альбомыр. Адыгэ уэрэдхэм ямызакъуэу, абы хыхьащ балъкъэрыбзэкIи урысыбзэкIи ягъэзащIэхэр. Куэд дэмыкIыу «Амикс»-м иджыри и зы альбом дунейм къытехьащ, апхуэдэуи «Къуажэм и зы пщыхьэщхьэ цIыкIу» («Сельский вечерок»), «Клуб къафэхэр» («Клубная дискотека») зыфIаща теплъэгъуэхэр ягъэуври, ахэр ягъэлъагъуэурэ, ди республикэри Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэри къызэхакIухьауэ щыташ. КъищынэмыщIауи, цIэрыIуэ хъуащ Хэку зауэшхуэм теухуа уэрэдхэр къыщызэщIэкъуа, теплъэгъуэу ягъэува «Берлин кIуэ гъуэгуанэ» («Дорога в Берлин»), «Зауэм и гъуэгухэмкIэ» («По дорогам войны») программэхэр.





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* уэрэджыIакIуэхэу Хъусин Анзор, Холамханов Къайсын, ЦокIыл Азэмэт сымэ

«Амикс»-р япэу цIыхубэм зэрахыхьар, нэхъыбэу къызэрацIыхуар абы и солистхэу ЦокIыл Азэмэт, Хъусин Анзор, Холамханов Къайсын сымэ бзищкIэ (адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ)

жаIауэ икIи теплъэгъуэ цIыкIуу ягъэуvауэ щыта «Ди гуфIэгъуэ махуэщ» («Праздничная») композицэрщ. Абы къыкIэлъыкIуэу нэхъ цIэрыIуэ хъуахэм ящыщщ Къаныкъуэ Заринэ и псалъэхэмрэ Къул Амир и макъамэмрэ щызэщIэлъу ЦокIыл Азэмэт игъэзэщIа «Сэтэней» уэрэдыр.

«Амикс» гупым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм, абы и лэжьыгъэр зэтеувэным хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIахэм ящыщщ уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэхэу ЦокIылхэ Азэмэтрэ Салимэрэ, Хъусин Анзор, Чэрты Джэмбулэт, Холамханов Къайсын, Жаникаев Эльдар, КIуантIэ Аленэ, Таз Оксанэ сымэ, нэгъуэщI куэди. ИщхьэкIэ зи цIэ къитIуахэм нэмыщI, Къул Амир и гъукIэгъэсэнхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ хъуащ Апэнэс Астемыррэ Теунэ Джэмалрэ. Абыхэм я еджэнымрэ творческэ гъуэгуанэмрэ ди къэралым и къалащхьэм щыпащащ, ехъулIэныгъэхэри яIэу абы щолажьэ.

«Амикс»-р республикэпсо, къэралпсо конкурсхэм я лауреат мызэ-мытIэу хъуащ, дипломрэ щIыхь тхылъу плIыщIым щIигъу къыхуагъэфэщащ. Абыхэм яхэтщ КъБР-м и Правительствэм, Налшык къалэ администрацэм, Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм къабгъэдэкIа фIыщIэ, щIыхь тхылъхэмрэ дипломхэмрэ. ЩIыналъэм и щэнхабзэм зегъэужьыным зэрытелажьэр къалъытэри, «Амикс»-м 2005 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и цIыхубэ театр» цIэ лъапIэр къыфIащащ. 2013 гъэм гупым и солист пажэ ЦокIыл Азэмэт «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист» цIэр къыхуагъэфэщащ.

2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр илъэс 80 щрикъур гъэлъэпIэным «Амикс» гупми абы и унафэщIхэми псэемыблэжу я гуащIэ ирахьэлIащ. Абы щагъэзэщIащ уэрэдыжьхэри, Хэку зауэшхуэм теухуахэри, иджырей зэманым пэджэжхэри, лирикэ уэрэдхэри. А Iуэхугъуэр сэбэп хъуащ Къул Амир и лэжьыгъэм хуэфащэ гулъытэ игъуэтынымкIэ икIи лъэпкъ щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, абы «Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

«Амикс»-м ди къэралым и щIыпIэ куэдым, Мэзкуу дэт университетхэм, хамэ къэрал зыбжанэм зыкъыщигъэлъэгъуащ. 2005 гъэм ар хэтащ Тэн Iуфэ Iус Ростов щекIуэкIа «Бжьыхьэ дыщафэ» студент фестивалым. Абы япэу щагъэIуауэ щытащ IутIыж Борис и псалъэхэр зыщIэлъ «Ди гуфIэгъуэ махуэщ» уэрэдыр.

«Амикс»-м и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы 2006 гъэм Китайм и къалащхьэ Пекинрэ а къэралым и нэгъуэщI къалэ зыбжанэмрэ зыкъызэрыщигъэлъэгъуар. А гъэ дыдэм гупым и солист Холамханов Къайсын тыркубзэхэм ирипсалъэхэм я «Уралмоно» дунейпсо зэхьэзэхуэ-фестивалу Башкортостаным и Уфа къалэм щекIуэкIам ди республикэм и цIэкIэ хэтащ, икIи зэуэ нагъыщитI – «Фестивалеплъхэм я саугъэтымрэ» «Лъэпкъ хабзэхэмрэ нэщэнэхэмрэ хъумэнымкIэ» дипломымрэ къыхуагъэфэщауи къигъэзэжащ.

2007 гъэм «Амикс»-м и солист пажэ ЦокIыл Азэмэти Новороссийск къалэм щекIуэкIа «Морской узел» зэхьэзэхуэ-фестивалым ехъулIэныгъэфIхэр щиIащ.

2008 гъэм «Амикс»-р Къэзан щекIуэкIа щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я еплIанэ зэхуэсым хэтащ. КъыкIэлъыкIуэ 2009 гъэр гупым хэтхэм гукъинэж ящыхъуащ Мэзкуу къэрал университетым

зыкъызэрыщагъэлъэгъуамкIэ. А зэIущIэшхуэм кърихьэлIат нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къыхэкIа щIалэгъуалэхэр.

А гъэ дыдэм «Амикс»-м игъэдэхащ усакIуэ Къэшэж Иннэ и фэеплъу Мэзкуу щекIуэкIа пшыхьри, «Кавказыр псоми ди зэхуэдэ унэщ» фестивалри. 2009 гъэм и кIэухыр гупыр илъэситху зэрырикъуам и щIыхькIэ къызэрагъэпэща концертышхуэкIэ зэхуащIыжащ. ЩIалэгъуалэм я гъэсэныгъэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ зэрытелажьэр къалъытэри, а пшыхьым Къул Амир Налшык къалэ Администрацэм и щIыхь тхылъыр къыщыхуагъэфэщащ.

2010 гъэм, «Амикс»-м и зэфIэкIхэр кIуэ пэтми нэхъ лъагэ зэрыхъум и щыхьэту, абы къыхэжаныкIа солистхэу ЦокIыл Азэмэт, Хъусин Анзор, Холамханов Къайсын сымэ щхьэзакъуэ концертхэр ятащ, ЦокIылым ар и етIуанэ пшыхьт.

ЦокIыл Азэмэт сабий ныбжьым зэритрэ уэрэд жыIэнымрэ сурэт щIынымрэ дихьэхырт. Къуажэ еджапIэр къиухыу КъБКъУ-м и инженер-техникэ къудамэм щIэтIысхьа нэужь, етIуанэ гъэ еджэгъуэм хэсу «Амикс»-м хыхьауэ щытащ. ИужькIэ ар гупым и пашэхэм ящыщ хъуащ, и уэрэдхэри, республикэм щигъэлъагъуэ концертхэри цIыхубэм гунэс ящыхъуащ. Азэмэт и япэ щхьэзакъуэ концертыр езыр къыщыхъуа Къугъуэлъкъуей жылэм щитащ, етIуанэр Налшык щигъэлъэгъуащ. ЦокIыл Азэмэт и репертуарми кIуэ пэтми зеубгъу, абы уэрэдыщIэхэр къыхохьэ, ауэ уэрэдыжьхэр къэгъэщIэрэщIэжын Iуэхуми и гуащIэ хелъхьэ, ахэр нобэрей зэманым къегъэкIуауэ егъэзащIэ.



Хъусин Анзор зэрысабийрэ, интернат-еджапIэм зэрыщIэсрэ, Къул Амир дэлэжьащ, ар къиуха нэужьи Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым Батыр Мухьэдин и деж щеджащ. ДэнэкIэ щымыIами, Анзор «Амикс»-р зэи IэщIыб ищIакъым, нобэкIи абы хэт ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэнымкIэ Къулхэ Амиррэ Ланэрэ ядоIэпыкъу. 2010 гъэм Хъусиным «Уэрэдыр си Iэпэгъуу» («С песней по жизни») зыфIища щхьэзакъуэ концертыр Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щитащ.

«Амикс»-м и солист пажэхэу ЦокIыл Азэмэтрэ Хъусин Анзоррэ я цIэ къыщраIуэкIэ, абыхэм сыт щыгъуи къыбгъурагъэувэ хабзэщ Холамханов Къайсын. Курыт еджапIэр къиуха нэужь абы Къул Амир дэлэжьэн щIидзащ, иужькIэ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым щеджэми, «Амикс»-м хэтын къигъэнакъым. Абы къыдэкIуэуи, Къайсын щеджа институтым и хорым хэтащ, Налшык дэт МузыкэмкIэ къэрал театрым и солист хъуащ. 2010 гъэм, накъыгъэм и 28-м Къайсын «Я сердцем пою для Вас» зыфIища щхьэзакъуэ концертыр Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щитащ.

«Амикс» гупым и зыужьыныгъэр зэи къызэтеувыIэркъым: пIалъэ щIагъуэ дэмыкIыу абы къыхохьэ зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр. 2011 гъэм къыхыхьахэр япэу утыку ихьат «Ныбжьэгъум и псалъэ» уэрэдымкIэ. ИужькIэ ар «9 волна» макъамэ телеканалым цIэрыIуэ щыхъуащ.

2013 гъэм «Амикс» гупым и зэфIэкIыщIэ утыку кърихьащ. Абы хэтхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и телевиденэм щрагъэкIуэкIыу щIадзат «Псэм дыхьэ псалъэмакъ» («Разговор по душам») нэтыныр. Абы кърагъэблагъэрт гъуазджэмрэ щэн-

хабзэмрэ я лэжьакIуэ пэрытхэр, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэр икIи абыхэм я гъащIэмрэ я гуращэхэмрэ зэIухауэ трагъэпсэлъыхьырт.

Нэгъабэ Германием и къалащхьэ Берлин щекIуэкIа «Шэрджэс щэнхабзэм и махуэхэм» «Амикс»-м екIуу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Апхуэдэуи, иджыблагъэ Тэн Iуфэ Iус Ростов къыщызэрагъэпэща «Бжьыхьэ дыщафэ» щIалэгъуалэ фестивалым гупым япэ увыпIэр къыщихьащ.



«Амикс» щIалэгъуалэ театрым хэтхэр

2014 гъэм «Амикс» театрыр илъэси 10 ирикъуащ. Абы и щIыхькIэ зэхаша пшыхьым япэ лъэбакъуэхэр щачащ Къул Амир и гъэсэн нэхъ цIыкIу дыдэхэм – «Амиксики» зыфIаща гупым. Пшыхьым кърихьэлIахэм гунэс ящыхъуащ гуп нэхъыщIэм утыку кърихьа уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ.

«Амикс» театрым хэтхэм я бжыгъэр цIыху 30-35-рэ хъу хабзэщ. Абы къегъэщIылIауэ лажьэ, зэчий зыбгъэдэлъ сабийхэм я лицеймрэ уэрэд жыIэнымкIэ студиемрэ къекIуалIэ ныбжьыщIэхэм я бжыгъэри хэплъхьэжмэ, цIыху 70-м ноблагъэ. А псори зэгурызыгъаIуэу, я гукъеуи я гуфIэгъуи зэхащIыкIыфу, адэ-анэ яхуэхъуауэ гупым ящхьэщытщ Къул Амиррэ абы и щхьэгъусэ, уэрэд жыIэнымкIэ студием и унафэщI Къул Ланэрэ. Зэщхьэгъусэхэм «Амикс»-р я ещанэ быну ялъытэ. Абыхэм я хъыджэбзитIыми – Дайанэрэ Дисанэрэ – гупым уэрэд щыжаIэ, къыщофэ.

Уэрэдымрэ къафэмрэ щызэщIэлъ театр теплъэгъуэхэр гъэувынымкIэ «Амикс»-м япэ лъэбакъуэхэр щичым и къару емы-

блэжу дэлэжьащ «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым и солист Бацэ Аскэр. Гупым хэтхэр япэ лъэхъэнэхэм утыку къызэрихьа щыгъынхэр яхуигъэхьэзыращ дизайнер Егужьокъуэ Залинэ. НобэкIэ «Амикс»-м игъэзащIэ къафэ теплъэгъуэхэмрэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэмрэ гъэувынымкIэ Къул зэщхьэгъусэхэм щIэгъэкъуэн къахуохъу Къэнэмэт Аслъэн.

«Амикс» гупым хэтхэр езыхэр «лъэпкъыбэ унагъуэшхуэкIэ» зоджэж. НобэкIэ абы къэбэрдейхэм, балъкъэрхэм, урысхэм, мышкъышхэм къахэкIа щIалэгъуалэм уэрэд щыжаIэ, къыщофэ, теплъэгъуэ зэхуэмыдэхэм зыкъыщагъэлъагъуэ. Къул Амир зэрыжиIэмкIэ, ныбжьыщIэхэм я къафэхэри, зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэри езыхэм ягъэувыж, утыку зэрихьэну щыгъынхэми, абы къыщагъэщIыну образхэми езыхэр кIэлъоплъыж. Языныкъуэхэм макъамэхэри, уэрэдым и псалъэхэри ятх.

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщащи, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Амикс» театрым хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ ди щIыналъэми къэралми я лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я зыужьыныгъэм. Гупым игъэзащIэ уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ куэдым гунэс ящыхъуащ, ар ди щIыналъэми нэгъуэщI щIыпIэхэми щекIуэкI махуэшхуэхэм ирагъэблагъэ. Апхуэдэуи, «Амикс»-р хузэфIэкI псомкIи ядоIэпыкъу Республикэ реабилитационнэ центрым, Нартан, Зеикъуэ, Шэджэм дэт сабий интернатхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэ унагъуэхэм, жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щапIыж унэхэу Налшык дэтхэм.



«Амикс»-м и къызэгъэпэщакIуэхэмрэ и унафэщIхэмрэ фIыщIэ хуащI я гуращэ дахэхэр гъащIэм хэпща хъунымкIэ сыт щыгъуи закъыщIэзыгъэкъуахэу КъБКъУ-м и ректору щыта Къарэмырзэ Барэсбийрэ абы и къуэдзэ Къумыкъу Iэуесрэ, апхуэдэуи гупым хэтхэм, ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэм. Апхуэдэуи, «Амикс»-м и япэ лъэбакъуэхэр ягу къыщагъэкIыжкIэ, фIыщIэ псалъэкIэ къыхагъэщ Къумахуэ Мухьэдин, КIэхумахуэ ФатIимэ, Дохъушокъуэ Мадинэ, Битокъу Оксанэ, Шорэ Анзор сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Амикс»-р къызэрыунэхурэ абы щызэблэкIащ артист ныбжьыщIэу 150-м щIигъу. НобэкIи абы узэрыгушхуэ хъун щIалэгъуалэр хэтщ. Апхуэдэу, гупыр ягъэбжьыфIэ ЛэмпIэжь Аслъэн, Сен Аидэ, Къуэжей Темыркъан, КIуантIэ Аленэ сымэ, нэгъуэщI ныбжьыщIэ куэдми. Абыхэм ягъэзащIэ уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ я бжыгъэми фIагъми хэхъуэ зэпытщ. Лъэпкъ щэнхабзэм зи псыпэр щыхэзыша, гъащIэм гъуэгуанэ махуэ щытеува гуп зэчиифIэм къэкIуэну дахэ зэриIэми шэч хэлъкъым.

**ТЕМБОТ Санитэ**

# Нэщэнэхэр

Бзэгупэр шхэмэ, пцIы къыптралъхьэ.

Бзу абгъуэм уиIэбэмэ, Iэ бэгу уохъу.

Блэ букIар башыпэкIэ къапщтэу ижь зыщIумыгъэху.

Блэ зэраукIа башыр къыумыщтэ.

Блэ щIымахуэм плъагъумэ, тхьэ ущIелъэIур къыпхуещIэ.

Блэгъум уемыгъу — фIыкъым, лыр сэкIэ къыкIэрыбгъэжурэ пшхын хуейщ.

Блэгъур жьэдумычу хыфIэбдзэу ядэртэкъым.

Блэм япэ шындырхъуо плъагъумэ, уи Iэпкълъэпкъыр псынщIэу гъэр ибох.

Блэр ныкъуэукI пщIауэ къэбгъэнэжыну фIыкъым.

Бостейм е къэпталым и щIыIур зэблэппхыкIамэ, щыгъыныщIэ щыптIэгъэнущ.

Джэдынэ зышхыр мастэнэкIэ Iэзэ мэхъу.

Дзэлыр пхъащхьэм хэплъхьэну фIыкъым.

Ежьам кIэлъыджэртэкъым, кIэлъыгъыртэкъым, фIыкъым, жаIэрти.

Ежьауэ кIуэ шум и шыр пырхъамэ е хущхьамэ, фIыкъым, къигъэзэжын хуейщ, жаIэрт.

Ерыскъы зытелъ Iэнэм уи щIыб хуэбгъэзэну фIыкъым.

Ерыскъым уелъэпэуэну фIыкъым, зэ дзэкъэгъуэ нэхъ мыхъуми едзакъэ, упэуджэжынщ, жаIэрт.

Жэм лъхуам ущытхъумэ, зокIуэкI.

Жэм лъхуэщIэпам и кIэм хъыдан плъыжь кIэращIэрт.

Жэмым и пэр щIым егухауэ гъуэгмэ, фIыкъым, щIыр мэхъей, жаIэрт.

Жэмым и шэр мафIэм пэрыпкIэмэ, жэм быдзыр зэпытхъыу жаIэрт.

Жэмым и нэр топым хуэдэу къижмэ, бжьэкIэрэфмэ, и кIэпкъыр и кIэбдзым фIэкIмэ, езыр лъакъуэ псыгъуэмэ, зэрыгъэшыфIэм и нэщэнэщ.

Жэмыр жьэгъуашхэмэ, фIыщ, гъэшыфIэщ.

Жэмыр зэрылъхуа бжыгъэм и зырыз зэпытхьэлыкIыпIэ и бжьакъуэм къытредзэ, жаIэрт.

ЗыщIыпIэ IуэхукIэ уежьамэ, унэм ущIэкIауэ къэбгъэзэж хъунукъым — уздэкIуэр къохъулIэнукъым.

Зыгуэр зыфIэкIуэдам кхъузанэ игъэкIэрахъуэмэ, дыгъум и щхьэр уназэ мэхъу.

Зыгуэр зыфIадыгъуам шыгъум ебжурэ мафIэм пэридзэмэ, дыгъум и щIыфэр пIэнкIыу щIедзэ.

Зыгуэрым уи нэр тебубыдауэ уеплъурэ уи Iупсыр ебгъэхмэ, абы и щхьэр уз мэхъу, нэ тохуэ.

---

### Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Херсон. **7.** Сэмпал. **9.** Тау. **11.** Минэ. **12.** Болэ. **13.** Ликос. **15.** Еутых. **16.** Минск. **17.** Нал. **18.** Жыр. **19.** Псэ. **20.** Тубай. **23.** «Нэф». **26.** Топ. **27.** Яхэгуауэ. **28.** КIуащ. **33.** Дот. **34.** Къэжэр. **35.** Жэщ. **36.** ЩIагъ. **37.** Усэ. **38.** Днепр. **40.** Уанэр. **41.** «Луизэ». **44.** Сонэ. **46.** Зауэ. **48.** Блы. **49.** Апчарэ. **50.** Къанкъуэщ.

*Къехыу:* **1.** Берн. **2.** Бомбэ. **3.** ФIэфIкIэ. **4.** Нало. **6.** Къардэн. **8.** Смоленск. **10.** Гъэшхахэм. **14.** Сэлэт. **15.** Ержыб. **21.** УIэгъэ. **22.** Абазэ. **24.** Фоч. **25.** Макъ. **29.** Бобруйск. **30.** Шагъир. **31.** Щэуал. **32.** Мэлгъэбэг. **39.** Ермэлы. **42.** Джэгурэ. **43.** Мэзан. **45.** Напэ. **47.** Адэжь.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**

Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 07.08.15. Формат 70х108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,0.
Уч-изд. л. 11,7. Тираж 3280 экз. Заказ №131
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов